# ЖАНЭ КЪЫРЫМЫЗЭ





Жанэ Къырымызэ

# ІЭМЭ ЯОРЭД

Краснодарскэ тхылъ тедзапІэм и Адыгэ отделение
Мыекъуапэ 1979

С (Адыг)
Ж 32

Художник **А. А. Паршин**

© Краснодарскэ тхылъ тедзапIэм и Адыгэ отделение, 1979

## ПОЭТЫМ ИГЪЭШIЭ ЛЪАГЪУ

Жэнэ Къырымыз... Сэ къыкшIюшIы, сицыхьэ телъ— а цIэр ымышIэу, ымылъытэу Адыгэ хэкум цIыф къикIыщтэп. Адыгэ хэкум изакъоп — зэрэхэгъэгоу пштэми, щызэлъашIэрэ поэт, IэкIыб хэгъэгухэм ащыпсэурэ лэжьакIохэми ащ ыусыгъэхэм ащыщхэр алъыIэсыгъэх.

ЦIыфмэ сэ шIу сарэлъэгъуи,
Мы дунэе мылъкум ыпэу къэсэштэ,
Iофэу сшIэрэ ашIорэдэгъуи,
Сщиз къысхэхъуагъэ фэдэу сэлъытэ, —

джаущтэу игухэлъ-хъопсэгъо шъхьаIэ къыщеIо поэтым стихотворениеу «Дунэе мылъкум ыпэу къэсэштэ» зыфиIорэм. ТхьагъэпцIыгъэрэ шъорышIыгъэрэ зыкIэмылъ гущыIэ къызэрыкIох, псэлъэ шъхьаихыгъ. ШIу уалъэгъуным, шъыпкъэр пIощтмэ, сыда адэ нахь гушIуагъоу щыIэр? Iофэу пшIэрэр ашIодэгъумэ, ащыгъум ори уишIушIагъи алъытэщт. Ар уищыIэныгъэ къыщыбдэхъумэ, пкIэнчъэп ныIа узэрэщыIагъэр! Ащ нахь насыпыгъэ зыми къыдэхъурэп, джары дунэе мылъкур! Джа гупшысэ иныр, насыпыгъэ лъэшыр, шIушIэн намысыр арых игъашIи иуси зыфигъэзагъэхэр Жэнэ Къырымызэ.

НасыпышIу поэтыр. ЗыкIэхъопсрэ шIугъэр къыдэхъугъ. Джыри зэ къэсэIожьы — зэлъашIэ, итхылъеджэхэм, иныбджэгъухэм, ипсалъэ зылъыIэсыгъэ цIыфхэм шIу къалъэгъу, къагъэлъапIэ, къалъытэ. Iофэу ышIэрэр, IэшIагъэу иIэу джы непэ зэфэтхьыорэр ашIодэгъу: иусэхэр зэлъашIэх, ахэмэ янахьыбэр цIыфхэм яорэдых, ахэмэ Iушыгъэу ахэлъхэр цIыфхэмкIэ сэнаущых.

Мыгъэ илъэс тIокIищ мэхъу Жэнэ Къырымызэ.

1919-рэ илъэсым, мартым и 7-м, къуаджэу Афыпсыпэ ар къыщыхъугъ. МэкъумэщышIэ унагъу къызэрыхъуагъэр, ицIыкIугъом щыублагъэу IофшIэным а унагъом щесагъ. Яунагъо имызакъоу, ягъунэгъухэми Къырымызэ адэIэпыIэщтыгъэ, шъузабэхэм ячэщыпхъэ зэпиупкIыжьэу, гъунэгъухэм яжъонэкIо шаоу Iаджри чылэм щалъэгъущтыгъ, цIыфыгъэ зэхэтыкIэ дахэм иапэрэ десэхэр джаущтэу ащ щыIэныгъэм къыритыщтыгъэх. КIэлэцIыкIум иIэдэбыгъэрэ ихъупхъагъэрэ къоджэдэсхэм агъэшIагъощтыгъ. АшIогъэшIэгъон дэдагъэр, IофшIэным фэщагъэу зэрэщытым дакIоу, нэжъ-Iужъхэм апыщагъэу, ахэмэ къаIотэжьрэ къэбархэр ишъыпкъэу зэригъашIэхэу, орэдыжъхэр, тхыдэжъхэр икIасэхэу зэрэщытыгъэр ары. Десэ шъхьаIэу щыIэныгъэм щигъотыгъэхэм ари зэу ащыщыгъ. ЦIыф лъэпкъэу узщыщым ишэн-зэхэтыкIэ шъхьаIэхэр уицIыкIугъом щызэхэмышIагъэхэу, Iушыгъэу, гулъытэу нахьыжъхэм ахэлъым укIырымыплъыгъэу, пшысэ-тхыдэжъ шIагъохэм апкъырылъ мэхьаныр, гурышэ иныр игъом къыплъымыIэсыгъэу, гъэсэныгъэ тэрэзи бгъотыщтэп, усакIо ухъухэщтэп. Хэтрэ поэти талантэу хэлъым ылъапсэр щыIэныгъ, цIыфхэм яэхэтыкI, ящыIэкIэ-псэукI, яшэн-зекIуакI, а зэпстэуми зэхэшIыкIэу афигъотышъурэр арых. АщкIэ насыпыгъэ хэлъ Жэнэ Къырымызэ — ащ цIыф лъэпкъэу зыщыщым итарихъи, игъэшIэ лъагъуи зэригъэшIэшъугъэх, хэгъэгоу къызэрыхъухьагъэм шIулъэгъу ин фыриIэу, ащ зэмыблэжьэу фэшIушIэныр иамалэу щыIагъ, джыри щыI. Ар къеушыхьаты поэтым игъэшIэ лъагъо.

1935-рэ илъэсым къоджэдэс кIэлакIэхэр зыщырагъаджэхэрэ школыр Жэнэ Къырымызэ къыухыгъ. Ащ къынэужым Краснодар дэтыгъэ педучилищэм щеджагъ, илъэситIу кIэлэегъэджэ институтыр Краснодар къыщиухыгъ. А лъэхъаным адыгэ литературэм зымэкъакIэу Къырымызэ къыхэуцуагъ, ау итворческэ амалхэр икъоу зыпкъ имыуцуагъэхэу, итворческэ кIуачIэ зиушъомбгъун ригъэжьэгъэ къодыеу заор къежьагъ. Къэлэмым Iашэр пишIыгъэу, тIури зэдиIыгъэу, тIумкIи пый мэхъаджэм пэуцужьэу, поэт ныбжьыкIэр фронтым Iухьагъ. Псэемыблэжьэу зэуагъэ Жэнэ Къырымызэ, танкым исэу фронтым Iутыгъ, ау уIэгъэ хьылъэ телъэу 1944-рэ илъэсым фронтыр къыбгынэн фаеу хъугъэ. Заом Iутыжьыгъэп, ау иIашэ ыгъэIылъыгъэп



поэтым, икъэлэм нахь чан хъугъэ, нахь теубытагъэ хэлъэу тхэным зыритыгъ, иусэхэр титекIоныгъэ фигъэшIушIэхэу, поэт-зэолIыр, имэшIуащэ ымыгъэупабжьэу, лэжьагъэ. Джа лъэхъаным щыублагъэу хэку газетэу «Социалистическэ Адыгей» зыфиIорэм иредакцие Къырымызэ Iоф щишIагъ.

Анахьэу поэтым итворческэ кIуачIэ зыкъызиIэтыгъэр зэоуж илъэсхэр арых. Игъэсэныгъи хэхъуагъ, щыIэныгъэ сэнаущэу иIэри заоми IофшIэнми ащыпсыхьагъ, иIэпэIэсэныгъи тхэн лъэныкъомкIэ нахь къэлъэгъуагъ. 1957-рэ илъэсым Адыгэ пединститутым ифилологическэ факультет къеухыжьы. 1957—1959-рэ илъэсхэм СССР-м иписательхэм я Союз и Апшъэрэ литературнэ курсхэм ащеджэ. АдыгабзэкIи, урысыбзэкIи тхылъыбэ къыдегъэкIы, иусэхэм ащыщхэр нэмыкIыбзэхэмкIи зэрадзэкIых. Илъэс тIокIищ зыщыхъугъэм ипэгъокIэу Жэнэ Къырымызэ тхылъ зэфэшъхьафхэу щэкIым ехъу къыдигъэкIыгъ, иусэхэр урысыбзэкIи, украинабзэкIи, ермэлыбзэкIи, болгарыбзэкIи, арапыбзэкIи, нэмыкIыбзэхэмкIи зэрадзэкIыгъэх.

Жэнэ Къырымыз Хьаджмосэ ыкъом, литературэм зэрэщылажьэрэм имызакъоу, общественнэ Iоф ини ышIэзэ къехьы. Илъэс пчъагъэрэ хэку радиокомитетым итхьэмэтагъ, джыдэдэм хэку писательскэ организацием иответственнэ секретарь, РСФСР-м иписательхэм я Союз иправление щыщ. Ащ дакIоу Адыгэ хэку Советым идепутат, мамырныгъэр къэухъумэгъэнымкIэ хэку комитетым итхьэмат, краим икомитет ипрезидиум щыщ. Джащ фэдэу игъэкIотыгъэу, ыгу етыгъэу, цIыфхэм шIуагъэ къафихьэу зэрэлажьэрэм фэшI Жэнэ Къырымызэ къэралыгъо наградэ инхэр къыфагъэшъошагъэх, литературнэ премиеу Н. Островскэм ыцIэкIэ щытыр къыратыгъ.

ЦIыфыгъэ пхэлъмэ, сыдигъуи цIыфхэм укъашIэщт, укъалъэгъущт. ЦIыфыгъэм идэхагъэ бгъэлъэпIэн плъэкIыныр насыпыгъ. Жэнэ Къырымызэ иусэхэм анахь игъэкIотыгъэу чIыпIэ ащызыубытрэр цIыфыгъэм игъэлъэгъон, шэн-зэхэтыкIэ дахэм игъэлъэпIэн, шIугъэ нэфыр Iэтыгъэныр арых. ГущыIэм пае, ипроизведение зэфэшъхьафхэм зафэбгъазэмэ, ахэмэ ашъхьэхэм язакъоми, мы къэтIуагъэр къагъэшъыпкъэжьы. «ЦIыфыIэмэ яорэд», «ЦIыфыр зыкIыщыIэр», «Октябрэм инур», «Зэкъошныгъэм итамыгъ», «ЧIыгум иорэд», «Сэ сыра-

боч», «Къэгъагъри цIыфым фэд», нэмыкIхэри, бэ щысэу къэбгъэлъэгъон плъэкIыщтыр. Мы стихотворениеу зыцIэ къетIуагъэм пэпчъ ыкIуачIэкIи имэхьанэкIи зэфэдэхэп, ар зыкIи ищыкIагъэп поэзием. Поэтым иамал къызэрихьэу, шъыпкъагъэрэ дэхагъэрэ зэдиштэу хэлъэу иусэхэр гъэпсыгъэх, ахэр гушIуагъом, цIыфыгъэм иорэдых. Мары теплъын поэтым игупшысэхэр, а усэхэм акупкI мэхьан зыфэдэм.

ШIомыкI чIэхи, щылыч уIуи
Орэд дахэ къызэрафасIоу,
Къэгъагъыр хъоеу къэзыгъэкIрэм
Щытхъу мыухыжьыр сэ фэсэгъэIу, —

джаущтэу щетхы поэтым стихотворениеу «Къэгъагъри цIыфым фэд» зыфиIорэм. ЛэжьакIоу щытхъу тамыгъэр хэгъэгум къызэритыгъи, нэу сабый къызыфэхъугъи янасып поэтыр рэгушхо. Джащ фэд, щэгушIукIы бзыу къыращыгъакIэм ытамэ апэрэу зэриIэтыгъэр ылъэгъуми. Джащ фэдэу гушIогъо зэфэшъхьафых поэтым иусэхэр къызыпкъырыкIхэрэр, ар ежь къыщеушыхьаты стихотворениеу «Орэд къэсэзыгъаIорэр» зыфиIорэм.

Мары стихотворениеу «Сезыгъэджагъэр» зыфиIорэр. Ащ хэтых мыщ фэдэ сатырхэр:

Тигубгъоу гъэбэжъу къэкIуапIи,
Псыхъоу зэдытилъапIи
Сэ егъэджапIэу сфэхъугъэх,
Сэ сIэпкъы-лъэпкъы хэхьагъэх,
Адыгэ пшыси, орэди,
О къаргъоу хы шхъуантIэм фэди
КIэлэегъэджэу сфэхъугъэх.

Джары Жэнэ Къырымызэ иусэхэр щыIэныгъэм епхыгъэхэу, ащ къыхэкIыгъэхэу, ащ иорэдхэу зыкIэгъэпсыгъэхэри.

ЦIыфыгъэм идэхагъэ уиусэ къыщыбгъэлъэгъон плъэкIыныр бэкIэ о гражданскэ лIыгъэу, пытагъэу, теубытагъэу пхэлъми елъытыгъ. Жэнэ Къырымызэ, тапэкIэ къызэрэтIуагъэу, общественнэ IофшIэгъэ инхэр иIэх, джыри ишъыпкъэу а лъэныкъомкIэ гъэхъэгъэшIухэр ешIых. Ау шIушIэгъэ пстэоу иIэмэ анахь бгъэлъэпIэн фаеу сэ слъытэрэр иныбджэгъухэу зэошхом зыпсэ щызыгъэIылъыгъэхэм яцытхъу ыIэтэу, ахэмэ яIофшIагъэ ымыгъэкIодэу, ахэмэ афэшъошэ даушыр афиIэтыжьэу зэрэпсэурэр ары. Советскэ Союзым и Героеу Андырхъое Хъусен илIыгъэрэ итворчествэрэ яхьылIэгъэ тхылъ зэритхыгъэм имызакъоу, заом щыфэхыгъэ поэт ыбжьыкIэм иусэхэр къыугъоижьхи, тхылъ тедзэгъуищэ Къырымызэ къыдигъэкIыжьыгъэх. Джащ фэд, адыгэ поэтхэу Уджыхъу Хъалидэ, Уджыхъу Адылджэрые, Меркицкэ Рэщидэ, нэмыкIхэми атхыгъэхэр зыдэт тхылъэу «ЯгущыIи яIаши чаныгъэ» зыфиIорэр къыдигъэкIыгъ.

Жэнэ Къырымызэ итворчествэ ауж рэ илъэсхэм нахь зиушъомбгъугъ. ТапэкIэ ар анахьэу зэрэтшIэщтыгъэр орэдусэу, сэмэркъэу зыхэлъ усэхэр, кIэлэцIыкIухэм афэгъэхьыгъэхэр зытхырэ поэтэу арыгъэ. КъэIогъэн фае а лъэныкъо пстэухэмкIи поэтым гъэхъэгъэ дэгъухэр зэришIыгъэхэр. Хэта зымышIэрэр ащ иусэ-орэдхэу «Хэбзэ дахэу тэ тиIэр джащ фэд», «О унитIу», «Сикъоджэ кIас», «ДзэкIо кIалэм иорэд», «Тянэ-тятэмэ яорэд», «Сэ сынэкIэ зэкIэ къыоплъыгъэемэ», «Сижъуагъу» зыфиIохэрэр, ахэмэ анэмыкIыбэхэри! Ахэр зэкIэ IофшIэным идэхагъэ, цIыфыгъэ лъэшым илъэпIагъэ, ныбджэгъуныгъэм, шIулъэгъуныгъэм афэгъэхьыгъэх. Джащ фэд, кIэлэцIыкIухэм апае ытхыгъэ усэ зэфэшъхьафыбэр, сэмэркъэухэр, пшысэхэр поэтым анахь щытхъу къыфэзыхьыгъэ произведениеу иIэх. Мыхэмэ тисабыйхэр шIугъэм фагъасэх, шэн дахэ ахэлъыным, нахьыжъхэр алъытэнхэм, хэгъэгур шIу алъэгъуным фапIух. А зэпстэури поэтым италант епхыгъэ шIуагъэу зытшIэрэр бэкIае шIагъэ. Ау, тапэкIэ къызэрэсIуагъэу, мы аужрэ лъэхъаным Жэнэ Къырымызэ итворческэ амалхэм нахь ахэхъуагъ, жанрэу Iоф зэришIэрэми ехъугъ. ГущыIэм пае, документальнэ повестэу Андырхъое Хъусен ехьылIагъэу ытхыгъэр, ащ техыгъэу пьесэу ытхишъ хэку театрэм ыгъэуцугъэр зы лъэныкъокIэ мы къэтIуагъэм фэшыхьатых. Джащ фэд, сэмэркъэу шIагъо зыкIэлъ новеллэ мымнхэу ытхыгъэхэр, ахэр тхылъ шъхьафэу адыгабзэкIэ къыдэкIыгъэх, урыскIэ зэрадзэкIыгъэхэми авторым щытхъу гъэнэфагъэ къыфахьыгъ.

ЗэкIэ зэфэхьысыжьыгъэу къэпIон хъумэ, сэ сишIошIкIэ, Жэнэ Къырымызэ итворчествэ тилъэхъанык Iэ, тицIыфхэм дунэякIэр зыщагъэпсыгъэм лъэпсэ пытэкIэ епхыгъ. Поэтым иусэхэр лъэхъаныкIэм ихъишъ, гъэшIэ лъагъоу къэткIугъэм ыкIи непэ тызытет гъогум ятхыд.

*БЭРЭТЭРЭ Хьамид*

# УСЭХЭР



## ЦIЫФЫIЭМЭ ЯОРЭД

Чэфыгъу, мэфэкIы,
Чылэр къыдэкIы,
Быракъ плъыжьыбэ
Жьым щэбыбатэ.
Жъыгъи кIэлакIи
НэгушIозакIэх:
Къуаджэм ипчэгу
Чылэр щэджэгу.
Пщынэм ымакъи,
Жъыум ымакъи
Чыжьэш Iоу мэIу,
Бэхэр едэIу...
ШIухьафтынхэр
Бэмэ араты,
Дышъэ медалыр
Тыгъэм пэлыдэу
Тикъуаджэ щыщы
ЛэжьэкIо пащэм
Къыфагъэшъуашэ.
Чылэр фэгушIо,
Лъэшэу агъашIоу
Фытеох Iэгум,



Къыращэшъ пчэгум
ЫIэхэр пытэу
Пстэуми аубыты.
ЫIэгу илъы
Медалым сеплъышъ,
ЫIэгу зэфэдэу
Тыгъэнэбзыихэр
Къыщепсырэм фэд...
Iэ пытэ лъэшмэ
Бэ яшIушIагъэ,
Iэ пытэ инмэ
Бэ яIэшIагъэ.
КъарыукIэ ахэр
Зыми емылъэIухэу,
Гъэпсэф ямыIахэу
Дэгъоу лэжьагъэх.
ЦIыфым ыIитIо
Орэд афэсэIо:
Тикъали къуаджи,
ТиIэ лъэмыджи,
Тимэз гъэкIыгъи,
Щылычы гъэчъыгъи
Тамыгъэу яIэр —
Бланэу цIыфыIэр.
ЦIыфым ыIапэ
Епхыгъ ынапэ,
IапэкIэ шIумэ,
Джащ фэд ынапэ.
ЛэжьэкIо Iазэм
Тэ тегъэразэ,
ЛэжьэкIо гъуазэм
Щытхъур фагъазэ.
Ылъэгъурэр тынэ
IэкIэ тэ тэшIы,
Тидышъэ Iунэ
Мазэм хэтэшIэ.
ТибзылъфыгъаIи
ТихъулъфыгъаIи
Ядахэ сэIо,
Ящытхъу сэгъэIу.
Ахэм сыдигъуи
Лэжьыгъэ бэгъуагъи,
Уц лъэпкъ дэгъуи,
Сади къэгъагъи

Тэ къытфагъэкIы —
Насып къапэкIы.
Апэу ныр IэкIэ
Сабыим теIэ,
Ным ыIэ шъабэ
Ар егъэфабэ.
Пщынэм теощтми,
Зыгорэ ттхыщтми,
Сыхьат дгъэпсыщтми,
Машинэ зетфэщтми
Iэр тэгъэулэу,
Iэр тэгъэулэу.
Шъэогъум апэу
Етэты тIапэ,
Тэ къытпэблагъэм,
Къиным хэфагъэм
Тэ тыIэпэIэ,
ТIэкIэ тыдеIэ.
Псэуалъэу тиIи,
КIэу зэкIэ дгъаIи,
Чылапхъэм ишIуи,
Шхыным иIэшIуи
Iэм итамыгъэ
Атеолъагъо.
ЧIышъхьэм утетми,
Ащ ушъхьащытми,
О уинэплъэгъу
Зыкъеушъомбгъу —
Плъэгъурэр зэкIэ,
Жъи псэолъакIи
ЦIыфыIэшIагъэх,
Iэм ишIушIагъэх.
Тэ тIэхэр мафэшъ,
ПIалъэм тедгъафэу
Нефтыби гази
ЧIым къычIэтэщы,
Тэ тыфэIазэшъ,
ШIомыкIы хъущи
ЧIым къычIэтэхы,
Тэ тIэхэр мафэшъ,
Федэшхо къахьы,
Iофыр зэкIафэшъ —
Щытхъур Iэрылъхьэ.



О уиIэ лыпци,
Сэ сиIэ лыпци
Зы лъынтфэм екIух,
ЗэдеIэх, зэкIух —
ЗыхэгъэгуIэх.
Хэгъэгум ыIэ
Зы уцу имыIэу
Ичэщи мафи
Хэти фэнафэу
Насып тфеуIу.
ТищыкIэгъэщтыр
ЗэрегъэуIу.
Хъулъфыгъэм ыIи,
Бзылъфыгъэм ыIи
Ядахэ сэIо,
Ящытхъу сэгъэIу.
Iэхэр тилъапIэ,
ЧIыр ащ афапэ,
Iэхэр гугъапIэ,
Ащ тагъэфабэ.
ЛэжьакIом ыIэ
Щытхъур фэсэIошъ
Пытэу сэубыты,
ЛэжьакIом ыIэ
Орэд фэсэIо.

## ЕТІЭ ІЭБЖЫБ

Хымэ хэгъэгум хьакІэу къикІыгъэм
Темыр Къавказыр зэпикІуахьыгъэ,
Туристы тхылъым пІалъэу итыгъэр
Зеухым игъогу техьи кІожьыгъэ.
...Жъыгъи кІэлакІи бэу къыпэгъокІы,
— Сыд къэбар?—аІошъ пчъагъэ къеупчІы.
ИІалъмэкъи ащ къызэІуехы,
ШІухьафытынхэр хъоеу къыдехы.
Жъогъо плъыжьыбзэу къопитф зэхэсым
Кремлэ тамыгъэр тыгъэу къыхэпсы.
Тхьаркъо сурэтыр зытет бзыхьафым
Зэфэдэу унэр зэлъегъэнэфы,
Зы Іэп нэсыгъэр — Іэ пчъагъэ мэхъу.
Тхьаркъом псэ пытым фэдэу къащэхъу,
Дэнэфы шхъуантІэу хышъор зитеплъэм
«Мамыр» гущыІэр уалъэу къыхэпсы.
Жъыгъи кІэлакІи къызэІэпахы,
НэшІукІэ еплъых, къызэпаплъахьы,
Іалъмэкъыр инышъ джыри къыдэкІы,
Нысхъэпэ дахи ахэм къахэкІы.
Пшъэшъэжъые цІыкІум ахьышъы раты,
ГушІоу нысхъапэр пытэу еубыты.
ГъэшІэгъоныбэ зэрылъ Іалъмэкъым
Тэтэжъэу щытым ынэ тедыкъэ:
— А, сикІал, силъэІу сфэбгъэцэкІагъа,
Сэ зыфэсІуагъэр о къысфэпхьыгъа?!
Лъэшэу мэсысы лІыжъым ыІаблэ:
Ыкъом ыкъожьым къыІощтым паплъэ.
— Апэрэ мафи гъогу сызтехьи,
Уилъэныкъо кІасэ къызысэкІуахьи,
УилъэІу сщыгъупшэу зэ къыхэкІыгъэп,
Чэщыми мафэми сыгу икІыгъэп...
(КІалэр ыбгъэгу зэкІэм дэІаби
Къыдипхъотыгъ ащ дзыожъые фабэ).
— Нэкум фэзгъадэу мыр згъэгъунагъэ,
Налмэс-налкъутэу ощ пай згъэшІуагъэ.
Ишъыпкъэ дэдэу къеплъырэ лІыжъым
КІалэм фещэи а дзыожъыер...
Тэтэжъыр ІитІукІэ псынкІэу къэІабэ.



Дзыожъые лъапІэм шъабэу теІабэ,
Иубагъэу илъ етІэ Іэбжыбыр,
Къызэпичыгъ ащ чыжьэу хыкІыбыр.
Къавказы чІыгум щыщ къыхахыгъэу
Илъ дзыожъыем ышъхьэ пхыжьыгъэу...
Къыригъэфэхыгъэп лІыжъым ынапІэ,
Цыхьэ ащ ышІрэп хъугъэр нэфапІэу.
КъытІатэ шІоигъу дзыожъыяшъхьэр,
Ау мэкІэзэзы лІыжъым ыІашъхьэ:
Хэты ышІэна ащ джы кІэхэкІрэр?!
Хэт гу лъитэна ыгу ихъыкІырэм?!
ГоІэрэ лІыжъым купыр Іэпэlэ,
Дзыожъыяшъхьэр ащ къыфатІатэ.
ЕгъашІэм чІыгум хэлъыгъэ ыІэ
Лъынтфэр къыхэщэу дзыуашъхьэм еІэ,
Дзыо цІыкІум илъыр псынкІэу зэІешІэ,
Хэкужъым ымэ къеоу къышІошІы,
Фэсакъэу еплъы, ыІи къыщефэ.
ЛъэгонджэмышъхьэкІэ ащ щызэхафэ,
ІитІукІэ ятІэр бгъэм реубытылІэ:
ЛІэшІэгъу хъугъэу ичІыгу ар фалІэ.
Ебэу ятІэм ыІупшІэ стыркІэ,
Тэтэжъыр матхъэ джыдэдэм ыгукІэ.
Джыри кІэрыкІэу ятІэм епэмы,
Езэщыхэщтэп Іэзэгъэушъ ымэ...
Хъулъфыгъэ нэпсыр къэгъэкІогъуае,
Ау къызыкІуахэкІи убытыгъуае:
ХэгурымыкІэу лІыжъыр мэплъызы,
Нэпсы щыугъэр ынэ къыкІэзы,
Ихэку шъыпкъэ ар зэримысым
Гукъао щыхъоу джы егупшысэ,
Насып имыІэу ежь зелъытэжьы,
КІэрыкІэу гъыбзэм ащ къыпедзэжьы.
Хэзгъэукъуагъэм, зыгъэплъэхъугъэм
Ыгу лъэшэу фэплъы джы къызнэсыгъэм.
Къавказы кІасэр ышъхьэ имыкІэу
Тэджыми гъолъыми, ар ыгу къэкІы.
Къавказы къушъхьэр къызэпагъаджэу
Ипсыхъо чъэрхэр ынэІу кьетаджэх,
Бгъашхъохэр лъагэу ышъхьагъ щэхьарзэ.
Жъыр егъэкІэжьы ащ ижьыкъабзэ.
Къавказы огоу хычІэм нахь къаргъор
Зэрэдунаеу зэлъагъэшІагъо.

Къэгъагъэу щыIэм анахьы дахэр
Ащ ичIыналъэ щызэIэпахы,
Ипсынэ кIэчъхэр Iэзэгъу дэдэу
Щалъытэ чIышхом тэди зэфэдэу.
Псыбланэм фэдэу ипшъэшъэ хъущэ
ДахэкIэ, шIукIэ цIыфмэ къахэщы.
Кавказы мэзыр ит фэд ынэIу,
ИлэучэцIхэм амакъэ къеIу,
Исад бэ дэдэ къызэлъэбагъо,
Орэды чэфым къызэлъигъаджэу
Джы зэришIугъор ешIэ икъуаджэ.
ЦIыфылъэпкъыбэу Кавказым исмэ
ЩыIэкIэ тхъагъор непэ агъэпсы,
Мо лIыжъыр лъэшэу ахэм яхъуапсэ.
Кавказым пае ытыщт ащ'ыпсэ...
Унагъом иси, гъунэгъуи — зэкIэ
Еплъых мо лIыжъым агу фыхэкIэу...
Мо дзыожъыем шъхьадж ыIэ щефэ,
Псалъэр зэкIупэу къызэрагъафэ:
«Хэгъэгу гупсэм фэдэ зи щыIэп,
Ар зыпэпшIыни дунаем тетэп», —
Хэгъэгу пчъэгъабэ дунаем тет,
Ау тихэгъэгу фэдэ зи ахэмыт!

## ТЭТЭЖЪЫ ИЛЪЭIУ

ТиI тэ тэтэжъ горэ гъунэгъоу,
Тишъэфхэр зэтэIо шъхьаихыгъэу...
Москва сэ зымафэ сежьагъэу
КъысеIо стамэ къытеIагъэу:
— Сишъао, пфысиI зы лъэIу горэ,
ГъэцакIи сыпщытхъущт сэ бэрэ.
А гухэлъыр зысиIэр бэшIагъэ...
Сэри ар спшъэ ифэщтыгъагъэ,
Ау сынэмэ дэеу алъэгъу,
Жъыгъэри сэ къысэцэгъу...
Мы ахъщэр сэ сыугъоигъэшъы,
Щэфыри къэгъэгъэ нэлъишъэ
Мавзолей иным сфехьылIи,
Дэхэ-дахэу сфегъэIылъылI о...
Ау ащ ыпэрапшIэу сфытетхэх
ЗэкIэ къыосIорэ гущыIэхэр:
«Ти Ленин гупсэ фэшIыкIэ,
Адыгэ лIыжъым мыр ыцIэкIэ».

## ХЭШЪЭЕ ЧЪЫГ

Хэшъэе чъыгыр
Бгы лъагэм тетэу,
ЗеIэты пагэу
Зигъэджыгытэу,
Къутамэу пытхэр
Щэбзэ гъэпсыгъэх,
ИпкIэшъэ лыдхэр
ТхьакIумэм фэдэх,
Хэшъэе чъыгыр
Хэти фимыкIэу
Зыхэты пстэуми
КъахэлыдыкIы.
Ащ ипытагъэ
АшIэ бэшIагъэу,
Щылычи гъучIи
Угу къагъэкIы,
Фыртыни чъыIи
Ощхи ещыIэ,
Зэуи щымыхъоу
Гъэхэр зэпетхъу,
ЗэрэбэгъашIэм
ЕгъэшъорышIэ.
Ащ ищыIакIэ,
Ащ игъэпсыкIэ
Сэ сыгу рехьы,
Iаджи сыгу къехьэ:
А чъыгым фэдэу
Емызэщыжьэу
ЦIыфыр алэжьы.



## ОКТЯБРЭМ ИНУР

Дунаир зэфэдэу тыдэкIи къыгъаджэу
Октябрэм итхылъы Лениныр къытфеджэ,
Коммунэ лъэмыджыр тфэмафэу дгъэпсынэу
Пэщэшхом имарджы хэхъэгур дэтэджы.

Агухэр зылъыIэсрэм аIэхэр лъыIэсэу,
Октябрэм цIыфлъэпкъхэр ышIыгъэх зэгупсэу,
Октябрэм куу дэдэу зидзыгъэшъ ылъапсэ,
Инурэ мыухыжьэу зэфэдэу къыттепсэ.

Октябрэм инурэ зэдиштэу тыгъэпсэу,
Зэфэдэу чIы шъхьашъуи чIы чIэгъи ащепсы,
Инэфи кIочIэшхошъ космосым лъэIэсы,
Жъогъо зэшиблымэ тарегъэшэсы.

Октябрэм хым фэдэу насыпыр къафихьэу
Лъэпкъы зэфэшъхьафхэм тишIыгъэх лъэрыхьэу,
ЗыкIуачIэ рыпсэурэм насыпыр къыреты,
ГушIуагъо хигъуатэу ищытхъуи еIэты.

Октябрэм инурэ нэфылъым зыреты,
Къин хэтэу щыIэмэ гугъапIэ ареты,
ГъэпщылIэкIо жъалымэм гупсэфыр римытэу
ФэмыхъукIэ ылъапсэ еошъы кIеуты.

Народы пкъышъолэу — партиер рыпагэу
Октябрэ быракъыр тэIэты нахь лъагэу...
Дышъэпсыр ынапэу шэплъыбзэу зэрахьэ,
Мамыр чылапхъэхэр хэгъэгухэм арехьэ.

## ТИБЗЫЛЪФЫГЪЭМЭ ЯДАХЭ СЭIО

(СтихыкIэ тхыгъэ повесть)

Хэта дахэкIэ тхыдэм хэхьагъэр,
ЦIыфыбэмэ шIукIэ зыцIэ раIуагъэр?
ПеIэщты дышъэм хэта нахь лъапIэр,
Хэта унагъом ихъяр къэкIуапIэр?
Тэ тибзылъфыгъэу — бзылъфыгъэ шIущ,
Совет бзылъфыгъэу — бзылъфыгъэ Iуш.
Хэт ищэIагъа гъунэ зимыIэу
Нэхъой укIытэр зынэгу кIэлъыр?
Хэт игукIэгъуа анахь иныр?
Хэт ишъулъэгъуа мыухыжьыхэр?
ХэтыкIи нафэ! Тянэхэр, тшыпхъухэр,
Шъхьагъусэ мафэу тэ типсэогъухэр.
Ахэм апае усэр сэублэ,
Жъыур игъусэшъ ар къызэкIэблэ.

...Сыды фэдизрэ адыгэ бзылъфыгъэм
ЦIыф гъэпыутмэ рахыгъ жъалымагъэ,
Сыды фэдизрэ мэзахэм хэтэу,
Диным илъахъи кIуапIэ римытэу
Бзылъфыгъэм хьэр псашъо рагъэщагъа,
Зи имылажьэу лажьэ хадзагъа?
ЛIэшIэгъу тхьапшрэ ышъхьэ фимытэу
ЧIыгу бзыхьафи тефэу рамытэу
Дэкъацэм дэлъэу ар аIыгъыгъа?
Имыжъыгъуахэу ар жъы ашIыгъа?
«Ышъхьац икIыхьагъэ фэдиз иделагъ», —
АIозэ бзылъфыгъэм пцIэу палъхьэгъагъ...

...Зы хъугъэ-шIагъэ сыгу къэкIыжьы,
ИжъыкIэ хъугъэу къэсэIотэжьы,
Осэу къесыгъэр лъэгуанджэм къэсы,
Жьы пэпцIэ чъыIэр кIышъом къедысы...
Чэщыгу хъугъэшъ къуаджэр мэчъые,
Ерагъэу мазэр огум щэхъые,
ХъункIэкIо купыр къуаджэм къыдахьэ,
Куомэ-кIыеу пшъашъэр рахыжьэ.
Ахьырэ пшъашъэм гухэлъэу иIи,
ШIу ащ ылъэгъоу кIалэу ыгу зэIуи



Пылъыхэп ахэр, фаеп ашIэнэу.
Хы Iушъом ахьыщт сатыу рашIынэу...
Зыжэ кудагъэу ахьырэ гъэрым
Гугъум къыхэкIэу ыгу зэгоуты...
Зым ишIулъэгъоу аулъэгугъэм
Пае нэужым гъыбзэм зеIэты...
Адыгэ бзылъфыгъ, адыгэ бзылъфыгъ,
Уигъэры нэпсы хыр къыIэтыгъ.

ЩыIэкIэжъ дыджым инэпс щыугъэ
Джы ытхьалэжьрэп тэ тибзылъфыгъэ,
Диным илъахъэ ащ темылъыжьэу
Къинэу ыхъугъэр джы еIотэжьы:
Тэ тилъэхъанэ нэпсы гушIуагъор
Бзылъфыгъэ нэгум тэ кIэтэлъагъо,
«Сэрмыгъуи», «Гущи», «Еры о улажьи»
Игъыбзэ хэлъэу зэхэпхыжьыщтэп,
Гуфит шъхьафитэу зиужьыжьыгъэшъ
Советскэ гъогум пфытекIыхэщтэп.
Бзылъфыгъэм непэ ины ыкIуачIэ,
Насып хегъуатэ тэ тищыIакIэ.
Ар депутатэу Москва щэхасэ,
Сыдырэ Iофи зыкъыфегъасэ —
Лъэуж мэфабэ тигъогу тырещэ,
Гъэбэжъу зэлъыкIор чIыгум къыхещы,
Хэтрэ хъулъфыгъи фэдэу IофышIэ,
Машинэу щыIэхэр тфегъэIорышIэ,
Тиогу къаргъо бланэу есыхьэ,
Бгъэшхъо нэ чанкIэ зыкъыщеплъыхьэ.
ШIэныгъэ лъапсэр ыIэ къихьагъэшъ
Тэ тибзылъфыгъэ ыпэ регъэхъу,
ИакъылышIуагъи игъэсэныгъи
Зэпымыухэу цIыфыбэ щэтхъу,
Ар врачы шIагъоу чанэу мэIазэ,
КIэлэегъаджэу тэ тегъэразэ.
Агроном дэгъоу игугъуи ашIы,
Гъэбэжъу зэикIым лъапсэ къыфешIы,
IофышIэкIэшIур къихьагъэшъ ыIэ
Зэфэдэу чIыгур къегъэгущыIэ.

Къоджэбэрдымэ я Мыхьамэти,
Нэхай Даутэу тикIэлэ блани,

Шыхьанчэрыеу ти Хьахъурати
Тэ тфэзыпIугъэр — адыгэ нани.
Тлъэ тытеуцоу, цIыфы тэхъуфэ
Къытэмызэщхэу тэ ташIоIофэу,
Тянэхэр ренэу къыттеубгъуагъэу,
КIуачIэ къытхелъхьэ ягуфэбагъэ.
Тянэхэм лIыгъэм тэ тыфагъасэу
Тикушъэ лъапэ орэд щаусы,
Яцахь къыттелъэу, тырягугъапIэу
ЦIыфыгъэ иным тызэлъыфапIу.
Тэ тигушIуагъо ащ ягушIуагъоу
НахьышIоу щыIэр тэ къытапэсы,
Ятыгъэпс фабэ ренэу къыттепсэ.

Тэ тибзылъфыгъэ иIэмыр дахэ
МыкIодыхэнэу тэ къытфегъанэ.
Зарагъэлъэгъурэп ахэм гумахэу,
Хэгъэгум пае ахэр бэу бланэ.
Адыгэ лIыхъужъэу Шэуджэны Мосэ
Ишъхьагъусагъэу Гощэунае
ИщыIэныгъи зэкIэ игъашIи
Ашъхьасыгъахэп цIыфыбэм фэшIы.
Бзылъфыгъэ лъэшыгъ ащ аригъаIоу
Джы къызнэсыгъэм ищытхъу зэлъэIу.
ЧIыпIэ къин ифи пыимэ заубытым,
Гощэунае зимыгъэпыутэу,
Батыры шъыпкъэм фэдэу зекIуагъэ,
Къыгъэлъэгъуагъ хэлъы блэнагъэр.
— КъаIо уигъусэхэр, сыд шъугу хэлъа? —
ЫIуи укIакIор ащ къызыфелъым,
ЫнатIэ шхончыпэр къызытырещаем
КъэщтэуIугъэп шъыпкъагъэм пае,
Ажэхидзагъ джэуапыр пыимэ:
— ЛэжьэкIо цIыфхэр зэкIэ сигъусэ,
Сэ большевикхэр зэкIэ сигупсэ,
Сыфэшъыпкъ Лениным иIофы,
Ащ тэ тилъагъо къытфегъэнэфы...
ГъэпщылIэкIожъхэр тэ дгъэкIодынэу
Жъалымагъэм ибжьи зытетыдзынэу,
Тыфэбэнэщтых тэ тызэкъотэу...
— Укъэмыщт, сипшъашъ, — чIыгум къырeIо,
Лениным ымакъи джы дэдэм къеIу:
— Адыгэ лъэпкъым о ыпхъу кIасэр,



Уищысэ нэф о щыIэщт мыкIуасэу...
...ОшIэ-дэмышIэу шхончэо макъэр
Мэзыр къыгъаджэу мэхъаджэу къэIу,
Ау Шэуджэнымэ я Гощэунае
Емыбэджыгъэу щыт цIыф лъэшэу...
Ышъхьац дэнагъо жьым зыхигъащэу
Шъабзэу, ыгъашIоу дахэу Iэ щефэ,
Шъхьафит бэнакIомэ къахэнэфыкIы...

Зыщыщ хэкум ищытхъу хигъахъоу
Адыгэ пшъашъэр хъупхъэшъы хъупхъэ.
Уфаемэ фабрикэм чIэтэу ар махъэ,
ШэкIы лъэпкъышIухэр пытэу къытфешъэ —
ПIопэны хъумэ, ыIэхэр дышъэ,
Уфаемэ фермэм тетэу чэмыщы,
IэпэIэсагъэкIэ ар къызыхащы.
Адыгэ пшъашъэр дунай къэгъагъэу,
Хэхъо зэпыты ащ идэхагъэ.
ЗэрэзэлъашIэу адыгэ пшъашъэм
ХьатырышIэнкIэ кIуагъэп зи ыпшъэ,
Къэшъон-джэгуным зэрэфэбгъазэу
Пчэгум ар хьарзэу къытелъэразэ.
Бзыу орэдыIор угу къыридзэу
Орэды жъынчыр ащ къытфыхедзэ.
Пшъашъэмэ тыгъэпсыр къапэкIутыкIы,
ТищыIэкIэшIуи къагъэкIэракIэ.

Зэо пхъашэу зэо мэхъаджэр
Къежьи Родинэр тэ къызытаджэм,
ЛIыхэм ачIыпIэ хэт иуцуагъа,
Хэты пхъэIашэр тэ тфигъэжъуагъа?
Хэта зиIашэ пытэу зыIыгъэу
ТитекIоныгъэ къыдэхыгъэным
Псэемыблэжьэу тфыхэлэжьагъэр?
Инэу ишIуагъэ къэзыгъэкIуагъэр?
Советскэ бзылъфыгъэу — бзылъфыгъэ блан,
Адыгэ бзылъфыгъэу — бзылъфыгъэ чан.
БлэкIыгъэ заоу зэо пхъэшаем
Адыгэ пшъашъэу Бэгъужъэкъо Лёлэ
Блэнагъэ хэлъэу язэуагъ пыймэ,
Къыфихьыгъ щытхъур ежь икъэралы.
МакIэп ащ лIыгъэу тфызэрихьагъэр,
МакIэп орэдэу фызэхалъхьагъэр.

Сыгу къыздеIэу сэри сиусэ
Лёлэ фаусыгъэмэ ясэгъэгъусэ.
...Зэфэдэу огур зэлъаупIыцIэу
Фашисты бгъэжъхэр къызэлъэбыбы,
Бомбыжъхэр аблыгу чIэлъыхэу, мацIэу
Зи ащ къямылэу машIом чIагъэбы...
Къалэхэр, къуаджэхэр тырагъэжъыкIы,
Хэт сыд амыIоу зэкIэ аукIы...
Советскэ бгъашхъоу бгъэшхъо лIыхъужъымэ
Лёлэ ахэтэу огум ехьарзэ,
Фашист ныбаджэм ыпсэ хегъэзы.
— Хэгъэгум пае, тикъуаджэ пае
Сэ сянэ пае, сихэку пае, —
ЫIозэ Лёлэ ыгу жьы дегъэкIы,
МэшIуащэр бгъэжъымэ атырепхъанкIэ.
Ытамэ еошъ зым къыгуеуты,
Зым имоторэ къыкIоцIеуты...
Советскэ летчицэм пымэ щакIуахьы,
Ти Лёлэ нахьри зегъэбэлахьы...
Аузэ бзылъфыгъэм ыIэ къауIэ,
Ау ар мэбыбы, ыпэ регъэхъу,
Хьылъэми, шъобжэу телъыр ещыIэ,
Пыи ныбаджэмэ абгъэ зэIетхъы...
ЗыщыжъотыпIэм ипчэгу итэу
Пыи щэ мыгъор ыIэ къытефэ,
Аужырэу Лёлэ лъагэу зеIэты,
Пыигур рехы ыпсэ пэтыфэ...
Ынэ къэритIу ащ огум щэщIэты,
Ытэмэ лъэшмэ лъагэу заIэты,
Ом иты жъуагъомэ къахэщрэм фэд,
Тщыгъупшэхэщтэп ищытхъу орэд.

Тарихъы дахэ непэ хъужьыгъэу,
Дышъэ хьарыфкIэ ыцIэ атхыгъэу
Игугъу къэсшIыщт сэ джыри бзылъфыгъэ,
Инышъы ины ащи илIыгъэ.
Ар Хьатитэмэ я Нэфысэтэу,
Типартизанкэу тыгу къэзыIэтэу
ЛIымэ ахэтэу пхъашэу зэуагъэр,
ТитекIоныгъэ пае фэхыгъэр.
УапэкIэ щытыр умылъэгъунэу
Шэмбэты чэщыр шIункIышъы шIункIы,
ЛIыгъэ пхэмылъмэ уигъэщынэнэу



Макъэхэр мэзым бэу къыхэIукIы...
Партизанмэ яIофытабгэ
Чэщыбгым къежьэ пыимэ ябгэу,
Чэзыу пшъэрылъ иI ыгъэцэкIэнэу —
Нэмыцы пчъагъэр зэригъэшIэнэу...
Нэфылъ къыкIичэу къуаджэм къынэсы,
Бысым нэIуасэм иIэгу дэпсыхэ,
Нэфы зэрэшъэу чIыпIэ имысэу
ПсынкIэу фежьагъ ар иIоф зэшIуихэу.
Ныожъ щыгъынкIэ зэлъыфэпагъэу,
КъамышIэжьынэу ынэгу цIэлагъэу
Зэплъыны фаем псынкIэу гу лъетэ,
КIозэ хымадзэр гукIэ къелъытэ...
Ау ащ ыужы къумалыр къехьэ,
Партизан пшъашъэм пхъашэу жэхэхьэ:
— Оры Нэфсэтыр, дэгъоу усэшIэ,
КъэодгъэIощт тэ зэкIэ о пшIэрэр...
Партизан лIыкIом мастэр къыхаIу,
ЕIэхэшъ ыбзэгу лъэшэу ауIэ,
IэхъукIэ ыIэ пытэу афызы,
ЗэрафэлъэкIэу ыгу агъэузы...
Ау партизанкэу ти Нэфысэты
Ежь фаешъ пытэу ыбзэ еубыты,
Пыихэр зэщифэу лIыгъэм зырэты,
ГущыIэ закъуи къымыIоу щэты...
Фашисты Iэлым ынэ псыцунэу
КIапсэр блэ пIонэу ешIы аркъэнэу,
Пшъэшъэ тыкъыныр къышIуеубытыкIы...
Нэфысэт псалъэкIэ пыир еукIы:
— ЛъэкъуитIу шъукIэтыми шъухьэкIэ-къуакIэх,
Тыгъужъыгу шъуиIэу шъужъалымэ закIэх,
Шъулъэгъун, тыехэр тэ къэсыжьыщтых,
ШIэхэу чIыгум шъуетлъэкIэхыщтых.

Хьатитэмэ япхъоу ти Нэфысэты
Исаугъэты чIым зыщеIэты,
Бланэу тицIыфмэ зыкIэ ащыщэу
Щытхъу орэдым ыцIэ тыфещэ.

ЧIэлъых письмэхэр нымэ япIэшъхьагъы,
АгъашIо письмэхэр шъузэбэ пчъагъэ...
Къатхыгъагъ ахэр советскэ дзакIомэ,
Гур агъэIэлы ахэмэ уяджэмэ.

Сэшlэ сэ зы ныо тихьаблэ хэсэу,
Ыдэжьы сихьэу сызэрэтlысэу
Ипlэшъхьагъ кlаlэшъ данэм кlоцlылъэу
Къештэшъ зы письмэ сэ сырегъэплъы,
— Къысфеджэлъ, сикlал, письмэм итхагъэм, —
Къещэи lитlукlэ зыкъо фэхыгъэм.
Письмэ щэнэбзыр гъожьыбзэ хъугъэ,
Итыр ерагъэу, къинкlэ олъэгъу:
Ауми а письмэм итыр къысэхы:
«Шъэогъу ныбджэгъухэр бэу сэ сигъусэу
Пыи мэхъаджэм ыпсэ lутэхы,
Цlыфлъэпкъы пстэухэм тызэгонэсэу
Текlоныгъэ лъапlэр тэ къэтэгъэсы...
Чlыгур къэмыщтэу сыкъэмыщтэнкlэ,
Хэгъэгум фэшlкlэ спсэ семыблэнкlэ,
О, сянэ лъапl, сэ lуагъэ осэты,
Чэщи мафи лlыгъэм зесэты...
Тикъоджэ цlыкlу сэ бэрэ сыгу къэкlы.
Синэнэ лъапl, о сыпфэгумэкlы,
Тызэпэчыжь, ау укъэсэлъэгъу,
Атакэм сыкlоми сэ укъыскlэгъу...
lанэм упэсэу lулъхьэр ебгъэхымэ,
«Скъо езгъэшхыгъот» оlо, сэ сэшlэ,
Сиписьмэ тхьапэ бэрэ къэмысмэ,
Почтэм о окlо, пшlуабэ о машlэ.
Чэщ мычъыябэ сэщ пай иохы,
Сэрыкlэ, тян, о рэхьатэу зышlы,
Письмэм итхын джы ащ щысэухы,
Тежьэны фае, lэ сэ къэсфашlы...» —
Письмэ щэнэбзыр ащ есэтыжьы,
Ар фэсакъыпэу егъэlылъыжьы...

Адыгэ бзылъфыгъэм, нафэ, егъашlи,
Дунэе шlуагъэ зэриlэр ашlэ:
Пкъым къешlэкlыгъэу ищъошэ дахэ
Адырэ шъуашэмэ къахэлыдыкlы,
Ухегъэплъыхьэ ишхыны шlыгъэ,
Рыпхьакlэ хъущт хэгъэгу хьакlэ...
Адыгэ бзылъфыгъэм ымэкъэ шъабэ
Хэт едэlугъэми ыгу къегъэфабэ,
Бзэпсым ащ фэдэу ыпкъи ищыгъэу
lэдыим фэдизэу ыщъхьаци благъэ,
Ынэ гохьитlо пфэмылъэгъукlэу



Псынэкlэчъ къабзэр угу къагъэкlы...
Кlэнкlэм теуцомэ, ащ ылэтынэу
Шъэбабзэу кlозэ гъогум хегъэкlы.
Бзыу хьарзэм фэдэу псынкlэу зегъазэ,

Ишэн-lэдэбыкlэ бэу егъэразэ.
Къазый я Хьанифэу нэр пlэпызыхи,
Хьатрам лъэпкъымэ я Пэкъэ дахи
Язекlокlэ-шlыкlи шlоу ягъэпсыкlи
Джы къызнэсыгъэм къаlо орэдкlэ.

Гъэтхапэм фэдэу цlыфым гушlуагъор
Хъоеу фэзыхьырэр совет бзылъфыгъ,
Мыухыжьынэу гум ифэбагъэр
Къызыпкъырыкlырэр — совет бзылъфыгъ.
Адыгэ лъэпкъым хэт лъапсэу иlэр?
Хэт сабый пlуным мыпшъыжьэу пылъыр?
Хэткlи нафэ: тянэхэр, тшыпхъухэр!

Цlыфлъэпкъым щыщэу тэ ти бзылъфыгъ,
Узыгъэиныр эр о уицlыфыгъ,
О уай-уаеу совет бзылъфыгъ,
Дунэе щытхъур къыопэсыгъ.

## ЦІЫФЫР ЗЫКІЫЩЫІЭР

ЦІыфыр зыкІыщыІэр,
Ащ акъыл зыкІиІэр —
Ятэхэм ашІокІэу,
Агъэхъагъэм блэкІэу
ШІогъабэ къыхьыныр,
ЧІыр ыгъэдэхэныр.
ЦІыфыр зыкІыщыІэр,
Ащ акъыл зыкІиІэр —
Ышъхьэ паем фэдэу
ЦІыфыбэмэ яфедэ
Фэчэфэу ышІэныр,
Лъэуж къыгъэнэныр.
ЦІыфыр зыкІыщыІэр,
Ащ акъыл зыкІиІэр —
ИмыкІэу ишапхъэ
ШІуагъэм ичылапхъэ
Хъоеу зэлъипхъыныр,
Нахь ыгъэбэгъоныр.
ЦІыфыр зыкІыщыІэр,
Ащ акъыл зыкІиІэр —
Сыдигъуи ишъыпкъэу
Зыщыщэу ылъэпкъым
Пкъэур дычІисэныр,
Бланэу зигъэсэныр.
ЦІыфыр зыкІыщыІэр,
Ащ акъыл зыкІиІэр —
Купыр ыгъэразэу,
ИІофи фэІазэу,
Гоузэу псэуныр,
Щысэ афэхъуныр.
ЦІыфыр зыкІыщыІэр,
Ащ акъыл зыкІиІэр —
Зы чІыпІэ имытэу,
Ныбджэгъухэм ахэтэу
Ер ыгъэкІодыныр,
ШІур ыгъэбэгъоныр.



## ЗЭПЫМЫОУ СЫГУ КЪЫСЕІО

Зэпымыоу сыгу къысеІо:
— ЦІыкІуи ини урящысэу
Урягупсэ пшІоигъомэ,
Зыгъэчан о ущымысэу.

Зэпымыоу сыгу къысеІо:
— Пшъхьэ иІофы фэдэ къабзэу
Чылэ Іофыр дэгъоу зефи,
УагъэшІощт о уашІозафэу.

Зэпымыоу сыгу къысеІо:
— О уидахэ ябгъэІонэу,
Уфаемэ умыщынэу
Хылъэзехьэм кІори деІэ.

Зэпымыоу сыгу къысеІо:
— Чэщи мафи о умыІоу
ГъэцакІэхи уипшъэрылъхэр,
Пщэфыщтых о цІыфыгухэр.

Зэпымыоу сыгу къысеІо:
— Къарыунчъэм уфэгуІэу,
ЦІыфынчъагъэр умыщаІэу
УщыІэмэ, дышъэм пеІэ.

## ЗЭКЪОШНЫГЪЭМ ИТАМЫГЪ

*Илъэс пчъагъэкIэ узэкIэIэбэжьмэ Болгариер гъэрыпIэм къиущыжьыгъэу хэгъэгу шъхьафитэу шIыгъэнымкIэ урысыдзэхэм инэу яшIуагъэ къэкIуагъ. Ащ ехьылIагъэу саугъэт 400-м ехъу Болгар чIыгум итых. Ахэмэ зыкIэ ащыщ бгы лъэгэ инэу ШипкэкIэ заджэхэрэм болгар лэжьакIомэ ежь къызыхахыгъэ ахъщэкIэ тырашIыхьэгъэ саугъэтыр. Ащ фэгъэхьыгъ мы усэр.*

Бгыпэ лъагэу Шипкэ
Ышъхьашыгу шъыпкъэ
Мыжъо саугъэтым
Пагэу зыщеIэты.
Болгар дзэкIолIи,
Урыс дзэкIолIи
АIэ зэкIэдзагъэу
Щытых ягушIуагъоу...
Болгарым ипыйхэу —
Хымэ техакIохэр
Мыщ щагъэуцугъэх,
ЧIым щыхаIулIагъэх...
Шипкэ тет саугъэтыр
Тыгъэпсым пэшIэты,
Тизэкъошныгъэ
Итамыгъэу хъугъэ.
Сыды фэдэ мафи
Болгармэ Iэ щафэ
Къэгъэгъэ IэрамкIэ
Зэфэдэу агъэпкIы...
Сащыщэу хьэкIабэм
Шипкэ илъэгапIэм
Гушхоу сыдэкIуае,
Мы усэр ащ пае:
Зэкъошныгъэ лъапIэр —
Насыпы къэкIуапIэр
ГъэшIэным псаунэу
Сыфай нахь пытэнэу.



## БОЛГАРХЭР

Славян цIыф лъэпкъым изыкъутамэу
Зэкъошыныгъэр гъашIэм ытамэу,
Шъхьафитыныгъэр тыгъэу къыфепсэу,
Болгар цIыф лъэпкъыр зыпкъэу мэпсэу...
Зэкъошыныгъэр нэкоу къеухъумэ,
Яблэгъэ цIыфмэ къин яIэ хъумэ,
Зэрафэхъунэу кIэгъэкъон пытэу
Зэджэжьхэшъ, нэсых ахэр елбэтэу.
ЗэкIэми якIу болгармэ аIэ,
ЧIыгур зэфэдэу къагъэгущыIэ,
ЯхэтэрыкIхэр къахэлыдыкIы,
Ящытхъу дахи хахъоу къекIокIы.
Япхъэшъхьэ-мышъхьэ Iушъхьэм еткIухьэ,
Ясэнэ зыгъэ Iэзэгъоу гохьы,
Ямэлы хъукIи щысэу зэрахьэ.
Болгар орэдым мэшIуачэ хэлъышъ,
Лъыр зэкIегъанэ, къарыу къыуеты,
Жъыгъи кIэлакIи лъэшэу къагъэплъышъ,
ЗафэмщыIэжьэу чэфым зыраты.
Адыгэ къашъор пщагъэгъупшэжьэу,
Болгархэр къашъох дахэу зэкIужьэу,
АIэхэр пытэу зэрэубытыгъэу
Уджы хъураекIэ къашъох егугъоу.
ХьакIэр сыдигъуи агъэIахьылы,
ХьакIэм пэгъокIых чэфэу, хьалэлэу.
Адыгэ шхынымэ адыригъаштэу
Хъуны-шхыныбэ IэшIоу къыпфаштэ.
Ткъош болгармэ щытхъур адэжьышъ,
СтихкIэ сэламыр сэ шъуфясэхыжьы,
Болгар лэжьакIом урыс хэгъэгум
Пае орэдкIэ идахэ къеIо:
— СемыгъэщытIэу техэкIо лъэгум
Шъхьафит сыпшIыгъэшъ опсэу осэIо.

## ТЫРГОВИШТЭ КЪАЛЭР

ЦIыфэу дэсхэр дышъэ Iапэу,
Унэу дэтхэр къэгъэгъэ напэу
Болгар къалэу Тырговиштэ
ДунэякIэм дырегъаштэ.
Болгар къалэу Тырговиштэ
Чэф гушIуагъом къызэлъештэ,
Зэрэхэкоу ар тиблагъэ,
Ащ тыгу филъ тэ бэу фэбагъэ.
ХьакIэщ пчъагъи дэт кIэракIэу,
Ащыщ еджэх «МыекъуапэкIэ»,
Орэд чэфхэр къычIэIукIы,
ХьэкIэ инхэр щызэблэкIы.
Къэгъагъ хьасэр угу къагъэкIэу,
Уяплъ зэпытми пфэмлъэгъукIэу
Дэхэ бынэу сабый хъущэ
ЩапIу къалэу Тырговиштэ.
Болгарием идэхапIэу,
Зэкъошныгъэм итIэмыпIэу
Къэлэ шIагъоу Тырговиштэ
Тарихъытхымэ алъытэ.
ШхъонтIэрымэр къытырехы,
Инасыпи гъогу фыхехы,
БэгъашIэхэр жъугъэу дэсых,
Жъогъо бынхэр къызэлъдэпсых.
ЦIыфэу дэсхэр дышъэ Iапэу,
Унэу дэтхэр къэгъагъ напэу
Болгар къалэу Тырговиштэ
ДунэякIэм дырегъаштэ.



## ХЪОХЪУ

ЗэгурыIожьэу
Зы къоджэ чыжьэ
Къушъхьэм ылъапэ
Щысэу мэпсэу...
Ащ зы гъэтхапэ
КупышIу сигъусэу
ИмэфэкI шIагъо
Тырагъэблагъэ.
ЛIыжъи кIэлакIи
КъэкIуагъэх хьакIэу...
Пщынэо Iазэм
ЗэкIещы пщынэр,
Жьыр къызэIибзэу
Къегъэбзэрабзэ...
Джэгур джэгушхошъ
Купыр мэгушхо,
КIэлэ къэшъуакIом
Пчэгур еубыты,
— Мардж! — хьатыякIом
КъеIозэпыты...
Пшъашъэри хьарзэу
Къытелъэразэ...
Джэгур екIоты,
КъэшъокIэ Iазэм
Пчэгур еубыты...
...Игъо къызэсым
Купышхоу щысым
Шхыныр къафахьы,
Пчэгум къырахьэ.
Анахьы инэу
Лъагэу зы Iанэ
ЗэрафэIэтэу
Пчэгур ыубытэу
КъыкъуагъэкIоты,
Псаоу мэлышъхьэ
Телъ инэу Iанэм,
АпшъэкIэ щысы
ЛIыжъым рапэсы.
Дыщысы пстэуми

НэшIукIэ яплъышъ,
Анахьыжъ пэтми
ЛIыжъыр къэтэджышъ,
ЫпэкIэ къопсхэр
Къегъэчэрэзы,
Ибжъэ къеIэты,
Псалъэм зыреты:
— Мары мэлышъхьэр,
Илъ ар тапашъхьэ,
Гот ащ тхьакIумэ,
ШъутхьакIумэ чанэу,
Сакъэу, шъубланэу
Шъо шъущытынэу
Сибжъэ сехъохъу,
Сибжъэ сехъохъу.
Бзэгури мары,
ШъосIощтыр ары:
Сыдигъуи шъыпкъэ
Шъужэ къыдэкIэу
ШъуцIыфы шъыпкъэу,
ШъуIорэми къикIэу
ШъуагъэлъэпIэнэу,
Сибжъэ сэIэты,
Сибжъэ сэIэты.
Шъолъэгъуа нэхэр?
ИI хэти ахэр.
Шъо шъуинэплъэгъу
Зи имыкIынэу,
Чыжьэрыплъагъэм
КъыщымыкIэнэу,
Сибжъэ сэIэты,
Сибжъэ сэIэты.
ШъхьакуцIым шъуеплъи,
ЗэкIоу зэхэлъы,
Шъхьэм илъ шъхьакуцIым
Рылъэш бэу цIыфыр.
Шъуиакъыл тефэу
Хэгъэгу Iофыр
Шъо зежъугъэкIонэу,
Шъо шъуатекIонэу
Сэ есэIуалIэ,
Сэ есэIуалIэ.
А хъохъу шIагъор
Зызэхэсхыгъэр



Хьазыры шIагъэ,
Ау сщымыгъупшэу
А хъохъу Iуагъэр
МэфэкIы къэсы
Iанэм сыIусэу,
Сыгу къэкIыжьы,
КъэсэIотэжьы.

## ОРЭД КЪЭСЭЗЫГЪАIОРЭР

ЗаIэтэу къэгъэгъэ бынмэ
МэIэшIур къапихы хъумэ,
Дунаир нахь дахэу мэхъу,
ЗэкIи кIэракIэу къысщэхъу.
Купыр зэлъызгъэдаIоу
Орэд чэф ащ къысегъаIо.
ШIулъэгъуныгъэм итыгъэ
Апэрэу къызыфепсыгъи,
Бзыу къэхъугъакIэм ытамэ
Апэрэу зэриIэтыгъи
Слъэгъумэ, сэ сфэмыщыIэу
Орэд чэф ащ къысегъаIо.
Игъомылапхъэ ыгу пыкIэу
Бысымыр хьакIэм пэгъокIмэ,
Нысэми гуащэр икIасэу,
Гуащэми нысэр игупсэу
Слъэгъумэ, купыр згъэдаIоу
Орэд чэф ащ къысегъаIо.
ЛэжьакIоу щытхъу тамыгъэр
Хэгъэгум къызэритыгъи,
Нэу сабый къызыфэхъугъи,
ГушIуакIо цIыфхэр къыфакIоу
Слъэгъумэ, купыр згъэдаIоу
Орэд чэф ащ къыфэсэIо.



## ТИДЕПУТАТХЭР

ЧIыгулэжьыным фэIази,
Чэмщыным фэIэпэIаси,
ГъукIэным хэшIыкI фызиIи
ЗыIэмэ дышъэр къапызи —
Тидепутатмэ ахэтых,
Ахэр, нафэ, пэрытых.

Щылычым ипытэ зыгъэчъи,
Нефтыр хэу къытфэзыгъачъи,
ТикIэлэцIыкIухэр тфэзыпIуи,
Псэуалъэ бэу тфэзыгъаIи —
Тидепутатмэ ахэтых,
Ахэр тицIыф пэрытых.

Космосым чыжьэу хэсыхьи,
Родинэм щытхъур фэзыхьи,
ЧIым газыр бэу къычIэзыщи
Гъэбэжъум тэ тыфэзыщи —
Ящытхъу дахэ тэгъэIу,
ТыгушIоу ацIэ къетэIо.

Тигъогуи нахь къэнэфынэу,
Тиогуи ренэу къэбзэнэу,
НахьышIум тэ тыфэкIонэу,
Къиными тэ тытекIонэу
Тфэлажьэх тидепутатхэр —
Партием ыпIугъэ цIыфхэр.

Псауныгъэм икъэухъумэны
Зышъхьамысыжьэу фэбани,
Хэгъэгур тфэзыгъэгъуни,
ГубгъонэкI къэзымыгъани —
Народы лIыкIоу тэлъытэх,
Тидепутатэу пэрытых.

Машинэ фынкIэ пэрыти,
Газетыр тфыхэзыути,

Орэдыр тфэзыгъэжъычи,
ШІэныгъэ лъагъор хэзычи,
Къэгъагъэр тфэзыгъэбагъуи —
ЦІыфыбэм къагъэлъэгъуагъэх.

Депутатэу о ухадзыгъэу,
Цыхьэ ини о къыпфашІыгъэу,
Уафэлэжьэныр гушІуагъо,
Гъунэнчъэу ар насыпыгъэ.
Тидепутатхэр тигъуазэх,
ЦІыфыхэр ащ афэразэх.

## ГЪОГОГЪУМ ДЖЭУАПЭУ ЕСТЫГЪЭР

Зы мафэ зыпакІэ сежьагъэу
Къысфэхъугъ лІы горэ гъогогъоу,
Лъэпкъэу сызщыщымкІэ къэупчІэ,
ТІэкІу згъэшІэгъуагъэ, ар шъыпкъэмкІэ.
— Адыгэмэ яхэку сыкъекІы,
Адыгэми сащыщ слъэпкъыкІэ.
— А лъэпкъым сэ апэу сыфэзы,
СыфэшІэлъ тэкІу макІэу щыгъуазэ...
Сэ хымэ хэгъэгум сыкъекІы,
ЗэкІэ гъэшІэгъоны сэрыкІэ, —
Гъогогъоу сфэхъугъэр къэлъаІо.
ЗэрэслъэкІэу гурысэгъаІо:
— ХэбзакІэм итыгъэ къатепсэу,
Адыгэхэр Кавказы щэпсэу,
Адыгэ лэжьакІом ичІыгу
Гъэбэжъур хыорэу щэзекІо,
Адыгэ лэжьакІом иІэгу
Насыпыр къыдэзэрэго.
Адыгэмэ яшэн-зекІуакІи,
ЯцІыфыгъэ дэхэ зехьакІи
Пушкиным тыридзагъ ынаІэ,
Лермонтовым ишІэгъуагъ аІо...
Адыгэмэ яшъошэ дыгъэ
Мы дунаир къызэпекІухьэ
ЗэлъашІэрэ яшхыны шІыгъэ
ФашІэ иІэу Іуми еткІухьэ.
Адыгэм иІанэ — уиІанэ,
Узыфаем фэдизрэ уехьакІэ,
ПфишІыщтэп уигугъу ащ ІаекІэ.
Дышъэ жъогъофыр абгъэгоу,
ШІу алъэгъурэр ежь яхэгъэгоу,
ЛэжьэкІуабэ сэ слъэпкъы ихъой,
Шъхьаджи къыухъумэрэр — нэхъой.
Адыгэм, къин ухэфагъэмэ,
ЛІыгъэ хэлъэу о къыбдегощы,
Узафэу Іоф ухэфагъэмэ,
КъинылІэм ащ укъырещы.
Зы цІыфым зы цІыфыр ищхэпсышъ,

Адыгэм цIыф лъэпкъхэр игупсэх,
Лъэпкъы зэхэдзыхэр ымышIэу
Зэкъошныгъэ IэшIум гу фешIы.
Адыгэм бзылъфыгъэм егъашIи
ЦIыфыгъэу фыриIэр зэлъашIэ;
Псэлъэжъым щызэхэтэхы:
«Бзылъфыгъэм шы хьылъэ фрадзыхы».
Адыгэ бзылъфыгъэм ыIапэ
Ренэу къегъэдахэ ынапэ,
ШIэныгъэ иными ылъапсэ
ИшIушIагъэ къызэлъыхэпсы.
Тиадыгэ пщынэ ымакъэ
Бзыухэри зэтырегъакъэ,
ТикъэшъокIэ дахи тиуси
Атырахы Iаджыми щысэ...
Адыгэ шъолъырым итеплъэ,
Къэгъэгъэ зэикIэу къэшэплъы.
Ти Советы жъуагъо шъхьащытышъ,
Ыуас ар ежь пеIэны дышъэ.
Зэкъошныгъэм итыгъэ щепсэу
Адыгэмэ яI къэлэ гупсэ —
ЦIыкIуи ини зэдаштэу ягуапэу
Фаусыгъ а къалэм Мыекъуапэ.
А къалэр зэфэдэу къэтIэмы,
Иурам бзэпсыхэу инымэ
Уатехьэмэ гум зыщаIэты,
Ичъыгмэ жьы къабзэр къыуаты...
Псыхъуабэмэ адэгуащэу
ЫбгъукIэ речъэкIы Шъхьэгуащэ,
Икъушъхьэпсы сэлам къыуехы,
ШынэгъакIэр чIыгум пегъохы...
Адыгэмэ яжъыхэр алъытэ,
АгъэлъапIэ ащ ягулъытэ,
Орэдым фэIази къахэкIы,
Ящытхъуи хэгъэгум щекIокIы.
ТхэкIо-усакIохэр цIэрыIоу,
Жэбзэ купкIыр зэрагъэуIоу
ЦIыфыгум къигущыIыкIыхэу
Къалъытэ адыгэмэ яIэхэу...
УатемыкIохэнэу лIэбланэу
Батырхэр къызэкIэмыкIонэу,
АцIэхэр дышъэкIэ тхыгъэхэу
Адыгэмэ пчъагъэу апIугъэх.



Ащыщ ахэм Шэуджэны Моси,
Гощэунаеу ащ ишъхьэгъуси,
Хьахъуратэу Шыхьанчэрые
Ищытхъу лъагэу дахьые...
Къоджэбэрдымэ я Мыхьамэти
Непэ нэс иорэд зеIэты,
Уай-уаеу Айдэмыркъанэ
ЕгъашIэм титарихъ къыханэ.
Адыгэм ипшысэ-гупшысэ
Осэ иныр Горькэм къыреты:
«Адыгэмэ япшысэ шIагъо
Япсауныгъэ купс къегъэлъагъо»,
Лъэгъупхъэу бэгъорэ тисады
Мичуриным гу лъарегъатэ,
Непэ тишъхьафиты орэды
Ымэкъэ чан зэлъэбыбатэ.
...Адыгэ пшъашъэхэр къэгъагъэу
Анэгу тыгъэпсыр ечъагъэу,
Хьарзэм фэдэу, кIо хъумэ есых,
Быныби нысэкIэ яхъуапсэ.
Тинэжъы-Iужъыхэр зыпIокIэ,
Ахэр къэхъужьыгъэх кIэрыкIэу:
ТемыкIыхэу анэгу гушIопсыр
Коммунизмэм зыкъыфагъэпсы.
Адыгэхэр алъэпкъыкIэ макIэ,
Ау ялIыгъэ иIэп гъунапкъэ,
Хэгъэгур гумэкIымэ — гузакIэх,
Пыим езэощтых яшъыпкъэу...
Андырхъуаем илIыгъэ кIуачIи,
Ти Нэхае идзэ зещакIи,
Тэ ти ШIуцIэу хы бгъэшхо блани,
Топгъаоу Ацумыжъ лIы чани
ЦIыкIуи ини ашIэх зэфэдэу,
АцIэ лъапIэ хъугъэ орэдэу.
...Джащ фэдэу адыгэм къэбарэу
Апылъыр сигъусэ есэIо,
А пстэуми шIошIагъоу самбырэу
Ишъыпкъэу гъогогъур къядэIу...

## ЧIЫГУМ ИОРЭД

О тичIыгу-чIыгоу,
Дунаем ыбгъэгур,
О пфэсIощт орэдыр
Ары симурадыр,
О тичIыгу-чIыгоу,
Бэрчэты нэгур,
Утфэхъугъ тэ гупсэу,
ЩыIэныгъэ лъапсэу;
Оры тызыщыщыр,
Оры тэри тщыщыр,
Оры типсэупIэр,
Тэ тянэм ычIапIэр;
Иныр уишIушIагъэ,
Мыухыжь уишIуагъэ;
УипелыуаныIэ
Насыпыр тфеуIу;
Чылэпхъэ Iэбжъыбыр
Кухьэу къэотыжьы,
О уизыпсы Iуби
Ощхэу къэбыбыжьы.
Къиным тырытекIоу
Амал пхэтэгъуатэ,
ГушIор къытэбгъэкIоу
Ренэу укъытатэ.
Къушъхьэхэр уакIыIоу
Мэзыби къыптекIэ,
Ащ пай умыщэIоу
Уахътэр зэонэкIы,
Инышъ о уиIалъэ
Псыхэр къыщэуалъэ;
О уипсыхъо налъэ,
Хы пчъагъэ къыпаплъэ,
Угъэбэжъу фэIабэшъ
Тыгъэм уегъэфабэ,
Инышъ уиIофыгъо
УиIэп гъэпсэфыгъо:
Дунэе остыгъэу —
Тыгъэр уигъусэгъоу,



Ащ уригъогогъоу
О удэчэрэгъу.

О тичIыгу-чIыгоу
Насыпыр зынэгур,
Жъогъо быны-бынэу
Жъогъуабэр къиощы.
Ахэр дышъэ Iунэу
Уашъхьагъы къытещы,
Жъуагъоу птеты пстэумэ
Жъогъо ин къахэщы,
Дышъэу инэбзыймэ
Жъогъуадэр зылъащэ,
А жъуагъор ти Кремлэ,
Ышъхьэшыгу къыщэблэ,
Ичэщи имафи
Тыгъэу ар къэнэфы.
Оси ощхы ини,
Фыртыни ощэчы,
Сыды фэдэ къини
Бланэу зэпыочы:
Гуфаплъэу тыоплъышъ
ЦIыфым фэд уитеплъэ:
Мэзыхэр — птхьакIумэх,
Къушъхьэхэр — улыпцэх,
МэкъупIэхэр — пшъхьацых,
Хы инхэр — унэх,
Сыдигъуи гъэтхапэм
Пшъхьапэу зыофапэ,
Уишъошэ кIэракIэ
Уашъом къыхабзыкIы.
Зэфэдэу унатIэ
Тетыр уцы къашхъо,
Алырэгъу шхъуантIэр
О къызытеохъо.
О уиджэнэ гъуапэ
Къэгъагъэр къетэкъу,
КъэпIэтымэ пIапэ
Губгъор зэIуокъу.
О тэ тыодэIушъ
Орэдыр къэоIо,
Укъытэмызэщэу
Гъэбэжъур къэоща.

О тичIыгу-чIыгоу
Лъыкlэ гъэшъокIыгъэр,
ПкIэнтIэпсыр унэгоу
Бэ о пкIэхэкIыгъэр:
ЛIэшIэгъу къыхэкIыгъэп
Узэтырамыхэу,
Пачъыхьэ къэхъугъэп
Пшъо дэлъыр димыхэу...
ЧIыгум зыIэ хэлъыр
Зыфиты щымыIэу,
Хьэзаб кухьэ телъэу
ЩыIагъ гъэблэ нэIоу...
Адыгэр гъыбзаIоу,
ТхылъыкIэ бзэмыIоу,
ЩыIагъ чIыр ихьафэу,
Къиныгъом зэрифэу.
ХыкIыбы техакIом
Ыпэ ымыгъакIоу
Адыгэ лэжьакIор
Дигъэлъыгъ дэкъацэм.
Адыгэ тхьамыкIэр
Хагъэтыгъ чыракIоу,
ИконычIи нэкIэу
Гъаблэри къытекIоу...

О тичIыгу-чIыгоу
Мы дунаем ыгур,
Мыхъэри птехъыкIы,
МышIэри птешIыкIы.
Заом илъэужэу
Тыркъохэр птещагъэх,
Щабэ улъыижьэу
Джыри къыпхэнагъэх.
Заор пфэмылъэгъоу
УакIыб фэогъазэ,
Мамырыр уилъагъошъ
Ащ тыфэогъасэ.
Мамыры бэнакIом
Гъогур фыIуохы,
ЗэошIы техакIом
Ылъапсэ кIэохы.
ЗэуакIэм фыкъоплъэу
Нэкъыплъы хъужьыгъэр
О къычIэмыгъэплъэу


Тыгу фэогъэплъы.
Тыфай тэ пхъэIашэ
НэмыкI уимыжъонэу,
Ныбжьи аджалыщэ
ПкIышъо нэмысынэу,
Советы хэгъэгоу
Мамырым ипчэгум
Мамыры быракъыр
Уашъхьагъы щегъаIэ;
Тисоветы жъуагъо
Ащ о хэолъагъошъ
Уилъагъо тфэмафэу
Тыгъэу къытфэнэфы.

ТичIыгу тиконыжъэу
Ар ордэ-унэжъэу
ТиIэшъ тегъэчэфы,
Гу ащ тэ щытэфэ.
ЧIыгур къыблэмамэшъ
Ащ тызэрещалIэ,
Зи ымыгъэхымэу
IаплIыр арещэкIы.
ЫкIыIу тытетыми,
Лъагэу тышъхьащытми,
Тэ тыгу имыкIэу
Ащ тыкъыдекIокIы.
ЧIыналъэм икъатмэ
Тарихъыр къаIуатэ,
Мыжъосынэу тетмэ
Алъапсэ мэпытэ.
ЩIыфы лъэпкъы пащэу,
Насып лъэгъохэщэу
Лениным икъэ Унэ
ЧIышхом къегъэгъунэ,
ЧIыгур ащ дэлъагэ,
ЧIыгур ащ рэпагэ.
Джалилэ Муси,
Шэуджэны Моси,
НэмыкI лIыблэнаби
ЧIыбгъапэм щэчъые...
Ясаугъэтэу тетмэ
ЧIылъэм зыщаIэты,
ЧIыпкъышъолым щыщхэу

Ахэр джы тэлъытэ.
ЛIыхъужъэу уихъоймэ,
Бэу къарыу къыуаты,
Уибатыр нэхъоймэ
АIыгъ дыщъэ уатэ.
О тичIыгу-чIыгоу
Гъэбэжъур зынэгур,
ЗэрэцIыфлъэпкъэу
Уфэхъугъ о пкъэу.
УзышIобылымым
Унэгу къыфиохы,
О къыпфэхьалэлым
Лыжъыр пэогъохы,
ЗынаIэ къыптетым
ГушIуапкIэ еоты,
Лъагэу зэлъыпIэтэу
Пытэу о укъоты.
ЖъонакIом укъетэ,
ХынакIом укъетэ,
О уичIыгу къуапэ
Хэгъэгур къефапэ.
ЦIыфы лъэпкъэу щыIэр
ГъашIэм уизэфэдэ,
Былым лъэпкъэу уиIэм
О къыхэогъадэ.
Ушъагъэшъ уипхъуантэ
ЗэкIэ дэтэгъуатэ:
Ар къызэIуохышъ
ЦIыфым пэогъохы,
Дышъэмэ къыдэкIы,
Дагъэмэ къыдэчъы,
ДэIэкIагъ шIомыкIи,
Тыжьыни нэмыкIи...
Гъогухэр бгырыпхэу
О къызэощэкIы,
Псыхъохэр уилъынтфэу
ПкIышъо щызэблэчъы.
О узипыутыр
Ышъхьэ егоожьы,
Жъалымэу пфыщытыр
Имыжъо IокIэжьы,
ЦIыфэу узыхъожьэу
Ежьэжьэу хэхьажьрэр,



ПсынкIэуи кIэгъожьы,
Ыгуи ар еIэжьы...

О тичIыгу-чIыгоу
Дунаем ипчэгур,
Сэ сидышъэ Iуди
Хэрэлъ, уиорэды...
Оры, тикIэлъыныр
Оры, типIэшъхьагъыр,
Оры, Iэнэ иныр,
Оры, тызыIыгъыр.
Хъярэу цIыфы гъатхъэм
Игъогу утемыкIэу,
Уинасып чылапхъэ
Хэрэхъу къибыжъутыкIэу.

## СШIОИГЪУ

ШIулъэгъур гъатхэм пэджэжьэу,
Ныбджэгъухэр зэпэгушIожьэу
Слъэгъузэпытмэ сшIоигъу,
Сыгуи къыздеIо: «Бэу игъу!»
ЛэжьакIом ыпэ ригъэхъоу,
Зыфаер зэкIэ къыдэхъоу,
Хъярыр къыфакIо сшIоигъу,
Сыгуи къыздеIо: «Бэу игъу!».
Хьасэмэ къарыбэгъукIэу,
Ащымыщ зи къахэмыкIэу
Слъэгъумэ лъэшэу сшIоигъу,
Сыгуи къыздеIо: «Бэу игъу!».
ГушIуагъор нэгум кIэмыкIэу,
Бын пэпчъи чэфым хэмыкIэу
Слъэгъумэ лъэшэу сшIоигъу,
Сыгуи къыздеIо: «Бэу игъу!».
Жъыгъэхэр зэлъагъэдахэу,
ШъхьакIэфэныгъэ арахэу
Слъэгъумэ сыкъегъэчэфы,
УсэкIи сэгъэунэфы.
Инысэ гуащэр еубзэу,
Нысэри гуащэм фэгупсэу
Слъэгъумэ инэу сэгушIо,
ЗыфэсэIожьы: «Ар бэу шIу!».



## ГЪЭТХЭ НАШХЪОР

Гъэтхэ нашхъом ипщынабзэ къызэкIещы,
ЗэфэдэкIэ чIы чъыягъэр къегъэущы,
Афэмыхъоу мылышъэхэр егъэхъуахъо,
Псыхъо цIыкIуи, псыхъо ини ахегъахъо.
Гъэтхэ нашхъом лэжьэкIуадзэр егъэчэфы,
Гъэбэжъу 'лъапсэу мафэу хъущтыр егъэнафэ,
Ынэ шIошIоу цIыфы шъхьафхэр къахимыщэу,
Язэфэдэу игушIуагъо адегощы.
Гъэтхэ нашхъом уцы къашхъор чIым къыхещы,
Уц къэгъагъэр Iэрам кухьэу тэ къытфещэ,
Бзыу бынмэ янабгъохэр къафегъаIэ,
Мэзым шъуашэр зыщилъэщтышъ дэIэпыIэ.
Гъэтхэ нашхъом огу къаргъом пщыпIэ щешIы,
Ошъуапщэхэр къыфегъалэшъ фыжьэу ешIы,
Тыгъэпс фабэм инэбзыйхэр егъэбагъо,
Псэ зыпытыр къытырещэ ежь илъагъо.
Гъэтхэ нашхъом пшъэшъэ нашхъор гъусэу ешIы,
Тэ тымышIэу шъэфи Iуагъи ащ зэдашIы,
Гъэтхэ нашхъом кIэр дэбыбы, жъыр дэкIэжьы,
ШIу зыгу илъэу зэкIэситIур зэфещэжьы.

## ГУМ ПЫКIРЭР ПЭКIЭЖЫ

Гу къыпщафэу,
Гу ащыпфэу
Гъашlэр пхьынэу
УкIэхъопсмэ,
Олъэкlыфэ,
ПфэукIочIыфэ
Фэхъу IэпыIэгъоу
ЦIыфым дэгъоу.

УигушIуагъуи,
Уикъиныгъуи
Къыбдагощы
ПшIоигъомэ,
Чылэ Iофыр
УиIоф фэдэу
Апэ дэдэу
О зэкIафэ.

Дахэ пфаIоу,
УзыхаIоу
УщыIэнэу
Угу хэлъмэ,
Шъыпкъэныгъэр
ШIы гъусэгъу,
Зэфэныгъэр
ШIы гъогогъу.

Ощ паекIэ
Псым хэтынхэу
Уфаемэ,
Къыпкъотынхэу —
Уиныбджэгъумэ,
УиIофшIэгъумэ
УафчIэмыплъ о
НэчапэкIэ.
ЦIыфыбэмэ
Фэбэ-фабэу
Пытэу пIапэ



Къаубытынэу
Зытефэрэм
УигъэшIуабзэ
О фэбгъазэу
ЗигъаI хабзэу
Угу пыкIрэр —
КъыпэкIэжьы,
ЦIыфмэ яптрэр
Къыуатыжьы,
Зы гъэжъуацэ
ЦIыфмэ яти
Хъужьыщт цищъэу,
ОркIи дышъэу.

## ШЪХЬАДЖ ЗЫФАЕР

Къэгъагъэм ыкупсы
ІэшІугъэкІэ ткІопсэу
Хэлъыр шъоу мэхъушъ,
Ащ бжьэ хъущэ лъэхъу.

ЦІыфыбэм ашъхьапэу
Хъущтыр игушІуапэу
ТицІыфы гъэсагъэ
Иакъыл мэшыпэ.

ЧІыгум зыІэ хэлъым
Дахэ игухэлъи:
ЧІыгур нэм фэмыплъэу
ЫшІыщт гъэбэжъулъэ.

ЯтІонэрэ унэу
Огур зыфэхъугъэ
Летчикым игугъур
Ом набгъо щишІыныр.

ЦІыфым тамэу готыр
ОрэдышІу гуІэтышъ,
Къиныбэ ыхъоу
Ащ усакІор лъэхъу.

ДэкІо-бзакІо пэпчъэу
Зыфаер къэсэпчъы:
Анахь дэгъоу дэнэу,
ЫІапи дышъэнэу.

Тинэнэжъы гупси
Шъэфэу егупшысэ:
ДэхэІуалэу нысэ
Фай къыфынагъэсы.

Хэти ежь шІоигъор
Мурадэу ышІыгъэр
ТшІоигъу къыдэхъунэу,
Ар ыІотэжьынэу.



## СЕЗЫГЪЭДЖАГЪЭР

— О хэта уезыгъэджагъэр?
Къарыуи къыпхэзылъхьагъэр? —
Іаджхэри сэ къысэупчІы,
АхэмкІэ сиджэуап кІэкІы:
— Тигубгъоу гъэбэжъу къэкІуапІи,
Псыхъохэу зэдытилъапІи
Сэ егъэджапІэу сфэхъугъэх,
Сэ сІэпкъы-лъэпкъы хэхьагъэх.
Адыгэ пшыси орэди,
О къаргъоу хы шхъуантІэм фэди,
КІэлэегъаджэу сфэхъугъэх,
Спкъышъолы щыщ фэдэу хъугъэх.
Тимэзэу нэми фэмыплъи,
Гъунэнчъэу тэ тихыуалъи
КІэлэегъаджэу сфэхъугъэх,
Сэ сиорэди хэслъхьагъэх.
Сэ сянэ ыбгъэшъо фаби,
Гъэтхапэм иощхы шъаби
КІэлэегъаджэу сфэхъугъэх,
СыгукІэ ахэр спэблагъэх.
Сихэкоу сэ сыпсэ зани,
Идышъэ пхъуантэу хъазыни
КІэлэегъаджэу сфэхъугъэх,
Тыгъэпсэу сэ къыстепсагъэх.
Сикъоджэ дахэ иІани,
СызыщапІугъэ тиуни
КІэлэегъаджэу сфэхъугъэх,
Ныбжьырэ гъусэу сэ сиІэх.
Тизэкъошыныгъэу псыхьагъэр,
ДгъэлъапІэу мамырыныгъэр
КІэлэегъаджэу сфэхъугъэх,
ГугъэпІэ шъыпкъэу сэ сиІэх.
ЕгъэджакІо инэу сфэхъугъэр —
Непэрэ щыІэкІэ тхъагъор!

## СЯНЭ ДЭЖЬЫ СЫКЪЕКIЫЖЬЫ

Сянэ дэжьы сыщыIагъэу
Ащ ынэшIуи къысщыфагъэу
— Щыс, — ыIоэ сыкъекIыжьы,
Сщыз схэхъуагъэу сыкъэкIожьы.

ГушIор ынэгу кIэмыкIэу
Ныр сыдигъуи къыспэгъокIы,
Сэ сынапэ шъэбэ-шъабэу
Iэ фабэкIэ къытеIабэ.

Ным ыкокIы сисэу сшIошIы,
Пшысэ цIыкIухэр сэ сегъашIэ,
Къысэбэузэ сыкъепхъуатэ,
Сигъэгушlоу ар къысатэ.

СикIасэхэр къысфилъытэу
IэшIу-IушIухэр сэ къысфештэ,
СфигъэшIуагъэм сыхегъаIэ,
СыцIыкIу фэдэу къыздэгуаIэ.

Дахэшъ сянэ имуради
ИIэ пстэуми сахегъадэ,
— Сыд уфая? — сэ къысеIо,
Къыстет ренэу ным ынаIэ.

Ныр зыслъэгъукIэ икIэрыкIэу
Сабыигъор сыгу къэкIыжьы,
Щэбабэми иIэшIугъэ
Лъэубэкъу пытэ сигъэшIыгъэ.

Мы дунаир сфэмыхъужьэу
Сянэ дэжьы сыкъекIыжьы,
Ным нахь IэшIуи сэ зи сымышIи,
Ар слъэгъуфэ сшIуабэ машIэ.



## ЖЪЫ УМЫХЪУ ПШIОИГЪОМЭ

Жъыгъом утекIо пшIоигъомэ,
УямыдэIу лIыжъ тхьаусхалэмэ,
О ядэIу орэд гущIуагъомэ,
Къадэтэдж нэфылъы жъуагъомэ.

Жъы о умыхъу пшIоигъомэ,
Умылъытэ уныбжь о бэми,
Уемыгупшысах къэбгъэшIагъэм,
КIэгушIу о нахьыбэшъ къэнагъэм.

Жъыгъом утекIо пшIоигъомэ,
Ахэгъахъу о унIэшIагъэмэ,
Зыгъэчан о зыбгъэджыгытэу,
Шъхьахынагъэм земыгъэубытэу.

Жъыгъом утекIо пшIоигъомэ,
Уямызэщ мэзымэ, губгъомэ,
ЯдэIу о бзыу чэчалэмэ,
Амакъи псыхъочъэ Iэлымэ.

Жъы о умыхъу пшIоигъомэ,
Зягъэгъус кIэлэ зишIугъомэ,
ЕтIупщри сэмэркъэу дахэм,
Пщыгъупшэщт ныбжьыр умыщIахэу.

## САБЫЙ ЩХЫ МАКЪЭМ СЫКIЭДЭIУКIМЭ

Сабый щхы макъэм сыкIэдэIукIмэ,
Нэфшъэгъо жъуагъуи, пчэдыжь нэфылъи,
Тыгъэнэбзыеу чIылъэм щыуалъи
Сэ сагъэгушIоу санэIу къетаджэх.

Сабый щхы макъэм сыкIэдэIукIмэ,
Хьэсэ жъогъакIи, чъыгы тIэмыгъи,
Псыхъо джэгулэр къызыщежьагъи,
Къэгъэгъэ дахи хъоеу сэлъэгъух.

Сабый щхы макъэм сыкIэдэIукIмэ,
Зыфэсэщэи ным ыбгъэ шъабэ.
Джы къызнэсыгъэм ащ сегъэфабэ,
Ныр фэсакъыпэу сэ къыстеIабэ.

Сабый щхы макъэм сыкIэдэIукIмэ,
Уашъом икъаргъуи, гъэтхэ кIэракIи,
Тызэмызэщэу орэды жъынчи,
Тхьэркъо быи Iаси сэ сыгу къэкIы.

Сабый щхы макъэм сыкIэдэIукIмэ,
Нэнэжъ ыкокI сисэу къысщэхъу,
— Синэфыжъыер! — еIошъ къысаджэ,
Сэ къысфеIуатэ ишъэфы Iаджи.

Сабый щхы макъэм сыкIэдэIукIмэ,
Тикъоджэ сады ымэ къысэу,
Типсыхъо нашхъуи сесэу сыхэсэу
КъысшIошIы ычIи сэ сынэмысэу.

Сабый щхы макъэм сыкIэдэIукIмэ,
Щэлэмэ IэшIоу ным ыгъэжъагъэр,
Лъэпэды фабэу сэщ пай ыхъагъэр
Сапашъхьэ илъым фэдэу сэлъэгъух.

Сабый щхы макъэм сыкIэдэIукIмэ,
Кушъэ орэдыхэр къызэхэсэхы,
ЩэпIэстэ IэшIур нэнэжъ къысфехьы,
Ожъубэнэ фабэм лъапцIэу сыхахьэ.



Сабый щхы макъэм сыкIэдэIукIмэ,
Тэтэжъ ипшысэ сыгу къэкIыжьы,
Ащ сэ седэIу семызэщыжьэу,
СелъэIу джыри къыIотэжьынэу.

Сабый щхы макъэм сыкIэдэIукIмэ,
Зэхэсхэу сшIошIы лIыхъужъ къэбарэу
Бэрэ сэ сятэ къысфиIотагъэр,
Бланэу сыхъуным сыфэзгъэсагъэр.

Сабый щхы макъэм сыкIэдэIукIмэ,
ТищыIэныгъэ нахьышIу сэлъэгъу,
Тэ тисабыймэ насып гушIуагъор
Анэгу чэфымэ акIэсэлъагъо.

## КЪЭГЪАГЪЭРИ ЦIЫФЫМ ФЭД

Тыгъуасэ фэдэу ар къэсэшIэжьы:
Заор пхъэшагъэ, зым зыр ыужэу
Тимыймэ щэхэр къыттырапхъакIэ...
УIагъэхэр ащэх псынкIэу зыпакIэ...
ЗэолIхэм тшыпхъуи ахэм ахафэ,
Тыгу теIэжьыгъэщъ Iофы тыхафэ,
Медсестра кIасэм тэ тыкъебгынэ,
Ау тщымыгъупшэу лъытэфы гъунэ,
Тащыщхэр псынкIэу ыдэжьы нэсы,
Госпиталым чIэлъ, хэлъ фыжьы псыпсым...
ЫнэпIэ цIыкIухэр зэ къымыIэтэу
ЗэолIхэр еплъых ыпашъхьэ итэу.
ЫначIи шхъуантIэу ышъуи пычъыгъэщъ
Чэсэим фэдэу фыжьыбзэ хъугъэ...
Гъонэ-сэнабэ зиIэ шинельхэр
Зыщыгъ дзэкIолIхэр изэрэщыгъэх.
Къэгъэгъэ цIыкIухэр ахэм къахьыгъэх,
(ПлъэкIымэ къашIэ къыздырахыгъэр)
ЯтIэ зэрылъы каскэм хэтIагъэу
Ашыпхъу ыпашъхьэ рагъэуцуагъэх.
Къэгъэгъэ плъыжьхэр пшъашъэм къелъэгъу,
ЗэкIэм фэхъугъэх ахэр Iэзэгъу,
ЫIупшIэ цIыкIумэ уяплъынкIэ гохьэу
ОшIэ-дэмышIэу щхыпцIыр къатехьэ...
Къэгъэгъэ дахэм цIыфышIум фэдэу
КъегъакIо нафэу лъэшэу ифедэ.
ЦIыфыр машIом къызэригъэфабэу
Къэгъагъэм цIыфым ыгу егъэфабэ.
ШIомыкIы чIэхи щылычы уIуи,
Орэды дахэ къызэрафасIоу
Къэгъагъэр хьоеу къытфэзыгъэкIрэм
Щытхъу мыухыжьыр сэ фэсэгъэIу.



## АР ЗАОМ ЩЫХЪУГЪ

*Отечественнэ зэошхом хэлэжьэгъэ танкистым къыIуатэрэм щыщ*

КIымэфагъ.., Лыгъу-лыст зыфаIорэм фэдагъ,
Пыимэ яшъыпкъ... Москва къадзыхьанэу фежьагъ.
Уаудэгоу къагъэхьакъух топыжъхэр,
Гъунэм тынэсыгъэкIэ мэгугъэх ахэр.
Сыд икъиныгъэми танкадзи лъэсыдзи
ТапэIулъ таужкIэ зы лъэбэкъу тымыдзэу...
Удзына такIыб щыIэу тикъэлэ гупсэ,
Ащ пае шъхьамысэу ытыщт шъхьадж ыпсэ.
...Ситанкэ мэшIо тхъуабзэр ыгъэутысэу,
Осыр пщэ коренэу зэлъызгъэутысэу
Чъэм сыхэтэу пый купыр чIым хэсэIулIэ,
Лъэубэкъу пэпчъ щынагъоми сэ зысэгъэлIы.
СабгъукIи сэмэгумкIи щэхэр щэшъуе,
ФэмыхъукIэ гырзэзэ чIыгур мэхъые...
Пыим итопыщэ блэ бзэгоу къыкъозышъ
ОшIэ-дэмышIэу ситанкэ къэкIэзэзы...
Ищылыч танджышъуи къызэлъэпхъапхъэ,
Щэ къутафэр сынэгу сэ къытырепхъэ...
Дунаир зэфэдэу къызэлъэушIункIы,
СфэмыхъукIэ зэуапIэр къызэсэнэкIы.
Ныбджэгъухэр сыблыпкъы кIэтыхэу сыкъахы,
Врачхэр къысфэсакъхэу, ащ къыздачъыхьэ...
Сыфэягъэп ныбджэгъухэр къэсыбгынэнэу,
Фэягъэхэп ахэми сыкъахэкIынэу...
...Слъэгъугъэр сщыгъупшэрэп сэ чэщи мафи,
СанэIу имыкIэу итыщт сыщэIэфи.
Къыгъэнагъ зэо мыгъом бэу Iэщэ-лъащэ,
ЫшIыгъэх Iаджи IапэкIэ зэращэу.
О ныбджэгъу лъапIэу сыгу пэблагъэхэр,
Пытэу зэрэубытынхэм сыфай тIапэхэр.
Зэо лъэпсэ кIуапIэхэр тэ къитэжъугъэчых...
Орэпсэух цIыфхэр чэфхэу, зэгупсэу,
Арэлъэгъу дунаир ащ мамыр тыгъэпсэу.

## КЪУШЪХЬЭХЭР

Пелыуан инэу
Къушъхьэхэр щытых,
ЧIыгум иIунэу
Ахэр лъэпытэх.
Зытетым тетэу
Уахътэм ышIыгъэх,
Къушъхьэхэр къатэу
ЗэтриIулIагъэх.
Къушъхьэмэ пщэхэр
Атамэ тесых,
Бгъэшхъо тэмэфхэр
Ашъхьагъы щесых.
Яосы паIо
Сарыкъы фыжьэу,
ЗашIомдэижьхэу
Огум щагъаIэ.
Къушъхьэ зырызмэ
Яшъэджэшъагъэ
Шъхьэгъэуназэу
ПаIор пщегъэзы.
Ашыгу дысмэ
Зэпстэуми апэу
Тыгъэм ыIапэ
ГушIоу аубыты.
Къушъхьэхэр тхылъышъ
Тарихъым хэлъэу
КъаIорэм щыщэ
Къыбдаугощы.
Къушъхьэ лъагэмэ
Яиныжъ теплъэ
Гупшысэ куумэ
Укъыхалъасэ.
Тизэкъошныгъэу
Зэщымыкъохэщтыр
Зэрэпсахыгъэу
Ахэр псахыгъэх.



## ХЫГУБЖЫР

Хыгубжым ымакъэ гуихы,
Гумахэм ылъэхэр къыкIехы,
Исыджхэр шысэкоу егъэкIы,
МыжъуакIэр хъураеу ехъокIы.

Хыгубжым щымыщыр зыхедзы,
Къуахьхэр пхъэжъыеу зэредзэ,
Иорхэм о макъэр агъэIу,
Джы дэдэм къиущтых уагъаIо.

Хыгубжым тэ уанэр тетэлъхьэшъ,
Тилъэгъумэ, ар зэкIэм мэIасэ,
ЗэрэтIоу ыкIуачIэ тIэ къехьэшъ
КъытфэIорышIэнэу тэгъасэ.

## НЭФЫЛЪЫ ЖЪУАГЪОР ТИЛЪЭУЯН

Совет хэгъэгум тэ тырицIыфэу
ЦIыфлъэпкъым игъогу къытфегъэнэфы,
Зэкъошныгъэр тищылычыпкъэу,
Ар тэгъэпытэ пстэуми тищъыпкъэу.

Тихэгъэгу дахэу тэ тигугъапIэм
Тызэфигъадэу тэ тегъэлъапIэ,
ТфэмылъэгъукIэу ар къэтэплъыхьэ,
Теплъызэпытми нахь тыгу рехьы.

Совет хэгъэгум тэ тырицIыфэу
Iофым мэшIуачэр къыщитэгъэкIы,
Дгъэпсыгъэр бэ тIоу тымыгупсэфэу
Псэолъэ шIыным етэгъэкIокIы.

Партием лъагъор къытфигъэнафэу
Тыгу илъы шъыпкъэм къытырегъафэ,
Нэфылъы жъуагъор тилъэуянэу
Жъогъо кIэкъэпсыхэр зэкIэтэгъанэ.

Лъэпкъы зэхэдзыр тимыIэжьыхэу
Насып къытфакIо зэпымыухэу,
Мамыр лъэмыджыр тэ тигъогупэу
НахьышIоу щыIэр ит тинэплъапIэ.



## АЩ ФЭДЭ ЛЪЭХЪАН ЩЫIЭП

Гъатхэм хэти егъэгушIо,
Тыгу хэлъ ар IэшIу-IэшIоу,
А лъэхъанэр къызэрэсэу
СфэмыщыIэу сыфэусэ.

Гъатхэм ижьи икъэгъагъи
КIэщыгъохэшъ тэгъэблагъэ,
НыбжьыкIэми зафэмIажэу,
Псэлъыхъоным дырагъажьэ.

ЛIыжъыхэми нахь джыгытэу
Мы дунаим зыщаплъыхьэ,
Пхъужъы дахэ зэралъэгъоу
Сэмэркъэур ратэкъуахьы.

Ащ аIорэр шъо шъосIона?
КъышъуасIомэ шъуушъэфына?
Гъатхэм фэдэу тикIэлэгъу
Кыгъэзэжьмэ лъэшэу дэгъу.

Ащ Io хэлъэп, дэгъу шъхьакIэ
Охътэ лъэшыр о къыпшIокIа?
Ыгъэуцугъэшъ хэбзэ мыгъо
Шъэфы цIыкIоу къыотыгъо:

Iэ къыпщифэзэ, о пшъхьашъо
ЦIыкIу-цIыкIоу еуджэшъу,
Къыхэмыфэу гукIэгъу налъэ
Унэгушъуи зэрегъалъэ.

Ау зи гъатхэм фэдэ щыIэп,
ИгушIуагъуи гъунэ иIэп.
КIали жъыгъи къымыгъанэу
ЯшIулъэгъу ащ зэкIегъанэ.

## ЖЪОГЪУИЩ

*Шэуджэн районым щыщ колхозэу Шэуджэным ыцӀэкӀэ щытым ичэмыщ цӀэрыӀоу, Социалистическэ Трудым и Героеу Жэрэкъо Нюсэ ехьылӀагъэу стихкӀэ тхыгъэ очерк.*

Бзыум нахьи нахь псынкӀэу
Къэбар къуаджэм щэбыбатэ,
Зэрэкъуаджэу хэгушӀукӀэу
Хъугъэ-шӀагъэр зэфаӀуатэ:

— Чэмыщ пащэу тэ ти Нюсэ
Орден лъапӀэр зэригъусэу
Къыратыгъ ащ Дышъэ Жъуагъор,
Дэтэгощы а гушӀуагъор!

— Тыны лъапӀэр ифэшъуашэу,
Дышъэ Жъуагъор ащ ишъуашэу
Зэрэхъугъэр тэ тигуапэшъ,
Къэтэубыты ащ ыӀапэ.

— Хъяры иныр къехъулӀагъэу
ЧӀылъэ жъуагъоу Нюсэ хъугъэ,
Игъус ащи насып жъуагъор,
ТищыӀакӀэ зэрэтхъагъор!..

ТищыӀакӀэ зэрэтхъагъор!
Ар шъо шъошӀа зиӀэшӀагъэр?
Чэмыщ пащэу Нюсэ фэдэх,
ЩыӀэкӀакӀэм иорэдых.

Ащ пай непэ сигущыӀэ,
Пщынэ Ӏапэм сыкъытеӀэ,
Мэкъамэхэр къыхэсэхы,
Сыгу къыздеӀэу стихыр сэтхы.

Дышъэ Жъуагъор —
Насып жъуагъор,
ЧӀылъэ жъуагъор —
Жъогъо быных.



Бэрэ ахэр
Тэ тиӀэных,
МыкӀуасэхэу
Тфэнэфыных.

Чэмыщ пащэу Жэрэкъо Нюсэ
Къэбар гушӀуагъом регъэгупшысэ:
— Сэ Дышъэ Жъуагъоу къысапэсыгъэр,
Ордены лъапӀэу сэ къысатыгъэр
Зэрэкъоджэшхоу яеу сэлъытэ:

Ӏусыр къэзыщи, гъэщыр зылъыти
А тыны лъапӀэм хэлъ яшӀушӀагъэ.
Бэ ащ игъусэр чэмыщы Ӏазэу:
Ащыщых ахэм Рози, Джантузи;
ХьапэкӀэ Люби, Кубэщыч Бэлли,
КӀэмэщы Свети... зэкӀэ зэрэчыли.

ӀофышӀэ гъусэхэу иӀэхэр зэкӀэ
Янэ къылъфыгъэм фэдэу елъытэ,
ЗышӀомышӀыжьэу ежь ащ ышъхьэкӀэ
Ныбджэгъоу иӀэмэ ящытхъу къеӀуатэ.
Чэфым зэрехьэшъ, Жэрэкъо Нюсэ
ГушӀуагъор ынэмэ къакӀэпсы,
Зы сыхьатыпи ащ ыгу мыӀасэу
Гъогоу къыкӀугъэм ар егупшысэ.

ЕджэпӀэ нэфэу ар зыщеджагъи,
ШӀэныгъэ лъапсэу къыщыратыгъи,
ӀэшӀугъэ хэлъэу ыгу къэкӀыжьы,
Зыфагъэсагъэм ар кӀэгушӀужьы.

Ыгу къэкӀыжьы губгъоу зэрытыгъи,
Хьэсэ бэгъуагъэу ащ къыгъэкӀыгъи,
Ау ащ ифермэу гупсэ фэхъугъэр,
Зэпстэуми апшъэу шӀу ылъэгъугъэр...

...КъышъуфэтӀотэных къежьакӀэу хъугъэр,
Фермэм Ӏухьанэу къызыхэкӀыгъэр...
Парторгэу хадзыгъакӀэр къынэсы,
ЕтӀысылӀэшъ Жэрэкъо Нюсэ,
Яфермэ изытетхэр феӀуатэ,
ЫшӀэн фаем гу лъырегъатэ.

Чэмыщэу ущытыныр къиныгъо,
Нюсэ янэ ешIэ ар дэгъоу,
Ау чылэр ащ ыпхъу щэгугъы,
Ащ пае пхъум фэхъу акъылэгъу:

— УныбжьыкIэшъ, уегугъумэ о пшъхьэкIэ
ПIэ къыхьыщт чэмы къэщыкIэ,
Жэрэкъо бзылъфыгъэмэ егъашIи
Чэм щыкIэм ишъэфхэр зэлъашIэ.
Янэ къыриIуагъэм Нюсэ
КIэрыкIэу регъэгупшысэ:
Зы купымэ щылыч агъажъо,
Адырэмэ мэзыр тырахы,
Зы кортмэ шIомыкI къычIахы,
Зы купымэ чIыкIэр зэлъажъо.

Зэпстэури яшIэ зэхэлъэу
Хэгъэгум пае мэпсэу,
Гъэбэжъур хэу агъэуалъэу
Ялъэмыдж къызэлъагъэпсы.

Сэри пчъэгъабэм сыщыщэу
Тичэм щашIохэр къэсщымэ,
Хэзгъэхъощт тэ тишхыныгъо,
СэрыкIэ ар насыпыгъэ.

Жьы папцIэр пхъашъхьэм щэшъуи,
Осы дыкъыгъэр къелъэсы,
Ышъхьэ телъ бгъагъэр къыгъашъоу
Былым къакъырыр мэсысы...

Ылъэкъо мастэхэр зазэу
ШкIэ къэхъугъакIэр мэплъызы,
Яни ащ гуIэу кIэрытэу
Исабый цIыкIу ебзэи...

ГъэшIобзэ дахэкIэ Нюсэ
ШкIэ къэхъугъакIэм пэгъокIы,
Фэсакъзэ IэкIэ къынэсы,
ГуIэзэ унэм къегъэсы.

Хьаку фабэм дэжъы дыщэсы,
Щэбэбэ IэшIоу иIуси



Апсым зэрифэу фырекIэ,
ШкIакIэри джы хэджэгукIы...

Нэфшъагъом Нюсэ кIэтаджэ,
Апэ дэдэ фермэм къынэсы,
Чэмымэ дахэкIэ яджэу,
Чэмщыным зыкъыфегъэпсы...

Ежь ышъхьэ закъоп Нюсэ
шIоIофыр,
Ыпэ регъэшъы хэгъэгу Iофыр:
Ищэ къэщыгъэ хахъорэм къэсы
ГушIогъо нэфыр ынэ къыкIэпсы.

— Сищэ къэщыгъэ фашIэ иIэнэу
Афэрэхъу пстэуми гухэхъо шхынэу,
Наныу цIыкIуи нэжъ-Iужъэу тиIи
Хэрэхъу акIуачIэ,—чэмыщым къеIо.

IэшIэхы Iофэп упэрытыныр,
Чэмыщы дэгъукIэ пцIэ рябгъэIоныр:
КъыщыкIэн фае чъые IэшIум щыщи,
ПщэIэн фае фыртыни, ощхи.

Исхьакъы ыпхъоу Жэрэкъо Нюсэ
Ищэ къэщыгъэ тоннкIэ къелъытэ,
ЫIэ къихьагъэшъ амал къолаир,
ШIэгъэн фаем шIэхэу гу лъетэ.

ШIэныгъэу иIэм зырегъэIэты,
IофшIэгъу ужым тхылъым зыреты,
Былымхъуным ишъэфхэр зэкIэ
Мышъхьахэу фай ащ
зэригъэшIэнкIэ.

Зыгъэпсэфыгъом зэщыгъо имыфэу
Орэды дахэр ыгукIэ къеIо,
Илэгъу-ныбджэгъухэр зэлъегъэчэфы,
КъэшъокIо Iазэу ыцIи щыраIо.

Ленинным исурэт зэрыт билетыр
Къырати ыIэ ащ къызаубытым,
ЦIыфыбэм дашIэу Нюсэ гушIуагъэ,
ЫшъхьэкIи шIошIыгъ ежь щиз
хэхъуагъэу.

Партиеу зыхэтыр илъэпIэ дэдэу
Ащ къыухэсырэр ыгу реубытэ,
Иунэшъо шIыгъи ащ иорэдэу
ИзэшIохыни ыкIуачIэ реты.

Чэмыщэу Жэрэкъо Нюсэ
Советым идепутатышъ,
НахьышIоу хъущтым еусэ,
Гъусэхэр Iофым феIэты,

ЛэжьэкIо чаным ищысэ
Пстэуми алъегъэIэсы,
Фэмыфым макIошъ щэгусэ,
Армэур зэлъеумысы.

ЦIыфыгъэ лэжьышъ мышъхьахэу
Жъыгъэмэ джэуап афэхъу,
Сыпшъыгъ сэ ащ ымыIуахэу
Хъупхъэшъы иIоф къыдэхъу.

Фермэр ятIонэрэ унэу
НюсэкIэ хъугъэ бэшIагъэу,
Ифермэ къызэрибгынэу
ФэгуIэ ащ зэресагъэу.

Чылэр зыгъэгумэкIэу,
Iофыхэр зыщыкIэмыкIэу
АIорэм Жэрэкъо Нюсэ
Тел-елыбэтэу къынэсы...

Адыгэ хэкум ипшъашъэ
Дышъэр икъуаджэ фелэжьы,
Насыпыр пылъышъ ыIапшъэ,
ГушIуагъор къызыфехьыжьы.

Адыгэ къуаджэм ипшъэшъэ пIугъэ
ШIушIагъэу иIэр нахь ины хъугъэ,
Тыгъэпсы хэлъышъ и Дышъэ
Жъуагъо,
Зэпэжъыужьэу чыжьэу къэлъагъо.

Жэрэкъо Нюсэу чэмыщы хъупхъэр
Тэлъытэ непэ нартымэ япхъоу,



Сэтэнай гуащэу, купы дэщыжьэу,
ЦIыфымэ апай зышъхьамысыжьэу.

Дышъэ Жъуагъор —
Насып жъуагъор,
ЧIылъэ жъуагъор —
Жъогъо быных.

Бэрэ ахэр
Тэ тиIэных,
МыкIуасэхэу
Тфэнэфыных.

## СЭ СФЭРЭЛЪЭКIИ

СкIуачIэ къерэхьи, сэ сфэрэлъэкIи,
Къэгъэгъэ хьасэу зэкIэм зысшIыни,
О пIапэ сIыгъэу ащ ухэсщэни,
Къэгъагъ Iэрамхэр къыпфэсщэини.

СкIуачIэ къерэхьи, сэ сфэрэлъэкIи,
Гъэтхэпэ ощхэу, сышъабэу, фабэу
Сыкъэбыбыни, укъэзгъотыни,
Унэгу гоIоу сыкъынэсыни.

Сэ сфэрэлъэкIи, скIуачIэ къерэхьи,
Сэ бзыу Iасэу зэкIэм зысшIыни,
Уапэшъхьэ шъыпкъэ сыкъибыбэни,
Орэды дахэ о къыпфэсIони.

Сэ сфэрэлъэкIи, скIуачIэ къерэхьи,
Жьы гохьы шъабэу зэкIэм зысшIыни,
О уалъэныкъо зыкъезгъахьыни
О пшъхьацы шъабэ сыкъыхэIэни.

Сэ сфэрэлъэкIи, скIуачIэ къерэхьи,
Жъогъо мыкIуасэу псынкIэу зысшIыни,
Узыщыфаем сыкъыпфепсыни,
О уигъогупэ къэзгъэнэфыни.



## ГУЩЫIИТIУ

Мафэ къэси кIасэм бэу фэсэIуатэ,
Ар къысэдэIу чэфэу гушIуатэу,
КъэбаркIэ мази жъуагъуи санэсы,
ГущыIэр самэу фэсэгъэшэсы.
Ау гущэIитIу сэ ащ сфемыIошъурэр,
Сэ сыгу илъми шIосыушъэфрэр.
Чылэшхом гу сэ къыслъаригъатэу
А гущэIитIур сынитIу къаIуатэ.
А гущыIитIур къин сагъэлъэгъоу
СикIасэ пае сыгу щэчэрэгъу.
Хъущтыр згъэхъунэу есIощты шъхьае
ПкIыхьыпIэу слъэгъуми сыкъыдэуае.
А гущэIитIур слъэкъуацIэм фэдэу,
Бэрэ къэсэIо, сшIыгъэ орэдэу.
А гущыIитIур бгы лъагэм ытхи
Огуми гукIэ джы атесэтхэ.
А гущэIитIум сашIыгъ сэ шъуагъоу
Ау зэхэсэшIэ ащ яIэшIугъэ:
А гущэIитIум кIасэм сыфащэ,
Къысфагъэблагъэ сэ синысащэ.
А гущэIитIур сшIыгъэх гъусэгъу:
— ШIу усэлъэгъу, шIу усэлъэгъу!

## СИЛIЫКIОХ

Гъэтхэ кIэракIэу хъопсагъуи,
Лэгъупыкъопсэу къэлъагъуи,
МэзакIэу ом къипсыхагъи
ОрыкIэ силIыкIо кIасэх.

Чъыгыкlэу зыкъэзыIэти,
Шъынэхъоу янэ бгъодэти,
Жъогъуадзэу огум щышIэти
ОрыкIэ силIыкIо пащэх.

ТикIасэу тыгъэпсы дышъи,
ПкIэшъэ шхъонтIабзэу Iушъашъи,
Ошъуапщэу огум щыкIуашъи,
Цыхьэ афэсшIэу силIыкIох.

Лъэгъупхъэу адыгэ джэгуи,
Хьалэлэу лэжьэкIо Iэгуи,
Гъэры пшIыгъахэу сэ сыгуи
ОрыкIэ силIыкIо гупсэх.

Псы чъэрым ымэкъэ чани,
Ошъочэпэплъэу зэкIани,
Гъэтхапэм иожъубани
СащыгугъыпэуслIыкIох.

Къэгъагъэу къызэIуихыгъи,
Бзыу цIыкIоу апэу быбыгъи,
Орэдэу пфызэхэслъхьагъи
УкъыздэкIонэу сфэлIыкIох.



## ОРЫ, ЗЭКIЭРИ ОРЫ

Мы дунаем тыгъитIу тетымэ,
ЯтIонэрэ тыгъэр — ар оры,
Псэ зыпыт къэгъагъэ щыIэмэ,
Ащ нахь дэхэжьыри оры.
Оры, зэкIэри оры,
Оры сигущыIапэр.

Ялыеу, хэти фэмыдахэу
УикIуакIэ дышъэ чэты кIуакIи,
УиплъакIи о анахь сшIодахэу
Чэщи мафи сфэмылъэгъукIи.
Оры, зэкIэри оры,
Оры сэ сипкIыхьапIэр.

Къанджым фыжьэу хэтыр — унэгуа,
Къанджым шIуцIэу хэтыр о
пшъхьаца,
УнитIуи жъогъуадзэр къыкIагуа,
Мэзэ ныкъуитIури унапца.
Оры, зэкIэри оры,
Оры сэ сигугъапIэр.

Тхьаркъо жэгъуфэу уIасэу
О пкъы ищыгъэ лъэгъупхъа,
Насыпы жъуагъор къыпфепсэу
Пшъэшъэгъумэ уанахьы хъупхъа.
Оры, зэкIэри оры,
Оры сэ сигупшысэр.

Умакъэ бзыу макъэу къысщэхъу,
Зэхэсхыным сэ сыкIэхъопсы,
Хэт сыIукIагъэми сыпщэтхъу:
ПсэогъукIи о сыохъуапсэ.
Оры, зэкIэри оры,
Оры сыгу зигъусэр.

## ОГЪУАЩЭ БЭРЭ КЪЫСАIО

Урам лыябэ сэ къэсэкIуахьышъ
Къоджэгу лъэныкъом сэ зесэгъэхьы:
СикIэсэ пшъашъэр зыдэсы Iэгур
Къоджэгур ары джы зыдэщыIэр.
Тэ тиIэгу пIомэ, ар къоджэ гъунэу
Чыжьэ дэд, шIэхэу унэмысынэу.
Тэ сыкъикIыжьми иIэгу сыдаплъэ,
КъыдэкIын сшIошIэу бэрэ сыпаплъэ.
Семызэщыжьэу зыблесэгъэхы,
ШIулъэгъу машIор сынэ къыкIехы,
Нахь сыпэблагъэу кIасэм зысшIынэу
Бэрэ сыгу къэкIы сыкощыжьынэу:
Сигъунэгъугъэмэ кIасэр слъэгъуни,
Пчэдыжьи пчыхьи ащ сыIукIэни.
ТадэжькIэ губгъор тпэблагъэ пэтми,
Ащ сыкIон хъумэ, чылэгум секIы.
Iофыр сыухэу сыкIожьы хъуми
КIасэм иунэ сэ сыкъыблэкIы.
— О кIалэр, гъогухэр
пшIузэхэкIуакIэ,—
Тичылэ дэсхэр сэ къыскIэнакIэ.
— Гъощалэр, — аIошъ бэрэ
къысаIо,
Шъорымэ сыда шъушIэщтыр
къысашъуIолъ!
КIасэм сэ бэрэ зыфэсэплъыхьэ,
Ичэщи имафи сыгу къыдекIухьэ.



## ГУШIУАПКIЭ

ХъупIэм ишIупIэм мэлыбэ ит,
Ахэр ыгъэхъоу зы лIыжъ апэт.
УеплъынкIэ лIыжъыр нэгушIо дэд,
Бэ ыгъэшIагъэми ныбжьыкIэ фэд:
Нэгум зэлъагъэу иIэр зырыз,
Ынэ чанитIуи чэфыр акIиз.
ПакIэр тIыбжъитIоу зэлъыгъэщыгъ,
ЖэкIэупсыгъэм жъыгъор Iуидзыгъ.
Мэлы Iэхъогъум зыкъыфеплъахь,
АщыгушIукIэу атегоIахь.
Шъынэ шхэкIыгъэмэ ыIэ къащеф,
Iэхъогъум хахъошъ лIыжъыр мэчэф.
Зиплъыхьэу щытызэ шыу ылъэгъугъ,
Къэсишъ, кIэлакIэр шым къепсыхыгъ:
— ГушIуапкIэ къашти шIагъо осIощт,
Къэбарым пшъхьэкIэ уигъэгушIощт!
Мэлэхъо лIыжъыр къыгъэгуIагъ,
КъызыIуипхъоти ащ къыхидзагъ:
— Къэбарыр къаIуи остыщтмэ сшIэн,
Сыд пае пкIэнчъэу сыбгъэгоIэн?!
— Лениным иорден пфагъэшъошагъ,
Мары газетым укъыридзагъ.
ЛIыжъым илулэ зэкIэм къыIоз,
ГушIом къыхэкIэу нэпсыр Iэпэз.
— УшыукIасэу улIы Iумаф,
Сыдигъуи ягъаIу кIэлэкIэ хаф!
ФэдэкIэ ори сыпфэгушIожь,
БэгъашIэу охъу, опсэу, отхъэжь.
Зы-тIощэ лIыжъыр зыкъоIэжьыгъ,
Ау риты хъун ымыгъотыгъ...

— А кIал, остыщтыр гушIопкIэ ин,
Анахьы лъапIэр къыоспэсын!
Гъатхэу къэсыгъэр сэ сигушIуапкI,
О пщызы дышъэ остыгъэ напкI.

## IОШЪХЬЭМАФ

Имылы пэIошхо мэшIэты,
Жъуагъомэ ахаплъэу зеIэты,
Ос фыжьыр сарыкъэу зэрехьэ,
Пщагъохэр ыбгъэгу щэгъуалъхьэ.
Ушъагъэу ипхъотэ шIыкIашIо
Мылъкубэ тэщ пае егъашIо.
Щебгъажьэу Эльбрусы ылъапсэ
Ышъхьапэ унэсмэ гушIуагъо,
Iэхъогъухэр а Iуашъхьэм ычапэ
Отэрэу щагъэхъухэу къэлъагъо.
Гъогубэ бгырыпхэу къекIокIы,
ХьэкIэ пчъэгъабэхэр къыIокIэ,
Быракъы плъыжьыбзэр ышъхьагъы
Быбатэу, гъэIагъэу щеIыгъы.



## СЭ СЫРАБОЧ

Сэ сырабочышъ, ар сигушIуагъоу,
Миллионыбэм зыкIэ сыщыщэу,
Сэ коммунизмэм сыгу етыгъэу
Ащ чэщи мафи зыфэсэщэи.

Щылычым ишIуи сэ къэсэгъэчъы,
ГъучIым идэгъуи псэ пысэгъакIэ,
Завод кIэракIэу сшIыгъакIэм ипчъэ
КIэу машинабэ къыдэсэгъэчъы.

Сэ сырабочышъ, сыIэужьырэу
Жьы къухьэ иным къыщыублагъэу
Бгъэхэлу цIыкIум, мастэм нэсыжьэу
Лъэгъупхъэу сIитIо сэ ясэгъэшIы.

Сэ сырабочышъ, дэхабэ сэIу:
МэшIокоу чъэрэм сэ сцIэ къырeIо,
Моторы пэпчъ сыгу къыдытео,
Комбайнэм тесым орэд къысфеIо.

Совет унагъоу тэ тиIэм пэпчъы
СиIэшIэгъабэ арыолъагъо,
Ахэр сэлъытэ, сшъхьэкIэ къэсэпчъы,
Ахэм яшIуагъэ — сэ сигушIуагъо.

ЛъэмыджырыкIым ыгуи сыкъэкIы,
Сыхьатыгъэпсым сIапэ къеубыты,
СишэкIы шъагъэ агу еIугъэшъ,
ЦIыфыбэ гушIоу сэ къыспэгъокIы.

## УЛІЭУ ПАІО ПЩЫГЪЫМЭ

Улӏэу паӏо пщыгъымэ,
Улӏэу пакӏэ птетымэ,
Аужы зымышӏэу
Сыдигъуи о шӏу шӏэ.

Улӏэу зыолъытэмэ,
Лӏыгу уиӏэу щытымэ,
Уащымыхь бзылъфыгъэмэ,
Агу имых сабыймэ.

Улӏэу паӏо пщыгъымэ,
Улӏэу пакӏэ птетымэ,
Пцӏыр гъусэ умышӏэу
Шъыпкъэр уерэгъусэ.

Улӏэу пакӏэ птетымэ,
Улӏэу паӏо пщыгъымэ,
Шъэогъуи ныбджэгъуи,
Гъунэгъуи шӏу лъэгъу.

Улӏэу зыолъытэмэ,
Лӏыгъэ пхэлъэу щытымэ,
Кӏемыгъэх унэгу
О зычъыӏэрыми.

Улӏэу паӏо пщыгъымэ,
Улӏэу пакӏэ птетымэ,
Пшъхьэ ущымытхъужьэу
Лажьэ ӏэужьырэу.

Улӏэу узэплъыжьымэ,
Пшъхьи о олъытэжьымэ,
Уицӏыф лъэпкъы пае
Умышӏэ о ӏае.



## ЧЪЫГЭЕЖЪЫМ ИТХЫД

•

Къоджэ гупчэр къыгъэдахэу
Чъыгэежъыр лъагэу щыт.
Икъутамэхэр жьаухэу
Ныбжьэу иӏэр бэу къалъыт.
Ипкӏашъэхэр зэӏушъашъэу
Кошэ шхъуантӏэу закъудый,
Къоджэ чъыгмэ анахь пӏашъэу
Ащ къекӏокӏы ӏаплӏэкӏуй.
Ыпкъи пытэу ежь лъэкъымэ,
Ышыгу огум зыщеубгъу.
Ылъапсэхэм чӏы къатиблмэ
Апхыретхъушъ зыкӏаубгъу.
Псылъакъохэр ащ къагъотышъ,
Чъыгы псаур къагъэшъокӏ,
Чъыгым кӏуачӏэ ащ къыратышъ,
Къутэмакӏэр къыгуегъакӏ.
Сыдаӏомэ мэкӏэ-макӏэу
Чъыгэежъым къыхеӏукӏ:
«Пый мэхъаджэм къуаджэр ыштэу
Заулэрэ къыхэкӏыгъ,
Жъалымагъэр ыпэ итэу
Хэкужъ шъыпкъэу ришӏыкӏыгъ.
Адыгэ къуаджэм къин ылъэгъумэ
Гур дэузэу сэ къэсхьыгъ,
Сэ хьэзабэу скӏэхэкӏыгъэм
Имыжъыгъоу жъы сишӏыгъ.
Ащ зэлъагъэу скӏышъо иӏэр
Нэрылъэгъоу фэшыхьат.
Сэ бэ шӏагъэшъ сызыщыӏэр
Къэслъэгъугъэр къэсэӏуат:
Джырэ фэдэу тхъагъо слъэгъоу
Къыхэкӏыгъэу сымышӏэжь,
Адыгэ къуаджэм джы ишӏугъоу
Гъабли узи имыӏэжь.
Шъхьафитныгъэм ибыракъхэр
Тыгъэ напэм къегъэшӏэт.
Мафэ къэсы чэфы макъэр
Къуаджэм лъэшэу къыщэжъот...»
Чъыгэежъым сыкӏэрытэу

Иинагъэ сэгъэшIагъо,
ПкIэнчъэу чIыгум ар темытэу
ШIуагъэу иIэр къегъэлъагъо.
Ащ ижьау цIыфхэр чIэсы,
Къолэбзыухэм ар яун,
Сеплъышъ чъыгым, сегупшысэ,
ТиIоф фэдэу ар сщIоин.
Ылъапсэхэр нахь мэпытэ,
Тэ тихабзи ар ишэн,
Нахь ныбжьыкIэу мэхъу зэпыты,
Щысэ нэфэу ар щыIэн!



## ПСЫХЪОР

Чэщи мафи емызэщэу,
Псэ пыт пIонэу зызэкIищэу
КIэй лъэгуанэм псыхъор щэчъэ,
Емызэщэу мэIупчъапчъэ:
«Сычъыеныр сэ сиджагъо,
Гъогууанэр сэ сиIагъо.
Гъэретынчъэ сэ сымыхъоу
Сапэ сэплъэ, есэгъэхъу».
Псыхъом сэплъэшъ сэгъэшIагъо,
Игъэпсыкlэ ащ хъопсагъо.
Ипсы сыджхэр еутхыпкI,
ПкIэтэ-лъатэу къызэкIэкI,
КIэир гырзэу зэпегъаджэ,
КъегъэдаIо тэ тикъуаджэ;
Нэпкъы зэжъум къыгуегъэу,
Тыгъэнапэм зырегъэу.
Ежь щымыщэр къызыхедзы,
Емызэщэу бланэу зедзы,
Хьылъэ телъми зэуи щыхъурэп,
Чэщи мафи зигъэчъэхъурэп.
ЧIыгу лъынтфэу — псыхъо чъэрыр
Пстэуми тэшIэ зэрэлъэшыр.
СиIэнатIэ къин къысфэхъумэ,
Iофы хьылъэ сапэ илъмэ,
Псыхъо чъэрым сыкъекIуалIэ,
ГуфаплъэкIэ сыкъыхаплъэ.
Сыды хьылъэ ытхы илъми,
Къины дэдэу игъогу щытми,
Ащ ичъакIэ сыгу къеIэты,
СиIоф ыуж сырегъэты.
Илъэшыгъэ щысэ сфэхъу,
Сыдрэ къини зэпысэтхъу.

## НЭФШЪАГЪУ

Гъэмафэу нэфшъагъом дунаем ишIагъо
О апэу плъэгъуныр лъэш дэдэу гушIуагъо:
Мэзахэу щатырэм зещахьышъ ежьэжьы,
ЫкIуачIэ хэхъуагъэу чъыягъэр къэтэджы.
Къушъхьэтхи бгы лъаги тыгъэпсыр анэсы,
Чэсэеу Iугъуашъор псыпсыбзэу итеплъэу
Псы шъхьашъор ипахъэ ерагъэу къыхэщы.
Бзыубэр нэфылъым чэфылэу ратIупщы.
IофшIэгъушъ колхозыр зэфэдэу кIэтаджэ,
Радиом ымакъэ тэдыкIи къегъаджэ.
...Ышъхьацыр дэнапцIэу, ар благъэу ыкIыбэу
КъикIыгъэу зы пшъашъэ зетхьакIы, зелъэкIы.
Чэфылэу ежь фэдэу игъусэр пшъэшъабэу
Алэжьышъ яхьасэ IофышIэ къыдэкIы.
Осэпсыр текIыжьмэ ежьэнэу чIы къуахьыр
Хьазырэу хы папкIэу коц хьасэм къыхэщы.
Къэлъагъо... къагъэсы Iусыпхъэу мэкъу IэшIур,
Колхозым ифермэ хьандзуабэр къыдэщы...
...Къэрэухэр псы ныджым щылъатэу щэуIу.
Щалъэмэ яжъгъыуи чэмыщмэ къагъэIу.
Iахъомэ макъэхэр зэджэжьхэу зэлъашъы,
Шъынэхэр Iоизэ отэрхэу къэушъы.
ЧIышъхьашъом дышъэпсэу тыгъэпсыр
щэкIуашъэ,
Нэгушъхьаплъэу пшъэшъабэм ар дэIушъашъэ.
Нэфылъым еплъырэм кIочIакIэ егъоты,
Жьы къабзэр зыIуищэу ыбгъэгу зеIэты.
Жыртэджым сыдигъуи шыкIэхъур къыфалъфы.
ЛэжьакIом ар ешIэшъ дэгуаIэ иIофы.
ЦIыфыбэу хым фэдэм зы ткIопсэу сыщыщэу
Хэгъэгоу сикIасэр сэплъахьы семзэщэу.
...Пчэдыжьым, нэфылъым столыIум сыIусэу
Сатырхэр къыхэсхэу орэдыр сэусы.



## СИНЫБДЖЭГЪУ

Сыдигъуи сэ симыджагъоу,
ЩыIэмэ анахь спэблагъэу
Сигупсэ шъыпкъэм ычIапIэу
СиI сэ ныбджэгъу лъапIэ.
ГушIуагъор ащ сэ къысфехьы,
Сыдигъуи сегъэлъэрыхьы,
ШъхьакIафэ къысфарегъэшIы,
НаспышIо шъыпкъэ сэ сешIы.
Сянэ къылъфыгъэм фэдэу
Сэ ар сэлъэгъу шIу дэдэу,
Чылэшхор ащ къысщегъэтхъу,
Къин пстэур зэпысегъэтхъу,
Шъо шъошIа а сишъэогъур
ХэтыкIи ар зэрэдэгъур?!
IофышIэныр ары — ныбджэгъур,
Лэжьэныр ары — гъусэгъур!

## СИДЖЭУАП

— ЧІыгоу щыІэ пстэумэ тар анахь тхъагъуа,
Анахьы пшІолъапІа? — сэ къысэупчІыгъэх.
— Адыгэ шъолъырым чІыгоу илъыр,—сІуагъэ,—
ГушІуагъуи насыпи сэ ащ хэзгъотагъэх.

— Псыхъоу чІышхом тетмэ, тар анахь къаргъуа,
Анахьы пшІоІэшІуа, анахьы пшІодэгъуа? —
Зымафэ сэ джыри зэ къысэупчІыгъэх.
— Адыгэ псыхъохэр! — джэуапэу стыжьыгъэ.

— ЛэжьэкІо гъозабэ хэта зиІэ хъугъэр?
ЛІыхъужъы кІалэхэр тыда зыщапІугъэр?
Сыды фэдэ чІыпІа жьыр зыщыкъабзэр?
— Си Адыгэ хэкоу дышъэм фэдэ къабзэр.

— Насыпы гъэбагъоу тисовет унагъо
Пчъэгъабэм афэдэу, хэта хэкоу щыщэр?
— Хэта къэнэфыгъэр мыкІуасэу зижъуагъо?
— Сянэу сэ сихэкоу щытхъур зифэшъуашэр.

— Хэта зикъэшъуакІэ къикІырэр мэшІуачэ,
Зипщынэо макъи бзыоу зыгъэчачэу,
ЦІыф лъэпкъэу щыІэр? — сэ къысэупчІыгъэх,
—Адыгэ цІыф лъэпкъыр!—джэуапэу стыжьыгъэ.

— Мы дунаем пшъашъэу тетмэ анахь дахэу
Хэта щыІэу пшІэрэр? — сэ къысэІушъашъэх.
Джэуапэу стыжьыгъэм ышъхьэ сэ къисэхы:
— Тыгъэпсыр зезыхьэу тиадыгэ пшъашъэх.

Сэ тыдэрэ чІыпІэ сыкІуагъэу сыкъэтми,
Тихэку игъэтхамэ апэу сэ къысэу,
Зы тхьэмафэ закъо тихэку симысымэ,
Илъэсы псаум фэдизэу къысщэхъу.



## СЫЗЫФАЕР

Симгъэгупсэфэу сызгъэгумэкІрэр,
СтихкІэ, ныбджэгъухэр, непэ къэсэтхы,
Сыфай сэ пстэуми ар зэхязгъэхы:
Мамырныгъэм мы чІым тетыгъор
ЕгъашІи щиІыгъыныр лъэшэу сшІоигъу,
ЦІыф пэпчъ лІэшІэгъум ехъу ыгъэшІэным,
Къэгъэгъэ бынхэр къызэІуихыным,
ЦІыфыбэр гушхоным сыфэе дэд.
Сызэмызэщырэр чэфы орэд.
Сабый щхы макъэхэр зэпымыухэу,
Щынэгъо лъэпкъи тэ тимыІахэу,
ЗэгурыІоныгъэм пстэуми тыфай,
Орэмамыры тэ тидунай.
Зэкъошыныгъэр щылычым нахь пытэу,
Лъэпкъымэ азыфагу илъзэпытынэу
Яцахь зэтелъэу псэунхэм сыфай,
Орэбэрчэты тэ тидунай.
ЛэжьыгъэкІэ конхэр зэлъыушъагъэу,
Гъомылэр Іанэм бэу теІэкІагъэу
Гъэбэжъу мыухыжьыр тэ къытфэрэкІу,
ТищыІэкІэшІу ар къетэгъэкІу.
Іэшэ мэхъаджэхэр щэрэмыІэжь,
Щынагъуи дунаем терэмытыжь.
Мамырныгъэм чІыр зэлъиубытэу
Ар лъэпкъы пстэухэм тэжъугъэгъэпытэ.

## ДУНАЕМ ИШЪЭФХЭР НАФЭУ КЪЭПШIЫГЪ

Гъатхэм къэгъагъэр зэрихъоим фэдэу
Псалъэм идахэкIэ убай, уфэшIыгъ,
Ащ пай, урысыбзэр, утиорэдэу
Тизэкъош бынышхокIэ шIу утлъэгъугъ.

Ныдэлъфыбзэм фэдэу тэ утэлъытэ,
ТизыкIыныгъи къытфэогъэпытэ,
Адыгэ орэдым фэдэу тикъуаджэ
Урыс орэдым къызэпегъаджэ.

ШIэныгъэм иIункIыбзэ къытфэзэIупхыгъ,
Дунаем ишъэфхэр нафэу къытфэпшIыгъ,
Джащ пае адыгэм, ежь ыгу къыдеIэу,
Опсэу, урысыбзэр, непэ къыуеIо.



## ХЬАХЪУРАТЭМ ИТХЫД

Поэм

ХьэкIэ купы сырягъусэу,
ЗэраIорэм сегупшысэу
УрамыкIэр къэтэкIухьэ,
Идэхагъэ къэтэплъыхьэ.
ХьэкIэ купмэ лIы къахэкIы,
Нахь къыскIахьэшъ къысэупчIы:
— Мы урамэу тызытетым
Хэты щыща зыцIэ тетыр?
— ЛIы батырэу Хьахъуратэр!
— Хэты щыща Хьахъуратэр? —
Сиджэуапы хьакIэр къежэ.
СигущыIэ къесэгъажьэ:
— Къоджэ чыжьэу Хьащтыку цIыкIу
ЦIыф цIэрыIом игъогу къекIы,
ЧIыпIабэмэ ар зэлъыкIу,
НыбжьыкIэзэ шIу ыгу къэкIы...
...Ленин пащэр гъуазэу иIэу
ТхьамыкIэхэр къегъэущы,
Гъэпсэфыгъо зи имыIэу
Шъхьафит банэм фызэхещэ.
Егъэзыгъэу, цIыф кIочIаджэу
Шъхьафитыджэм макIошъ еджэ:
— ЧIыр олэжьышъ — оры зыер,
Пыеу уиIэр — гъэпщылIакIор,
Гъаблэм игъус узы Iаер,
ИкъэкIуапIэр — щыIэкIаер.
Большевикмэ ягугъапIэр
ЛэжьэкIуадзэм щыщэу оры,
Iашэр, Iашэр гъэхьазыры,
«Мардж!» зэрэтIоу, ущымысэу,
Тел-елбэтэу псынкIэу шэсы.
Пачъыхьагъум иIумэтхэу
ЗызшIоинэу тахътэм тесхэм
Агу темыфэу Хьахъуратэр
Хьэм рагъэшхэу зэлъаубы:
«...Большевикмэ лIыкIоу яIэу
Хьахъуратэр хъущтэп тщаIэ:
ПачъыхьагъумкIэ щынагъо,

Ащ къегъакlо бэу иягъэ...
Лэжьаклохэр егъэушlоркъы,
Пытэу гот ар тхьамыкlэ лъэпкъым,
Оркъэу щыlэм ар къепыи...
Адыгэмэ ар ахащы,
Цlэмэз къалэ арагъащэ,
Къыдагъэклрэп Новороссийскэ,
Плъаклоу фашlы полицейскэр...
Ау апlугъэп къэрэбгъэлlэу,
Зигъо lофым ар ехъулlэ,
Бгъашхъом фэдэу зыкъеплъыхьэ,
Рабоч купмэ зафрегъахьы.
— Гъэпщылlаклоу щылэр зэклэ
Шъуилэжьыгъэ хэбаиклы,
Икъун ахэм шъуклэхахыгъэр,
Фэрэхъу гъунэ ятетыгъо!
Большевикмэ ягъогу мафэ,
Ленин лlышъхьэм къегъэнафэ,
Нарты купэу шъузэкъуахьи,
Ленин гъогум шъо шъутехьэх!
Нэмыкl шъыпкъэу хъущт щылаклэр,
Шъуинасып шъо илъ шъулэмычlэ,
Шъоры хабзэр зыеу хъущтыр,
Зэрэфаеу тхъэу псэущтыр!..
Хьахъуратэр фельдшер lазэшъ
«Сымэджабэмэ» афэзы,
Большевикмэ ялоф фэшlы
Пшъэрылъ шъэфхэр ащ афешlы...
Чэщы шlункlым зегъэбзэхы,
Къоджабэмэ адэпсыхэ,
Большевикмэ ячылапхъэ
Къоджабэмэ ащырепхъы...
Пшъэрылъ илэшъ, нэф къэмышъэу
Къоджэ чыжьэм нэсын фае,
Пшызэ къехьы имылышъэ,
Жьыбгъэр кlэтышъ иклыгъуае...
Лlым ышlуабэ машlэшъ машlэ,
Къошъофыри дэгъоу ешlэ...
Жьым шъхьархъоныр дэбыбатэу
Псыхъом еклы Хьахъуратэр...
...Къуаджэр чъыем хилъэшъуагъэу,
Гъогум тетыри уцуагъэу
Къоджэ цыпэмклэ къыдахьэ,



Къымчэрые дэжьы lохьэ.
Ипчъэблыпкъы щэ ар тео,
Къымчэрые чъыер теу,
Къылухьагъэм гу къылъетэ,
Тхылъы шъэфыхэр къыреты...
lэгум шlэхэу къыдэклыжьы,
Игъогу къины къытехьажьы.
Хьащтыку гъогум къытыредзэ,
Янэ гупсэ ыгу къыредзэ:
«Къысфэзэщы сянэ клаcэ,
Сищылаклн егупшысэ,
Бэу шlоигъу ащ сэ силъэгъу,
Гъунэ илэп игуклэгъу...
Сянэ гупсэ ищыпс гохьи,
Ищэламэу lум иткlуахьи,
Сlупс къафечъэ сэ бэшlагъэу...»
Отlы-псытlэу, чэщныкъом
Лlыр ялэгу къыдэхьажьы,
Хьэкъэрэжъыр зэ къэхьакъушъ,
Ащ лъыпытэу мэlэсэжьы,
Ышlэжьыгъэшъ Хьахъуратэр
Хэгушlуклэу мэпцlымамэ,
Ылъакъомэ зыкъащехъо,
Шинелыми етхъо, етхъо...
«Хьэ къэрэжъым зи римылоу
Хэт lутыщта тэ типчъэlу,
Си Шыхьам ар, сыгу къысеlо,
Нэфэшъхьафэп, шъыпкъэу сэlо!» —
Ным къешlэжьы ежь илъфыгъэ,
Гушlом хэтэу шъэфэу гъыгъэ.
— Тян, рэхьатэу угуклэ зышlы,
Бырысыри тэмыгъэшlы...
— Сиклал, сыд о уихэтыклa?
Бэу уод гущ, омэлаклa?!
— Тян, lоф lаджи сэгъэцаклэ...
Умгумэкl о сэщ паеклэ...
Нэфышъагъом Хьахъуратэр
Зыщэлъэтышъы ежьэжьы,
Къоехьали гуубати
Янэ ыкъо лъырехьыжьэ..
Мэшlолыгъэр пыим къедзы...
Лlыхъужъ плъыжьмэ яшыудзэ
Батыр шъыпкъэу апэ итэу

ЛIыгъэ ешIэ Хьахъуратэм.
...Большевикмэ гъуазэу яIэ
Ленин-пащэм къызэриIоу
Лъэпкъы пстэухэри зэкъотых,
Пыйхэр бэрэ къецэлашхэ,
Ау игъусэшъ цIыфы жъугъэр
СыдигъокIи нэщхы-гущхэу
Ащ къыдэхъу рихъухьагъэр.
Урыс ткъошыхэр игъусэу
Автономыр зэлъегъэпсы,
Совет хабзэм итыгъэпси
Нахьы лъэшэу хэкум щепсы.
ЦIыфы жъугъэхэр зыфаер
Большевикмэ ашIэу хабзэ:
Хьахъуратэр хэку тхьаматэу
АшIоигъоу цIыфмэ хадзы...
Пчэдыжь къэси къулыкъу шIапIэм
Хьахъуратэр апэу къэсы,
ИпчъэIупэу цIыфы кIуапIэм
ЛэжьакIохэр щызэфэсы.
Iофы цIыкIоп пстэуми яIэр —
Ялъэгъун ащ Хьахъуратэр:
— Хъурэп къуаджэм итхьэматэ, —
КъэкIуагъэмэ къыфаIуатэ.
— ТищыкIагъ тэ лъэмыджыкIэ,
Пшызэ псыхъо ынэ къекIы,
МакIэ иIэр тихьыпэнкIэ!
— Тыфай тадэжь укъэкIонкIэ!..
ЛъэIоу иIэр шъхьаджы къеIо,
Хьахъуратэр ащ ядэIу,
ЗищыкIагъэм ар IэпэIэ,
Атет пстэуми ащ ынаIэ.
Нахьыбэмэ нэфынэпсыр
Анэ чэфхэмэ къакIэпсы,
ХигъэтIысхъэзэ мыгуIэу
ЗэIукIэшхом щэгущыIэ:
— Зыч-зыпчэгъоу шъузэкъотэу
Шъупсэу, шъулажь! — Лениным
eIo, —
Къэралыгъом шъо дежъугъаштэу
Шъуижъи шъуикIи шъузэдеIэх.
ЕгъашIэми адыгэмэ
ЗэдеIэжьыр ахэлъ хабзэу!



ЛэжьакIохэр зэджэжьхэшъы
ШIыхьаф шIыныри дгъэфедэзэ,
Зэрэкъуаджэу тызэгъусэу
Тыпсэущтых зы колхозэу...
Тиунаеу чIыгур хъугъэ,
ТэркIэ ар бэу насыпыгъэ,
ЗэдэлажьэрaIошъ тхъагъоу,
Ащ тежъугъэплъых иIэшIугъэ.
ЛэжьакIохэм зэдаштэмэ
Зэпытчыщт тэ сыдрэ къини,
КIуачIэу тиIэр зэхатлъхьэмэ
Мы чIым тетэп къыттекIони...
ЧIыгур тфэхъущт гъэбэжъулъэ,
Гур къеIэты ащ итеплъэ...
...Хъоеу садхэр зэлъагъэкIы,
Iэхъогъуби къыдагъэкIы...
IофшIэкIошхоу Хьахъуратэр
Чэщи мафи губгъом итэу,
ХъупIи мэзи ащ къыкIухьэу
Хэкум къэбар щызэрахьэ,
Шахъоу чэщрэ хъупIэм итым
Хьахъуратэр хьазырыпсэу
ИIэ фэд шэхъогъусэу.
Трактор лъэшым ешэсыгъи,
Садлэжьыным фэгъэзагъи,
Хьахъуратэр яIофшIэгъоу,
Ар алъытэ яныбджэгъоу...
...Зиплъахьызэ жъуагъэм хэтэу
Бэрычэтэу, елыбэтэу
Мары къакIо Хьахъуратэр —
ЗэлъашIэрэ хэку тхьэматэр! —
Хъуау-пщау джанэу щыгъыр,
Ащ къезэгъы бгырыпх псыгъор.
Гъогуи уахъти алъэгъугъэу,
ЩазымитIур жъы хъужьыгъэ,
ПаIоу щыгъыр ышъо къекIу,
Нэ IушитIур ащ къычIэплъы.
Ылъэ псынкIэу зырегъахьы,
Купмэ адэжь занкIэу Iохьэ,
ГъэбэжъугъоткIэ апэгъокIы:
— Сеплъы сшIоигъу шъуипсэукIэ,
Сыдэу хъура шъуищыIакIэ?
Зынэгушъо тыркъо телъэу,

ЗыIэгушъо жъуагъэр илъэу,
Колхоз хьасэм лIыкоу хэтым
КIэкIэу джэуап къыретыжьы:
— ДэгъукIаеу Iофхэр макIох,
Ау яягъэ Iаджми къакIо.
Чылапхъэхэр тIэкIу мэкIаIо.
Зы тракторкIи тыкъэлъаIо...
— Чъыгри къэкIрэп зы илъэскIэ,
Мэщри хъурэп зы мазэкIэ,
ШIэхэу къэсыщт тракторыкIэ,
Къежъугъэlэт ащ шъо шъуичIыкIэ,
Шъуиши шъуицуи зэдежъугъаIэх,
Арымэухэр шъумыщыIэх,
Чылапхъэри шъо шъуимакIэшъ,
Цэ закъори дышъэ папкIэшъ,
Шъумыуплъэкloу, шъумыплъыхьэу
Къанэ хъущтэп кон IэпакIэ.
Агроном къышъуфагъакIо,
Уахътэр пкIэнчъэу шъумыгъакIо,
Лэжьэн Iофым хэзышIыкIэу
Шъо шъуилIыжьми
шъуяупчIыжьых
Къэмыуцоу уахътэр макIо,
Колхоз Iофыр текIо, текIо.
ЛэжьакIохэр ащ кIэгушIух,
Ау зы кортмэ агухэр мышIоу,
Зым ыкIуачIэ хэбайкIыгъэу,
ЩыIэкIакIэр зиджэгъогъоу
Хэкум исмэ шхъор зэрахьэ,
Фежьэх Iофхэр зэIагъахьэу...
Зэ лэжьыгъэм машIор кIадзэ,
Зэ былымхэм уц аIуадзэ.
Зырызыхэр агъэшэхъу,
ЗымышIэрэр агъэплъэхъу,
ПцIы гъушъэхэр къызэхалъхьэ:
«Шъо колхозым шъулъапсэ кIехы»,
«Мылъкоу шъуиIэр зэкIэ ахьы»,
«Шъуисабыйхэр Китай Iусэу
ШIэхэу хъущтых, шъуунэхъущтых»,
«Зы чыхIэным шъучIэлъыщтых...»
Большевикмэ ясатыры
Щыпсыхьагъэу Хьахъуратэм
Батыр цIыфхэр гъусэу иIэу



Тиколхозхэр егъэпытэ.
Комсомольцэхэр игупсэу,
Пионерхэр игонэсэу
Гъунэ лъэфы япсэукIэ.
ФэгумэкIы ящыIакIэ:
Къоджэ благъи къоджэ чыжьи
Ибэу дэсхэм африкъужьэу.
А зынаIэм алъэIэсы,
Ахэр къалэм къынагъэсы...
Шъхьаджи дэгъоу къырагъаджэ,
Рагъэшэсы шIэныгъэ лъапсэм.
ЩыIэкIакIэм къыфагъасэх,
Хьахъуратэм чэщи мафи
ЦIыфыкIэхэр егъэчэфы.
КIэлэцIыкIухэм нэшIукIэ яплъы,
IаплIкъорэгъкIэ къызэрехьэх,
Зыр ыкокIы регъэтIысхьэ,
Зым ышъхьашъо Iэ къыщефэ...
Хъугъэ Iаджи ышъхьэ къехьэ,
Щыгъупшэщтэп ар щэIэфэ...
...Зы лIэшIэгъукIэ зэплъэкIыжьы,
Зэ хъугъагъэр ыгу къэкIыжьы.
Ным сабыир ыбгъэ кIэлъэу,
Iэбжым цIыкIухэри зэкIэлъэу
Iулъ нэпкъ хымэм дыкъыжьыгъэу,
Къолэбзыухэр епчIыжьыгъэу...
...Хым иорхэри къафэгъы,
Гугъэузэу къаIотэжьы,
Гъыбзэм хэлъэу къынэсыжьы...
Джы сабыймэ ящыIакIэ
ГъэшIэгъоныу, насып закIэу
Зэрэхъущтыр Хьахъуратэм
Жъогъо бынмэ къафеIуатэ:
— Совет хабзэм шъурипIурэу,
Шъуянэ-шъуятэу къышъуфэплъырэу
Унэ нэфмэ шъуарысыщтых,
Гъогу мафи шъутехьащтых,
Сыхьат мафи шъо шъуежьэщтых...
Хэку кIасэр шъо къышъупаплъэшъ
Шъуемызэщэу шъуапэ шъуплъэх.
Шъумышъхьахэу шъо шъуеджэнэу,
Ильич иIо жъугъэцэкIэнэу,
Сыгу къыздеIэу сэ сышъуаджэ!

Ямызэщэу Хьахъуратэр
КIэлэцIыкIумэ адэкIуатэ,
Ахаплъэзэ егупшысэ,
Сэнэхьатхэр арепэсы:
Шъэожъыеу шъорыогур
Трактористэу ащ елъэгъу,
Пшъэшъэжъыеу шъхьацы тIыргъор
Хъугъэ шIошIы врачы дэгъоу!
Шъхьацыф цIыкIоу мо кIэлэхъур
Джы къыщэхъу летчик хъугъэу,
Поэт хъущт мо кIэлэ тхъоплъыр,
Пшъашъэ пIонэу шъхьац зытелъыр.
Шъэожъыеу чIыпIэрымысыр
Агрономэу хэт джы хьасэм!..
Джэныкъо Iугъом зынэ ришъоу,
ЩыIэкIаеми ыгъэжъэу,
Жъалымагъэ зэрахыгъэмэ
Ащыщыгъ тибзылъфыгъэ,
Ар гъогу нэфым тещэгъэным,
Ащ дин лъахьэр техыгъэным,
ЦIыф хэдзыгъэм афэдэным
Хьахъуратэри фэбанэ.
— Тихэку пэрыт хъуным пае,
Сшынхъу кIасэх, шъуеджэн фае, —
ЕIошъ пчъагъэмэ ялъэIу,
Бзылъфыгъаби егъэдаIо.
Нэнэжъыми заIуегъакIэ,
«Тянэ гупсэкIэ» зэлъяджэ,
Ныуи, кIали, лIыжъи — зэкIэм
АпэгъокIы цIыфыгъэкIэ.
Зырызыхэр пый мэхъаджэм
Ыгъэплъэхъухэу, псэлъэ пхэнджы
ХигъэдаIоу зилъэгъукIэ,
Iофым хэхьэ ежь ышъхьэкIэ:
— Хэбзэ зафэр шъощ паекIэ
Къыдэтхыгъ зэошхокIэ,
Джы дгъотыгъэ шъхьафитныгъэм
Бэмэ фатыгъ щыIэныгъэр,
Ащ ишIуагъэ зэхэтэшIэ,
Къэт нахьышIур, ар зэжъугъашIэ!
Шыкуи цукуи атечъызэ,
Зы машинэ гъогум рэчъэ,
Мэзы IапчъэмкIэ згъазэ,



ЛъэсырыкIоу зы лIыжъ фазэ.
Шофер кIалэр къэуцунэу,
ЛIыжъыр чылэм дищэжьынэу
Хьахъуратэм морад ешIы,
Улэугъэ, дэгъоу ешIэ.
Хэку тхьэматэм шIэхы-шIэхэу
Машинапчъэр къыфыIуехы,
ЛIыжъ тхьапэфым сэлам рехы:
— О тят, къытIысхь, тимашинэ,
ТыблэкIыщтэп укъщытынэу.
ЛIыжъы цIыкIум IугушIукIэу
МашинакIэм зырегъакIэ,
КъыфашIагъэмкIэ рыразэу
Хьахъуратэм зыфегъазэ:
— ...Сымэджэщым сыщыIагъэу,
Зи симлажьэу сыхъужьыгъэу
Къалэм сэри сыкъекIыжьы,
Тэ тикъуаджэ сэ сэкIожьы.
...Арэп сэIо, Хьахъуратэр,
Шъыпкъэ дэдэу къысэIуатэлъ,
Сызщыщэу сэ сикъуаджэ
Адырэмэ анахь шъуаджа?
— Хьау, тят, ауштэу ар умыIо,
Шъо шъуикъуаджэ бэу цIэрыIо!
ЛIы батырхэр къыдэкIыгъэх,
Щытхъу орэдхэр фаусыгъэх...
— Адэ сыд пай джырэ нэсы
Ащ IэзапIэ щамыгъэпси?
— ШъуиIэ хъущт сымэджэщи
Тыфежьэщт тэ шIэхэу ащи!
Ау еджапIэр ыпэрапшIэу
ТызэрэшIэу тэ тэжъугъэшIы...
Ащ нэужым шъо жъугъэшIагъоу
Дгъэпсыщт шъощ пай клубы
шIагъуи,
Тэ ликбези зэхэтщэщтых,
ЦIыкIуи ини едгъэджэщтых...
Къоджэ чыжьэм изэIукIэ
Заух ужым Хьахъуратэр
Къежьэжьыгъэу унэм къекIы,
Ащ машинэм феузэнкIы,
КIэлэцIыкIухэм агъэшIагъоу
Имашинэ зэпаплъахьы,

Ишофери къадзыхьагъэу
Зыгорэхэр къырагъаIох.
КъыIуатэрэр агъэшIагъо,
— ТигъэтIысхьэх, — джы мэлъаIох,
— ЕтIан, — еIошъ шофер кIалэм
КIэлэцIыкIухэр IуегъэкIыжьы,
Ар елъэгъу Хьахъуратэм,
КIэлэцIыкIумэ гъогу ареты:
Алъэхенэ имашинэ,
Ащ игуапэу регъэблагъэх:
— ШъушIэх, шъушIэх,
шъумыщынэх,
Нахь чаныр сшIыщт сэ благъэ
КIэлэцIыкIухэр ыгъэтхъэжьэу
Куп-купэу къырещэкIы,
Мо дунаир афэмхъужьэу
Зэтеутэу ахэр мэщхых.
Хьахъуратэм ицIыфыгъэ
Пстэуми ашIэу чыжьэу Iугъэ.
Зэпымыоу чэщи мафи
ЛэжьакIомэ нэшIу ащефэ.
Гумызагъэу хэку тхьэматэр
Фэшъыпкъ мафэу гъупчъэ-уатэм,
Ащ пай Iори зышъхьамысэу
А лIым ытыщт ышъхьи ыпси.
ШIу зышIэрэм шIу фыщылъышъ,
Орден лъапIэр фагъэшъуашэ.
Лениным иIоф пхырегъэкIышъ
ЦИК шъыпкъэм членэу хадзы.
Уцу иIагъэп ыгу теофэ,
ТIыс иIагъэп ар щэIэфэ.
УрамыкIэм сэ сытетэу,
ХьэкIэ купмэ сэ сахэтэу
Тхыдэ дахэу Хьахъуратэм
Пылъым щыщи къэсэIуатэ:
Ащ фэдэу лIы батырмэ
Типартие зэлъаIэты,
Ащ фэдэу коммунистмэ
Лениным игъогу къагъэшIэты!

# ОРЭДХЭР



## ЛЕНИНЫ̇Р ТИГЪУС

ЕгъэшIэрэ тыгъэу хэта къытфепсыгъэр?
Шъхьафит тызышIыгъэу, хэта тызыпIугъэр?
Хэбзэ зэфэ дахэр хэты тфигъэпсыгъа?
Бланэу коммунистхэр хэты зэхищагъа?
Ленин!
Ленинэу тигъус.
Ленин!
Ленинэу тигупс.
Ленинэу пащэм иIоф тыфэшъыпкъ.
ЗэкIэ цIыфы лъэпкъэу тихэгъэгу исыр
Зэгонэсы шъыпкъэу хэта тфэзышIыгъэр?
Къарыоу тэ тхэлъым хэты хигъэхъуагъа?
Iофэу тызыпылъым тыфигъэчэфыгъа?

ЗэкIэ цIыфы лъэпкъыр хэты ыгъэгушхора?
Шъхьафитыджэу щыIэр банэм хэт фиIэтра?
Тэдырэ хэгъэгуи а лIыр щызэлъашIэ,
Тэдырэ чIыналъи шIукIэ игугъу щашIы.
Ленин!
Ленинэу тигъус.
Ленин!
Ленинэу тигупс.
Ленинэу пащэм иIоф тыфэшъыпкъ.

## КОЛХОЗ ОРЭД

Колхоз хьасэхэр зэикIы,
Ятеплъэ укъегъэшхэкIы,
Коцышъхьэм бжыбэр къеушъэ,
Натрыфышъхьэр Iаблэм фэдиз.

О-ра-о-ри-рэщ,
Коцышъхьэм бжыбэр къеушъэ,
Натрыфышъхьэр Iаблэм фэдиз.

ЛэжьакIомэ губгъэм зырапхъэ,
ЯпсэукIэшIуи лъэшэу гугъатхъэ.
Хъяр мыухыжьыр къытфакIо,
Щытхъу зиIэр тэ тилэжьакIу.

О-ра-о-ри-рэщ,
Хъяры мыухыжьыр къытфакIо,
Щытхъу зиIэр тэ тилэжьакIу.

Машинэ кIэпсхэр тIэ илъых,
Тэ ткIуачIи хэхъо зэпыт.
Тиколхозхэр фэшIыгъэх.
ЩыIакIэм ишIур щэпыт.

О-ра-о-ри-рэщ,
Тиколхозхэр фэшIыгъэх,
ГушIуагъом зыкъыщеIэт.



## СИКЪОДЖЭ КIАС

Ипсыхъо Iушъашъэ
Гъатхэм къэзэрэгу,
Ибжыхьэпэ дышъэ
Сэ сипкIыхьы лъэгу.

О сикъоджэ къуаджэу
О сикъоджэ кIас,
Сыпсэр зыхэтIагъэу
Сыгум щымыкIуас.

Сады гъэкIыгъакIэр
Ащ инэIурыхъу,
Дахэшъ ищыIакIэ
НахьышIур къыдэхъу.

О сикъоджэ къуаджэу
О сикъоджэ кIас,
Сыпсэр зыхэтIагъэу
Сыгум щымыкIуас.

ЛэжьэкIо хьалэлэу
ИIэм бэу хэхъуагъ,
ГушIуагъо имылъэу
Быни дэмылъагъу.

О сикъоджэ къуаджэу
О сикъоджэ кIас,
Сыпсэр зыхэтIагъэу
Сыгум щымыкIуас.

Дизэу дэIэкIагъэр
Дунэе насып,
Тыгъэу къытепсагъэр —
Ти Советы хабз.

О сикъоджэ къуаджэу
О сикъоджэ кIас,
Сыпсэр зыхэтIагъэу
Сыгум щымыкIуас.

Къуаджэм икъэгъагъэу
Пшъэшъэ хъущэ дэс.
Пасэу къэзыщагъэр
КIэгъожьыгъэу щыс.

О сикъоджэ къуаджэу
О сикъоджэ кIас,
Сыпсэр зыхэтIагъэу
Сыгум щымыкIуас.

ЦIыфыр щыбэгъашIэу
ХьакIэм ар кIэхъопс,
ПсэупIэ шIыкIашIоу
Нэфынэр къыдэпс.

О сикъоджэ къуаджэу
О сикъоджэ кIас,
Сыпсэр зыхэтIагъэу
Сыгум щымыкIуас.

## АНДЫРХЪОЕ ХЪУСЕН ИОРЭД

Андырхъуай Хъусеныр
Пыйхэм атекIуагъ,
Ихэгъэгоу янэм
Пхъашэу фэзэуагъ.

Андырхъуай Хъусеным хэгъэгор икIасэу,
Зэошхоу блэкIыгъэм лIыгъэ щызэрехь.
Хэгъэгум ишъаоу, народыр игупсэу
Ыпсэ емыблэжьэу пыим пэIугъуалъхь.

Пыйхэр къызжэхахьэм, къафызэкIэкIуагъэп,
«Зыкъэт!» къызыраIом, ариIуагъ: «тихабзэп»,
Ыпсэ хэтыфэ ащ пыир къымыгъакIу,
Ыгур къытеофэ къыфызэкIэмыкIу.

Ар зигъонэмысэу зэуапIэм щэфэх,
ИлIыхъужъ зекIуакIи щысэ тэ тетэх,
ЛIыгъэу зэрихьагъэр ащымыгъупшэн,
КъэкIощты лIэшIэгъум ащ игугъу щашIын.

Андырхъуай Хъусеныр
Пыйхэм атекIуагъ.
Ихэгъэгоу янэм
Пхъашэу фэзэуагъ.

## ПЫНДЖЫМ ИОРЭД

Ышъо тыжьынэу,
Дышъэм пеIэнэу,
Алъэсахьыгъэу
ЩыI зы лэжьыгъэ.

ТIэ къыдгъэхьагъэу
Ар тэгъэбагъо,
Ыгу римыхьыгъэу
ЩыIэп унагъо.

Пынджы лэжьыгъэу
Федэ тфэхъугъэм
Огур ыубытэу,
Самэу зеIэты.

Зэлъеужьырэу,
Зэежьэу ежьэу
Куп зэдэIужьхэр
Типынджылэжьых.

Тибаиныгъэ
Ихэгъоныгъэ
Зыфагъэзагъэшъ,
Ахэлъ блэнагъэ.

Типынджылэжьхэу
Мыгупсэфыжьмэ
Яорэд тIэтэу
Ящытхъу тэIуатэ.

Хьалэлы шхынэу
ИфашIэ ины,
ИпIасти фабэ,
Илэпси пшъхьапэ.

Хьалыжъом дэлъмэ,
Гохьышъы-гохьы,
Лышъабэм хэлъмэ,
Iуми еткIуахьы.



Типынджы Iанэ
Бэрчэты Iанэу
Жъыгъи кIэлакIи
Тэ къытфехьакIэ.

Типынджылэжьых —
ГъашIэм тхъэжьыных,
ЛэжьэкIо пащэу
Купы дэщыжьых,

Губгъор къэжъугъаджэу
Iофым шъуегугъух,
Гъэбэжъу лъэмыджэу —
Пынджыр жъугъэбагъох.

## ОРЭДЫР О ЗИГЪЭГЪУС

ЩыIакIэу тиIэр тэ тхъагъошъ
ФэтэIо орэды шIагъо.
О угур зэлъигъэфабэу
Орэдыр къэсэгъэбыбы.

Орэдыр о зигъэгъус,
Орэдыр о зигъэгупс,
Зигупсэр насыпышIощт,
Зигъусэр гушIом хэтыщт.

Орэдым зесэгъэIэты,
Ар сэ о тынэу осэты,
КъедэIу ар пщымыгъупшэнэу,
Ныбджэгъу дэгъоу уиIэнэу.

Орэдым угу еIунэу,
О пщызи къыпхигъэхъонэу
Сыфай ар мафэ пфэхъунэу,
Сыдигъуи о къыбдеIэнэу.

Iофыми уфигъэчэфэу,
Зэщыгъо уримыгъафэу,
Орэдыр о уигъогогъу,
Пфэрэхъу ар гъусэ гушIуагъоу.

Орэдым лъакъор къегъашъо
Хегъахъо гуми имашIо,
Гъогухэр къытфегъэкIэкIы,
НахьышIур тыгу къегъэкIы.

Орэдыр о зигъэгъус,
Орэдыр о зигъэгупс,
Зигупсэр насыпышIощт,
Зигъусэр гушIом хэтыщт.



## ТЫЗЫБЫНЫШХУ

Гъэтхэпэ псыхъуи, е-ей,
ТкIуачIэ къыхахъори, е-ей,
Тэ тинасыпи хышхоми фэди,
ТишIугъо шъыпкъи тэ!

Тэ тыкIэлакIэшъы, е-ей,
Анахь тычэфыри, е-ей,
Тиорэд чани чыжьэу мэбыбы,
Тызыбынышхуи тэ!

Родинэу тянэми, е-ей,
Ицахь къыттелъыри, е-ей,
ТепIушъ тележьы, гъэсагъэу тешIы,
Сыдэу хъярышхуа джар!

Партиеу тянэми, е-ей,
ЛIыгъэр къытхелъхьэри, е-ей,
Тэмэ кIочIэшхор тиIэу ышIыгъи,
Чыжьэу тэбыби тэ!

## ПИОНЕРМЭ ЯОРЭД

Гушlуагъом тызэрихьэу
Пионерхэу тызэхэт.
Щытхъу дахэр бэрэ къэтхьэу
Тиотрядкlэ тыпэрыт.

Пионерхэр тэ ядгъаlоу,
lэдэбныгъэр пстэуми тхэлъ.
КъытаIорэм тэ тедэIоу,
Тэщ нахьыжъхэм такIырэплъ.

Еджэн Iофым тыфежьэмэ,
Пстэуми апэ ренэу тит.
IофышIэныр тыублэмэ,
Тиблэнагъэ ядгъэIуат.

Тикостерхэр къызэкIанэ,
ТIэпкъы-лъэпкъхэр тэгъэпыт.
Къэбзэныгъэм тыфэбанэ,
Псауныгъэр тэухъум.

Пионерхэр тэ ядгъаIоу,
Iэдэбныгъэр пстэуми тхэлъ.
КъытаIорэм тэ тедэIоу,
Тэщ нахьыжъхэм такIырэплъ.



## ХЭГЪЭГУМ ПАЕМЭ

Хэгъэгум паемэ, орида,
Ащ ищыкIагъэмэ, орида!
Сыд къысаIуагъэми
Сэ згъэцэкIэни,
Сыд ащ шIоигъоми
Ар зэшIосхыни.

Хэгъэгум паемэ, орида,
Ащ ищыкIагъэмэ, орида!
МашIоми псыми сэ
Къысэмылыни,
Псы чъыIи фыртыни
Сэ сахэтыни.

Хэгъэгум паемэ, орида,
Ащ ищыкIагъэмэ, орида!
Зы Iулъхьэ сиIэмэ
Дэсыугощыни,
Анахь силъапIэу
СиIэр естыни.

Хэгъэгум паемэ, орида,
Ащ ищыкIагъэмэ, орида!
Ошъо къатиблыми сапхырыбыбыни,
Космосы чыжьэми
Сэ сынэсыни.

Хэгъэгум паемэ, орида,
Ар сянэ папкIэшъы, орида!
Къин сэхъу сIоу нибжьи
Зэхамыхыни,
ЩэIагъэу сиIэми
Сэ езгъэхъуни.

Хэгъэгум паемэ, орида,
Ащ ищыкIагъэмэ, орида!
СищыIэныгъэ сэ сышъхьамысыни,
ШIуагъэ къыхьыщтымэ,
Ащ сэ фэстыни.

## ХЭБЗЭ ДАХЭУ ТЭ ТИIЭР ДЖАЩ ФЭД

Сыдигъок1и жыгъэр тэгъэлъап1,
Ащ къытиIорэм тынчэу тедэIу,
Тыфэтэджышъ чIыпIэ етэт,
Ащ цIыфыгъэ дызетхьэу тэлъыт.
Тибзылъфыгъэ шъхьэкIафэ фэтэшI,
ИшIушIагъэ дунаим зэлъешI.
Тиорэд зерэIэт,
Хэбзэ дахэу тэ тиIэр джащ фэд.

ХьакIэр къихьэмэ тыфэнэгушIу,
АнахьышIур ащ тэ етэпэс:
Зэтэгъафэ ащ пае Iэнэшlу —
Чэтылыбжьэм фыгу пIастэр игъус,
Сэнэпс IэшIур хьазырэу лъэхэт,
Ащ зыфаер бысымэу егъот.
Тиорэд зерэIэт,
Хэбзэ дахэу тэ тиIэр джащ фэд.

Унэ шIыгъом шIыхьафым тэ тэкIо,
Зэрэчылэу ишIуагъэ къегъакIу.
О уизакъомэ пкъэур онтэгъу,
УзэдеIэмэ къэIэтыгъошIу,
Узэгъусэмэ Iофыр чэфыгъу.
ЗэдеIэжьыр тэ шэнэу тфэхъугъ,
Тиорэд зерэIэт,
Хэбзэ дахэу тэ тиIэр джащ фэд.

Сабый уиIэмэ, ар бэу гухахъу,
Къызыфэхъурэм хьаблэр фэхъохъу:
— ГъэшIэ кIахьэу, насыпышIоу
орэхъу,
Сабый цIыкIуми чъыг фагъэтIысхь.
Кушъэ лъапэм орэдыр щаус,
IофшIэныр икIасэу агъас.
Тиорэд зерэIэт.
Хэбзэ дахэу тэ тиIэр джащ фэд.



## ОШIЭЖЬА, СИНЫБДЖЭГЪУЖЪ?

ОшIэжьа, синыбджэгъужъыр,
Зы Iулъхьэр тIоу зэфэдгощэу,
Сыдигъуи тызэмызэщэу
Лъэхъанэу къызэпытчыгъэр?

Окопым титIуи тыдэлъэу,
Фашистмэ тэ тапэIулъэу
Къэралыр къэдгъэгъунагъ,
ЛIыгъэ Iаджи ори зепхьагъ.

Тэ тидзэ тызэрипIугъэу,
Щынагъом тэ тыщымыщтэу
Къин макIэп зэдэтлъэгъугъэр,
Гъогу цIыкIоп къызэпытчыгъэр.

Заор заухыгъэр бэшIагъэ,
ТешIагъ ащ илъэсы пчъагъэ.
Хъужьыгъэ уIэгъэ Iаджи,
Зихъожьыгъ дахэу тикъуаджи.

ЛIыхъужъхэр танэIу къетаджэх,
Амакъэ чанэу къытаджэ:
— Мамырыр шъо шъуухъумэ!
— Мамырыр шъо шъуухъумэ!

ЛIыгъэ зыхэлъэу зэуагъэр,
Иунэ къэмыкIожьыгъэр,
ГъэшIэным тщымыгъупшахэу
ТIотэщт тэ ищытхъу дахэ.

## ПИСЬМЭЗЕХЬЭМ ИОРЭД

Зэрэкъуаджэу сэ къысажэшъ,
Жьэу ІофышІэныр есэгъажьэ.
СиІалъмэкъи ушъэгъае,
Письмэу илъыр лъытэгъуае.

Урамыбэ къэсэкІуахьы,
Іэгу пстэуми сэ садахьэ.
Шъхьаджи гушІоу къыспэгъокІы,
СиІалъмэкъи бэу къыдэкІы.

ЗидэкІогъуи зикъэщэгъуи
Пстэуми апэу сыкъалъэгъу,
Яписьмэхэм къадэгуаІэх,
Якъэлапчъэ къыщыспаплъэх.

Губгъо чыжьи колхоз ферми
Лъэтемытэу сэ санэсы,
Сэ къысаІо аферэми,
Сыхъугъ пстэуми ягонэсы.

Письмэзехьэр сэнэхьатэу
Сэ хэсхыгъэшъ семызэщи,
Щытхъу дахэр сэ сфаІуатэу
СиІофшІэны сызыпещэ.



## ІЭХЪО КІАЛЭМ ИОРЭД

ХъупІэ ин зэикІым уцыр хъоеу ит,
Сичэмы Іэхъогъуи ащ къыхэсэгъэт,
СиІэхъо орэдыр бзыоу сэгъэбыб,
Кӏасэм ыцІэ хэлъышъ сыгур къегъэфаб.

Тыгъэм инэбзыйхэр дышъэпсэу рекІут,
Сикъэщэн чэмыщэу фермэм къыздыІут,
Псыри Іэрыфэгъушъ, чэмхэр сэгъэшъокІ,
Къысэнэкъокъуущтыр мыдэ къыкъорэкІ.

Тыгъэм икъохьагъум хъупІэр зэсэнэкІ,
Фермэм сыкъэсыжьмэ, кІасэр къыспэгъокІ.
Уцы цІынэ ІэшІур шхылъакІэм регъэкІу,
ЫнитІу яплъакІэ лъэшэу сыгум екІу.

Чэмымэ яшІугъошъ гъэщыр зэрафахь,
ШкІэ цІыкІоу акІэсхэм джэгузэ къачъахь,
Іэхъогъум къыхахъо, щытхъур сэ сфаІуат,
Іофэу сызыІутым насып хэсэгъуат.

## О УНИТӀУ

О унитӀур сыгум итӀысхьагъэшъ,
Тэ сыкӀоми ренэу сэ сигъусэ.
Сэ сшӀоигъоу ахэр къыхэсхыгъэшъ,
Сиорэд пэублэу сафэусэ.

О унитӀу, о унитӀу шъэфы Ӏаджи къысаӀу,
О унитӀу, о унитӀу анахь дахэ щымыӀ.

О унитӀур тэди щысэшӀэжьы,
Къэгъагъэмэ гушӀохэу къахэплъы.
Жъогъо быным чэфэу пэгушӀожьы,
ХычӀэ къаргъом гушӀохэу къачӀэплъы.

О унитӀу, о унитӀу анахь дахэ щымыӀ,
О унитӀу, о унитӀу шъэфы Ӏаджи къысаӀу.

О унитӀур гуфабэм игъунджэу
Зэрэпсаоу дунаер къарэщы,
Ахэр сымылъэгъумэ рэхьатыджэу
Уахътэр сэ исэхы, бэу сэзэщы.

О унитӀу, о унитӀу анахь дахэ щымыӀ,
О унитӀу, о унитӀу шъэфы Ӏаджи къысаӀу.

Нурэ дахэр унитӀу къакӀехы,
Тыгъэм инэбзыйхэри къакӀэпсы,
СагъэгушӀоу пкӀыхьапӀэу сэлъэгъух,
СишӀулъэгъуи Ӏэзэгъу фэхъугъэх.

О унитӀу, о унитӀу анахь дахэ щымыӀ,
О унитӀу, о унитӀу шъэфы Ӏаджи къысаӀу.



## ПШЪАШЪЭХЭР, ТЭ ШЪУКЪЫТАЖ

(КӀэлэ орэд)

Тидзэ лӀыхъужъы тыхэтэу,
Пыимэ тэ тапэӀутэу,
Мамырныгъэр тэухъумэ,
Хэгъэгур къэтэгъэгъунэ.
Пшъашъэхэр, тэ шъукъытаж,
КӀасэхэр, тэ шъукъытаж.
ШъугукӀэ тэ шъутигъусэшъ,
ШӀулъэгъур зыкӀи мыкӀуаси,
Чэщыри псынкӀэу ӀокӀотышъ,
Нэфыри нахь шӀэхэу мэшъы.
Пшъашъэхэр, тэ шъукъытаж,
КӀасэхэр, тэ шъукъытаж.
ШъуинэплъэгъукӀэ тыкъыкӀэхъопсы,
ПкӀыхьыкӀэ тыкъышъулъэӀэсы.
Сыдигъуи шъо тышъуигъусэм
Фэдэу шъущэрэхъух, тикӀасэх.
Пшъашъэхэр, тэ шъукъытаж,
Бжыхьэри зэдытипӀалъ.
Шъуиписьмэ тхьапэ къытфэсмэ
ГушӀуагъэоу тиӀэм зеӀэты,
ДзакӀохэр купэу тыщысмэ
Шъуикъэбар дахэ тэӀуатэ.
Пшъашъэхэр, тэ шъукъытпаплъ,
Гъатхэри зэдытипӀалъ.
КӀалэхэм тэ дэгъоу тэшӀэ:
Пшъашъэхэм шъо шъушӀуабэ
машӀэ,
Ау зибэ шӀагъэм имакӀэ
ШӀэжьынба, тэ шъукъытпаплъ.
АӀорэм шъо шъупымылъ,
Бжыхьэри зэдытипӀалъ.

## КIАЛЭХЭР, ШЪО ТЫШЪОЖЭЩТ

(Пшъэшъэ орэд)

Къулыкъур чанэу зешъухьанэу
ЩэIагъи лIыгъи шъухэлъынэу
Тэ зэпшъэшъэгъухэм тышъуаджэ,
Джары зыфаер тикъуаджи.

> КIалэхэр, шъо зыжъугъэбланэх,
> Тигупсэр хэгъэгоу — тян.

ШъуиписьмэкъэсмэтэгушIо,
КIэрыкIэу кIэтэджыкIыжьы.
Шъуикарты цIыкIухэр тэгъашIо,
ТшIодахэу бэрэ тяплъыжьы,
(ТыгъукIэ бэрэ тяплъыжьы)

> КIалэхэр, тыкъышъожэщтых,
> Тыгуми шъо шъуарылъыщт.

Гъэтхэ къэгъагъэми фэдэу
ШIулъэгъум зыкъызэIуехы,
Шъощ пае тэ тиорэдэу
КъатIорэм шIуфэс къышъуехы.

> Пшъашъэхэм зэдетэгъашт,
> КIалэхэр, шъо шъукъэмыщт.

Фаеми орэкIымафэ,
Фаеми орэгъэмафэ,
ТешIэрэп зы сыхьатыпэ
ТшIэ тшIомыигъоу шъуигуапэ.

> Псэлъыхъо мафэу шъутиI,
> КIалэхэр, чэфэу шъущэI.

Пшъашъэхэм тиIуагъэ пытэ,
Гъэ минми шъо тышъупэплъэщтых,
КIалэхэр, шъугухэр жъугъэпсэфы,
Тышъожэщт шъукъэсыжьыфэ.



## ПШЪЭШЪЭ УДЖ ОРЭД

Зэпшъэшъэгъухэм тэ тэудж,
Тиджэгу нахьышIу тыфэмый,
Орэд чэфыр къэтэгъадж,
ТищыIакIи тэ ялый,
ТищыIакIи тэ ялый.
Тэ къытфаер псэлъыхъо къэрэкIу,

Тэ зыкIали тхэмытыхэу тыкъэшъон тлъэкIыщт,
Пшъэшъэ уджым, пшъэшъэ джэгум фэдэ тэ къикIыщт.
ШъуекIокI, нынэ, шъуекIокI, дахэ, пкIэнчъэу шъущымыт.
КъыттекIощтыр хэтми къыкъорэкI.

Тэ къэгъагъэм тыфагъад,
Псэлъыхъохэр шъукъытхад,
Ау армэухэр шъуIукIот,
Чъыяпхэри щыдгъэзый,
ПцIыусыри щыдгъэзый,
ШъуигъэпсыкIэ теплъымэ къэтшIэщт.

Тэ зыкIали тхэмытыхэу тыкъэшъон тлъэкIыщт.
Пшъэшъэ уджым, пшъэшъэ джэгум фэдэ тэ къикIыщт,
ШъуекIокI, нынэ, шъуекIокI, дахэ, пкIэнчъэу шъущымыт.

УкIэлэныр тхъэгъо дэд.
ТикIэлэгъу тэ сыдым фэд!
Уахътэр пкIэнчъэу блэмыгъэкI!
БлэбгъэкIымэ — уIэнэкI!
Арышъ, ныбжьыкI, зыгъэчан,
Армырымэ пчэгум укъинэщт.

Тэ зыкIали тхэмытыхэу тыкъэшъон тлъэкIыщт,
Пшъэшъэ уджым, пшъэшъэ джэгум фэдэ тэ къикIыщт,
ШъуекIокI, нынэ, шъуекIокI, дахэ, пкIэнчъэу шъущымыт,
КъыттекIощтыр хэтми къыкъорэкI.

## СЫДА КЪЭХЪУГЪЭР ДЖЫ...

Уадэжь сыкъакIомэ, сидэхэ цIыкIу,
НэмыкIы шъыпкъэр джы уигъэпсыкI,
Унэхэр плъызэу чыжьэуи маплъ —
Сыд къыпщышIыгъи джы?

УгушIубзыоу, ушъэбэ цIыкIоу
СыпIукIэ къэси о ущытыгъ,
Усигонэсэу услъытэгъагъ,
Сыдыр къэхъугъи джы?

Сыды хъопсапIэм угу ептыгъ,
Нэмыплъы джагъом сеогъэукI,
Мы чылэ кIалэмэ санахь мыдэй, —
ГукIэгъу къысфэшIба о!

Нэфылъы жъуагъори шъхьашыгурыс,
Пчыхьэшъхьэ жъуагъори лъэпэ нэфын,
УкъимыкIыхэу губгъошхом уит, —
Сыд ибгъотэщтри ащ?

Зэ нэфышъагъом сыоплъэкIуагъ,
Коцы дышъэплъым плъакIо укIуагъ,
Сады кIыгъакIэм тхылъым удеплъы, —
Сыд хэбгъотагъэри ащ?

Унэпцэ щабзэхэр пытэу зэдыс,
Сыды гупшысэм угу ептыгъ?
Гъусэ сызфэшIба, сибзыу кIэракI,
Сыгу зэгоутыри шъыу.

Орденыр жъуагъоу убгъэгу щэжъыу,
О уишIушIагъи Москва щаIуат,
Iуагъэу тиIагъэр угу къэгъэкIыжь,
Пчэгум сыкъимынэба сэ.



## АПЭУ ШIУ ПЛЪЭГЪУРЭР

Апэу шIу плъэгъурэр гум щыщы мэхъу,
УанэIу зэрикIэу зэкIэм улъэхъу.
ШIу сэ слъэгъугъэр нэпцэ зэхакIи,
СанэIу кIэтэу ар къыздекIокIы.

Сэ сигупшысэ кIалэм ымышIи
Сыдэу гулъытэ зи ащ имыIи.
ШIулъэгъуныгъэм хэхъо зэпыта,
Таущтэу сыгу филъыр кIалэм есIощта.

Шъэфэу сэ сиIэм ышъхьэ къисхынти
ШъхьакIо симыIэу цIыфмэ аIони.
Зыщысэгъэгъупшэ, зыблесэгъэхы,
Ауми ынитIу сэ сыдахьыхы.

Гупсэфыныгъэр сшIокIодыгъапи
Ауми сэгугъэ, сэ сэгугъапэ.
Нэпцэ зэхакIэр сщымыгъупшэни,
ШIулъэгъуныгъэм тызэфищэни.

## ТЫДЭ УЩЫIЭМИ УКЪЭЗГЪОТЫЩТ

СызыкIэхъопсэу сызыфэягъэр,
ЦIыфыбэм уакъыхэсхыгъ о,
Гу къыслъымытэзэ, сэ узблэкIыгъи,
Тэ ухъужьыгъэри о.

Чэщныкъо ужым сэ сыкъэущыми
Сапашъхьэ уитэу къысшIошIы,
Псэлъыхъо къакIорэм о уахэмытми,
Сыгу шIу пфилъыри о.

Пчыхьэшъхьэ жъуагъом зыкъегъэлъагъо,
Сымылъэгъухэрэр оры,
Къэгъагъэм тыгъэпсыр зэрищыкIагъэу
УсищыкIагъэри о.

Семызэщыхэу зыфэсэплъахы,
СэрыкIэ мафэри кIахьы...
Тыдэ сыщыIэми сыгу о къыплъэхъу,
Ар пшIошъы гъэхъури о.



## КУШЪЭ ОРЭД

Чъые, чъые, синаныу кIас.
Чъые, чъые, силъфыгъэ дах,
Гъэтхэпэ мазэм укъысфыдэхъу,
Бгъэшхъуанэр унэу укъысфэтэдж.

А-и-й, а-и-й, насыпыр зихъой,
А-и-й, а-и-й, сишъаоу згъэхъый.
Совет жъуагъор о къыпшъхьащыт,
Къэгъэгъэ дахэу укъыдещай.

Лау, лау, зынэгур дэхащ,
Лау, лау, зыгу цIыкIур чэф.
Тиорэды чэфы укъыкIэдэIоу
Тхъэгъо гъогушхом о утехьагъ.

А-и-й, а-и-й, зыIапшъэри фыжь,
А-и-й, а-и-й, зыкIышъори шъаб.
Уинэнэ кIасэм ыбгъашъо укIэлъ,
ЛIыхъужъ ухъунэу орэд къыпфеIу.

## СЫКЪЫЗЭХЭПШIЫКIЫРЭБА О

Уадэжьы сыкъежьэмэ,
ОсIощтыр къэсэпчъи, дэхэцIыкIу,
Уадэжьы сыкъэсымэ,
Сэ сыбзэ еубытыри,
СыкъызэхэпшIыкIырэба о?!

Бэрэ сыкъыпфакIо о,
Ащ сэ гу лъысэтэ, Дэхэнагъу,
СыкъэкIонэп сэIо шъхьае,
Сыгу къысщэгусэри,
СыкъызэхэпшIыкIырэба о?!

ЛIалъэр къысэптыщтымэ,
Бащэ темыгъашIи, Дэхэнагъу,
Ащ блэкIыжьмэ усимыIэу
СыщыIэн слъэкIыщтэпи,
СыкъызэхэпшIыкIырэба о?!



## ДЭХЭНАГЪО ИДЖЭУАП

Гум унашъо фэпшIыкIэ
ШIу ащ уилъэгъущтэп, ор зикIал,
ТымгъэгуIэу тыпэгъаплъи
Къэхъущтым теплъыныри,
СыкъызэхэпшIыкIырэба о!?

Бэрэ укъысфакIокIэ
Иягъэ къэкIощтэп, сигопэщт,
СанэIу о уитымэ,
НахьышIу услъэгъущтыри,
СыкъызэхэпшIыкIырэба о!?

Гум унашъо фэпшIыкIэ,
ШIу ащ уилъэгъущтэп, ор зикIал,
ТымгъэгуIэу тыпэгъаплъи
Къэхъущтым теплъыныри,
СыкъызэхэпшIыкIырэба о!?

## СИ АЮБ

Псэлъыхъо кӀалэмэ, а си Аюба,
Гъогур къаубэри о,
Сыкъаплъэ къэсыми
Укъэмылъагъуи,
Сыд пае ащ уахэмыт?

Іофым уфежьэмэ, а си Аюба,
Апэ о уитыри о,
Ащ фэдэу сыд пае
Псэлъыхъо ІофыкӀи
Умыпэрытыри о.

Гъэтхэ къэгъагъэхэр, а си Аюба,
Пшъашъэмэ къызэӀэпах,
ШӀулъэгъу дахэуи
ОрыкӀэ сшӀыгъэр
ХэтыкӀи сымыхъожьын.

О узыслъэгъукӀэ, а си Аюба,
Гу цӀыкӀур ӀэшӀоу къытеу,
Мы дунэешхори
Сфимыкъужьыхэуи
Пстэуми схашӀыкӀэу сычэф.

Сыпщэнэу оӀомэ, а си Аюба,
ОрыкӀэ сыхьазырыпс.
Сыгу укъыридзэмэ
Сщигъэгъупшэнэуи
Псэлъыхъо чылэм дэмыс.



## ДЗЭКӀО КӀАЛЭМ ИОРЭД

Къулыкъу щысшӀэнэу тидзэ сызежьэм,
УкъысфэгушӀозэ сыбгъэкӀотагъи о,
Сыгу къыгъэчэфэу о уигущыӀэ
Сэ сыгу ухэлъ къысэпӀогъагъэри.

Укъысфэзэщэу укъысэжэнэу
КъысэпӀогъагъи, сицыхьэ птелъи о,
Арэу щыт шъхьакӀэ, сыгу мэгумэкӀы,
Уиписьмэ тхыгъэ сэ сшӀуабэ дашӀэри.

Ситхьэркъо фыжьэу, сыпсэми фэди,
Хэт къыпфэкӀуагъэми умыгъэгугъэри,
Зынэхэр нагъор, о сыпфэшъыпкъи,
ШӀулъэгъуныгъэр пфэсэухъумэ сэ.

Дзэм сыкъикӀыжьымэ сыкъыпфэсыни,
Нэплъэгъу дахэкӀэ тызэдэхашӀэзэ,
ТигухэлъышӀу зэтӀотэжьыни,
Тадэжьы занкӀэу нысэу усщэни сэ.

## ПШЪАШЪЭМ ИДЖЭУАП

Тхьэркъо жэгъуфыр о къысэоӀо,
Сым исурэтыкӀэ о укъысаджэ сэ.
О уикъэбари сэ сыдэгуӀэ,
Зэхэсымыхымэ сэ сыгу мапэри.

Псэлъыхъо Ӏаджи сэ къысфыкъокӀы,
Ау сыд ащ аӀоми сыдамыхьыхыри,
Ощ нэмыкӀы сынэ емыплъи,
Сэ сыгу илъыр оры, сикӀэсэ закъу.

ДзэкӀо лӀыхъужъыр къызэрябгъаӀоу,
Хэгъэгоу тянэр сакъэу къэухъумэри,
Пшъэшъэ гущыӀэр къэзгъэшъыпкъэжьэу
Укъэсыжьыфэ сэ сыпэплъэни о.

О къэбгъэзэжьымэ лъэшэу сигуапэуи,
СыгушӀубзыоу сыкъыппэгъокӀыни о,
Сэ сигущыӀэ згъэцэкӀэжьыни,
ТитӀо егъашӀэм тыкъзэфэнэни тэ.

Гухэлъы дахэр бгъэцэкӀэжьыныр, ей,
ГушӀуагъо, тхъагъо, насыпыгъэшхуи о,
ШӀулъэгъуныгъэр къабзэмэ — дахэ,
Нэкум ар фэдэу къэтыухъумэни тэ.



## ЯРЭБИ

(Сэмэркъэу орэд)

О ярэби, ярэби,
Мы чӀым тетыр пшъэшъаби,
Зым адырэр нахьы дах,
Гури нэри ащ пӀэпах.

О ярэби, ярэби,
Мы чӀым тетыр пшъэшъаби,
КӀэлэ пчъагъэ къафзэблэкӀ,
ЛӀыжъ тхьапэфхэр афзэплъэкӀ.

О ярэби, ярэби,
Мы чӀым тетыр пшъэшъаби,
Уц къэгъагъэр гум къагъэкӀ,
Мы дунаер къядэхэкӀ.

О ярэби, ярэби,
Мы чӀым тетыр пшъэшъаби,
Къэзщэгъахэу лӀы хъущэ
АфэмыхъукӀэ зылъащэ.

О ярэби, ярэби,
Мы чӀым тетыр пшъэшъаби,
Узы зиӀэр агъэхъужь,
ЗимыӀагъэр къэсымадж.

О ярэби, ярэби,
Мы чӀым тетыр пшъэшъаби,
Зыфаехэр къадэхъу,
Ахадэрэр мэдэхъу.

## ТЭТЭЖЪ ДЫШЪ

(Сэмэркъэу орэд)

Ыжэкlэ упсыгъэ
Тыгъэпсыр щэджэгу,
Ицокъэ лъэкlыгъэ
Гъунджэкоу мэлыды.

Ар тэтэжъы дышъэу
Зыныбжь илъэсишъэм
Изекlокlэ-шlыкlэ
Уегъаlо ныбжьыкlэ.

Iофышlэ мыпшъыжьэу
Жьыми дэчэрэзы,
Лlыжъы lэжьы-лъэжьэу
Хьаблэр егъэразэ.

Гушlуагъом зэрихьэу
Лlыжъы гохьышъ гохьы,
Сэмэркъэу дахи
Цlыфымэ ахелъхьэ.

Непэ зыщэ-зыплlэ
Ишъуашэ зэблехъу,
Тэтэжъы зигъэлlэу
Ашlуежьэ псэлъыхъо.

Пшъэшъэ зидэкlогъумэ
Мыпшъэу алъэушъы,
Накlи ащ афешlы,
Джэгум къащыдешlэ.

Цlыкlуи ини зэкlэ
Тэтэжъ еупчlыжьы,
Хэти фэдэу гупкlэу
Джэуап аретыжьы.

Ар тэтэжъы дышъэу
Зыныбжь илъэсишъэм
Изекlокlэ-шlыкlэ
Уегъаlо ныбжьыкlэ.



## ЩЫIАКIЭМ КЪЕГЪЭНЫБЖЬЫКIЭ

(Нэнэжъым иорэд)

Щыlакlэм къегъэныбжьыкlэ,
Загъори орэд кlеlукlы,
Гукlэгъур нэнэжъ къебэкlы,
Быными ар къыдекlокlы.

Нэнэжъым нахь дэхэlуалэ
Хэмысэу аlо тихьаблэ,
Унапчъэр гушlоу къыlуехы,
Иlанэ хэти пегъохы.

Зэщыгъо зыримыгъафэу
Сыд фэдэ lофи зэкlефэ,
Шъхьахынэу зыкlэмыlэжьырэ
Лlыжъыхэр шlоу къырефэкlы.

Гъунэгъу ныохэр мысэмэ
Нэнэжъыр атегыяхьы,
Нысэ убыныр зикlасэмэ
Губжыгъэу зафырегъэхы.

Гъунэнчъэшъ ащ игъэшlуабзэ
Нысэмэ бэрэ яубзэ,
Ежьыри «тинэнэ гуащэр,
Тигощэ нэфыр» къыраlо.

Нэнэжъы кlасэр губзыгъэшъ
Пшысабэ шlагъоу къеlуатэ,
Сабыймэ шlулъэгъу фашlыгъэшъ,
Сыдигъуи псынкlэу къагъоты.

Тыгъэпсэу гушlонэфынэр
Нэнэжъым ынэгу къыкlэпсы,
Исэмэркъэуи гъогупэшъ,
Ынапэ чылэр кlэхъопсы.

Нэнэжъ гупсэ бэрчэтышъ
Чэфышхор унэм къырелъхьэ,
Унэгъо лъапсэуи хъугъэшъы,
Орэдым шlукlэ хэтэлъхьэ.

## ХЭКУМ ИДАХЭ КЪЫЩЕЖЬЭ

(Псэйтыку иорэд)

Адыгэ хэкум идахэ
Псэйтыку гъунэм къыщежьэ,
Чъыгыбэу икъоджэ кIахэ
Щытыхэр жьыбгъэм зэлъежьы.

Псэйтыку ыгупэ фабэ
Сэ бэрэ сыкIигъэлъыгъ,
ДэнапIэу икушъэ шъабэ
СигъашIоу сыхигъэлъыгъ.

Мэзы ныбжьыкIэр икIэи
Зэдиштэу дахэу къыщэкIы,
Гъэтхапэм ащ ихэгъуашъхьэ
Къэгъэгъэ Iуашъхьэу къэлъагъо.

Пщынэхэр зыгъэгущыIи,
Бзыум фэдэу орэд къэзыIуи,
Пшысэ Iотэным фэIази
Псэйтыку къуаджэм бэу дизи.

Псыхъори ащ къеIушъашъэ,
Ипынджы коныр къеушъэ,
Ухагъэплъыхьэу пшъэшъабэ
Зыдэсыр ти Псэйтыкуба!

Адыгэ къуаджэу Псэйтыку
Насыпыр джы къыдэтэкъу,
Къуаджэхэм ауж къимынэу
Къалэми янэкъокъужьы.



## СЭРЫКIЭ ТЫГЪЭУ УНЭФЫН

Услъэгъуным сыкIэхъопсэу
Тэ укIоми сэ сыкъэсы,
Жъогъо мафэу укъысфепсэу
ЦIыфэу щыIэм уакъыхэпсы.

Сэ ощ пае машIуи псыхъуи
Зи сщымыхъоу зэпыстхъуни,
ПкIыхь пэублэу сиIэр оры,
Синасыпыр о зыр ары.

IэшIу-IэшIоу сыгу ухэлъэу
Ощ пай орэд зэхэсэлъхьэ.
ТитIо гъусэ зытэгъэшIи,
КIымафэри гъатхэу тшIыни.

Уц къэгъагъэу чIышхом тетыр
Зы Iэрамэу сэ остыни,
О санэIу ренэу ити,
Сэ згъэшIэщтым нахь хэхъони.

ЦIыфы цIыкIум гъашIэу иIэр
ЛIэшIэгъу пчъагъэу амылъыти,
Ау шIулъэгъоу о пфысиIэр
СыщэIэфэ сымыухыщти.

Жъыу:
Синэскурэу-нэскурын,
СэркIэ тыгъэу унэфын,
Синэскурэу-нэскурын,
О къурмэнэу сызфэхъун.

## ШIУ УСЛЪЭГЪУИ, ЗЫЗГЪЭУНЭЖЬЫГЪ

Жъогъо минмэ ошъогум хадыкI,
О унитIуи ащ къахэлыдыкI,
Сыгу къысиIуи, шIу о услъэгъугъ.
ШIу услъэгъуи, зызгъэунэжьыгъ.

О уиIуплъэ нэфылъы IэпакI,
О утеплъэ сшIотыгъэпсызакI,
Пшъэшъэ минмэ о уакъыхэсхыгъ,
ШIу услъэгъуи, зызгъэунэжьыгъ.

Бзыу минмэ къаIо яорэд,
УядэIункIэ ахэм гохьы дэд,
Уиорэды сэ сыдихьыхыгъ,
ШIу услъэгъуи, зызгъэунэжьыгъ.

СишIулъэгъу сэ оркIэ мыкIосэн,
Уищхы макъи сыгу имыкIын,
Угу екIоу лъагъо сэ хэсхыгъ,
ШIу услъэгъуи, зызгъэунэжьыгъ.

Ощ нахь дахэ щымыIэу сэ сIощт,
АщкIэ хэти сэ сенэкъокъущт,
Гум ифабэ пфэзгъэхьазырыгъ,
ШIу услъэгъуи, зызгъэунэжьыгъ.

Гъунэ иIэп оркIэ сишIулъэгъу,
Тэ сыкIоми о усигъогогъу,
Насыпи гушIуагъуи къысфэпхьыгъ,
ШIу сыплъэгъуи, сыбгъэунэжьыгъ.



## СЫДА АДЭ СШIЭЩТЫР?

Пшъэшъэ шъхьацы тIыргъор —
Ор зынитIур нагъор,
СымышIахэу шIу сIэкIэлъэгъуагъ.
ЫпэкIи сыкъэкIы, ыужи зысэшIы,
Ау ащ зи амал фэсымыгъот.
Iофы сызыхэтыр,
Сыда адэ сшIэщтыр?
Хэт джэуап сфэхъущтыр?

КъэшъуакIор икIасэу
АIоу зэхэсхыгъэ,
СыкъэшъуакIоу ащ пай зызгъэсагъ,
Ау ар къыздэмышъоу нэмыкIы
къыдашъо,
Зэ закъокIи ынэ къысэмыплъ.
Iофы сызыхэтыр,
Сыда адэ сшIэщтыр?
Хэт джэуап сфэхъущтыр?

ОрэдыIо кIалэу
Пшъашъэр зыфаер
Ипшъэшъэгъумэ къысфыхагъэпсыгъ.
Ащ фэшI сыдэгуIэу орэды
къэIуакIэ
ЗэзгъэшIагъэ шъхьае, зи къимыкI.
Iофы сызыхэтыр,
Сыда адэ сшIэщтыр?
Хэт джэуап сфэхъущтыр?

Зы Iофи къемылэу,
Анахь кIэлэ бланэу
КъыкъокIырэм ыгу еIущт къысаIу.
Ар сэ сшIошъы хъугъэу Iофым
сыщпэрыти,
Ау гугъапIэ пшъашъэм къысимыт.
Iофы сызыхэтыр,
Сыда адэ сшIэщтыр?
Хэт джэуап сфэхъущтыр?

## ХЭТ ЫIУИ ЩЫСЭГЪЭЗЫЕ

Фыжьыбэ пшъхьацы хидзагъэу,
Унэгуи лъэшэу зэлъагъэу
Ныбджэгъумэ о къыуаIокIы,
Ахэмэ сыгу хагъэкIы.

Зы фыжьи пшъхьац химыдзагъэу,
Унэгуи о зэмылъагъэу,
КъысшIошIы о уныбжьыкIэу,
Апэрэу услъэгъугъакIэу.

Угу игъунджэу — унитIу
ШIукIаеу джы къащыкIагъэу,
МашIоу акIэлъыр плъыкъуагъэу
ЗытIущэ аIоу сэIугъэ.

Хэт ыIуи щысэгъэзые:
УнитIу ямашIо бзыйхэр
ШIулъэгъум илъэгъохэщэу
Сыдигъуи сыгу къыдащае.

Тыныбжьы тыкIэгушIужьы:
Сабыйхэр къэкIых таужы,
ТлъэужхэрхамыгъэкIуакIэу
Дунаир агъэкIэракIэ.

КIэлэгъоу зэдэдгъэшIагъэм
Джырэ нэс тыкъегъэфабэ,
ЩыIэкIэ дахэу гушIуагъом
НасыпкIэ тигъогу къефапэ.



## САБЫИМ ИОРЭД

Чэщыр Iэгум къыдэхьагъ,
Ищатыри къыгъэIагъ,
Сади мэзи заушъэфы,
ЦIыкIуи ини загъэпсэфы,
УнапIэхэр зэтелъхьажь,
СицIыкIу, дахэу хэчъыежь!

Чэщыр Iэгум къыдэхьагъ,
Къолэбзыухэри Iэсагъ.
Огум жъуагъохэр щэшIэт,
Мазэр гушIоу ащ ахэт.
Чэщым пстэури хэпазэ,
Синэф, сибгъашхъу, сыгъэраз!

Чэщыр Iэгум къыдэхьагъ,
Ищатыри къыгъэIагъ.
ДэнэзакIэр — о уикушъ,
УзипIурыр — хэгъэгу дышъ,
Чэщ рэхьати о къыокIу,
Чъые IэшIум узэлъекIу.

УикIэлэгъу о насыпышIу,
Уигъогупэ уегъэгушIу,
Маим фэдэу, ар нэфын,
Узыфаер къыбдэхъун!
ПкIыхь дэхабэ о олъэгъу,
СиIубыжъыеу сишIулъэгъу.

## СИОРЭД

Тэ тихэгъэгоу тянэм ычIапIэ
Ипэубл сэ сиорэды,
Зэкъошныгъэу зынахьы лъапIэ
ЩымыIэр — сэ сиорэди.

Уцы къэгъагъэу тыгъэпс зыхэлъыр—
Сыдигъуи сэ сиорэди.
Сабый цIыкIоу гушIор зиIуплъэр
Насыпышъ — сэ сиорэди.

Псыхъо Iупчъапчъэу блэчърэр тичылэ
Къежъыу сэ сиорэды,
Жъогъочъэ дахэу зэлъыутысэу
Быбырэр — сэ сиорэди.

Губгъо гъэбэжъуи тиогу къаргъуи
Игъусэх, сэ сиорэды,
ШIулъэгъуныгъэм пытэу илъагъо
Техьагъэр — сэ сиорэди.

Пшъэшъэ дэхабэм яIуплъэ фабэ
ГушIуагъошъ — сэ сиорэди,
Амэкъэ чэфи якIокIэ шъаби
Гущэфышъ — сэ сиорэди.

Гур къэзыIэтэу адыгэ джэгур
Хъярышъы — сэ сиорэди,
Гъомылэр тизэу Iанэр типчэгу
Итышъы — ар сиорэди.



## СЭЛАМ ЯСЭХЫ

Гъэбэжъум кIэщакIоу
ЛэжьакIоу фэхъугъи,
ИшIуагъэ къыгъакIоу
Iэхъогъур зыIыгъи
ЗгъэлъапIэу, згъэшIуапэу
Сэламыр ясэхы,
Сэламыр ясэхы.

Щылычыр зыуIуи,
Орэдыр къэзыIуи,
ГуIэтэу о къаргъуи,
Дэхащэу къэгъагъи
Фэбагъэр къахихэу
Сэламыр ясэхы,
Сэламыр ясэхы.

Зичъые къыщыкIэу
Псауныгъэм фэбани,
Гу къабзэм къыпыкIэу
ЗиIанэ тфэзышIи
Зэдатштэу, зэдатшIэу
Сэламыр ясэхы,
Сэламыр ясэхы.

Батырэу дзэкIолIэу
Къулыкъум ехъулIи,
Блэнагъэр зигъусэу
Жъуагъомэ яшэси —
Гулъапсэм сэ къисхэу
Сэламыр ясэхы,
Сэламыр ясэхы.

Фыртынэм пэшIуекIуи,
Къиныгъом къытекIуи,
Гъэхъагъэ зышIыгъи,
Быракъыр зыIыгъи
Гу фабэм къыпыкIэу
Сэламыр аIокIэ,
Сэламыр аIокIэ.

Унагъом ылъапси,
Зэпстэуми ягупси,
Къэзщагъи дэкIуагъи
УнакIэм чIэхьагъи
Дунаем зэхихэу
Сэламыр ясэхы,
Сэламыр ясэхы.

## СИКIАСЭМ ИПИСЬМЭ КЪЭСЫМЭ

СикIасэм ипиcьмэ къэсымэ —
Нахь лъэшэу тыгъэри къепсы,
Жъуагъохэр нахь зэлъэнэфы,
Бзыухэри сэ къыздэчэфы.

СикIасэм иписьмэ къэсымэ —
Ымакъэ сэ зэхэсэхы,
Мары сэлами къысехы,
Къэгъагъэр сэ къыспегъохы.

СикIасэм иписьмэ къэсымэ —
Итхьэпэ тхыгъэ сынэсымэ,
НэмыкIэу дунаир мэхъу,
Псыхъомэ ячъэ рагъэхъу.

СикIасэм иписьмэ къэсымэ —
Орэдыр сыгу къыхедзэ,
Ащ дахэу зызэригъэпси,
ИшIыкIи санэIу къыредзэ.

СикIасэм иписьмэ къэсымэ —
Жъуагъохэр къысэнэкIао,
ЫIэхэр сэ сIэ къынэсы,
Тыгухэр къызэдытео.

## ГЪЭТХЭ КЪЭГЪАГЪЭХЭР

Гъэтхэ къэгъагъэми, о-уий,
ЧIыр къагъэдахэри, о-уий,
Дахэ зэтIожьэу тызэдыщыIэмэ,
ШIулъэгъур мыкIосэхэн!

Щэрэхъыр зыкъутэкIэ, о-уий,
Кури къэуцури, о;
ШъхьагъусэгъушIуи уимыIэ
зыхъукIэ,
Гури мэкIодыри, о.

Уахътэр блэбгъэкIымэ, о-уий,
УкIэхьажьыщтэпи, о,
Сыдыгъуи уахътэр хъупхъэм
игъусэшъ,
Уахътэр гъэлъапIи, о.

Жъогъо зэшиблыри, о-уий,
Огум къыщэблэри, о,
Унэ жъогъуитIур сыгу къыщэблэшъ,
Гъэры сашIыгъи сэ.

Гъэтхэ къэгъагъэми, о-уий,
ЧIыр къагъэдахэри, о.
Дахэ зэтIожьэу тызэдыщыIэмэ,
ШIулъэгъур мыкIосэхэн.



## ТАУЩТЭУ ШIУ УСЫМЫЛЪЭГЪУНА?

ПкIэнчъэу шIу услъэгъугъэу
Пшъэшъэгъумэ сэ къысаIокIы,
Ощ нэмыкI сэ симыгугъоу
АIошъы сыгу хагъэкIы.

О шIущэ узфэслъэгъугъэр
Ахэмэ сыдым фашIэна,
Орэдыр зыфыхэсхыгъэр
Орышъы, о къыпфэсIона.

ЦIыфыбэм аIорэр ошIа,
Уиджагъор шъхьащытхъужьына,
Зэрэкъуаджэу цIыфэу уашIошIы,
Таущтэу шIу усымылъэгъуна?!

О уигъэпсыкIэ-зекIуакIэ
НэшIукIэ сыкъыуегъэплъы,
Шъэбабзэу уигущыIакIэ
СшIогохьэу сыкъыкIэдэIу.

ГущыIэ къыуагъотылIэ,
ПшIэрэм гъунэ имыIа,
Сыдигъуи о зыогъэлIы,
Таущтэу шIу усымылъэгъуна?

УнитIу саушхъуахыгъэмэ,
Таущтэу усщыгъупшэна!
Сыгу къыоIугъапэмэ,
Таущтэу шIу усымылъэгъуна?

## СЫГУ ХЭОГЪЭКIЫ

Сызыплъэгъукlэ зэпымыгъэоу
Псэлъэ дэхабэ о къысэоIо,
НитIоу сэ сиIэр угу хэпкIагъэу
Уяплъын ушъхьагъур уиIэу укъакIо.

Укъызбгъодэсмэ, гупшысэ IэшIум
Узэлъиштагъэу сшIошъы огъэхъу.
ШIулъэгъуныгъэм итхъагъуи, титIум
Зэдэдгощынэу сшъхьэкIэ къысщэхъу.

Ауми загъорэ сыгу хэогъэкIы.
НэмыкIы пшъашъэ о уфыкъокIы.
Ащыгъум сыд пай сымыгъэгупсэфрэ?
Садэжь сыд пае о зыкъебгъахьырэ?



## СЯНЭ ЗЫФЭЕ НЫСЭР

Тикъуаджэ щыщэу
Пшъашъэ къэсщэнэу,
Ащ нахь чыжьи
СымыIэбэнэу
Сянэ шIоигъу.
Ау шIу слъэгъугъэу
Дэсэп тикъуаджэ,
Ар бэу игъуаджи.

Ыпкъи ищыгъэу,
ГуащэкIи дэгъоу,
Ышъхьаци кIыхьэу,
Ежьыри гохьэу —
Джащ фэдэ нысэ
Сянэ кIэхъопсышъ,
Зыфэсэплъыхьэ,
Бэу къэсэкIухьэ.

Зы пудрэ цыкъи,
Зы уцы лъэпкъи
Зыщимыфэнэу,
Зимыгъэлэнэу
Фай нысэ сянэ,
Ау сикъэщэны
Пудрэ къамланэр
Изэщыфэгъуи.

ЕпIорэр хахьэу,
Дэгъоу пщэрыхьэу,
ГукIэгъуи хэлъэу,
Бгъунджэуи мыплъэу
Джащ фэдэ нысэ
Фай сянэ гупсэ.
Ау сикъэщэны
Хэлъэп а шэнхэр.

ХэтыкIи нафэ:
Къэпщэныр Iофы —
О узыфаем
Теогъэфэшъуа!
Ныр ыгъэразэу,
Нысэр гоузэу
Тыдэ къисщына,
Хэт къысиIона!?

## СЯНЭ ЗЫФЭЕ МАХЪУЛЪЭР

Мышъхьахэу, чанэу
МэхъулъэшIуи хъунэу,
Псэогъу хэсхынэу
Ным мыгупсэфэу
Къысфыхегъэпсы.

Сыфай ащ шъхьае,
Джы мэхъулъэ дэгъур
Хъугъэ гъэблае.

Унэ шIыгъакIи,
«Волгэ» кIэракIи
ИIэу псэлъыхъо
Сянэ сфылъэхъу.
Ау жьыр иIэгу
КIасэм щэджэгу...
Баеу шIугуащэ
Ари бэу ешэ.

Мэлыжъы Iасэу,
Цыси къымыIоу,
Теплъхьэрэ ихьылъэу
Фай сянэ махъулъэ.
Ау сипсэлъыхъо
Мыхъэр ыгъахъэу
ГъорыкIоу аIо.

КIалэр нэхъоеу,
Ахъщэр ихъоеу,
Ар ишIугуащэ
Дэгъоу дэгуащэу
Фай сянэ махъулъэ.
Ау сипсэлъыхъо
Иджыбэ нэхъушъ,
Щыс зэтIэхъужьэу.

Зы аркъы гъуаткIуи
ЗыIуимыгъаткIоу

ШIоигъу сэ сянэ
ЛIы дэгъу сыдакIо.
Ау сипсэлъыхъо
Зэуи щымыхъоу
Псыемылычыр
Псыхъоу егъачъэ.

## БЗЫУМЭ ЯОРЭД

Бзыу-бзыу, бзыужъый,
Бзыумэ яорэд.
Тэ тежъыу, тэ тежъыу
Бзыумэ яорэд.

ПцIэшхъо нашхъор къытфэбыб,
Ыбгъэ бзыпхъэр телъ.
ИпцIэшхъуакIэ лэныстап,
Къурэр ыжэ дэлъ.

Бзыу-бзыу, бзыужъый,
Бзыумэ яорэд.
Тэ тежъыу, тэ тежъыу
Бзыумэ яорэд.

Тхьаркъо Iасэр къытлъэхэт,
Чэфышъ пкIэтэ-лъат,
Iусы IэшIур ащ етэт,
Ышъуи зэпэшIэт.

Бзыу-бзыу, бзыужъый
Бзыумэ яорэд.
Тэ тежъыу, тэ тежъыу,
Бзыумэ яорэд.

Пчэндэхъумэ загъэхъупхъ,
Iусыр къыхаупхъу.
Янабгъохэр къэдгъэIагъ,
Ахэр тэ тиблагъ.

Бзыу-бзыу, бзыужъый,
Бзыумэ яорэд.
Тэ тежъыу, тэ тежъыу,
Бзыумэ яорэд.

Щыры цIыкIухэр къытфыращ,
Ахэм тямызэщ.
Ажэ цIыкIухэр ащ зэкIащ,
Ныхэм афэзэщ.

Бзыу-бзыу, бзыужъый,
Бзыумэ яорэд.
Тэ тежъыу, тэ тежъыу,
Бзыумэ яорэд.

Япхъэкӏычхэр чау-чау,
Чылэр къагъэдаӏу,
Бзыу цӏыкӏухэм шъо шъуямыу,
Яшӏуагъэ къагъакӏу.

Бзыу-бзыу, бзыужъый,
Бзыумэ яорэд.
Тэ тежъыу, тэ тежъыу
Бзыумэ яорэд.

## ТЯНЭ-ТЯТЭМЭ ЯОРЭД

Цӏыфыр щэӏэфэ анахь икӏасэм
Орэдым хэлъэу сэлам рехыжь,
Тэ тызыпӏугъэмэ тэ ятпэсыгъэр,
Ей, орэдым иорэдыжь.

Къэралы кӏасэу тызыгъэсагъэм
Тищыӏэныгъэ къегъэкӏэракӏ,
Тянэ-тятэу къыддэлэжьагъэхэм,
Ей, къытатыгъэр насып щыӏакӏ.

Тыгъэм ифабэ зэпымыуахи,
Шъуигуфэбагъэ къыщымыкӏах,
Гукӏэгъоу шъухэлъым гухэр къеӏэты,
Ей, къарыур шъо къытэшъот.

Цӏыфыр ӏумафэу, бэгъашӏэ хъунэу
Мы тиорэди къыхэтыдзагъ,
Шъхьаджы ичэфы къыхигъэхъонэу,
Ей, насыпыр тэ къытфэкӏуагъ.

Цӏыфыр дэлажьэ, чъыгыр къегъэкӏы,
Тэ тызыпӏугъэхэр тыгу имыкӏ,
Шъо шъузытлъэгъукӏэ тщиз тэ
къытхахъо,
Ей, тэ тянэх, тятэх, шъопсэу!

## СЭ СЫНЭКIЭ ЗЭКIЭ КЪЫОПЛЪЫГЪЭЕМЭ

Сэ сынэкIэ зэкIэ къыоплъыгъэемэ,
Ощ нахь дахэ амылъэгъухэни.
Сэ сынэкIэ зэкIэ къыоплъыгъэемэ,
О унитIу орэд фаусыни.

Сэ сынэкIэ зэкIэ къыоплъыгъэемэ,
Ощ нэмыкIы игугъу амышIыни.
Сэ сынэкIэ зэкIэ къыоплъыгъэемэ,
Чэщи мафи агу о уилъыни.

Сэ сынэкIэ зэкIэ къыоплъыгъэемэ,
ГущыIабэ фабэу къыпфаIони,
Сэ сынэкIэ зэкIэ къыоплъыгъэемэ,
Зы нэбгыри угу химыгъэкIыни.

Сэ сынэкIэ зэкIэ къыоплъыгъэемэ,
Къэгъагъэхэр бэрэ къыуатыни.
Сэ сынэкIэ зэкIэ къыоплъыгъэемэ,
Зэ теплъэгъум шIу о уалъэгъуни.

Сэ сынэкIэ зэкIэ къыоплъыгъэемэ,
Джэгум апэу укъыщагъэшъони.
Сэ сынэкIэ зэкIэ къыоплъыгъэемэ,
Псэогъу фаер о къыохъопсэни.



## ЛЭЖЬЭКIО ОРЭД

Тызычы-зыпчэгъоу, тIэхэр зэкIэдзагъэу
Етхьыжьэрэ Iофыр гъунэм нэтэгъэсы,
Сыхьат мэфэ шъыпкъэ зэкIэхэм тежьагъэу,
Тыгу зылъыIэсрэм Iэкlэ тылъэIэсы.

О, кIегъэщ, кIегъэщ, орэдым кIегъэщ,
ДэгъукIэ тикупы о зыкъыхэгъэщ.

Бзыум нахьы лъагэу тиорэд зеIэты,
Тидэнэ быракъхэр жьыбгъэм дэбыбатэ,
ТшIэрэр тэ тшIомакIэу тапэ етэгъэхъу,
Тиморадхэр дахэшъ, зэкIэ тэ къыддэхъу.

О, кIегъэщ, кIегъэщ, орэдым кIегъэщ,
ДэгъукIэ тикупы о зыкъыхэгъэщ.

ШIэныгъэр тигъусэу хъопсагъоу тэпсэу,
ЗэшIотхырэ Iофым насыпыр къыдакIо.
Тэ тызэрэфаеу тищыIакIэ дгъэпсэу,
ЦIыкIуи ини тхэтым ишIуагъэ къегъакIо.

О, кIегъэщ, кIегъэщ, орэдым кIегъэщ,
ДэгъукIэ тикуп о зыкъыхэгъэщ.

Коммунизмэ жъуагъом инурэ къыттепсэ,
Советы хэгъэгум чIыгур дэкIэракIэ,
Чыжьэу зызыдзыгъэр пытэ дэдэу тлъапсэ,
ЦIыфыр зыгъэинрэр тхъагъоу тищыIакIэ.

О, кIегъэщ, кIегъэщ, орэдым кIегъэщ,
ДэгъукIэ тикуп о зыкъыхэгъэщ.

## ПШЪАШЪЭМ ИГУПШЫС

Бэрэ сыщысыгъэу къысаIокIы,
А къэбарыр къуаджэм къыщекIокIы.
Ау IэшIэхэп удэкIоныр,
Псэогъу пшIыщтыр къыхэпхыныр,
Пшъэшъэ пстэуми ар о къыуаIон.

ЛIыкIо пчъагъэ зы кIалэ къегъакIо,
Фай ар лъэшэу сытэджэу сыдакIо.
СыдэкIона — янэ ябгэ,
Нысэ пчъагъэ къыфащагъэшъ,
ТызэмыкIумэ гухэкI къыхэкIын.

Хымэ къоджэ кIалэм сыдэкIонти,
Шыпхъу закъоу иIэр нэиути.
Таущтэу кIалэм сыдэкIона?
Таущтэу пщыпхъум сезэгъына?
НэмыкI къыкъокIыфэ сыщысын.

Къыздеджагъэу зы псэлъыхъо сиI сэ,
Ау янэжъ ащ нысэми тесыхьэ.
Ащ пай кIалэм сыфэгуитIуи,
Сыгу цIыкIуи зеутIыIуи,
СшIэщтыр сэ сымышIэу сегупшыс.

КIэлэ закъуи псэлъыхъомэ ахэти,
Ары шъхьакIэ аркъыр ащ жэхэти.
СыдакIомэ сигъэтхъэна?
Унагъори ришъужьынба?
Имыжъыгъоу жъы ащ сэ сишIын.

Пстэуми агу сырихьэу сэ къысаIо,
Ау сэ сыгу рихьырэр зы закъо.
А зызакъор къысэбгъукIо,
КъысэбгъукIошъ зблэкIи макIо.
КIо, ар къаIо мышъхьакIомэ о!

Ауми сыгу мыкIодэу сэ къэсэхьы,
Псэлъыхъуабэм зыкъысфырагъэхьы.
Синасыпи къахэкIыщт ащ,
Гу щысфэнэу къахэкIыщт ащ,
СыщыIэмэ псэогъуи згъотын.



## КIАЛЭМ ИГУПШЫС

Сикъэщэгъу зыхъугъэр Iаджи шIагъэ,
Сяни нысэ зыфаер бэшIагъэ.
Ау пшъэшъабэшъ щыIэу хъугъэр
Къахэпхыщтыр къэшIэгъуае,
КъызысщэкIэ тезгъафэ сшIоигъу
(ШъхьагъусэшIум зэкIэ елъытыгъ).

Сэ зы пшъэшъэ дахэ сыгу рехьы,
Симызакъоу кIэлабэ дехьыхы.
Ау ар гуащэ фэмыяхэу,
ГучIэр рихэу зэхэсэхы,
Ныр зиджагъор псэогъу мыхъун
(Ныр зиджагъор нысэ дэгъу мыхъун).

ЗигъэIэпэпцIыеу пшъашъэ сэшIэ,
КъыздэкIощтэу лIыкIохэр къысфешIы.
Ау нэфынэу мэгъолъыжьы,
Щэджэгъуанэм къэтэджыжьы,
Унэгъо мышIэжьы техъулIэн
(Чъыяпхэри гъогогъу мыхъун).

Жьырытэджэу сиI сэ зы къэщэни,
Ау къэбарэу пылъым сегъэщынэ:
Янэ шхыныр регъэстылIэ,
ЖэмыIанышъ лIыр елIылIэ,
Шъхьагъусэгъу сшIымэ сымытхъэн
(Зянэ дэир шъузышIу мыхъун).

Пшъэшъэ шъхьацы кIыхьэм сыгу еIу,
Ау ащ макъэ бэрэ къысегъэIу:
«Бэу къегъахъа, «Волгэ» иIа,
ЧIыфэ-хьафым хэтэу щыIа?»
Ар псэогъу сшIымэ сыгуIэн
(Ар псэогъу сшIымэ сымытхъэн).

Сэ сехъуапсэ пшъэшъэ пэтIыракъэм,
Ау еIуантIэ цуакъэм ылъэдакъэ.
«Рестораным тыгъакIу», — еIо,
Шубэ дахи шIоигъу иIэ,
ЗыкIэмIэжьэу унагъор ышIын
(Псы чъыIамэр тиунэ иун).

Зы чылагъо къикIэу пшъэшъэ дахэ
Загъорэ тикъуаджэ къыдэпсыхэ.
Кухьэу уцыр щыцIэлагъэу
Гъунджэм Iоты кIэрыпкIагъэу
(Нысхьапэр псэогъу сфэмыхъун).

Чылэ пшъашъэр къысажэу щысына?
Сахадэзэ ахэр зэбгыращы,
Ау шъэогъухэр лIыкIо сфакIо,
Къэсщэн фаеу сэ къысаIошъ,
ШIэхэу нысэ дахэ къэзгъэсын.

## ГУМ ИОРЭД

Гум ифабэ нахьы фабэ,
Мы дунаем зи темыти,
Анахь чыжьэу гур мэIабэ,
Ар цIыф бгъэгум исыхьати.

ШIулъэгъуныгъэр ины хъумэ,
Гум имашIо тыгъэу къепсы,
Ау шIулъэгъур чъыIэ хъумэ,
Гум имашIуи зэлъэкIуасэ.

Гур мыплъэмэ нэри мыплъи,
Гъунэ иIэп гум иIалъэ.
Гурэ гурэ лъагъо хахы,
ЯшIулъэгъуи зэIэпахы.

Зыгу къабзэр насыпышIо,
ШIу къыдэхъоу ар бэгъашIэ,
ЦIыфы ныбжьыр илъэс минми,
Гур жъы хъущтэп егъашIэми.

Гъунэ иIэп гум ищаIэ,
Ау гум хэкIмэ пакIэм хэзы,
Гур теофэ цIыфыр щэIэшъ,
Амал иIэу шъумгъэузы.

Гум ифабэ нахьы фабэ
Мы дунаим зи темыти,
Анахь чыжьэу гур мэIабэ,
Ар цIыф бгъэгум исыхьати.

## СЫНАIЭ КЪЫПТЕСЫДЗАГЪ

Сэ сыгу угу лъагъо фыриIэу
СынаIэ къыптесыдзагъ.
Морады дахэ о сэ пфысиIэу
Орэдыр пфызэхэслъхьагъ.

Унэ нэгъуитIур гугъэушынэшъ,
АхэмкIэ зэкIи остын.
Чэфыр унэгу къызэлъыкIехышъ
ЕгъашIэм семызэщын.

Псыхъор Iушъашъэу пкIашъэр
къэсысми,
О пцIэ къысаIорэм фэд.
Зы мэфэ закъо усымылъэгъуми,
СэрыкIэ ар зы илъэс.

Зи къысэмыIоми угу илъыр сэшIэ,
Сыды пае уушъэфын.
КъэпIощтым сежэ, сэ сшIуабэ
дашIэ,
СыгъэгушIу, сэ синэфын!

ШIу узэрэслъэгъоу ори сылъэгъури,
ЕгъашIи укIэмыгъожьын.
ТитIо псэогъу тызэфэгъэхъури,
Насыпыр къытфэбыбын!



## ЗИ ФЭIУАГЪЭП, О ПШЪАШЪЭР, КЪЫЗДАКIУ!

Тыгъэ нурэм къэгъагъэр къегъэкI,
Сэ усымылъэгъумэ бэу къысщэкI.
Чэщи мафи сэ сыгу къыпфакIу,
Зи фэIуагъэп, о пшъашъэр,
къыздакIу! } ТIо къэпIощт

Унэгушъхьэ шъабэхэр къэшэплъ,
О унитIу сямызэщэу сяплъ,
Пстэуми апэу сэ о сыкъыпфакIу,
Зи фэIуагъэп, о пшъашъэр,
къыздакIу! } ТIо къэпIощт

Сэ сишIулъэгъу оркIэ мыкIосэн,
О унитIу сэ сафэусэн.
Шъыпкъэ дэдэу сыкъэмыушъхьакIу,
Зи фэIуагъэп, о пшъашъэр,
къыздакIу. } ТIо къэпIощт

МашIуи псыхъуи ощ фэшI сахэтын,
Сыдрэ къини о пфызэпысчын.
Сыпщэгугъышъ уадэжьы сыкъакIу,
Зи фэIуагъэп, о пшъашъэр,
къыздакIу! } ТIо къэпIощт

ГъэшIэныгъэм сэ усигъусэн
Зыми темыхъуапсэу тыпсэун
Семызэщэу о сэ сыкъыпфакIу,
Зи фэIуагъэп, о пшъашъэр,
къыздакIу. } ТIо къэпIощт

## СИДЭХЭЗАКI

Къэгъагъэм нахьи унахь кIэракI,
ЗэкIэ пшIэрэр сшIодэхэзакI.
УиIофшIакIэ тыди щаIуат,
Ощ пай орэдым зесэгъэIэт.

УиIушъэбагъэ сэ сызылъещ,
ШIоу сыгу пфилъыр нахьри мэлъэш.
СэркIэ ощ фэдэ зи щымыIах,
Дунэе теплъэр къэогъэдах.

УслъэгъугъакIэм фэдэзэпыт,
Умэкъэ чанкIэ укъэсшIэжьыщт.
Сыгу уригъусэу укъесэхьакI,
СынитIу фэдэу сидэхэзакI.

О узыубрэр сэ сэгъэмыс,
Сэ усикIасэшъ, усигонэс,
ШIулъэгъу дахэр о сэ остын,
Дунаем тетэп пфэсымышIэн.



## ШОФЕРЫМ ИОРЭД

Ощхи оси къысэмылэу, ей, ей, ей,
КIуаджэ хъуми сыпымылъэу, орида,
Симашинэ гъогум тети, ей, ей, ей,
ПкIэнчъэу зыкIи сыщымыти, ори-орида!

Сиlэнатlэ сэугушIужьы,
Сышоферышъ сеужьыри, ей.

Шофер Iофым сыфэIази, ей, ей, ей,
Хэт зесщэми къысфэрази, орида!
Сэ сикIасэм сылъэIэсы, ей, ей, ей,
Тыди псынкIэу сэ сынэсы, ори-орида!

Гъогу Iаджи зэпысэчы, ей, ей, ей,
Гъогу уани бэу къыхэкIы, орида!
Ауми сэчъэ, сэчъэ, сэчъэ, ей, ей, ей,
Симоторэ мэIупчъапчъэ, ори-орида!

Чэщи мафи сыкъекIокIы, ей, ей, ей,
Симашинэ къесэфэкIы, орида!
Семызэщэу сыкъегугъу, ей, ей, ей,
ПсэолъэшIушъ сыфэсакъы, ори-орида!

Бзыум фэдэу жьыр скIэфэфы, ей, ей, ей,
СиIофшIакIэ сырэчэфы, орида,
Ини цIыкIуи сыкъашIэжьы, ей, ей, ей,
СиIэнатIэ сэугушIужьы, ори-орида!

СиIэнатIэ сэугушIужьы,
Сышоферышъ сеужьыри, ей.

## ПШЪАШЪЭМ ИУС

Сидэнэ джанэ къыздэчэрэз,
Сидэнэ джанэ къыздэчэрэз,
СикIасэр слъэгъумэ сынэ чэрэзэу
СIощтыр сымышIэу сепэзэзэхы.

Дунэе мылъкур осэпсым фэд,
Дунэе мылъкур осэпсым фэд,
Зыми фэмыдэр — шIулъэгъуныгъ,
Анахьы лъапIэр — шIулъэгъуныгъ.

ФэIазэу хьарзэм псым зыщегъаз,
ФэIазэу хьарзэм псым зыщегъаз,
Сыгу мыIасэ зыфэгъэзагъэр —
КIалэу сынаIэ зытесыдзагъэр.

Псыхъо мыжъуакIэр шъхъэеу зэхэлъ,
Псыхъо мыжъуакIэр шъхъэеу зэхэлъ,
ШIу сэ слъэгъугъэм сыгу фабэу филъыр
Мыплъыкъожьынэу тэпэу зэхэлъ.

Къэгъэгъэ быныр тыгъэпсызакI,
Къэгъэгъэ быныр тыгъэпсызакI,
СиныбжьыкIэгъу ижъуагъоу хъугъэр —
КIэлэ зэкIужьэу сыгу зэIугъэр.

Дэнэ шарыфыр жьыбгъэм зэрехь,
Дэнэ шарыфыр жьыбгъэм зэрехь,
Сыфай шIулъэгъум тызэфихьынэу,
Илъагъо мафэу тIуми тфэхъунэу.

Дунэе мылъкур осэпсым фэд,
Дунэе мылъкур осэпсым фэд,
Зыми фэмыдэр — шIулъэгъуныгъ,
Анахьы лъапIэр — шIулъэгъуныгъ.



## ЛIЫЖЪЫМ ИДЖЭУАП

Къуаджэр зэIукIагъэу къуаджэм имэфэкI,
Джэгури джэгушхоу машIори къыщекI.
КIали пшъашъи чэфэу джэгур зэлъаIыгъ,
Пщынауи жъыуакIуи амакъэ Iэтыгъ.
Джэгум ижъотыпIэм зы лIыжъ къытефарз,
Жьы кIэтэу, нэгушIоу бланэу зыкъегъаз.
ИкъэшъокIэ дахэ бэмэ ашIогуахь.
IэшIэхэу лъэкъуитIум псынкIэу зырегъахь.
КIалэмэ ащыщ къэсэмэркъэугъ,
ЛIыжъы къэшъуакIом мыр къызэхихыгъ:
«ЖакIэр фыжьы хъугъэу сыкъэмышъожьын!
СижъыпIэ рэхьатэу сэ ситIысхьажьын!»
Ар зыIогъэ кIалэр лIыжъым ыгу римыхь,
Ымакъэ Iэтыгъэу пхъашэу ащ жэхахь:
«Ар гъэшIэгъоныхэп, о сэ сихьатыхъу!
КIэлэ IэпIэжъажъэ нахьи лIыжъы IэпкIэ-лъапкI,
О сыолъытыгъэмэ джыри сыкIэлакI!»

## ПШЪЭШЪЭ ГЪОЩАГЪ

Псэлъыхъуабэ уиIэныр гушIуагъо,
Арышъхьак Iэм тIэкIуи ар щынагъо:
Къахэпхыщтыр умышIэу уахадэ,
Дэгъу закIэу пстэуми заIуатэ.
Iоф сыхэт, Iоф сыхэт, адэ хэт сыдэкIощт?
Сыгъощагъ, сыгъощагъ, хэт джэуап къыситыщт?

КIэлэ шъхьацы тIыргъом сыдэкIоныти
Ар чъыяпхэу аIо, бэу фэмыфи,
Нэпцэ Iужъум пIалъэр сэ естыныти
ГущэIитIуи фызэпымыгъафи.
Iоф сыхэт, Iоф сыхэт, адэ хэт сыдэкIощт?
Сыгъощагъ, сыгъощагъ, хэт джэуап къыситыщт?

КIэлэ псыгъор купым сэ къыхэсхымэ,
КъэшъокIо Iазэр слъэгъузэ чIэсэнэ,
КIэлэ тхъоплъым сэ сыкъыщыуцумэ,
ОрэдыIом ащыгъум сыхэны.
Iоф сыхэт, Iоф сыхэт, адэ хэт сыдэкIощт?
Сыгъощагъ, сыгъощагъ, хэт джэуап къыситыщт?

Нэ къэритIур зиIэр сэ згъэгугъэмэ
Зынэ нагъом ыгу зэкIэсэгъанэ,
КIэлэ къуапцIэр ары сIоу сежьэжьымэ,
Шъхьацыф цIыкIур пчэгум къисэгъанэ.
Iоф сыхэт, Iоф сыхэт, адэ хэт сыдэкIощт?
Сыгъощагъ, сыгъощагъ, хэт джэуап къыситыщт?

Зы хэкIыпIэ Iофым фэзгъотыгъи,
Хъу шIоигъор згъэхъунэу сэ сэIо:
Псэлъыхъохэр пхъэдзы исыдзагъи,
Апэу къикIрэм хэтми сэ сыдэкIо.
Пхъэдзы маф, пхъэдзы маф, сызыфаем кIуи тефагъ,
СигушIуагъу, сигушIуагъу, синасып къысфэкIуагъ.



## ПШЪЭШЪАНЭХЭР

Пшъэшъанэхэр тхылъы псау мэхъу,
Ащ къеджэшъурэ кIалэм бэу къыдэхъу.
Пшъэшъанэмэ мэшIуачэр къакIехы,
Псэлъыхъо кIэлаби ащ дахьыхы.

Пшъэшъэ нагъор тхьэркъо жэгъу фыжьи,
Ащ шIулъэгъум иуз егъэхъужь.
Пшъэшъэ нашхъом, аIо, уеушхъуахьы,
Ыушхъуахьрэр гушIуагъом зэрехьэ.

Зынэ шIуцIэ пшъашъэр чыжьэрыплъи,
Гум пхырилэу шIулъэгъур къегъэплъы,
«Зынэхэр нэгыем уегъэделэ», —
ЗыIохэрэр бэрэ хэделыхьэ.

Зынэхэр нэгыйхэр гушIубзыух,
Зыщэхэрэр — бэу кIэлэ гоуз.
Пшъэшъанэхэр дахэшъ укъаубыты,
Яхъытыуи зэкIэм ураубытэ.

Пшъэшъанэмэ сэ гу къыслъарэти,
Мы дунаер сыеу сэ слъытэни.
Пшъэшъанэмэ мэшIуачэр къакIехы,
Къэзыщэгъэ Iаджи ащ дахьыхы.

Пшъэшъанэхэр егъэшIэрэ жъуагъоу
ТигушIуагъоу мыкIуасэу къэлъагъу.
Пшъэшъанэхэр Iушэу, чаны дэди,
Сыдигъуи хэлъыщтых тиорэды.

## УСИКІАС

Гушlогъо сыхьатми
Къины сэ сыхэтми
Ренэу сыгу укъэкlы,
Лъэшэу усикlас.
Аущтэу зыкlыщытыр:
Сыкъызэхишlыкlэу
Оры закъу дунаем
Къыспэблагъэу тетыр:

Іофы сапэ илъмэ,
Сыфэогъэчэфы,
Макlэу сылъэпаомэ
Апэу гу лъыотэ.
Аущтэу зыкlыщытыр:
Къыспэблэгъэ шъыпкъэу
Оры закъор ары
Дунаишхом тетыр.

Шъыпкъэныгъэ пытэ
Титlо зэдытиlэу
Насып зэдэдгъотэу
Тэ тызэдэпсэу.
Аущтэу зыкlыщытыр:
Сицыхьэ зытелъэу
Дунаем щысиlэр
Оры закъор ары.

Сшъхьацы зихъожьэу
Ар фыжьыбзэ хъужьми,
Сыомызэщыжьэу
Нэшlукlэ сыоплъыни.
Аущтэу зыкlыщытыр:
Егъэшlэрэ гъусэу
Оры закъор ары
Дунаем щысиlэр.



## КУКУУМ ИОРЭД

Ипаlо папцlэу
Ышыгу щэсысы,
Зигъэхъуцыцэу
Чъыгышъхьэм есы.

Набгъоу ыгъотрэм
Макlошъ етlысхьэ,
Ежь имынабгъо
Кlэнкlэхэр релъхьэ.

Къутамэм тесэу
Орэд еусы,
Зэфэдэу къуаджэр
Къызэпегъаджэ.

Іусынчъэ хъумэ
Гъыбзэр егъэщы,
Тlасхъэ ылъэгъумэ,
Пщынэр зэкlещы.

Кукуу тхьагъэпцlыр
Лъэшэу мэцlацlэ,
Ащ зышlошlыжьэу
Ыцlэ реlожьы:
«Ку-ку!
Ку-ку!»

## СИЖЪУАГЪУ

Зэпэзырызэу огум ипхъагъэу
Жъогъозэшиблым зыкъагъэлъагъо,
Уинэплъэгъу сыкъыкIэхъопсы,
Дунэе жъуагъомэ о уакъыхэпсы.

Мэзэгъо чэщым сыгу укъыредзэ,
ГушIо орэдыр къыпфыхэсэдзэ;
Ощ фэдэу жъуагъо сыгу еIугъэу
Дунэе нэфым тетэп зы жъуагъо.

ПкIэнчъэу сыуажэу сэ
сыкъежьэжьмэ,
Жъуагъохэр бэрэ зэнэкIэожьых,
Сэ сигукъао ахэм алъэгъу,
Ахэр илIыкIох сэ сишIулъэгъу.

Нэфылъы жъуагъом сыкъыдэтэджы,
Зэпымыуахэу сыгу къыуаджэ.
Амал серэIи тыгъэ нэбзыйкIэ
ШIулъэгъу тхылъхэр стхыных о
пцIэкIэ.

Жъуагъомэ огур зэлъагъэнурэ,
Мы чIышхом тетэп ощ нахь
сшIонурэ.
Апэу сэ жъуагъом уахэслъэгъуагъи,
ШIулъэгъуныгъэм екIу силъагъо.



## ЧЭЩЫ РЭХЬАТ ҚЪЫШЪОКIУ

IофшIэгъу мафэр ухыгъэ,
БэшIагъэ пчыхьэ зыхъугъэр.
Чэщыри Iэгум къыдэхьэ,
Чэщыри Iэгум къыдэхьэ.

Чэщы рэхьат шъо къышъокIух,
ГушIуагъом шъо шъузэлъекIух.

ПкIыхьыпIэ дахэм шъухэтэу,
Шъуичэщыр чэщы рэхьатэу,
Хъярэу ар хъунэу шъуфэтэIо.
Хъярэу ар хъунэу шъуфэтэIо.

Чэщы рэхьат шъо къышъокIух,
ГушIуагъом шъо шъузэлъекIух.

Сабыймэ нахь ахэхъуагъэу,
Пшъашъэхэр нахь дахэ хъугъэу,
НэгушIоу къэрэтэджыжьых,
Ащ къяжэ неущ пчэдыжьыр.

Чэщы гухахъо къышъокIух,
ГушIуагъом шъо шъузэлъекIух.

Жъыгъэхэм нахь яшIугъонэу,
Агухэр ахэм кIэжьынэу,
Ячэщ рэхьатэу орэхъу,
НахьышIукIэ тэ тафэхъохъу.

Чэщы рэхьат шъо къышъокIух,
ГушIуагъом шъо шъузэлъекIух.

## ПШЪАШЪЭМЭ ІУАГЪЭ ЗЭДАШІЫГЪЭ

КІэлэ пстэуми тыди зырагъахьы,
Псэлъыхъохэу чылэр зэпакІуахьы.
Ау зы пшъашъи фитэп псэлъыхъонэу,
КІалэр тырищэни къыдэшъонэу.

Унэм тисэу кІасэмэ тапаплъэ,
Ежьхэр пІонышъ нэмыкІ зыфаплъахьы.
Адэ хъущта, къашъуІолъ ар зэфагъэу,
Ащ пшъашъэхэм тезэщыгъ бэшІагъэу.

Апэу пчэгум терэхь тІоу тыгу къехьэ,
Ау мыхабзэу къэбарэу зэрахьэ.
КІо, ар хъуна шъыпкъэу шъуегупшыси,
ПшъашъэхэкІэ ар тэ тэумысы.

Чылэ кІалэм тэ танахьы дэя?
Ащ анахьи тэ танахьы Іая?!
Сыды пае тыгу хэжъугъэкІыщта,
Тыпсэлъыхъонэу тыфимытыщта?

ПшъашъэхэкІэ икъу тэ тщэІагъэ,
Тигукъанэ джарышъы шъотІуагъэ.

ШІу тлъэгъурэр тшІомыкІодыным фэшІы
Зэдедгъаштэу Іуагъэ зэдэтэшІы:
КІэлэ зикъэмыщэхэр, шъотэІо,
Тыкъежьагъэу псэлъыхъо тыкъакІо.



## АМЫШІАХЭУ СЫДЭКІОЩТ

(С э м э р к ъ э у)

СидэкІогъу сэ бэшІагъэу къэсыгъэшъ,
Псэлъыхъуабэ тадэжь щызэблэкІы,
Ау сэ сянэ бэщышхор ыІыгъэу
Губжыгъаеу ахэм апэгъокІы.

— ДэкІон пшъашъэ силэп, — ащ ареІошъ
Псэлъыхъохэр зэкІэ зэбгырефы.
Сыдэу сшІына, джыдэдэм сэщыІэ,
Ау зэ гъунэ фэхъун фай а Іофым.

КІэлэ псыгъуи кІэлэ къуапцІи зэкІэ
Тянэ мыхъухэныхэу хегъэкІы:
Зым ылъакъо ылъэшъоу еІуатэ,
Адырэри фэнэщашъоу еІо.

ЦІэрэ шъхьэрэ зэкІэми афешІы,
АнахьышІоу слъэгъурэм Іэ фешІышъ:
— Еплъэлъ модэ, кІалэр зэрэодым...
Сеплъы шъхьае сыгу ным егъэкІоды.

Тхъоплъы закъоу псэлъыхъомэ ахэтыр
Ары еІо махъулъэ мыхъухэщтыр.
Псэлъыхъомэ сыгу ащигъэкІынэу,
Фай синанэ сэ сыкІэрысынэу.

Ау къолай сэ къэзгъотынэу сэІо:
Сэ зы кІалэ тетышъы сынаІэ,
Шъэфы-шъэфэу пІалъэ ащ естыни,
АмышІахэу сикІыни сыдэкІощт.

## АДЫГЭ ПЩЫНЭМ СЕДЭІУМЭ

Адыгэ пщынэм седэIумэ,
Шъхьагуащэ къызэрэушъи,
ПкIашъэхэр зэрэIушъашъи
Амакъэ къызэхэсэхы.

Адыгэ пщынэм седэIумэ,
Бзыумэ яорэдыIуи,
Къамылым къызэрэхидзи
СтхьакIумэ псынкIэу къыредзэ.

Адыгэ пщынэм седэIумэ,
Гъэтхэпэ ощхэу шъэбабзи,
Шъоупсэу ным игъэшIуабзи
Амакъэ къызэхэсэхы.

Адыгэ пщынэм седэIумэ,
ЦIыфымэ ягушIо чэфи,
Iэхъогъухэр зэрэзэрафи
Амакъэ сэгъэунэфы.

Адыгэ пщынэм ымакъэ
Хьатх я КъокIасэ итхыди,
Хьатырамымэ я Пакъи
КIэрыкIэу сыгу къагъэкIыжьы.

Адыгэ пщынэм седэIумэ,
Пшъашъэмэ яшъэбэ кIуакIи,
Ти «Налмэс» икъэшъуакIи
ПсынкIэу сызIэпащэ.

Адыгэ пщынэм ымакъэ
Тыгъэ нэбзыйхэр зэлъещэ,
КъэшъуакIор пчэгум тырещэ,
Зэфэе цIыфхэр зэфещэ.

Адыгэ пщынэм седэIумэ,
Жъогъуачъэм илъэгъо нэфи,
Мэзымэ яджэрпэджэжьи
СанэIу къырагъэтаджэ.



Адыгэ пщынэм ымакъэ
Пфэмыхъоу узэлъегъэкъы,
ЖэкIэфэу лIыжъ тIысыжьыгъэм
ИкIэлэгъу ыгу къегъэкIыжьы.

Адыгэ пщынэм седэIумэ,
ЩыIакIэр нахьы кIэракIэу,
Жъыхэри нахьы ныбжьыкIэу
Хъугъэшъы нафэу сэлъэгъу.

## ШЫХЬАМ ИОРЭД

УнитIоу машIор сэ зысэлъэгъум,
Сфэмыхъоу ахэм сыдахьыхыгъ,
ШIулъэгъуныгъэу сэ о пфэсшIыгъэм
КIымафэр гъатхэу къысшIуигъэшIыгъ.

Гуапэм ифабэу сыгу къыдихырэм
Къушъхьэтхы осыр зэлъигъэткIун.
Сэ сыгу цIыкIоу къыхэщэтыкIырэм
Ымакъэ оIумэ пфэмыщыIэн.

Шъхьафитэу бзыур огум щэхьарзэ,
Сыгу иузи сыдым фашIэн.
ШIу сэ слъэгъугъэм ыкIыб къегъазэ,
СишъхьакIо хэты есIотэхэн.

ПIуншIэ тэпитIум сынэ сIэпахы,
Сыгур сIыпхыгъэшъ сыфимытыжь.
Сэ сиорэдыр о къызэхэхи,
Рэхьаты дахэр сэгъэгъотыжь.



## СУСАНЭ ИОРЭД

Къэгъэгъэ дахэр ошъум ыути,
Ытхьэпэ цIыкIухэр зэлъиуIагъ.
ШIулъэгъуныгъэр къагъэпыути,
Ащ идэхагъэ къагъэIэягъ.

ШIулъэгъуныгъэр гум хэмыткIухьэу,
Гум щымытIыргъомэ уипыутыщт.
Къэмыухъумэу, умыгъэлъапIэу,
Къин дэмыхъугъэмэ, псынкIэу пхъожьыщт.

СигухэкIышхо пщэмэ арэшIи,
Ощхыцэ стырхэр къыракIыхын.
ШIулъэгъу къабзэр IэкIыбы ашIы,
Сэ сыгу щышIэрэр хэт зэхихын.

ШIулъэгъуныгъэр гум хэмыткIухьэу,
Гум щымытIыргъомэ уипыутыщт.
Къэмыухъумэу, умыгъэлъапIэу,
Къин дэмыхъугъэмэ, уипыутыщт.

## ЗЭ, О КӀАЛЭР, ЗЫГЪЭСЫС

(Сэмэркъэу орэд)

Унэм къикӀи жьым къыхахь,
Зэ унитӀу зягъэплъахь.
Мы дунаем о ухэны,
Ор зикӀалэм фэбэгъон.

Тыныужъэу узэтес,
О уянэжъы убгъодэс.
УищысыкӀэ тшӀогубгъэн,
Ор зикӀалэм фэбэгъон.

Псэлъыхъорэм ущымыщ,
ЛӀыгъэ зиӀэм ущымыщ.
УигъэпсыкӀэ гъэшӀэгъон,
Ор зикӀалэм фэбэгъон.

Сыдэу адэ жьы пкӀэмыт,
Чылэ кӀалэмэ уахэмыт,
О зыпари пфэмгъэхъэн,
Ор зикӀалэм фэбэгъон.

О слъэгъурэр зи пхэмыс,
ПкӀэнчъэ шъыпкъэу о ущыс
Сыды шъыпкъэ угу хэлъ,
Уишъэогъумэ тэджи яплъ.

Унэм къикӀи жьым къыхахь,
Зэ унитӀу зягъэплъахь.
Мы дунаем о ухэны,
Ор зикӀалэм фэбэгъон.



## СИДЭХЭЗАКӀ

Къэгъагъэм нахьи унахь кӀэракӀ,
ЗэкӀэ о пшӀэрэр сшӀодэхэзакӀ.
УиӀофышӀакӀэ тэди щаӀуат,
Ощ пай орэдым зесэгъэӀэт.

УнитӀу фэдэ зи сымылъэгъу,
Сыдрэ сыхьати сафэкӀэщыгъу.
Сыгу уригъусэу укъесэхьакӀ,
СынитӀу фэдэу сидэхэзакӀ.

ЕгъашӀэм гъусэу тызэфэгъэхъу,
Зы быны тыхъумэ, тэ къытхэрэхъу.
Сэ дэхэӀуалэу о сыуиӀэн,
Къини гушӀуагъуи зэдэдгощын!

## ХЬАЧЫКЫРЭ ХЬАПАПЭРЭ ЯОРЭД

Хьачыкырэ Хьапапэрэ
Iулъхьэр зэфагощ.
Ау шIулъэгъуныгъэри
Ащ афэмыгощ.

Ай-ай-ай,
Мыпсэу-мылажь,
Улэжьыгъэ тIэкIу гущэр
Итэогъэшъужь.

ПсэлъыхъуакIэ сэбгъашIэзэ
Уапэ сишъыжьыгъ.
Сэ о сыпфэлIыкIозэ
ШIу сыкъалъэгъугъ.

Ай-ай-ай,
Мыпсэу-мылажь,
Улэжьыгъэ тIэкIу гущэр
Итэогъэшъужь.

УзфэлIэгъэ пшъашъэм сэ
Пагэу себгъукIон,
Ащ нэкIэ семыплъымэ
Нэпсыр къышIокIон.

Ай-ай,-ай,
Мыпсэу-мылажь,
Улэжьыгъэ тIэкIу гущэр
Итэогъэшъужь.



## НАСЫПХЪАНЫ ИОРЭД

КъасIорэм уедэIушъущтмэ,
Си Хьапап, зыгъэхьазырба!
Ощ фэдэлI сымыгъотыщтмэ,
Ощ нахьи сынахьы дэйба!

Е-о-ой, сэ си Хьапапа,
Хьапапэ серэмыгъапа.

Сэщ фэдэу къежьэгъэ пхъужъхэр,
ШIэхэуи зыжъугъэбылъыжьа,
Хьапапэ фэдэ бгъэшхъожъхэр
ШъорыкIэ шыблэу щынагъуа.

Е-о-ой, сэ си Хьапапа,
Хьапапэ симыгъэпаха.

СылI оIошъ паIор зеохьэ,
Аркъыныбэу о укъыдэкIы,
Пшъашъэмэ зафеогъахьы,
Уалъэгъумэ агуи къыпщэкIы.

Е-о-ой, сэ си Хьапапа,
Хьапапэ симыгъэпаха.

Ныбжьи самыщэжьынкIи,
Хьапапэ сыдэмыкIони.
СыдэкIонэу сэ джы серэжьи,
Сызыфаер сэ къэзгъотыни.

Е-о-ой, сэ си Хьапапа,
Хьапапэ икуп сэгъапэ.

## ЗЭФЭУСЭХЭР

ЦIыфыхэр мары къытажэ,
Тиусыгъэ тэ къетэгъажьэ.
Дэимэ тыкъадэхьащхы,
Дэгъухэр тэ къэтэгъэщхы.

КIалэр:

Сабыеу зыогъэгусэ,
Уигъусэ укIоцIэдысэ,
Ощ фэдэм сылъымыхъуха,
Сызиджагъор о уипсэлъыхъуа.

Пшъашъэр:

Ущысэу укъэшъхьаукъэ,
УкIозэ укъэлэпао,
ЗыкIэмыIэжьыр къыуаIо,
Сызиджагъор уиунэ къехьэ.

КIалэр:

Щэджагъор о уипчэдыжьи,
Угубжыгъэу укъэтэджыжьы,
УмыдаIоу ужэмыIана,
Сыдэущтмэ шIу услъэгъуна?

Пшъашъэр:

Уищырыкъу усэпыгъэ зэпытэу,
Уибгырыпх никъогъэпытэу,
УжакIэ мэзэу огъэкIы,
Зымыупсэу укъысфыкъокIы.

КIалэр:

Шхэгъум Iашъхьэр пыогъу,
ШIэгъум огъумы-тIымы,
Пхъэчаем фэдэу упсыгъуа —
Сызиджагъор гъусэ къыпфэхъуа.

Пшъашъэр:

Псы фыжьым укъигъэчэфмэ,
Гъакъышхо къысфеогъаIо,
Уиджанэ икъолэныгъэ
Iэхъогъоу блэкIырэр къегъащтэ.



КIалэр:

Тхылъыбэр блыгукIэ зеохьэ,
Уемыджахэу афэохьыжьы.
ЗымытхьакIэу пIупшIэ огъалэ,
КIалэхэр къэогъэделэ.

Пшъашъэр:

Газетым уафыкIэмытхэу,
Зы тхылъи къызэгомыхэу
ХьакIапIэ о зеогъахьы,
УигъэпсыкIэ сыгу римыхьи.

КIалэр:

Тэ зыпшъашъэ тигъунэгъушъ,
Чэщи мафи гъунджэм Iут.
IофышIэгъум мэсымаджэ,
Шхэгъу зыхъукIэ, апэ ит.

Пшъашъэр:

Iугъор инэу ыгъэутысэу
Зы псэлъыхъо къысфэкIуагъ,
Гъакъ регъаIо, зыщэтхъужьы,
Трудодени къымгъэхъагъ.

КIалэр:

ИтеплъэкIэ дахэ фэдэу,
Пшъэшъэ хьакIэ къытфэкIуагъ,
ШэкIы рати джанэ зедым,
IэгъопитIур зэгуидагъ.

Пшъашъэр:

Ешъорхьакъум хэмыкIыхэу
Гъэ мэзихыр ыгъэкIуагъ.
Зы лэжьыгъи IумыкIэжьэу,
ПкIаум фэдэу ар къэнагъ.

КIалэр:

Къетэкъохэу пудрэр нэгум
Сэ зы пшъашъэ синэIуас,
IофышIэгъум Iэсэмэгоу
ГущыIэнкIэ ар маис.

Пшъашъэр:

**Докладыбэ къышIэу еIо,**
**Зы гущыIэр минрэ къеIо:**
**— Надо так-кIэ къырегъажьэ,**
**— Значит вот-кIэ еухыжьы.**

КIалэмрэ пшъашъэмрэ къызэдаIо:

**ЦIыфы мыдаIуи арымэуи**
**ТищыIакIэ къемыкIух.**
**Зы нэбгыри армэоу**
**Тилъэхъанэ терэмыIах.**
**ЩыIэкIэшIум тэ дедгъаштэу,**
**КIали пшъашъи Iофы тшIэн.**
**Хэгъэгушхор тэ дгъэразэу,**
**ГъэхъэгъэшIухэр зэлъытшIын.**

# ЮМОРЫМРЭ САТИРЭМРЭ



## ПШЪЭШЪИТIУ

**ПшъэшъитIу зэгъусэу гъогум техьагъэх,**
**Ахэр зыпакIэ кIонэу ежьагъэх.**
**Зы пшъашъэм ыпэ уашъом декъые,**
**«Сыдах сэ!» — еIошъ ар ащ рэкъэи.**
**Нэгу укъэигъэм пудрэр пэтэкъу,**
**Нэпцэ кIэчыгъэр шIуцIэу мэшIэты,**
**Нэгур цIэлагъэшъ уцым зэлъесты,**
**Ышъхьацы кIахьи ыгъэкIэкуагъэу,**
**Шэфы гъожьыбзэу зэлъыгъэлагъэу,**
**КIо, ямышIыкIэу зэлъыгъэпсыгъэ,**
**ПIопэны хъумэ, нысхъапэу шIыгъэ.**
**Игъусэ пшъашъэр — ар къызэрыкIоу,**
**Къэгъал-гъэлэжьыр шэнэу имыIэу,**
**Iасэу, шIыкIашIоу, шъабэу мэзекIо,**
**Ащ игъэпсыкIэ зэкIэм гур еIу.**
**IупшIэр ыгъалэу ныбжьи плъэгъущтэп,**
**Зы пудрэ лъэпкъи зынигъэсыщтэп.**
**Дэнэгъо шхъьацыр лъэгуанджэм къэсы,**
**Нэпцэ щэбзитIур дахэу мэсысы.**
**Уцым ригъаIэу фыригъэстыщтэп.**
**Зэрэщымытэу зигъэлъэгъощтэп.**
**Ар ипшъэшъэгъумэ къахэлыдыкIы,**

КӀэлабэ пшъашъэм къыфызэплъэкӀы.
ПшъэшъитӀу зэгъусэу гъогум техьагъэх,
Ахэр зыпакӀэ кӀонэу ежьагъэх.
Ошъогур зэкӀэм, пщэмэ аубыты,
ПшъэшъитӀур ощхым зэлъыхеубытэ.
Ащыгъыр зэкӀэ ощхым егъэшъу,
Яджэнэ цӀыкӀухэр япкӀыгъ акӀышъо.
Апэрэ пшъашъэр къэшӀэжьыгъуае,
Ащ къехъулӀагъэр къэӀотэгъуае:
Уцыпсыр ынэгу къызэлъечъэхы,
Къолэн-сэлэнышъ угучӀэ рехы.
Напцэм телъыгъэр ощхым егъэткӀу,
Жэпкъым шӀуцӀабзэу ткӀопсыр къыпэткӀу...
Къэлъэгъогъапэшъ ащ иӀэягъэ,
ЗэкӀэм кӀодыгъэ ащ идэхагъэ.
Адырэ пшъашъэр, а къызэрыкӀом
Къещхыгъэ ощхыр къызэрекӀугъэр!
Ощхыпсы шъабэм ылъэсахыгъэу
Нахь кӀахьы хъугъэ шъхьацы тӀупщыгъэр,
Сэнашъхьэм ткӀопсхэр зэрэщысысэу,
Пшъэшъэ жэгъуфым ткӀопсхэр щэсысы.
Гъунджэ цӀыкӀу фэдэу ащ укъарэщы,
ИдэбжъыкъуитӀуи дахэу загъэщы...
Нэпцэ шӀуцӀитӀумэ нитӀоу ачӀэгъыр
Зэплъырэ кӀалэм къекӀу шӀулъэгъур,
ПшъэшъитӀу зэгъусэу гъогум техьагъэх,
Ахэр зыпакӀэ кӀонэу ежьагъэх...
Нэужым къэбар сэ зэхэсхыгъэ:
Апэрэ пшъашъэр амщэжьэу жъыгъэ,
Мыдырэ пшъашъэр унагъо хъугъэ.

## КӀО, КЪАӀО ПШӀЭЩТЫР!

(Зы лӀыжъ джыгыт къысфиӀотагъэр)

Насып къыддигощэу
ТиӀэшъ хэбзэ шӀагъо,
Ныбжьыр тщигъэгъупшэу
ТищыӀакӀэ тхъагъо.

Синыо шъхьагъусэ
КъащэгъакӀэм фэдэу,
Зы чӀыпӀэ имысэу
ШӀыкӀашӀоу згъэпсы...

Чэфы дэд тиныси:
Гъунджэм бэрэ еплъэ,
Сеплъышъ, мафэ къэси
ДжэнакӀэ зыщелъэ.

Нысэм къызэхихэу
Ныор къыздэхьащхы:
— О, лӀыжъ, зэупхъужьи,
Жьым хахь зыкӀэӀэжьи...

Мыскъарэ сышъошӀы,
Сэ шъукъыздэхьащхы,
Ащыгъум зэжъугъашӀэ,
СшӀэщтыри сэ сэшӀэ!

Пчэдыжьыпэ къэсы
Къабзэу зысэупсы,
Шъуашэр зэпэшӀэтэу
Къэсэштэ зэдиштэу...

Пчыхьэм мэкӀэ-макӀэу
Псэлъыхъо сыкъокӀы,
Къуаджэм пхъужъы хьакӀэу
Дэсым сыкӀэупчӀэ...

... Сэмэркъэу дахи
Зы пшъашъэ дэсэшӀы,
Джэгуи къэхъугъахэу
БлэсымыгъэкӀыхи.

Хъурэр гъэшӀэгъоны:
Ныор нэо-пао,
НэкӀэ ар къысао,
Ишъыпкъэу мэгусэ:

— Мы ти лӀыжъы стхъагъэ
Слъэгъузэ, зэкӀокӀы,
Иакъылынчъагъэ
Къэбарэу къекӀокӀы...

Нысэ дахэр пӀомэ,
Гуащэм дыригъаштэу,
Сырипщэу ащ щытми,
СакӀыб бжымы щешӀы.

Гъунэгъуи ныбджэгъуи
ЗэкӀэ къысэдыргъых,
Ӏахьыли сиблагъи
Пыеу къысфэхъугъэх.

Згъэщынэнхэу ары
Мурадэу сиӀагъэр,
Джы шъолъэгъу мары
Сэ къысэхъулӀагъэр.

КӀо, къаӀо о пшӀэщтыр,
Ӏофым еппэсыщтыр!
Сыхэфагъ сэ Ӏофы,
ПлъэкӀымэ ушъэфы!

Унэм бэрэ сисмэ,
— Уис! — аӀошъ къыхадзэ,
СикӀэу тӀэкӀу сыкъэтмэ,
Аркъэныр къыслъадзы.

Зыбгъэджыгитыныр,
УлӀыжъымэ, къины,
Быныр бгъэрэзэныр,
Шъыпкъэ, Ӏофы ины!

## ЩЫТХЪУ ЛЫЕР ДЕЛАГЪ

Тизыкъуаджэ шӀукӀаеу Ӏоф ышӀэу
Хэтыгъ. Ау къызыхэкӀыгъэр амышӀэу,
Мыхъэр ыгъэхъагъ аӀуи агъэӀугъ,
Джащтэу щытхъу лыер гъусэ фэхъугъ.
ЗэӀукӀэ шӀыгъом апэу къагъэсы,
ЦӀыфымэ къахаплъэу апэкӀэ щэсы,
ХьакӀапӀэ ащэшъ чӀыпӀэшӀу къыраты,
КъыдекӀокӀыхэу ыӀапи къаубыты.
Тизыкъуаджэ щытхъур икӀасэти,
АщыкӀи гумэхэ хьазырти,
ЗышӀошӀыжьи, ышъхьэ къышӀоунэзагъ,
Сэлам ымыхыжьэу шэнэу къыштагъ.
— Ныбджэгъу-шъэогъумэ санахы лӀыӀу,
СынасыпышӀошъ сэ сыцӀэрыӀу...
Зыфегъэуцужьы щымыӀэ хабзэ:
Фаемэ пэсэ дэдэу мэкӀожьы,
Утэрэзэп раӀомэ мэгубжы.
— Сэ непэ шъхьае зэӀукӀэм сэкӀо,
Неущы хьакӀэхэр къысфакӀо, —
ЫӀозэ жьау чӀэгъым зычӀедзэ,
ӀофшӀэныр иныбэузэу,
Зыпарэми ыӀэ емыкӀужьэу,
Тизыкъуаджэ хъугъэ Ӏэджэ-быджэ.
ЦӀыфым лыягъэу узыщытхъукӀэ,
Дихьыхымэ къехъулӀэрэр гухэкӀы.
ПшӀэны фаеба цӀыфым ифедэ,
УбыкӀаий щытхъукӀаий зэфэдэ.

## ГЪЭШIЭГЪОНЭУ СЯНЭ ГЪЭПСЫГЪЭ

Джэгум сыкIоу тIэкIурэ сыкъэтмэ,
Сыхьатыпэ пшъашъэмэ сахэтмэ,
Бэ тешIагъэу еIошъ лъэтемытэу
Сянэ къэсы саужыпкъэ итэу.
ГъэшIэгъонэу сэ сянэ гъэпсыгъэ:
Ар зэпшъашъэм ежь зэрэщытыгъэр
Унагъо зэхъухэм щыгъупшагъэу,
Сэ лъэубэкъоу сшIырэм гъунэ лъефы.
Сипсэлъыхъо кIалэмэ ащыщэу
Пчыхьэшъхьапэм зыгорэ къыкъокIымэ,
Ыгу темыфэу сянэ зэрилъэкIэу,
ТыкIигъащтэу пчъэхэр реутэкIы.
Ар псэлъыхъоу зигопэн къэхъуна?
Губжы фэшIы аущтэуи пшIы хъуна?
Ным ишIуагъэ къысэкIын сэ сIозэ,
Сигъогупэ макIошъы зэпебзы.
Письмэ пчъагъэу хэты къысфигъахьи,
Зикарт сIыгъы кIалэу сыгу рихьи
Мыгупсэфэу сянэ зэрегъашIэ,
Ау пшъэшъэгум щышIэрэр ымышIи.
Орэд къасIоу гушIом сызэрихьэу
Ным ылъэгъумэ, ари ыгу римыхьэу
— Илыягъэу, сисас, очэфыIо,
ШIу угу къэкIыгъэп! — сэ къысеIо.
ГъэшIэгъонэу сэ сянэ гъэпсыгъэ:
Ар зэпшъашъэм ежь зэрэщытыгъэр
Унагъо зэхъухэм щыгъупшагъэу,
Сэ лъэубэкъоу сшIырэм гъунэ лъефы.
Пшъэшъэ пстэуми афэдэу шъхьагъуси,
Быны тхъэжьи сэри сыкIэхъопсы.
Ар сыдэущтэу ным гурызгъэIона!
Ар сэ хэты сянэ сфыриIона?



## ДЭШХО НЭШЪУМИ IО КЪЕКIЫ

КIэлитIу кIуагъэу дэшхуахьэ,
Мэзыр зэкIэ къакIухьэ.
Ашыпыгъэшъ ащ хъущэ,
Язэфэдэу агощы.
Ау зы лые къахэкIы,
Дэшхо лыем Iо къекIы.
— ПтелъыгъэшъыI сичIыфэ
Ар ощ нахьи къыстефэ, —
ЕIошъ язрэм епхъуатэшъ
Дэшхо лыер еубыты.
Адрэ кIалэр мэгубжы,
Щыбжьый плъыжьэу зестыжьы...
Дэшхор къыIэкIеуты,
ЫIэдакъэ чIеубытэ.
Аузэ дэшхор къахэзы,
Гъогум тефэ чэрэзэу,
Цокъэ чIэгъым чIэлъадэ,
ЛъэдэкъачIэм чIэкIуадэ...
ЛъэдэкъачIэм щэкъутэ,
Хъугъэм тIуми гу лъатэ:
Дэшхор нэшъоу къычIэкIы,
КъяхъулIагъэр гухэкIы...
АмыгъэIоу зы макъи
А зы наIэм зэтекъэх.

## ЗЫХАМЫIО СИПЭIОШХУ

ЦIыфымэ акъогъукIэ къосы,
Шъхьаукъэу нахьыбэмкIэ щэсы.
Джэгу хъумэ къашъорэм щымыщ,
ШэнышIукIи ар къахэмыщ.
Илъэсым зэзакъо зегъазэ,
Хьэр хьакъумэ ыпсэ къыIозы.
IофшIэгъум лъэкъуитIор зэрэнэ,
Емжагъэу гъогум къытенэ.
«ЗыхамыIо сипэIошху» ащ раIо.
Армэу орэдыр къыфаIо.



## МЫ ХЪУЛЪФЫГЪЭХЭРИ!

Дахэ зэралъэгъоу
Загъэджыгытышъо,
Ахэмэ зашIодэгъоу
АпакIэ къагъашъо.
Фаехэп зыпари
Гъэпсэлъыхъохэри.
Мы хъулъфыгъэхэри,
Мы хъулъфыгъэхэри!

Ащ ячъые макIэу
ТIэкIу о къыщыгъакIи,
Анэ къырагъэкIэу
Ашъо къызэокIы.
АфэшIи пIэ шъабэ,
Фаехэп нахьыбэ.
Мы хъулъфыгъэхэри,
Мы хъулъфыгъэхэри!

Ятутыны Iугъо
Зэлъагъэутысэ,
ЯпIомэ ядагъо
Зыкъыпфагъэгусэ.
ЗашIодэгъу дэдэх,
Ау сабыим фэдэх.
Мы хъулъфыгъэхэри,
Мы хъулъфыгъэхэри!

Анэхэр агъаплIэу
Шъхьащытхъужьы фалIэх,
ЛIыгъэм зыфэкIожьыкIэ,
Нахьыбэр ныкъуалIэх.
Ахэс щымыIахэу
Гъакъ къыпфырагъаIо.
Мы хъулъфыгъэхэри,
Мы хъулъфыгъэхэри!

## ЕМЫГУГЪУ ЗЫЩЫГУГЪРЭР

Емыгугъу аIоу,
БэмышIэ баIоу
СиI лIы нэIуасэ,
Чылэр ыгъасэу.

Ащ «чыжьэрыплъэу»
Ежь зелъытэжьы,
Ар бгъунджэу щылъэу
Купым епсалъэ:

— Зэ коммунизмэр
Къэсэу сыфэзмэ,
ШъозгъэшIэщт сшъхьэкIэ
Ешхэ-ешъуакIэ.

Сыдэущтэу шъуIомэ,
ШъукъысэдэIумэ,
КъышъосIон ари,
Къышъуушъхьапэн шъори.

... Нэф къызэрэшъэу
Iанэр сфаушъэ,
Ащ шхынығъуишъэ
КъыщсэIушъашъэ:

Стырыбзэр — лэпсы,
ШIыгъакIэр—щыпсы,
Чэтыр гъэжъагъэ,
Мэлыр гъэжъуагъэ...

Тхьачэтыр пIонышъ
Фэдиз зы шъынэ —
Iупсыр къыфечъэу
Дагъэр къытечъы...

Хьалыгъур шъабэ,
Щэламэр фабэ,
Уфаемэ лэтхъоу
ПIастэри хъои...



Пытагъэ зиIэу
Шъон лъэпкъэу щыIи
Iухыгъэу ашъхьэ
Итых сапашъхьэ.

Сишхэ дэгъунэу,
Бэу скIоцIыфэнэу
Псы емылычыр
Счый рысэгъачъэ...

Хьалыжъо пIуакIи,
Бэу зэтепшIыкIи,
Мэ Iэшlу къапихэу,
Iанэр ракIыхы...

Гуубатэр — Iэшlу,
Хьалаор — шъоу,
Атет сынаIэ,
Ащи сахаIэ.

Псы зэфэшъхьафи,
Къундысыу хафи,
СфэIэрыфэгъоу
Щытых сэ слъэгъоу.

— Емыгугъу, таущтэу
Ахэр бгъотыщта?
Тыдэ къипхыщта?
Ом къефэхыщта?

ЗигъэтхьагъэпцIэу
МакIэу мэщхыпцIы,
Бэрэ пэмытэу
Джэуап къареты:

Коммунизмэм ику
Имыфэу, изэу
Къысфищэщт псынкIэу
Сызыфаер зэкIэ.

— Адэ о пшъхьэкIэ,
ЦIыфыбэм папкIэ
Сыда о пшIэщтыр,
Федэу къэпхыщтыр?

Гъомылэ хъущэу
Ныбэм ишапхъэр
МыкIодыным пае
Сэ сшхыны фае!

Ар лъэшэу хьылъэу,
Ащ Iофы пылъэу
Емыгугъу хаплъэ,
Коммунизмэм паплъэ.

## БЗЫЛЪФЫГЪЭХЭР МЫХЪУГЪЭМЭ...

Бзылъфыгъэхэр мыхъугъэмэ,
Бэу дунаир зэщыгъони,
Бзылъфыгъэхэр мыхъугъэмэ,
Мафэр чэщэу мэзэхэни...
Бзылъфыгъэхэр шъхьазакъоми
Хэти фэдэу щыIэшъущтых,
Хъулъфыгъэхэр язакъомэ ...
Хъущтыр шъошIэ — Iоф хэфэщтых...
— Сэрмэкъэуа, шъыпкъэу оIуа?
Хъулъфыгъэхэр къысэуIу,
Iаеу ахэр къысфычIэплъы,
Ащыщхэми агу къысфэплъы.
— Сиблагъэхэр, ащ ясэIо, —
Шъукъеплъ, мыр сшъхьэ, мыр сипаIо:
ЗыфасIорэр сэмэркъэоп,
Ар зыIорэр сэ сизакъоп...
Бзылъфыгъэхэр мыхъугъэмэ,
Хъулъфыгъэхэр фэенчашъоу,
Ныджы шъхьашъом къытенэнхи...
Шъогъо дэдэхэу къэнэнхи...
Бзылъфыгъэхэр мыхъугъэмэ,
КIэлэцIыкIухэр хэт тфипIуни,
Чэми пчэни хэт къыщыни,
Iанэр хэт къытфишIыни...
Хъулъфыгъэхэм зашIошIыжьы,
Джыгытэуи залъытэжьы,
Ау зы чыIуи афимыдэжьэу
Мастэр аIэмэ ахаIужьы.
Ащ зыгорэ аупщэрахьмэ,
УгушIон ар хьэмэ ашхмэ,
АгыкIрэми шъо имIэжьэу
КъырахьакIы амышIэжьэу...
Бзылъфыгъэхэр мыхъугъэмэ,
Унэр хэты зэIихыни,
Хэт къэгъагъэ къыгъэкIыни,
Хэт лъэсэни, хэт гыкIэни...
Аузэ чылэр къагъэдаIоу

Хъулъфыгъэмэ гъакъ ргъаIо,
Хъулъфыгъэхэр, зи шъумыIоу
Зы шъэф шъосIон шъукъсэдэIуи...
Зыжъугъэпагэу, зыжъугъэгусэу,
ШъупакIэ жъугъэбжьэу шъущымысэу
Зыжъугъэтхъэнэу шъуфаемэ,
ШъуядэхашIэх бзылъфыгъэмэ.

## ШЪУАШЭМРЭ АКЪЫЛЫМРЭ

— Сызыфаер зэкIэ къыздэхъу, —
ЕIо Жэхъукъомэ япхъу.
Моднэу щыт цуакъэхэр ещэфы,
ИкастюмакIэ Iэ щефэ,
Джэнэ пчъагъэу иIэм регъэхъу,
Мафэрэ блэ зызэблехъу.
— ЩыгъынкIэ сэ къысэхъуапсэх, —
ЫIозэ гъунджэм кIэрэсы.
Шъуашэхэр зэфэшъхьафыбэу
Ипхъуантэ пытэу деубэ.
Ау зы тхылъ ащ пфищэфыщтэп,
Зэгуихэу еджэу плъэгъущтэп.
— Хэгъахъу, Сас, уигъэсэныгъэ,
УищыкIагъ бэу о шIэныгъэ, —
ЕпIомэ ащ зыкъырехы:
— ЗэкIэри дахэм дехьыхы!

Игъу шъошэ дахэ пщыгъымэ,
Дэеп акъыл дыуиIэмэ!
«Щыгъыным цIыфымэ уахещэ,
Акъылым укъахещыжьы».

## ПШЪЭШЪЭ ГЪЭШIУАГЪ

Пшъэшъэ закъоу быным иIэр,
Фэхъугъэшхо зиIэу щыIэр
Ары усэр зэхьылIагъэр —
Тлъэгъугъапэ етIолIагъэр..,
... Охътэ лые зи темышIэу
ЗыфиIорэр зэкIэ фашIэ:
Джэнэпхъиблэр зэмшъогъуиблэу
Арегъэды зэрэхьаблэу,
ЯмышIыкIэу ылъэдакъэ
Къыфащэфы хыкIыб цуакъэ.
Шъабэу фыжьышъ пшъашъэм ыIэ
ХагъаIэрэп ар псы чъыIэ,
(ГомыIу Iэхэр пхъашэ хъумэ,
Агу рихьыщтэп псэлъыхъомэ).
— Сыд уфая, сыд пшIоигъуа,
Сыд о джыри уищыкIагъа? —
Пшъашъэм быныр къыдекIокIы,
Пшъашъэм быныр къыдечъэкIы...
Нэ тхьагъэпцIхэр чIэгъырысэ
РигъашIэзэ егупшысэ,
Курорт кIонэу еухэсышъ...
Яни, яти афхегъэпсы:
— Курорт дэгъу горэм сыкIонэу
СэIо тIэкIурэ сыкъэтынэу,
Ар хъущт сэркIэ гъэпсэфыпIэу,
Зэщтегъэоу, зыплъыхьапIэу...
... Ынэгушъхьэмэ къахихэу,
Духы гъуами бэу къыпихэу,
Бын япшъашъэ зышIогуахьэу
Курорт пшъхьапэм зырегъахьы.
...Хыр ыпашъхьэ къыщэуалъэ,
Врачы пчъагъи ащ къыпаплъэ,
Iанэр пIонышъ зэгъэфагъэ,
ШхыныгъуиблкIэ ар ушъагъэ.
Ау типшъашъэ шхын зэхэдзышъ,
Ащ зыпари къыримыдзэу
Непэ щэ-плIэ зегъэгусэ,
Пщэрыхьэхэр егъэмысэ:
— Илыягъэу шъо шъуилэпсы
Дэгъэ бащэ ыкIыIу щесы,
Дэгъэ ткIопси темытыхэу,
Зы лы купси хэмылъыхэу
Къэжъугъэс лылэпс лагъэм изэу,
КуцI зэрилъэу къупшъхьэр хизэу...
...ПсынкIэу ари къынагъэсы,
Ау ыIапэ къегъэсысы,
ЫнапIэхэр зэлъигъаплIэу
Мыхъунишъэ къыреIуалIэ.
Пщэрахьымэ зэлъыпытэу
ЩыIэр пшъашъэм къыфалъытэ:
— Къыпфэтхьынба лы гъэжъагъэ,
Къыпфэтштэнба чэт гъэжъуагъэ,
ПфэтшIын IэшIоу лы хьалыжъуи,
ТиI угу еIумэ щыпсы Iужъуи...
Ахэр мыхъумэ, лы гъэгъугъи,
Хьазыр мары нэкулъ дэгъуи,
Тэ тиI Iаджи ащ нэмыкIэу,
Илъыр макIэп тэ тIэмычIэ...
Ау типшъашъэ ямышIыкIэшъ
Ыпэ цIыкIуи регъэзэкIы,
Гум темыфэу ар тесыешъ,
ИзэфэшIу ащ къэшIэгъуае,
Iэгъо-блэгъур къыгъэдаIоу
КъыIэкIахьэрэр ареIо:
— Шъуищхыу сеплъышъ, сэркIэ хафэ,
Шъуищи жъыкIэ сегуцафэ,
Пынджым хэшъулъхьагъ IэшIубащэ,
Шъуихьалыгъуи шъо пхъэшащэ...
... Фыжьы къахьмэ, шIуцIэ еIо,
ШIуцIэ къахьмэ фыжьы еIо...
Шъом икIыгъэшъ мэуташъо,
ЩыкIыгъащэшъ хъущт «къэбгъашъо».
Джар илажьэшъ мо тисаси,
Тигопэн, ар арэгъаси.

## ДАХЭ ЗЫСЛЪЭГЪУКІЭ

(Сэмэркъэу)

Дахэ зыслъэгъукІэ илыегъащэу
Ныбжьэу сиІэми имыфэшъуашэу
СшъхьэкІэ сыгъуащэу, гъогу сыдэхыщэу,
КъысаІо Іаджми сэ сыгушІуащэу...
АІорэр шъыпкъэ: сыда сэушъэфкІэ!
Дахэ зыслъэгъукІэ сщэгъупшэшъ зэкІэ,
Гу къыслъетэфэ сфэмылъэгъукІэу
Сэуцушъ сеплъы блэсымыгъэкІэу...
Сышъхьашыгуфми гур зыгъэчэфрэр,
Слъакъохэр псынкІэу зэкІэзыгъэкІрэр
Дахэхэр арышъ ауж зесэфэ,
Сыдигъуи апэ зыкъисэгъафэ.
Ау сэ сизакъоп дахэр зикІасэр!
Дахэ залъэгъукІэ агухэр мыІасэу
СэшІэ лІы пчъагъэ тихьаблэ хэсэу,
ПкІыхь алъэгъунхэм зэлъыкІэхъопсэу.
Ныбджэгъумэ ахэр зэлъагъэмысэ,
АІэбжым шъузми къафагъэсысы,
Куп зэрэтІысэу ахэр аубы,
Мин араІуалІэу хыми чІагъэбы.
Дахэм уеплъынкІэ сэ сшІохьарамэп,
УесэрмэкъэукІи зи ащ фэІуагъэп.
Сынэ къэплъэфэ сеплъыщт сшІогохьым:
Зыхэзгъэныщтэп дунэе хьафым.



## ШХЪОГЪОЛЭЖЪЫКЪОМ ИДАГЪУ

Шхъогъолэжъыкъо Хьажъуагъо
КъышъуфэсэІуатэ идагъо:
Емызэщыжьэу мэшъугъо,
ЕхъулІагъ шъугъоным шъуагъо.
Шъэогъоу иІэр пэрытэу,
Зыхэты купым ылъытэу
Ылъэгъумэ ышъо къыпэзы,
УзыкІаеу ыгуи мэузы.

Гъунэгъур гъэкІэрэкІагъэу,
ЗэкІужьэу дахэу фэпагъэу
Къифэмэ ыпэ Хьажъуагъо,
ЫнэкІэ елІы щынагъоу...

Уиунэ ар къебгъэблагъэу
Шхын зэфэшъхьафкІэ пхьэкІагъэу
КІожьымэ гопае мэхъу,
Дунаир уиІэу къыщэхъу .

Нахьыжьэу о укъэтэджэу,
Дэгъоу уишъыпкъэу улажьэу
Ыпэ узишъыкІэ зестыжьы,
Ежь-ежьырэу ыгукІэ зелІэжьы.

Шхъогъолэжъыкъо Хьажъуагъо
Илъэп иунагъо гушІуагъо:
Гъомылэу илъри бгъотагъэ,
Іэнэжъэу итри гъукІагъэ.

Шъугъоным зэрар нэмыкІэу
Зи федэ ащ къыпымыкІэу
Зэрэщытыр хэти зэхехы,
Шъугъорэм зэрар зэрехы.

Шъугъорэр — мыгъоу кІэлъэшъу,
Шъугъоным цІыфыр егъэшъу,
Іофы пшІэзэрэ нэкъуакъо,
Джащыгъум чэфэу обакъо.

Шхъогъуалэр сыдигъуи «нэшъу»,
ЩыІэныгъэмкІи корэшъу.

## ГЪОТЫРЫШХ

Гъотырышхыр хэчэфыкIы,
Ахъщэ чIыфэр регъэкIокIы, —
Еухыфэ шхапIэм чIэсы,
Фыжьым тесышъ зэкIэсысэ,
НитIоу иIэр зэтебалэ,
Лъэубэкъу пэпчъы зэхэбаджэ...
ЗыкIэкIыжькIэ, зыкъешIэжьы,
Игъогужъи ар техьажьы,
ИщхурыкIэ къеублэжьы...
Ар зыфаер чIыфэ-хьафы,
Ахъщэ зиIэм ыуж ефы.
ПсынкIэу ыдэжь зырегъахьы,
МыукIытэу ащ жэхахьэ:
— Неущ нэсы е мэфищкIэ
Сыпщэгугъы тIокIищыкIэ,
Остыжьыщтышъ ащ Iо хэлъэп,
А пIалъэми нэзгъэсыщтэп...
Зыдэжь кIуагъэр егъэукIытэ,
Ахъщэ чIыфэр къыфелъытэ.
— Ари дэгъу, къэтэхь-къэтэшх!
ЗыфеIожьы гъотырышхы.
Ар решъуфэ нэмыкI лъэхъу,
Имуради ащ къыдэхъу.
ЧIыфэ еIошъ шъэ къаIехы,
Лъэтемытэу егъэбзэхы.
ПIалъэр къэсмэ зегъэбылъы,
Фэкъулаеу зегъэчъэхъу,
Ахъщэ шхыныр шэны фэхъу,
Рагъэзыпэу шIуамыгъэкIмэ,
Уеттыщт судым къыраIокIмэ,
Зым къыIехышъ зым ретыжьы,
ПцIыгъушъэкIэ ар хэкIыжьы.

Гъотырышхэу нэпэтех,
О бэджашъор къызытех!
Икъун, хъугъэ, зыкъэшIэжь,
ЦIыфмэ цIыфкIэ зягъэштэжь.



## ХЬАРАМ

Хьафыштэу цIыфымэ зафарегъахьы,
Ежь ищыгъынхэр пхъуантэм дэшъуахьы.
ТхьамкIашъо фэдэу зыкъегъэлъагъо,
Ыныби лъэшэу ащ къырегъагъо.
Итхьаусыхэ зэхарегъэхы.
СиIахэп еIошъ чIыфэ о пIехы.
Ахъщэ зэрытхэр шъэфэу къегъаплIэ,
Ышъхьапэ хъущтым ежь зыфегъалIэ.

## ЦIЭЦIАЛЭР МЭПЫУТЫ

Щагу горэм сыблэкI пэтэу
ЩIэцIэ макъэ зэхэсхыгъэ.
ЛIыри шъузри пчэгум итэу
ЗэIупхъохэу сэ слъэгъугъэ.
КъызэркIыгъэр хъэтэ шIагъоп:
Щалъэр шъузым рихьажьыгъэп.
Хэт ышIэра, щыгъупшагъа,
Ащ фэдизэу Iофы хъугъа!?
ЛIым рихьажьми шъхьакIо хъущтэп,
Ащ еIэкIи зи щышIыщтэп.
Ау ыжашъо зэнимгъэсэу
Ишъхьагъусэ кIоцIэдысэ.
КъибгъэкIыщтмэ, къибгъэкIынба!
Бадзэр пылым фэдиз пшIынба!
«Зэрэмлъэгъухэмэ зэфалIэх,
Зэрэлъэгъухэмэ зэрэлIых», —
Сыды фэшIыкIэ ябгъэIона,
Iор унагъом изы пшIына?!
ЦIэцIалэхэр мэпыуты,
Зэщыхьаныр гуиуты.
ЦIыфыгъэнчъэр тэжъугъэухы,
Сыда пIомэ цIыфы ухы.



## ЗЭКIЭМИ ЗЫГОРЭ ЯЗЫIУАЛIЭРЭР

Сэ слъэгъугъэ зы лIы горэ,
Бэрэ ешIы цIэрэ шъхьэрэ,
ОрэдыIом ар зедэIукIэ,
Пстэуми дэгъоу заIуатэкIэ,
Мыхъухэнэу ежь хегъэкIы,
Мин щыкIагъэу къыхегъэкIы:
— Макъэу иIэр ащ чанышъэ,
Ыжэ лъэшэу зэкIещыщэ...

Пхъэшlэ Iазэм дэжь зыIохьэм,
ИIэшIагъэ къызыхаплъэм,
Ылъэгъугъэр шIомышIагъоу
ГъумытIымэу къыублагъ:
— Ащ нахь дэгъуи сыIукIагъ.

Чэты псау зырагъэшхкIэ,
ЗигъэшхэкIэу зытэджыжькIэ,
Опсэу Iоныр ащ щэгъупшэ:
— Чэты кIэпщыр цIыкIуIуагъэ,
Щыбжьый дагъэр мэкIэщагъэ.

Ежьыр пIомэ, пкIэ иIахэп,
Зи зыуасэ ар щыIахэп.
IофышIэным фэсэмэгу.
Аузэ чылэр еудэгу.

## ХЬАПАКӀЭ КЪЫРАМЫЩАГЪЭР

Акъылыр былымэу,
Гупшысэм ылъапсэу
БэшIагъэу ХьапакIэ
Зэхехы къэбаркIэ.
— Сыгу зэIоу сызфаер, —
Ащ къеIо зы мафэ, —
Сэ сщэфэу сихабзэ,
ШъусэшIых щыгъуазэ.
Акъылыр былыммэ,
ИшIуагъэ сэкIыщтмэ,
СыкIонышъ сщэфынба!
Бэдзэрым телъынба?!
Бэдзэрыр къекIухьэ,
Мыпшъыжьэу зеплъыхьэ,
Ыгу ыхьрэр ещэфы,
ДжэнакIи шарыфи
Iалъмэкъым къырелъхьэ,
Зы паIуи ахелъхьэ...
Чэзыур акъылым
Нэсыгъэшъ, ишъыпкъэу,
Щэрэмэ ХьапакIэ
ЗэрилъэкIэу яупчIы:
— Акъылыр симакIэшъ
Сщэфынэу сэ сэIо,
Зыщэнэу хэт зиIэр?
Сэ зэкIэ сэщэфы.
СиIофи зэпэфэ..
Дэхьащхых шъхьакIэ...
Яжэ ХьапакIэ!



## ХЬАМОС

Гъунэгъу лIыжъымэ ахэсэу
Хьамосэ ибэщ егъэсысы:
— Шъощ нахьи нахьыбэ згъэшIагъэ,
Сшъхьац фыжьэу зыхъугъэр бэшIагъэ...
ApшъэкIи макIошъы мэтIысы,
Загъори зафегъэгусэ,
Апэ дэдэу Iанэм IотIысхьэ,
Ицаци кIэпцышхом къыхесэ...
Iанэр зэлъиуджэшъухэмэ,
Емыхыжь охъуфэ ешъуахэмэ,
Гъакъ ащ ригъэIонэу къеублэ,
Зэлъыпытэу къэбархэр зэхеблэ,
ЫIапи жьым къыщегъаIэшъ,
ЛIыгъэми къытегущыIэ.
Ау сшъхьакIэ сэ мыр згъэхъагъэ,
КъэзгъэкIуагъ мыр сэ сишIуагъэ
ЫIуагъэп егъашIи Хьамосэ,
ЕтIани чылэр егъэмысэ.

## ЗЫ ЩАЛЪЭ ИКЪЭБАР

Чэщи мафи зы щалъэ
Ылъэгъурэм епсалъэ:
— СэгъэцакIэ Iофыбэ,
Псынэ куум сеIабэ,
СеIэбэхышъ сэ шIэхэу
Псыбэ дэдэ къисэхы,
Хэт ешъощтми есэты,
Сэ псынашъхьэм сытеты,
Хьакъуашъоми изыбзэу
Семызэщэу псыр сэшIы,
Сэузэнды пхъэчаер,
Пщэрахьыми сыIокIэ —
Ищыуани къышъхьабзэу
ОхъуфэкIэ фисэкIэ,
ГъогурыкIор згъэразэу,
ПсынкIэ-псынкIэу гоузэу
Пэсэгъохы псы чъыIэр,
Бэ, бэ шIуагъэу сэ сиIэр.
Джаущтэу щалъэр зыщэтхъу,
ЗышIошIыжьэу мэкъэхъу.
Ау игъашIэ зэпхыгъэ
Псынэ шIагъом ишIуагъэ
Щыщэу зи ащ къыIощтэп,
КъэзыIорэми фидэщтэп.
...Аузэ псынэр егъукIы,
Мо щэлъэжъыри джы нэкIы!



## ШЪЭОГЪУ АР ШЪУМЫШIЫ

Ар сауж итэу къэкIуашъэ,
Загъори къысэIушъашъэ:
«ТыгъэтIыс, жьаупI мыщ дэжьыр,
ЗыIутщэн шъабэу псыхъожьыр...
Уапэ илъ IофышIэн хъущэ,
УкIэхьажьыщт о неущы...»
Ау Iофым сыхэблыхьагъэу,
IэшIагъэм сэ хэзгъэхъуагъэу
ЫпэкIэ сэ сылъэкIуатэ,
ЫпэкIэ сэ сылъэкIуатэ...
Шъхьахынэжъ джыри къэушъы,
Ишъыпкъэу макъэ къысешъы:
«...ЗегъэкIи тIэкIурэ шъхьаукъэ,
Сихабзэ Iаеу оукъо,
О Лъэпшъ сыппырикъункIэ,
Нэрылъэгъоу о сыптекIонкIэ!»
Шъхьалымыжъоу сплIэIу
къегъуалъхьэ,
ЛъэкъуитIуми лъахъэр къатрелъхьэ,
Загъори сегъэлъэпао,
Ау зэрэслъэкIэу сезао.
Шъхьахынагъэр кIочIэубытышъ,
ГугъапIэ зи есымыт.
Шъхьахынэжъыр гъусэгъу пшIымэ,
Лыябэ о зэохыжьы,
Ащ о къыуиIорэр пшIэмэ,
Зэрарэу пшъхьэ уфэхъужьы:
Аужи чыжьэу укъенэ,
Ныджыми о укъытенэ.
Шъхьахынагъэм узгъэлы уешIышъ,
Шъэогъу ар шъо шъумышIы.

## ВРАЧЫ ПШЪАШЪЭР

Тэ тикъуаджэ щыврачынэу
Пшъэшъэ дахэ къагъэкIуагъ,
Зы нэплъэгъум шIу слъэгъуныр,
Шъыпкъэ дэдэу, хэт ышIагъ!?
Нэфы мышъэу сыкъыфэсы,
Сэ есIощтым сыкъеусэ:
— СплIэIу лъэшэу сегъэгуаIэ!
(Iэ шъабэкIэ ащ къытеIэ).
— Зи уилажьэп! — джар къысеIо,
Ыни лъэшэу къегъэIае...
Ау етIани ыдэжь сэкIо,
Кабинетым зисэщае.
Сшъхьэ узыгъэу есэIуатэ,
КъытеIабэ сэ сынатIэ.
(Сэ мыщ дэжьым сыхъугъ плъыжьы)
Врачы пшъашъэр къысфэгубжы,
Чылэр щытэу сеумысы:
— Шъхьэ уз уиIэп, пцIы оусы,
Хьаолыеу укъысфакIо,
О уиягъэ къэогъакIо.
Сыдэу сшIына слъэкъуитIу сахьы,
Слъэгъун фалIэшъ зысэплъахьы.
— Сыда джыри къыпщышIыгъэр?
Бэ шIагъэпи сызоплъыгъэр?
— Нахьи дэеу сиуз хъугъэ...
Ау хъужьынкIэ сэ сэгугъэ.
— КъаIолъ мыдэ уилэжьапэр?
— Къысхэуапэ мы цэгапэр..
НитIоу иIэр къысегъэплъа!
— ЗытIэкI! — еIошъ къыстехъупкIэ,
Сегъэхьапщэ, сыкъегъапчэ,
КъысиIощтым сыкъыпаплъэ:
— УипсауныгъэкIэ, сиблагъэ,
Цум уфэд, ар дэгъоу сшIагъэ...
Ышъхьашыгу сэ къисэрэхи,



(Фаеми пстэуми зэхарэхы),
ЕсэрэIу шъуIуа къысэузыгъэр
«Узы лъэшэу» — шIулъэгъуныгъэр.
Ау уврачмэ, нафэ хэткIи,
ПшIэны фае шъэфы Iаджи.
Лажьэу сиIэр зэримшIагъэр!
ПкIэнчъэ сэIо зэреджагъэр!

# КIЭЛЭЦIЫКIУМЭ ШЪУАФЕДЖ КIЭЛЭЦIЫКIУХЭР ЕРЭДЖ



## ТЭТЭЖЪЫ ЫПАКIЭХЭР

Ситэтэжъ сэ щхэнышъ щхэны,
ЫпакIэхэр гъэшIэгъоны:
Iанэм пэсэу шхэ зыхъукIэ,
Ахэр бэрэ мэхъублаблэх,
ГушIом хэтэу къызыщхыкIэ,
Къашъох пIонэу мэупIапIэх.
Гъунджэм Iутэу IэшъхьитIукIэ
ПэкIэ къопсхэр зэлъегъэщы,
Ащ ыцыпэ дыды папкIэу
ПэпцIэ дэдэу зэлъетIупщы.
ЗычъыекIэ сыкъекIуашъэ,
ЫпэкIитIу сафэсакъэу
ЦIыкIу-цIыкIоу сыкъынэсы,
Бадзэ шIошIышъ къегъэсысы.
ЫпакIэхэр дэщэягъэу
Зыслъэгъукlэ сыпэгъокIы,
А лъэхъанэм ичэфыгъоу
Щытышъ тэтэжъ IогушIукIы,
Къысщехъохэшъ сегъэлыджы.
Ау пэкIитIур ещэхыгъэу



ЗыслъэгъукIэ щысэкIухьэ...
ЫпакIэхэр тIыбжъэ пIонэу,
Мо джы дэдэм къэпыджэнэу
Сэ тэтэжъыр къысфэплъыры,
Ар сыбзаджэ хъумэ ары.
— ПакIэр сыдэу умыупсра? —
Ситэтэжъы сэ зесэIом,
ШъукъедэIолъ къысиIуагъэм:
— ПакIэр, сикIал, стемытыжьмэ,
СызхаIощтэп сэ тэтэжъмэ...
СигъэгуIи «птерэт» сIуагъэ,
Тэтэжъыри згъэгушIуагъэ.

## ЮНЫСЫРЭ ТЭТЭЖЪ ИНЭГЪУНДЖЭРЭ

Тэтэжъым пхъэнтIэкIур ыгъэцэкIэжьыми,
Лэныстi шъэжъыий ыгъэчаныжьыми,
Газет къыфахьэу еджэу тIысыгъэми,
Сыд фэдэ Iоф ышIэнэу фежьэми,
Нэгъунджэ иныр ренэу зыкIелъхьэ,
Ар пэтхы шъыпкъэм телъэу зэрехьэ.
Апч хъурэитIоу нэгъунджэр зэгот,
Дышъэ хъурджанэм ахэр кIоцIыт,
ТхьакIумэ лапшъэмэ къопсхэр якIужьы,
Зэфэдэу нэгъунджэр зэпэлыдыжьы.
— Нэгъунджэ дахэр лъэшэу сыгу рехьы,
Зызакъу нэмыIэми сшIоигъу зыкIаслъхьэ, —
Юнысы цIыкIум макIэу хеIукIы,
Ар зыдэщылъымкIэ бэрэ рекIокIы.
Тэтэжъыр чъыягъэу диваным илъэу,
Дышъэ нэгъунджэу столышъхьэм телъыр
ГуаIэмэ-гуаIэзэ ынэ къыкIелъхьэ,
ЦIыкIу-цIыкIоу кIалэм мары зеплъыхьэ..
Зэплъырэ пстэури къышIузэIахьэ;
ПхъэнтIэкIур столым фэдэу зэIэкIы,
Шъхьаныгъупчъи пчъи шIузэхэкIуакIэ.
Тэтэжъым еплъымэ иныжъэу къышIошIы,
Чэтыур аслъанэу ащ къыпэшIошIы,
Щынагъошъ ылъэгъурэм ыгучIэ рехы,
ПсынкIэу нэгъунджэр ынэ къыкIехы.
Зэрэщытыгъэу зэкIэ мэхъужьы,
Мыщ дэжьым кIалэр мэгупсэфыжьы.
Фэсакъэу нэгъунджэр егъэIылъыжьы,
Тэтэжъым еплъызэ мыр кIэлъеIожьы:
«Сыд пае тэтэжъым нэгъунджэр Iулъыра?
Ар лыды-пкIыдэу тэтэжъ шIодахэми
Ащ фэд нэмыIэмэ сыфэмыяхи».



## ТИМЭ ЦIЫКIУМ КЪЕХЪУЛIАГЪЭР

Итэтэжъы лулэр Iулъ,
Илулашъхьэ машIор хэлъ.
ЗыкIуасэкIэ хегъэнэжьы,
НэкIы хъумэ еушъэжьы.
Емызэщэу лулэм кIэшъу,
Тутын чысэр непэ решъу.
ИешъуакIэ лъэшэу щхэны
Шъыпкъэ дэдэу гъэшIэгъоны:
Iугъор чыжьэу, чыжьэу ефы,
Пэбзыджынмэ къарэфэфы.
Тэтэжъ дэжьы Тимэ щысэу
Бэрэ, бэрэ егупшысэ:
«Сыды пае къыIуфэфэу
Тутыныбэ ащ ыгъэстра?!
Мо тутыныр IэшIун фае,
Ау ар сэркIэ къэшIэгъуае».
Тимэ цIыкIу ыгу къэкIы:
Тэтэжъ лулэр зигъэIылъкIэ,
ЦIыкIу-цIыкIоу екIолIэнэу,
Шъэфы-шъэфэу ащ ешъонэу.
Зэ шъхьай тэтэжъ гуIэу екIы,
Лулэр стызэ ащ къыренэ.
Тимэ лулэм къыдекIокIы,
Еплъы, къештэшъ зыIуегъанэ,
Лулэ пакIэр дыджы-псыджы.
Ащ IукIоцIыр къегъэлыджы.
Iугъор гъозэу зыIуегъэпщы.
Пщэ коренэу зезэрэщэ.
Егъэуташъошъ ыгу къыпешъу,
Iугъо дыджым ынэ решъу.
Лулэр псынкIэу зыIуехыжьы,
Ерэхьатэу жьы къещэжьы:
— Уешъо хъуна мо тутыным,
Хэфэ дэдэу дыджы-псыджым!
Армэ тэтэжъ бэу хэукъо,
Сызиджагъор тутын ешъо.
Чыир ретхъы, уни решъу,
ЕсIощт тэтэжъ емышъонэу,
Лулэ дыджыр чIидзыжьынэу.

## ДЭКІО-БЗАКІОУ ЗЫЗГЪЭСЭЩТ

Сянэ лъэшэу Іэпэ-Іас,
Дэны-бзэным ар фэІаз.
Сянэ фэдэу зысэгъас,
Арышъ сянэ къысфэраз.
ШэкІ бзыхьафыр ащ къысеты,
Бзыпхъэр щэкІым тесэубытэ.
Си лэныстэ къэсэгъабзэ,
Сызыфаер къыхэсэбзы.
Дынри мары хьазырыпс,
Іудан псыгъор мэстэ гъус.
Мастэр сэштэ ар къэсэды,
Здыгъэ джанэр сыдым фэд.
Хэт щыплъэми ар къекІущт,
Дахэу дыгъэшъ игопэщт,
МашинэмкІи сыдэшъущт,
Ащ сянэ сынимгъэс,
АщкІэ лъэшэу къысфэмыс.
— Джыри, — еІо уцІыкІуІу,
УищыкІагъэр мэстэ цІыкІу.
Зэ машинэкІэ серэгъадэлъ.
Сымыдэшъумэ ар ерэплъэлъ, —
Шъыпкъэ, сянэ сэщ нахь Іаз,
Пстэуми аІо, Іэпэ-Іас.
Арышъ сэри сегугъущт,
Сянэ фэдэу зызгъэсэщт.



## КІАЛЭМРЭ БЗЭГУМРЭ

Еомэ зэраІоу, зэраІотэжьэу,
Тичылэ дэсыгъ зы шъэожъые.
Пчэдыжьы къэси къекІы джэгунэу
КъырегъэчъэкІы икурэжъые.
Пшыси тхыдэжъи кІалэм икІасэу
Орэды Іонми ащ зыфегъасэ.
КъэшъокІэ тІэкІуи къызэрегъашІэ,
Сурэт Іаджи фэІазэу ешІы...
Аузэ зы мафэ Іофы ар хафэ,
МакІэу жьы къеща, ыпсэ ихьафэу:
ОшІэ-дэмышІэу ыбзэгу къыдэкІы,
Къамыщы кІапсэу къырелъэшъокІы.
Хъугъэр амышІэу быныр мэгуІэ.
Ыгу еІэжьыгъэшъ ныр нэку-нэпсы.
Къинэу къэкІуагъэр ятэ ещыІэ,
ЛъэкІохэшъ врачыр псынкІэу къагъэсы,
Бзэгур еплъыхьэшъ шъхьэр егъэсысы:
— Сэ джырэ нэсы фэдэ слъэгъугъэп,
Зы уцы лъэпкъи ащ иІэзэгъоп...
Къуаджэм къэкІуагъэу зы лІыжъы хьакІэ,
Ыбзэгу мо кІалэм зэлъыулэрэкІэу
Ыужы итышъ плъэмэ елъэгъу,
КІалэм иузкІэ ащ ыгу фэгъу.
КІэлэ сымаджэм лІыжъыр кІэрэхьэ,
ЫнитІу лъэшэу ар акІэплъыхьы:
— О, кІалэр, осІон сэ о уилажьэ,
УипцІы мыухыжьы къыхьыгъ а лажьэр,
Шъыпкъэба, кІалэ, джэуапыр къэты!
Мыщ дэжьым кІалэм ышъхьэ къеІэты:
— ЗэкІэ о шъыпкъэ къызыфэпІуагъэр,
МакІэп сэ сшъхьэкІэ пцІэу зэхэслъхьагъэр.
Ар къызэриІоу бзэгур мэхъужьы,
Къинэу телъыгъэр ащ еІотэжьы.
Илъэсхэр блэкІы, охътакІэр къэсы,
Шъыпкъагъэм пытэу, пытэу ешэсы,
Шъыпкъагъэр кІалэм къыхехы гъусэу,
Ар къыфэнэжьы егъэшІэрэ гупсэу.

## ТЭТЭЖЪЫ ИЛУЛ

Ситэтэжъы ежь ышIыгъэу
Лулэ иныр къырехьакIы.
Тхыпхъэ пчъагъэ къешIэкIыгъэу
Зэпэжъыу илулакIэ.
Чэщи мафи ренэу кIэшъу.
Зэпымыоу тутын ешъо.
ИешъуакIэ бэрэ сеплъы,
Салъэныкъуи тэтэжъ къаплъэ.
Илулашъхьэ машIор къепсы,
Iугъо псыпсыр зэлъетIупщы.
Унэ кIашъом макIошъ нэсы,
Хъытыу пIонэу зезэрэщэ.
Iугъор тэтэжъ ыкъудыеу
«Паф!» ригъаIоу къызитIупщкIэ.
Хьалыжъыеу зиухъурэеу
Мэчэрэзышъ зэбгырэкIы.
Лулэр тэтэжъ зыIуимыхэу,
Iугъор пщагъоу къышъхьарихэу
Унэм екIы, къегъэзэжьы,
Сэри ренэу сит ыужы.
СшIэ сшIоигъоу, сыкIэхъопсы,
Сэ згъэшIагъоу сегупшысэ:
— Лулэ пакIэр IэшIун фае,
Ау щымытмэ сыды пае
Ситэтэжъы зэпымыоу
Iулъа лулэр зыIуимыхэу?
ЗэзгъэшIэнэу иIэшIугъэ
Мурад пытэу сшъхьэкIэ сшIыгъэ...
Ары шъхьае таущтэу хъущта,
Ситэтэжъы къысфидэщта?!
Гъунэгъу горэ тэ тиунэ
Къехьэшъ псынкIэу тэтэжъ рещы,
Лулэр столым къытыренэ,
МашIор макIэу ащ къыхэщы.
ЗызгъэлIыпэу сыкъекIуалIэ,
ЗыIусэлъхьэшъ сэкъудыи...
СлъэкIэпIитIуи къэкIэзэзы,
Сыгу зэIахьэ, шъхьэр къэузы,
Сыпэразэу сыкъытефэ,
Сижь еубыты, псэр сихьафы...
Тэтэжъ псынкIэу къегъэзэжьы,
Ар ерагъэу сэ сэшIэжьы,
Къехьышъ ащ псыр къысIуегъафэ,
СынэтIашъо Iэ къыщефэ:
— Мо джы дэдэм упсаугъи,
СитIыхъу цIыкIур, сыд къэхъугъи?
Врачы Iазэ къэзгъэсына,
Хьаури ыдэжь уязгъэщэна?
— Хьау, тэтэжъ, сэ сэхъужьы,
Ау о пкIэнчъэу зыостыжьы.
Сыды пае тутын дыджэу
МыстхъумылIым о уешъора?
Хэты мыгъор уигъэлIэнэу,
Ситэтэжъ, о къыпфежьагъа?
Уемышъожь о ащ нахьыбэ!
Къыостыщт о укIэшъунэу
СиIахь щыщэу канфетыбэ,
СыолъэIу къыздэпштэнэу.

## ПСЫХЪОЖЪЫЙ

Типсыхъожъые дахэу Iупчъапчъэу,
Тикъушъхьэ лъапэ чъыIэу къыкIэчъы.
ЗэрэфэлъэкIэу ащ зырегъахьы,
Ижьы къэбзэшIуи гохьышъы-гохьы...
Псыхъом пэблагъэу зы лIыжъы щытэу
Ичъэрэ бэрэ еплъы зэпыты.
— О псыхъожъыер зэ къэуцуаIи,
ТIэкIу зыгъэпсэфба, о умыгуаIи!
— Ар сыфэчэфэу фэзгъэцэкIэни,
Ау былымыбэ, сэшIэ, къыспаплъэ,
Фэбаешъ малIэх ахэр псыфалIэ.
Мэлы Iэхъогъуми сэ сыфэсыни,
Сэ сипсы шIагъо аIузгъэфэни.
Къэзгъэчэфыщтых, сшIыщтых сэ разэ,
Псы егъэшъонкIэ сыхъугъ сэ Iазэ.
— Упсыхъо дахэу, упсыхъо уалъи,
Ащ нэужыпкъэм сыд угу хэлъи?
— Тыгъэнэстырым чIыр зэгуеутышъ,
Ащ игъогупэ сэкIощъ сэубыты,
Сэ шынэгъакIэр чIыгум фэсэхьы,
Сэ щыIэныгъэр чIыгум хэсэлъхьэ.
— Сыоплъышъ, псыхъор, о огоIащэ,
Уцуи рэхьатэу зэ о жьы къащэ!
— Сэ кIэлэцIыкIухэр чэфэу къысажэх,
Сипсы есагъэшъ ахэр къысаджэх,
ЯгушIогъошхоу сипсы къыхахьэх,
Алыпцэ цIыкIухэр пытэу сэпсыхьэх.
Зыгорэ джыри ахэм зэраIо,
ЗэраIотагъэм шъуетэгъэдэIу:
— Псыхъор, пыдзафэ хъоеу къэохьы,
О уикъэбзагъэ зэIыогъахьэ.
— Зи сэ силажьэп, бэмэ сэ сяджэ,
Ашъэ икIыгъэу зы куп мэбзаджэ,
ЯхэкIы шIойхэр сэ къысхатакъо,
СыкъагъэушIоркъы, сызэщагъакъо...
Къачъэзэ псыхъом ыпэ регъэхъу,
ЛIыжъэу кIэрытыр ишъыпкъэу щэтхъу:
— Пшъэрылъэу уиIэр о мыпсынкIагъо,
Хы чыжьэм екIу занкIэу уилъагъо.



О къэогъашхэ пцэжъые хъущэ,
О птхыцIэ тетэу хьылъэ зеощэ...
ПкIуачIэкIэ нэфыр къуаджэм еоты,
Зыбгъэпсэфынэу игъоу сэлъытэ!
— Хьау, сыпшъыгъахэп! —
Псыхъом къеIожьы,
ЛIыжъы тхьапэфым къыпэгушIожьы.

## ЗЭШИТIУМЭ ТХЫЛЪИТIУ КЪАФАЩЭФЫГЪ

ЗэшитIумэ тхылъитIу къафащэфыгъ,
Зырызэу тхылъхэр ащ аратыгъ.
НахьыкIэм къабзэу тхылъыр зэрехьэ.
МыушIоинэу кIышъо тырелъхьэ.
НэкIубгъо пэпчъэу сакъэу зэгуехы,
Сурэтэу дэтым тхыпхъэ тырехы.
Нахьыжъым тхылъыр джэгуалъэ ешIы,
Тхылъым ыпакIэ гъуанэ хегъэчъы,
Iудэнэ кIыхьэр гъуанэмкIэ пешIэ,
Бзыоу ышIыгъэшъ мэIэчъэ-лъачъэ.
Ау тхылъы цIыкIум зыкIи зиIэтрэп,
Сыд ришIэфыгъэкIи чIыгум фытекIрэп,
Янэрэ ятэрэ нахьыкIэм щэтхъу,
Нахьыжъым ишэн гухэкI афэхъу...
ЗэшитIумэ тхылъитIу къафащэфыгъ,
Ау яIыгъыкIэ зэфэшъхьафыгъ.



## МЭЗ ПСЫНЭМ ИТХЫД

Пшыс

Псэушъхьабэ
Зэдыпэбгъоу,
Мэз гъэхъунэр
Ащ яунэу
Дахэу щысых,
Егупшысэх.
ШъошIа щысхэр?
ШъотIон ахэр:
Мышъэ быцэр,
Тыгъужъ тхьацэр,
ТхьагъэпцIыжъэу
Бэджэжъыер,
Къэрэбгъэжъэу
ТхьакIумкIыхьэр.
Аслъан бланэр
Къэплъан иныр.
Ятхьаматэ —
Мышъэ быцэр,
ТхакIоу яIэр —
Тыгъужъ тхьацэр.
— ШъукъэдаIох!
Мышъэм къеIо, —
ТизэIукIэ
Щыт зы упчIэ:
Псынэ тIыныр
Псынэ шIыныр —
Ары Iофыр.
ТхьагъэпцIыжъэу —
Бэджэжъыем
ЗыкъеIэты,
ЛъэпэпцIыеу
УпчIэ къеты:
— Псынэ сыдкIэ
ТищыкIагъа?
Ащ джы IофкIэ
Тынэсыгъа?
Мышъэ быцэм
Зэлъигъаджэу

Бэджэжъыем
КъыреIожьы:
— Тэ тимэзы
Псынэ хэтэп,
Псынэпс къабзэ
Хэбгъотэщтэп.
Ар гухэкI,
Ащ иягъэ
Тэ къытэкI,
Сымаджэрэ
Бэу къытхэкIы,
Гъэмафэрэ
Псыр тимакIэ,
КIымафэри
Псым тыщэкIэ...
Щысы пстэуми
Къызэхахэу
Бэджэжъыер
Мэщхышъ, мэщхы:
— Псынэр лые,
Псыхъожъыер
Мэзы гъунэм
КъыречъэкIы,
Ащ егъашIэм
Тегъэшъокiы...
ТхьакIумкIыхьэр
Пчэгум къехьэ,
Ащ ымакъэ
Къыгъэзазэу,
Бэджэжъыем
Къыфегъазэ:
— Гъэтхапэрэ,
ШъошIэ шъори,
КъызещхыкIэ
Псыхъор зэкIэ
КъызэIахьэ,
Гум ымыхьэу
ШIоркъы мэхъу...
Псым тылъэхъу,
ТыIумыкIэу
ТIу егъукIы...
Аслъан бланэр,
Къахэтаджэ,



Мэзы иныр
Зэлъегъаджэ:
— КIымафэри
Псыхъор бэрэ
Мылы пытэу
Щтыгъэу щэты.
Ос къемысэу
Псыхъор псынкIэу
ЗыжъужьыкIэ,
Ащ уешъонкIэ
УщымыкIи.
Псынэ тIыныр
Сэштэ игъоу,
ТшIыщт тэ псынэр
Iэрыфэгъоу.
Тыгъужъ тхьацэм
ГущыIацэ
Химыгъэзэу
ЗэкIэ етхы,
Фэсакъыпэ
ИтхылъыпIэ.
Къэплъан иным
ИгущыIэ
ЗэкIэ щысым
Тет ынаIэ:
— Мэзы псынэм
Ипс Iэзэгъу,
Мэзы псынэр
Iэрыфэгъу.
Сыд кIымафи,
Сыд гъэмафи
ПсыIэшIу ренэу
Тэ тиIэн.
Псым иIофкIэ
Тыгу псэфын.
Арышъ, скъошхэр,
Псэушъхьэхэр,
ЦIыкIуи ини
ТшIыщт тэ псынэ.
ПыжъэжъыкIэу
Бэджэжъыер
Пчэгум къехьэ,
Ажэхахьэ:

— Зэщы IофкIэ
Шъуизэ!укIэ
Зэхэхьагъа?
Псэушъхьэ лъэпкъым
Псынэ атIэу
Алъэгъугъэп.
Псынэ ттIынэу
ТищыкIагъэп!
Тэ типсыхъо
Тэ тегъатхъэ.
Ащ псэу дэтыр
Фэхъущт хэти...
Псынэ тIыныр —
Сэмэркъэоп,
Псынэ тIыныр —
IэшIэхыгъоп.
Сэ сиIахькIэ
Шъуизэ!укIэ
Къэсэбгынэ,
ШъутIы шъо псынэ!
Псынэ ашIмэ
Къашъхьапэнэу
Щысыгъэмэ
Зэдаштагъэ.
Зэфэчэфхэу
ЧIыпIэ хахы,
ЗэдеIэхэшъ,
ШIыхьаф ашIы.
ЦIыкIуи ини
Iоф зэлъашIэ,
Мэзы псынэ
КъызэдашIы.
Мышъэ быцэр
МатIэ, матIэ,
Тыгъужъ тхьацэм
Рехы ятIэр.
Аслъан бланэм
Мыжъор къехы,
Мэзы псынэм
ЫкIоцI релъхьэ,
Къэплъан иным
Зегъэхъупхъэ,
Псынэ щалъэм



Ар еупхъу,
Хьакъуашъори
Ащ еуIу,
Псынашъхьэри
КъызэхеIу.
ТхьакIумкIыхьэр
Мэпщэрыхьэ,
Шхыны гохьыр
Хэти фехьы...
ЗэдеIэхэшъ,
Iофым хэкIы,
Зэгъусэхэшъ,
Iофым кIэкIы.
МыукIытэу
Чыжьэу щытэу
Бэджэжъыер
Купым хаплъэ,
ТхьагъэпцIыжъыр
Хъущтым паплъэ.
IофшIэным
МашIор къекIы,
Псынэ тIыным
РагъэкIокIы.
ПкIантIэр купым
Бэу къыпэчъы,
ПкIантIэр купым
РелъэкIэхы.
Щэджэгъуанэ
Зыщыхъуным
Мэзы псынэр
Зэлъагъэчъы.
Мэзы псынэм
Псыр къыкIэчъы,
ЯгушIуагъо
Инышъ, иныi,
Iэгум теох,
Псыр къычIэкIы
Къызэдашъох...
Псыр къырахы,
Зэраутхы,
Яхьэкъуашъо
Бэу бэ ешъо.
ЗыратхьакIы

ЗырагъэпкIы...
Бэджэжъыер
Чыжьэу щытэу,
Мыгъожъыер
МыукIытэу
Хъярым хаплъэ, —
Ыгуи мэплъы.
Псынэпс IэшIум
ЫIупс фечъэ,
Ау армэум,
Нафэ, пкIэнчъэу
Псы ратыщтэп:
Ифэшъуашэп.
Аузэ, аузэ
Шыблэр гъуагъоу
Зэ зы мафэ
Ощхышхуагъэ.
Псыхъор зэкIэм
УшIоркъыгъэ,
Ащ уешъонкIэ
Iаеу хъугъэ,
Пшахъуи ятIи
Къызыдехьы,
Къури пкIашъи
Щызэрехьэ.
Мэзы псынэм
Ышъхьэ пIуагъэ,
Ар сэнэпсым
Фэдэу чъагъо.
Аслъан бланэр,
Къэплъан иныр,
ТхьакIумкIыхьэр,
Мышъэ быцэр,
Тыгъужъ тхьацэр
АIоу къакIошъ
Псынэпс ешъох,
Псыхъо шIоркъым
СыдкIэ пылъых.
Бэджэжъыер
Ащ яхъуапсэ,
Зэшъощт псыхъор,
КIо, тхьакIэпсы.
ЗэпекIухьэ



Мэзы псынэр,
Ау нэсына! —
Къагъэгъунэ.
ФэмыхъукIэ
Псы шIоркъ ешъо,
МэфищыкIэ
Пефы ышъо:
Бэджэжъыер
Мэсымаджэ,
Изытеплъэ
Укъегъащтэ,
ЫнапIэхэр
КъышIуефэхы,
Мо тибаджэ
Къызэхафэ...
ПсынкIэу Iазэр
Къынагъэсы,
Узэу иIэр
Къаухэсы:
— ШIоп ыныбэ,
Псы шIоибэ
Къегоуагъэу
Ит, щынагъо...
Псынэпс къабзэр
Хъущт Iэзэгъу
Егъэзыгъэм
ДэIэпыIэх,
Iоф хэфагъэм
ЗэкIэ деIэх —
Мэзы псынэм
Щыщ къыфахьы,
Бэджэжъыем
КъыдакIухьэ.
Псыр Iуагъафэ,
НатIэм щафэ,
— Зи имлажьэ
КъехъулIагъэп,
Умылажьэу
Умыпсэумэ,
Плъэгъущт лажьэ, —
Псэушъхьэмэ
КъыхаIукIы,
Агу хэкIэу

Бэджэжъыем
Бэу ецIацIэ...
Псынэпс чъагъом
Къыхьыгъ шIуагъэ:
МэфитIу шIагъэу
ИгушIуагъоу
Бэджэжъыер
Къэтэджыжьы.
Илъэпкъэгъумэ,
АIуи ашIи
АдишIэнэу
Iуагъэ ешIы.

## ТЫГЪЭГЪАЗЭ

Тыгъэм ренэу зыдегъазэ,
Ащ фэшI раIо: «тыгъэгъазэ».
Шъхьэу ащ пытэр зэрфэIэтэу,
Ыцэ инхэр фэмылъытэу
Тхьэпэ гъожьхэр — идэбжъыкъух,
ПкIашъэу пытхэр — иныбжьыкъух.
Ылъапсэхэм чIым хауты,
Ыпкъ лъэкъымэу пытэу щэты.
Тэмэ хъущэр къеблэблэхы,
МэIэшIури ащ къапехы.
Игъо зыхъукIэ дагъэ хащы,
Дагъэм щыщ тэ бэу къытфащэ,
Шхыныгъуиблы ахьышъ халъхьэ,
Гъомылапхъэр къешIы гуахьэу.
Ли щэлами къырагъажъэ,
Нэнэжъ кIекIэ ар къояжъэм,
Картошкэри рагъэлыбжьэ,
ИщыкIагъ ар бжьыныль[ы]бжьэм.
КIэнкIэжъапхъэр къегъэшэплъы,
Зышхрэ пстэури нэгушъхьаплъы!

## ЛЭЖЬЫГЪАЦ

Тикъоджэгу икIрэ гъогум
Лэжьыгъацэ къытесэхы,
Сыфэсакъэу сIэгу илъэу
Сяни сяти есэгъэплъы.
— Къэбгъотыгъэр, о сишъао,
Лэжьыгъацэу псэо-тао,
Сенэгуе коцыцэкIэ, —
Сятэ макIэу къыхеIукIы.
— Коцы Iоф ащ зи иIахэп,
ХьамцIый нахь, фэшъхьафыхэп,
Нанэ сятэ пэуцужьы, —
Сятэ пае сыхъугъ плъыжьы...
Хэта язэу тезгъэфагъэр?
Зыщыщ лъэпкъыр къэзышIагъэр?!
Мыщы дэжьым зы сыгу къэкIы:
Лэжьыгъацэр къэзгъэкIыни
Зыщыщ шъыпкъэр зэзгъэшIэни,
ЯсIожьыщт сэ сяти сяни.



## ЗЫКIИ ЩЫНАГЪОП!

«Уцу» зыфаIорэр зыкIи ымышIэу
Зы кIалэ унэм ренэу щэхъушIэ...
Хьэ цIыкIум еошъ ар егъэхьакъу,
Чэтхэр рефыжьэшъ зэлъегъэкъакъэ,
Зыфырикъущтыр еIэшъ реуты,
— Зэ уцу кIалэ! — раIозэпыты, —
Тэ тимилицэ бзаджэр еубыты,
Умыуцущтмэ, уиIоф етэты!
Изакъоу кIалэм чылэр къекIухьэ,
ЗэкIэ урамхэр къызэпечъыхьэ,
Къогъоу ыгъотырэм зыкъуегъэбылъхьэ,
Яти ащ лъыхъузэ зыкъыфеплъыхьэ...
Аузэ зы мафэ кIалэр мэгъуащэ,
ЫIэ аIыгъэу милицэм ащэ...
Мо кIалэр щтагъэшъ джы мэгъынагъэ,
Милицэ унэм къырагъэблагъэ.
Ащ ынэ цIыкIухэр къышIочэрэзы,
ГучIэр изыгъэшъ ышъо къыпэзы.
Дахэу Iэ щафэ, шхыни къыфахы,
Конфеты IэшIуи ыпашъхьэ ралъхьэ,
Джэголъэ пчъагъи ратышъ мэджэгу,
Щыгъупшэжьыгъ ащ яунэ Iэгуи...
Милицэ унэм янэ къынэсы,
Джэгурэ кIалэм псынкIэу зыресэ:
— Мо унэ шIагъом сэ сыгу еIу,
Сыкъэуцунгоу, синан, сэ сэIо...
«Милицэр» шъуIозэ сэ сыщъогъащтэ,
Милицэ унэр сыгукIэ къэсэштэ!
Милицэ унэр зыкIи щынагъоп,
Фэдиз джэгуалъэ илъэу слъэгъугъэп!

## ЕЛКЭ ЦIЫКIУ

Елкэ цIыкIур пчэгум итэу,
Орэд чэфым зедгъэIэтэу,
Зэдедгъаштэу тэ тэджэгу,
Тэ тытео лъэшэу Iэгу.
Жъогъо плъыжьыр елкэм тесэу
Мысысыхэу дахэу къепсы,
Дышъэпсыри къырекIуты,
Зэрэунэу къегъэшIэты.
Елкэ тамэм сурэтишъэ
Хъырахъишъэу щэIушъашъэ.
Тыкъу-рикъоу тес атакъэ,
Егъэжъынчы ащ ымакъэ.
Къогъупэхэм къакъокIыгъэу
Псэушъхьабэ щыолъэгъу.
ЖэкIэ кIыхьэу пчэныр къашъо.
Мышъэжъыри мэушъуашъо,
Бэджэжьыери къэкIуашъэ,
ЗыIукIэрэм eIушъашъэ,
ТхьакIумкIыхьэм зыкъеплъыхьэ,
ПкIэтэ-лъатэу зырегъэхьы,
Тыгъужъ нэплъыр къыкъолъэты,
Бырысырыр ащ къеIэты...
ИIалъмэкъи зэпедзэкIэу
Елкэ чIэгъым лIыжъ къычIэкIы,
IэшIу-IушIухэр зэрфэIэтышъ,
Шъауи пшъашъи пстэуми ятэ.
Елкэ цIыкIур пчэгум итэу,
Орэд чэфым зедгъэIэтэу,
Тэ тытео бэрэ Iэгу,
Зэдедгъаштэу тэ тэджэгу.



## АДЫШЭСРЭ БЗЫУМРЭ

Мэфэ реным къэмыIасэу
Хъот-борэныр зэрелъасэ,
Бгъагъи мэкъуи алъэIэсы,
Ащ чъыгыби егъэсысы.
Адышэси унэм еплъы,
Iэгум щыхъурэм ар къыхаплъэ.
Зы бзыужъые Iэгуау папкIэу
Шъхьаныгъупчъэм къеутэкIы.
Адышэси псынкIэ-псынкIэу
ГуIэм хэтэу бзыум лъекIы...
ПIыкIэжьыгъэу ар къепхъуатэ,
Унэ фабэм къырелъасэ,
Фэсакъыпэу ащ Iэ щефэ,
Псы ткIопс фабэу къыIуегъафэ.
Фыгуцэхэр регъэшыпы,
ПIэстэ шкъоим егугъупэ.
ЧъыIэ лIэжьрэп, зыкъеIэты,
Ынэ цIыкIухэр мэжъыутэ,
Ытамэхэр къызэкIещы,
Ыбзи чэфэу джы къетIупщы.
ПкIатэу, лъатэу хэбыбыкIы,
Адышэси щэгушIукIы.
Бзыужъыер гъатхэ нэсы
Адышэсы дэжь регъэсышъ,
Иныбджэгъоу етIупщыжьы,
— Гъогумафи! — кIэлъеIожьы.
Ау ащ кIалэр ымыбгынэу,
Инэплъэгъу имыкIынэу,
Унэ блыпкъым набгъо щешIы,
Адышэси благъэу ешIы:.
Мафэ къэси зэрэлъэгъух,
Мафэ къэси зэрэшIэжьых,
ЗэфэгушIоу зэпэгъокIых,
Зым адырэр фэгумэкIы.

## АЗМЭТ ШКОЛЫМ ЗЭРЭКIУАГЪЭР

Азмэт цIыкIум ышыпхъу Зази,
Ежь нахьыжъэу Рэмэзани
Мафэ къэсми школым макIох,
«Ахэр, — аIо, — джы еджакIох!
О уеджэнкIэ джыри жьыIо,
Уныбжь макIэ», — нанэ къеIо.
Азмэты изэкъуабзэу
Ным къыренэшъ унэм екIы,
КъырашIэрэр ащ гухэкIы.
Азмэт цIыкIур чIыпIэ имысэу
Джы ышIэщтым егупшысэ:
«Мафэ къэси сшыпхъу Зази,
Сшынахьыжъэу Рэмэзани
Къоджэ школым чэфэу макIох,
Ащ афаIо: «Джы еджакIох!».
«СыкIощт школым сэ сизакъоу,
Джа сыныбжь сэ зэримыкъоу»...
ПхъэнтIэкIу щахьым ар теуцо,
Тхылъ мэкIаем кIэрэуцо,
Тхылъы иным ащ ыгу еIу,
Ыблыгучlэ къырегъэкIу.
КIалэр псынкIэу унэм къекIы,
Школым занкIэу феузэнкIы.
Ащ букварэу тхылъыр шIошIы,
Ау ятэ исловарэу
Мафэ къэсми Iофы дешIэ...
Азмэт цIыкIур лъэтемытэу
КIэлэ чэфмэ ахэсыхьэ,
ЕджакIомэ зэрахэтэу
Классым ехьэшъ ахэтIысхьэ:
— СыкъэкIуагъ сэ мыщ седжэнэу
КIэлэ пстэуми сафэдэнэу.



## СЫД ПАЕ?

— Тичэтыу сыд паекIэ
ЫпакIэхэр псыгъоу кIыхьэ?
— Тичэтыу ыпакIэхэр
Гъуазэ фэхъух, антенн папкIэх.
— Атэкъэжъ исыдж плъэгъугъа,
Ар ащ сыдкIэ ищыкIагъа?
— Атэкъэжъ исыдж имажьэу
АщкIэ зежьы, зэупхъужьы.
— Адэ сыд пае типчэны
ЖакIэу тетыр папцIэу ины?
— ЫжакIэкIэ зышIошIыжьы,
Дэхэ дэдэу зелъытэжьы.
— Хьэм сыд пае лъэкъуиплI иIа?
ЗыкIэмитIур сшIэрэп ныIа?!
Анахь псынкIэу, ар зыщфаем
Апэ итэу чъэным пае.
— ТхьакIумкIыхьэм сыд паекIэ
ЦIыкIужъыеу пакуа ыкIэ?
— ТхьакIумкIыхьэр къызэхъукIэм
Хьэ бзаджэмэ пачыгъ ыкIэ!

## БЭДЖЭЖЪЫЙ

ЫкIэ утысэхэу
Зыкъыблырегъэхы,
Зэрехьэшъ цы шъабэ
Иджэдыгуи фабэ.
Ыцэхэри чатэ,
Къемылырэр чэты.
Чыжьэуи мэпамэ,
Набгъоми еIабэ.
ТIэсхъэ лъыхъо макIо,
Iаджи зэдегъакIо.
ТхьакIумэр егъэкъы,
Лъэшэуи мэсакъы.
Ихъорышэрыгъэ
Чылэм хизы хъугъэ:
Ынэхэр егъаплIэшъ,
ЗэкIэм зыкъегъалIэ.
Шъэфэуи мэкIуашъэ,
Бэрэ хэушъыкIы,
Пшысэмэ ахахьэ,
Тхыдэмэ ахалъхьэ.
Баджэр ылъэкъуацIэу
ЫцIэр ащ тхьагъэпцIы.



## КЪУТЭМЭ ГЪУГЪЭХЭР

Тэтэжъым садыр къызэпекIухьэ,
Чъыгыхэр зэкIэ къызэпеплъыхьэ...
Хьамлыу набгъохэр къахешыпыкIы,
Къутэмэ гъугъэр еIэшъ пеупкIы...
КIалэр тэтэжъым дэжьы къыIохьэ,
Ыпащъхьэ итэу лъэшэу Iоплъыхьэ:
— Къутэмэ гъугъэр уеIэшъ пыохы,
Чъыгымэ, тэтэжъ, лые яохы!
— Хьау, — еIошъ тэтэжъ джэуап къетыжьы,—
Чъыгы сымаджэр сэ сэгъэхъужьы:
Къутэмэ гъугъэм иягъэ къакIо,
Ащ чъыгы псаор къызэщегъакъо,
Къыщэн фэе жьым бэу къыщегъакIэ,
Игъомылапхъи нахь къегъэмакIэ.

## ЗЭТIУАЗЭХЭР

Мафэ къэси зэгъусэхэу,
А зы чIапIэм имысыхэу
СэшIэ кIэлитIу зэтIуазэхэу,
ГъэшIэгъонхэр зэраIохэу.
Рэмэзанрэ Iащымэзрэ,
Iащымэзрэ Рэмэзанрэ —
Джахэр ацIэх зэтIуазэмэ,
Зыр адырэм фэдэкъабзэшъ
КъэшIэгъуае Iащымэзыр,
ШIэжьыгъуае Рэмэзаныр,
Зэфэдэхэшъ зэхэкIуакIэх,
Ау зэтекIых, яшэныкIэ:
Бэ къыIощтыр Рэмэзанэ,
Iазэшъ-Iазэ къэбарыкIэ,
Жьы кIэтышъы Iэжьы-лъэжьы,
ПIофытэмэ еужьыры.
Бэрэ бэрэ Рэмэзанэ
Ышы риIоу зэхэохы:
— Седжэ хъумэ сяти сяни
Згъэразэхэу къэсхьыщт тфыхэр...
Iащымэзы ишэныкIэ
НэмыкI шъыпкъ ар, мэкIэ-макIэу
МэгущыIэ, икIуакIэкIи,
ЫмакъэкIи, лIыжъы пшIошIы.
— Сэ, ащ еIо, — ины сыхъумэ
IэшIу-IушIухэр бэу сщэфыщтых,
Сыныбжь икъоу седжэ хъумэ,
«Щыхэр», «тIухэр» сэ къэсхьыщтых.
Ерэдж фаер тфызакIэкIэ,
Бэу къин дэгъоу уеджэныкIэ,
ЕджакIохэр мэтхьаусыхэх,
Тфы къамыхьмэ нэпс рагъэхы...
Мафэ къэси зэгъусэхэу,
А зы чIапIэм имысыхэу
СэшIэ кIэлитIу зэтIуазэхэу,
ГъэшIэгъонхэр зэраIохэу...



## ЫПЭ ШIОДАХ

Титхьачэтыхъу
Ищытхъу регъэхъу,
Ыпэ шIодахэу,
Фэдэ щымIахэу
Бэмэ ареIо,
Чыжьэу егъэIу,
ЗэмкIэ дехьые,
ЗэмкIэ рехьыхы.
Лъэшэу зигъэпщэу
Къэбар етIупщы:
— Спэ идэхагъэ,
Спэ инагъэ
Зэ ыгу мыIасэу
Пылыр къехъуапсэ!

## ХЭТ КЪЫІОН, ХЭТ КЪЫШІЭН?

Хэт къыІон,
Хэт къышІэн?
О къэпІон,
Сэ къэсшІэн!
КъэзыІорэм
ТешІушІэн,
КъэзышІэрэм
ШІу фэтІон!

ЗэшыпхъуитІур зэлъыпэгъу,
Зэнэмысхэу зэрэлъэгъу,
Жъогъо лыдхэр ачІэгъ чІэс,
Тыгъэпс дышъэри къачІэпс.

Іэ пымытэу сурэт ешІы,
ЗэкІэм ышІыщт сурэтипшІи,
Адэ ахэр гъэшІэгъоны:
ЦІыкІужъыех ыкІи иных.

Тыжьын хъагъи тыжьын чыІуи
Чъыг къутамэмэ апеІу,
Тишъхьангъупчъи ар къыІохьэ,
Тхыпхъэ дахэ тырешІыхьэ.

Мабзэ-мадэ, мадэ-мабзэ,
Мылы кІыІум ар еІазэ,
Жъогъо бынхэр къытыредзэ,
Ащ игъунджэ бэу къыредзэ.

Хэт къыІон,
Хэт къышІэн?
О къэпІон,
Сэ къэсшІэн!
КъэзыІорэм
ТешІушІэн,
КъэзышІэрэм
ШІу фэтІон!



Тыгъэхьажъур ыгузэгу
ЗэпэшІэтэу къыщэджэгу,
УзеплъыкІэ — къыоплъыжьы,
УгушІомэ — къэгушІожьы.

КъешІэкІыгъэу щыгъ иджанэ,
Джанэр щыпхэу пшІымэ пцІанэ,
ПфэмыщыІэу цэ зырызэу
Нэпсыр унэ къыкІегъэзы.

Ар хы пстэуми анахь ин,
Ащ ихычІэ дышъэ Іун,
Жьы къухьэхэр къыщэбыб,
Къухьэ закъуи къычІэмыб.

Мэкъэ чан, мэкъэ гъэІу,
ЫцІэ нэмыкІ зи къымыІу.
ЗышІошІыжьэу ежь зэджэжь,
Имынабгъуи ебыбэжь.

ПчыкІэм нахьи нахь псынкІэу
Сыды къуапи зэкІэм нэсы,
Ащ сыдигъуи игъогу кІэкІэу
Узщыфаем кІуагъэу щэсы.

Мы дунаер а зы наІэм
ЗэпигъаІэу къебыбыхьэ,
Анахь чъэрыр хэта заІом,
— Сэры, — ыІуагъ ащ бэлахьэу.

Хэт къыІон,
Хэт къышІэн?
О къэпІон,
Сэ къэсшІэн!
КъэзыІорэм
ТешІушІэн!
КъэзышІэрэм
ШІу фэтшІэн!

Бзэ Іумылъэу
ОрэдыІу,
ХэгъэгумкІэ мэкъэгъэІу,
КІали жъыгъи ар якІас,
Ащ ымакъэ тинэІуас.

Хэт къыIон,
Хэт къышIэн?
О къэпIон,
Сэ къэсшIэн!
КъэзыIорэм
ТешIушIэн,
КъэзышIэрэм
ШIу фэтшIэн!

ИпэIо папцIи
Шъхьашыгурыса,
ЗигъэтхьагъэпцIэу
Чъыгышъхьэм иса.
Ежь имынабгъо
ЗыфегъэIагъо,
ИкIэнкIэ ренэу
Ехьышъ къыренэ.
НэмыкIы бзыумэ
Ищыр къыращы,
ЕтIани пстэуми
Ар адэхьащхы.
Ежьыр-ежьырэу
ЫцIэ реIожьы,
Быбызэ чыжьэу,
Чыжьэу ашIэжьы.
Чъыгышъхьапэ уджэу
Хьаблэр къегъаджэ,
ИпаIо папцIэу
Чылэр егъапцIэ.

Хэт къыIон,
Хэт къышIэн?
О къэпIон,
Сэ къэсшIэн!
КъэзыIорэм
ТешIушIэн,
КъэзышIэрэм
ШIу фэтIон!

Тыгъэнапэр икIуапIэу,
Ар ыгъотмэ игуапэу,
МакIэу орэд хеIукIы,
Ылъабжъэхэр елъэкIы...
ЗыкIэцIыкIэ мэкъакъэ,



Шъхьасыхэрэп ымакъэ.
«Шъуеплъэлъ, кIэнкIэр бэу ины!
ФашIэ иIэу ар шхыны!
Ар, кIалэхэр, шъосэты,
Iусыр хъоеу сэгъоты».
Чъыгы щытмэ, дэкIуае,
Пчыхьэ хъумэ, мэлъае.
Ишкъун чэщрэ ипкIыхьэу
Iэгур мафэм къечъыхьэ,
ЗэрилъэкIэу мэшыпэ,
Зи къелыщтэп ащ ыпэ.

Хэт къыIон,
Хэт къышIэн?
О къэпIон,
Сэ къэсшIэн!
КъэзыIорэм
ТешIушIэн,
КъэзышIэрэм
ШIу фэтшIэн!

## СИI СЭ ЗЫ МЫШЪЭ...

Лъэкъо хьанцэжъэу сиI сэ зы
мышъэ.
Унэм имыкIэу мачъэ, мэушъы,
IункIыбзэ цIыкIукIэ сэ ар сэгъэпсы,
Столым етIыргушъ, ар егъэсысы.
IункIыбзэм ишъэф ыIэ зэрихьэу
Ежьэщт ар лъэшэу зышIобэлахьэу.
Ащ фэшI IункIыбзэр IэкIэмыфэнэу,
Шъэфэу ащ пылъыр ымышIэхэнэу
Сыгъолъыжь къэси сэ сэгъэбылъы,
СипIэшъхьагъ пытэу ар чIэсэгъэлъы.



## НАТУС

Мафэ къэсы ти Натусэ
Зыхэ-зыблэ зегъэгусэ.
Ышы цIыкIуи ежь Натуси
Аратыгъ бэу мыIэрысэ,
Ау Натусэ мэгъынагъэ:
— Сыдэу макIа къысIукIагъэр'
Тинэнэжъы щыпсы ешIы,
ЗэшыпхъуитIум Iахь афешIы,
Чэты кIэпцхэр язырызэу
Афырелъхьэ лэгъэ къабзэм.
ИIахь еплъышъ ти Натусэ
Ащ лъыпытэу зегъэгусэ,
Нэпсыр псыхъоу къырекIуты:
— Нахьы цIыкIур сэ къысаты...
Ти Натусэ цокъэ кIэпси
Джанэ хъунэу дэнэ псыпси,
МэфэкI мафэм къыфащагъэх,
Ауми ахэр шIомэкIагъэх,
Шэнычъэжъышъ ти Натусэ
ИкIэрыкIэу зегъэгусэ.
Къолэ-бзыухэр ащ дэхьащхы:
— Щыгъэт, гъыным о уеухы!
Чэтыужъри екIэнакIэ:
— Бэу емыкIум уизекIуакIэ!

## ХЭТИ ИIОФ ГЪЭНЭФАГЪЭ

Хабзэ илъ тэ тиунагъо,
Хэти иIоф гъэнэфагъэ:
Нахь Iоф къиныр ешIэ сятэ —
Гъэстыныпхъэр къытфекъутэ,
Нанэ пстэуми тфэпщэрыхьэ,
Ишхын шIыгъэ Iум еткIухьэ.
Тызыфаем тыригъафэу
Тэтэжъ пстэуми къытфэщафэ,
Нэнэжъ чэтмэ Iус ареты,
Чэтэщыпчъэр къырегъэты.
Сшыпхъу унэр зэIехыжьы,
ГыкIыгъэхэр къыпехыжьы.
СфэлъэкIыщтыр сэри сэшIэ,
Ар сэ пстэуми шъосэгъашIэ:
Тихьэ цIыкIу сэ сылъэплъэ,
Чэщи мафи ар къыспаплъэ.
Сэры-сэрэу пIэр сэшIыжьы,
Игъом сэкIошъ сэгъолъыжьы.



## ПЧЭНДЭХЪУ

Хэгъэгу чыжьэр къебгынэжьы,
Талъэныкъуи къегъэзэжьы.
Гъатхэр кIыгъоу къызыдещэ,
Иорэди кIырегъэщы,
Иунагъэр къегъотыжьы,
ХэгушIукIэу епсыхэжьы.
ИпсэупIэ дэмышъхьахэу,
Къэбзэ-лъабзэу къызэIехы.
Бзыубэмэ запешIыжьы,
Зэхихыгъэр къеIотэжьы.
Чъыги сади афэплъыры,
ПкIэшъэхъухэр зэлъедыры,
ЦIыфым фэдэу хэшъуикIы,
Псыхъом дахэу зыщегъэпкIы.
Ышъхьэ пае зигъэхъупхъэу
Пчэны цIыкIумэ уц адехъу.
Исабыйхэр къегъэгъунэ,
Къэрэгъулэу Iус иунэ,
Бгъэжъыр къилъмэ зегъэчъэхъу,
Мышъхьахыжьрэр пчэндэхъу.

## ПХЪЭУIУ

Ыпэ цацэ,
Итыкъ макъэ,
Мэзыр зэкIэ
Зэпегъаджэ.

Ыпэ чатэ,
Пхъэм хеуты,
ИIус Iазэу
Къыхегъэзы.

Лъэкъо кIакоу
Бзыу псэуакIо,
Бгъунджэу щысэу
Чъыг еупсы.

Ащ иджанэ
Къамзый данэу,
Ышыгу плъыжьэу
ЗышIошIыжьы.

ЫцIэм фэдэр
ИIэнатIэшъ,
Тыкъ ригъаIоу
Пхъэм еуIу.



## ТЭТЭЖЪЫ ИКIУАКI

Тэтэжъ гъогум зытехьэкIэ,
ГъэшIэгъоны ащ икIуакIэ:
Ылъакъохэр псынкIэу едзы,
Ылъакъохэр чыжьэу едзы,
Уригъусэу узежьэкIэ,
УкIэхьащтэп шIурышIукIэ,
Ыуж уитэу учъэн фае,
Армырмэ кIэхьэгъуае.
Мафэ горэм нэнэжъ дэжьы
Пхъорэлъф кIалэр кIонэу ежьэ.
Ащ тэтэжъыр гъусэу хехы,
КIалэм къеIо: «Тегъажь, шIэхы!»
ТIури гъогум зэдытехьэ,
КIалэр псынкIэу къызэIуехьэ.
Лъэубэкъу закъо тэтэжъ зишIкIэ,
КIалэм екIу лъэубэкъуищкIэ,
— О тэтэжъыр, — кIалэр маджэ, —
Уилъэубэкъухэр бэу мэхъаджэ!
УкIошъущтба нахьы макIэу?
УагъэшIагъэп зи о кIуакIэ!
КъыщегъакIэ тэтэжъ икIо,
Зэбгъодэтхэу тIэкIурэ макIох.
Ау етIани щэгъупшэжьы,
Тэтэжъ кIорэу еублэжьы.
Ащ мо кIалэм ыгу къегъэплъы,
Итэтэжъи лъэшэу еплъы:
«О слъэгъурэр пшIэрэп кIуакIэ,
УсшIыжьыщтэп гъогогъу сшъхьэкIэ».

## АТАКЪЭ

«Тыкъу-рикъу,
Тыкъу-рикъу!» —
Тиатакъэ
Чан ымакъэ.
Сыхьат дэгъум
Енэкъокъу,
Сыхьат дэим
Ар фырекъу.
Чэщыныкъом
Къытфыхедзэ,
Нэфышъагъом
ИIо педзэ.
Лъэпэ чатэу
Чэт-тхьэматэу
Ар лъэбыцэу,
Ыпэ папцIэ.
Исыдж мажьэ,
Дышъэ мэIоу
Маджэ, маджэ
МэкъэгъэIоу.



## ЛАМЖЪЫЕ КЪЕХЪУЛIАГЪЭР

Зэ зымафэ Ламжъые
КъехъулIагъэр гъэшIэгъоны,
Ецэгъузэ хьалыжъыем
IуикIыкIыгъ ащ цэпэшIуанэр.
— Мыдэ! — еIошъ кIалэр маджэ,
Быныр гуIэу зэкIэтаджэ.
КъехъулIагъэр къафеIуатэ,
Щытых зэкIэ яни яти,
— Iофэп, — аIо, — ащ ычIыпIэ
КъэкIыжьыщт кIэу цэ пытэ...
КъыраIуагъэр ышIошъ мэхъу,
Ауми макIэу шъхьакIо щэхъу:
— Сцэ сыд пае сыфэмсакъи,
Хьалыжъыем сэ сецакъи!

## ПХЪЭ ЗЭПЫХЫКӀЭ ЗЭСЭГЪАШӀЭ

Сипхъэхыклэ
Сэ сэубытышъ
Ызыбгъуклэ
Зыкъесэты.
Къэскъудыймэ
Скъудыижьзэ,
Пхъэмбгъужъыер
Зэпысэхы,
Псыгъуи гъуми
Зэгосэхы.
Ар кӀэзэзэу
Къэсэгъабзэ,
СыкӀэдэӀу
Ипхъэхыбзэ.
Ижъгъыу-сыуи
Чыжьэу мэӀу,
Пхъэм ецэгъу,
Пхъэр еуӀу,
ЗэфэдитӀоу
Зэгуегъэзы.
СипхъэхыкӀэ
Сэ Ӏоф сэшӀэ,
ЗэпыхыкӀэ
ЗэсэгъашӀэ.



## ШЪО АЩ ФЭДЭ ШЪУХЭТА?

ЗэлъашӀэу тихьаблэ
КъыхэкӀы зы кӀалэ,
ИӀахэп щэӀагъэ:
Бэрэ мэгъынагъэ,
...Хьэ зелъэгъум щтагъэ,
ПсынкӀэу лъэпэуагъэ,
Гъымэ, гъымэ, гъызэ
Янэ дэжьы чъагъэ.
— Хэт о уигъэгъыгъа?
Хэт о къыоуагъа?
Янэ гуӀэм хэтэу
КӀалэм упчӀэ реты.
КӀалэр хэщэтыкӀы,
МакӀэу къыхеӀукӀы:
— Сылъэпауи зэкӀэм,
Сытефагъ сэ пэкӀэ...
— Ащ нахьрэ щэӀагъэ
УимыӀэныр сшӀагъэп, —
Ныр лъэшэу цӀэцӀагъэ,
Хъугъэм ыгъэпагъэп.
КӀалэр чъыягъэу
Къэущыгъ гъынагъэу,
— Сыд къыохъулӀагъа?
Блэ къыоцэкъагъа?
— Аргъоеу пэ дыдым
Мастэу идыдыпэ
КъысхиӀугъэу,
Джар пкӀыхьэу слъэгъугъэ.
...Мафэ горэм джэгоу
ӀэгоуашӀэ щыӀагъ,
ЛъапцӀэти ылъэгу
Панэр къыхэуагъ.
МэкӀэ дэдэу макӀэу
Лъы тӀэкӀуи къикӀыгъ,
Ыгу ащ ыгъэмакӀэу
Гъызэ къэсыжьыгъ.

Тигъунэгъу кӀалэр
Щынапхэу тхыуалэшъ,
ЫцӀэ рамыӀожьэу
ГъынагъэкӀэ еджэх.
Шъо ащ фэдэ шъухэта?
Шъухэтымэ, ар хэта?

## ЕДЖАКӀОХЭР ЗЭФЭГУШӀОХ

Апкъышъолхэр апсахьыгъэу,
Губгъуи мэзи къаплъахьыгъэу,
ЕджакӀохэр еужьырэу
Яшкол нэфы зэлъекӀужьых.

ЧӀыпӀэ Ӏаджи къакӀуахьыгъэу,
Лагерхэми ащыӀагъэу,
КӀали пшъашъи къагъэзэжьы,
Яшкол кӀаси ащ къяджэжьы.

ТхылъыкӀэхэр аблыгучӀэу
Мэкъэ чэфхэр къахэӀукӀы,
Ящыгъынхэр зэпэжъыух,
Орэд дахэм зэлъежъыух.

Школым ипчъэ къафыӀокӀы,
Езгъэджэщтхэр къапэгъокӀы,
ЕджакӀохэр зэфэгушӀох,
НасыпышӀохэшъ нэгушӀох.

## СЫДЭУЩТЭУ АЩ ШЪО ШЪУЕДЖЭЩТА?

Мэфэ нэфэу пІэм ашІуекІужьы,
Фэпагъэуи ашІогъолъыжьы,
Зэрэбынэу щытэу ыдэжьы
Шъхьаукъалэр атІэкІахьыжьы.

Щэджэгъуанэм пІэм къыхалъэшъу,
ИпІэтехъо чІыгум щелъэшъу,
ЫнапІэхэр пцашІоу онтэгъу
Гъумыгъузэ кІэпцым ецэгъу.

Ышъхьэ къыІэтынкІэ мэшъхьахы,
ЫлъэкъуитІуи гъурзэу зэблехы,
ЗэрэтІысэу ышъхьэ къышІозы,
Тхылъыр къызэриштэу Іэпэзы.

КІалэ шъхьае лІыжъэу зегъазэ,
Тэтэжъы фэдэуи мэкІуашъэ,
Сымэджаем ар фэдэ къабзэу
МыгущыІэу зэлъяІушъашъэ.

Сыдэущтэу ащ шъо шъуеджэщта?
ЧъыяпхэкІэ уеджэмэ хъущта?



## ИЛЪЭС ОХЪТИПЛІЫМЭ ЯГУЩЫІ

Илъэсы псаур
Мэзэ щырыщэу
Зэшы-зэшыпхъухэу
Хабзэ агощэу:
Гъатхэ, гъэмафэ,
Бжыхьэ, кІымафэ —
Зы бын-унагъоу
Исых зы, набгъо.
Зэшы-зэшыпхъухэм
Зэрэгъэчэфхэу,
Къызэпагъодзэу
Псалъэр къыхадзэ:
Гъатхэм къеублэ:
— ЧІышхор къэзгъаджэу
Илъэс пэублэм
СыриІ лъэмыджэу.
Фабэр сІэ илъышъ
Осыр сэгъэткІу,
Губгъор къытпаплъэшъ,
СыгуІэу секІу.
ЧІыгоу чъыягъэр
Къыздэущыжьы,
Мылэу техъуагъэр
Къэсэгъэжъужьы.
АлырэгъукІэ
ЧІыгум тесэхъо,
Псыхъом ыкІуачІэ
Къыхэсэгъахъо.
Бзыумэ абзэ
КъесэгъэтІупщы,
ПхъэІэшэ цуабзэр
ЧІым хэсэтІупщхьэ...

ЗыфэмыщыІэу
ДишІызэ ыІэ,
Гъэмафэр гуІэу
Джы къэгущыІэ:
—Тыгъэр къысфепсы,
Ощхым сегъэпкІы,

Ошъопщэ псыпсыр
Сэ къыздекIокIы.
ЧIыгум гъэбэжъур
Сэ къыхэсэщы,
Бжьэшъоу Iужъур
КъыкIясэгъэщы.
ПкIышъхьэ-мышъхьабэ
Iугъэушъэбэу,
Гухэхъошхынэу
Iанэм тесэлъхьэ.
Мэзым ишъуашэ
КъекIоу щысэлъэ,
Мэкъум ишIущэ
Шхылъэм дэсэлъхьэ.
Къэгъэгъэ бынхэр
МэIэшIу къапихэу,
УзыIэпащэу
Сэ къэсэгощы.

ШIушIагъэу иIэр
Бжыхьэми къеIо:
— Илъэсы псаум
СыриIэшъ лъапсэу,
Лэжьыгъэр самэу
Зэтесэлъхьажьы.
Мэкъу Iатэхэр
Къэсэгъэшэсы,
ЗэкIэ хатэхэр
Къэсэукъэбзы.
Чъыгым инкIашъэ
Дышъэу сэгъалэ,
Ахэр Iушъашъэу
Жьыбгъэм къыдалъэ.
Хъоеу бжыхьасэр
Къыхясэгъалъхьэ,
Дышъэ тыгъэпсыр
Усэм хэсэлъхьэ...

ЗигъэIумафэу
КъеIо кIымафэм:
Фыжьыбзэу осыр
Сэ къесэгъэсы.
Сиосы шъабэ



Джэдыгу фабэшъ,
Сэхьышъ нахьыбэу
ЧIыгум тесэлъхьэ,
Мылы джыджыур
Лыдэу сигъунджэшъ,
СиIэшэ-шъуашэ
Зэфэдэу къещы.
Псыхъор сэгъэчъышъ
СэшIы лъэмыджы,
КIэлэкIэ Iаджи
ЫкIыIу щэзечъэ.
ЛIыжъы ЩтыргъукIыр
Сэ къэсэфапэ,
ЗэсымынэкIэу
СIыгъ ащ ыIапэ.
Хъатэп кIымафэр
ЗэрамыIонэу,
Жьыбгъэр кIэфэфэу
ЧъыIэр къэсэфы.
Хэти ихьакуи
Зэрэфэбэнэу,
СэкIошъ есэIо
МашIо ышIынэу..,

Гъатхи, гъэмафи
Бжыхьи, кIымафи
ЗэкIэ къаIуагъэр
Тыгъэм гурэIо.
Зэшы-зэшыпхъухэм
Закъыфегъазэшъ
НэшIукIэ къяплъызэ
Тыгъэр къяпсалъэ:
— ТапэкIи джаущтэу
Шъо зэдежъугъаштэу
Шъупсэух дэгъоу
Зычы-зыпчэгъоу...
Шъо шъусигъусэу,
Iахьыл зэгупсэу
Тыпсэущт пстэуми
Сыды лъэхъанми.

## МЫЩ ФЭДЭХЭР ЗЭХЭШЪУХЫГЪА?

(Iуры-Iупчъэхэр)

ХьакIыба,
КIыбыхъуа,
КIэлэ чанэу
Укъэхъуа.
ХьакIыба,
КIыбыхъуа,
Татэ гъэлъэхъу
ЕукIа,
КIэпэлые уиIахьа.

ХьакIыба,
КIыбыхъуа,
Пшъэшъэ хъупхъэу
Укъэхъуа,
ХьакIыба,
КIыбыхъуа,
НасыпышIоу
Уалъэгъуа.
ХьакIыба,
КIыбыхъуа,
ТIатIырхъужъым
Имэща,
Мэщыр ашIи
Зыхьасэ,
Зэфагъэси
Зы бжыба,
Бэджын ашIи
Зы Iулъхьа,
Хьэми Iулъхьэ
Рамыта,
Зэрамытрэр
Куакуща,
Куакущ янэ
Блэрыпса,
Цыгъом ыпсэ
КъыIуеха.



Бзыу-бзыу гуаго,
Гого нэшъур кIашъом тес,
Апс къахьи Iахь остын,
Умышъхьахи лIы ухъун,
Узыфаер къыбдэхъун.

Дай-дай,
Дай-бэщ,
Бэщы мыгъу,
Бэщы маф,
Дагъ-дагъ,
Дагъы щыку,
Щыкуралэ
Алэбый,
Бадзэрэ дзыбэрэ,
ХьамышкIурэ
ШкIуратIэрэ,
Пырэжъыерэ
ПсытIэкIурэ —
ЖъынтIыу!

Шы лъэкъоф,
Шы нэтIэф,
Шы Iумаф —
Тэ тфэмаф.
Унэ цыгъу —
Къоетыгъу,
Губгъэ цыгъу —
Гъэжъо тыгъу.
Пхъэтэкъэжъ —
Пхъэжъы такъ,
МэшIо пкъыжъ,
ЛIыжъы гъатхъ.

Шыу-шыу джэрышI,
ЗилIэужыр умышI,
Шыу-шыу джэрышI,
Уишы бгъакъэ къыпышI.

Лъаб-лъаб,
Лъабыжъый,
Лъаб-лъаб,
ЦIыкIужъый,
Къэджыджагъэр
Къэбыжъый,
Агъэжъагъэр
Хьалыжъый.

## ТЭТЭЖЪЫМ ИПХЪОРЭЛЪФЫ РИIУАГЪЭХЭР

— Ощ нахьыкIэм едэхашI, еIэсэкI,
Ощ нахьыжъым ыгу къэпIэтэу къыдекIокI.
Уяни-уяти урягупс, ал ущыщ,
Мыхъун о пшIэу ахэм агу къыдэмыщ.

Шъхьащытхъужьыр кIали жъыгъи ауджэгъу,
Щытхъу пфаIоныр сыдигъокIи нахьы дэгъу.
УиIэм щыщэ цIыфхэмкIэ ушъхьамыс,
Ушъхьасымэ, цIыфыбэмэ уаумыс.

Зэ пшIэгъагъэр шъэрэ минрэ къэмыIожь,
Ар зишэныр цIыкIуи ини зэгоожь.
Амал иIэу уиныбджэгъухэр пчэгу имын,
Уигъусэгъуи о егъашIи гъогу темын.

УщэIэфэ, угу теофэ илъэс къэс
Чъыг гъэтIысхьи, пфаIощт орэд огум нэс.
КъыпщыгугъурэмI плъэкIырэмкIэ е егугъу,
УзэгугъурэмI шIукIэ ышIыщт о уигугъу.

Iофи дэлъи зи фетэу о ямыт,
Сыхьатыпи армэоу ущымыт.
Сыд икъними шъыпкъэныгъэм о зегъас,
Бзылъфыгъэхэр зыдэщысым зыгъэIас.

## СЭНЭХЬАТМЭ АНАХЬ ДЭГЪУР

Сэнэхьатмэ анахь дэгъоу
ЩыIэр ашIэ ашIоигъоу
Ныбджэгъу цIыкIухэр яшъыпкъэу
Нэф зэрэшъэу зэнэкъокъух,
Анахь цIыкIум зэрилъэкIэу
Мэкъэ пцIыикIэ хэкуукIэу
ЫлъапэкIи зыдиIэтэу
Иныбджэгъумэ арэIуатэ:
— Сэнэхьатэу щыIэм зэкIэ
Сэ сэлъытэ анахь дэгъукIэ
ПсэолъэшIэу ущытыныр,
Плъэгъурэр IэкIэ о бгъэчъыныр.
Унэ инхэр тыгъэуапIэу,
Анахь дахэхэр еджапIэу
Пчъагъэ хъухэу згъэуцущтых,
АгъэшIагъоу згъэшэсыщтых.
Лъэпэ шъуамбгъоу шъхьацы тIыргъор —
IугушIукIэу зынитIу нагъор
Къызщэлъэтышъ фэмыщыIэу
Къырегъажьэ игущыIэ:
— Сяни сяти къысфадэщтмэ,
Ахэр фаеу къезэгъыщтмэ,
Сэ бэшIагъэу сыкIэхъопсышъ,
Зызгъэсэщт сэ мэзыпэсэу...
Мэз щымыIэу сыд псэуалъи,
АрыпакIошъ, сырыныч налъи
ПшIын плъэкIыщтэп, ар шъо
шъошIа,
ПсэолъэшIы пэпчъ ар ешIэ.
Iэжьы-лъэжьэу кIэлэ тхъоплъыр
Ныбджэгъу купым гушIоу хаплъэшъ,
Ыгу хэпкIагъэу зыфэмIажэу
КъыIотэнэу къырегъажьэ:
— Сэнэхьатэу сэ сшIэрэмэ
ПщэрыхьакIор апшъэу сэшIы,
Шхыны IэшIухэр ащ бэу ешIы,
Ины сыхъумэ сэ сшIэн сэшIэ.
Тхъагъо шхынхэр хъоеу пшIыныр
ЦIыкIуи ини бгъэрэзэныр.



АгъунэкIэ щысы кIалэр
ЦIыкIу-цIыкIоу къызэкIаблэ:
— А зэпстэуми анахь дэгъоу
Сэнэхьат щыI сэ шIу слъэгъоу,
ЗыфасIорэр — мэкъумэщышIэр,
Хэт шъуащыщэу зымышIэрэр?!
Ащ хьалыгъу бэу къытфелэжьы
Гъомылэшlухэр къытфехьыжьы,
Мэкъумэщ Iофыр сэ сипкIыхьы,
Ины сыхъумэ, ащ сыпэхьэ.
Дэхэ гыныр ынэгу хэсэу,
Iэпэ цIыкIур ыгъэсысэу
Шъэожъыеу агу исым
Купым хелъхьэ игупшысэ:
Сэнэхьатэу сэ сшIэрэмэ
АнахьышIоу слъытэрэмэ
Ащыщ Iахьоу ущытыныр,
Iэхьогъу иныр пIэ илъыныр;
ГъэщкIэ цIыфхэр бгъэрэзэщтых,
Лыр зикIасэхэр гушIощтых,
Цыби тиIэщт хьоеу, таеу,
ТшъокIи тыхъущт нахьы баеу.
Ышъхьэ дахэу упсыгъакIэу,
Чэфы дэдэу IугушIукIэу
Iэгъо-блэгъур зэлъигъаджэу
АнахьыкIэр къахэтаджэ:
— Сэнэхьатмэ анахь тхъагъор,
Ащ ащыщэу анахь шIагъор —
Летчик бланэу зыбгъэсэныр,
Бгъашхъоу огум уибыбэныр...
Анахь къуапцIэр къахэкIоты,
Пчэгу шъыпкъэр ашIуеубыты,
Сэнэхьатэу ежь ыгу зэIоу
ЗыкIэхъопсрэр ащи къеIо:
— Машинэхэр пIэ къихьанэу,
Ахэр псынкIэу о зепфэнэу
Зыбгъэсэныр насыпыгъэшъ,
Мурад пытэ ащкIэ сшIыгъэ.
Пшъэшъэжъыем фэдэкъабзэу,
Ышъхьац шъабэ лъэнкъогъазэу,
Зынэ цIыкIухэр машIоу жъыурэ
Шъэожъыем къеIо бэрэ:
— Рабоч гъогур сэ хэсхынэу,

Рабоч дэгъоу зызгъэсэнэу
Мурад пытэу зыфэсшIыгъэшъ,
КъышъосэIо шъхьаихыгъэу...
Машинэхэр бэу къэсшIыщтых,
Ахэр пытэу лъэпкъыкIэщтых.
ПIэ имылъэу машинэхэр
ПшIын плъэкIыщтэп гъэхъагъэхэр.
Ыцэ цахъэу, цундым фэдэу
Ышъхьац шIуцIэ зэпэлыдэу
Шъэожъыер къахэкIоты,
Ащ ишъыпкъэу къызIуепхъоты:
— Пчъагъэ хъухэу сэнэхьатмэ
АцIэ къешъуIуагъ, арэу щытми
Сыгу илъыр зэхэшъохы —
КIэлэегъаджэр къахэсэхы,
Ащ ышIуабэ лъэшэу дашIэу
Апэ дэдэу бэу тегъашIэ,
Дунай тхылъыр къытфэзгуехы —
Шъэфмэ ашъхьэ къытфырехы...
Пшъэшъэжъыер чIыпIэрмысэу
Тэджмэ тIысзэ егупшысэ,
Зэхихыгъэр шIомыхъатэу
Ежь ишIошIхэр къафеIуатэ:
— Сэнэхьатмэ анахь лъапIэу,
Сэнэхьатмэ анахь пшъхьапэр —
Врачы Iазэу зыбгъэсэныр,
Узы зиIэм уеIэзэныр.
Псауныгъэм ибэнакIоу,
Къэбзэныгъэм икIэщакIоу
Узы лъэпкъхэр лъэпсэкIодэу
ЗэрилъэкIэу егъэкIоды.
Ынапцэхэр зэлъигъашъоу
ИтеплъэкIи дахэу, шъуашIоу
ЗыкIэлэхъу щысыгъуаеу
Къырегъажьэ игукIае:
— Дзэ къулыкъур сыгу рехьы,
Тидзэ хэтхэр лIыгъэзехьэх,
Хэгъэгу кIасэр агу илъэу
Хымадзэмэ афэплъырых.
Сэ еджапIэр зысыухкIэ,
СыныбжьыкIи сызынэскIэ,
Iо хэмылъэу зесэгъахьышъ
Тидзэ кIасэ сэ сыхахьэ.



АкIыб шъыпкъэкIэ изакъоу
Тынчэу щысы кIэлэ пакъэр
Купмэ ауж къимынэнэу,
Ыгу къихьагъ ащ къэпсэлъэнэу:
— ШъуфаемэшъосIон шъыпкъэ:
Зэпстэухэми шъухэукъо,
СэнэхьаткIэ сэ слъытэрэр —
Инженерэу ущытыныр.
Инженерыр хэрэмыти
Зы псэуалъи фэшIынэп хэти,
Иакъыл ащ чыжьэу нэсы,
ЩымIэгъабэ къеугупшысы.
Ынэ цIыкIухэр ыгъэцIыргъоу,
Шъхьацыф пшъашъэр псыгъо-псыгъоу,
Зызэхищмэ-зызэкIищэу
Къырещажьэ зышIоIушэу:
— Пщынаохэр шIу сэлъэгъу,
Упщынаомэ, ар дэгъу:
ЦIыкIуи ини огъэчэфы,
Бэмэ агухэр къэощэфы.

Сэнэхьатмэ анахь дэгъур,
АнахьышIоу, анахь зигъор
ЗыкIи ашIэн амылъэкIэу
ЫбджэгъуцIыкIухэр къыкIэупчIэ.
Иджэуап ащ ясэтыжьы,
Сыгу къыздеIэу ясэIожьы:
— Сэнэхьатмэ анахьышIур —
О хэпхыгъэу угу шIошIур,
Сэнэхьатмэ анахь зигъор —
ШIу плъэгъугъэу о пшIодэгъур.
Сыдрэ Iофи шIу о лъэгъуи,
АщкIэ къин о зэгъэлъэгъуи
Сэнэхьат зи щыIэп дэеу,
УгукIи пшъхьэкIи уимгъэбаеу.

## ОЩХ КЪЕЩХЫ

Къещхы, къещхы,
Ощх къытфещхы,
Къебзэбзэхы,
Къепэпэхы.

Губгъуи, хати
Псыр акIахьэ,
Шъофи, хъуати
Апкъырэхьэ.

Мэзи, сади
Псыр ахахьэ,
Ощхы шъабэр
Сыдэу гуахьа.

Гъэбэжъушхор
Къызыдещэ,
Псыхъо цIыкIухэр
Зезэрэщэ.

Къещхы, къещхы,
Ощх къытфещхы,
Коци, уци
Ар атещхэ.

ШынэгъакIэр
ЧIым къыреты,
Ощхы шъабэр
Уцы Iэты.

Къещхы, къещхы,
Ощх къытфещхы,
Къебзэбзэхы,
Къепэпэхы.

Ожъубанэр —
Гъэбэжъу Iанэр,
Сыдэу тхъагъо,
Ар гушIуагъо.



## ЦЫЗЭ

Дэжъые чъыгым цызэр тес,
ПсынкIэу дахэу зегъэсыс.
Къэбзэ дэдэшъ IэпкIэ-лъапкI,
Нэф зэрэшъэу зыкъетхьакI.
Дэжъые IэшIухэр зэгуегъэз,
Дэжъые купкIэр къырегъэз.
Иджэдыгуи къыфэсакъ,
ЫкIэ паци ибыракъ.
Ынэ цIыкIухэр — щыгъыжъый,
ЗыгъолъыжькIэ — хьалыжъый.

## СЫХЬАТ

Цыкъы-сыкъы,
Цыкъы-сыкъы,
Чэщи мафи къыпэIукIы,
Лъакъо кIэтым фэдэ шъыпкъ,
Пытэу хэлъыр щылычыпкъ,
Мыуцухэу ар къекIокIы...
Столым тетми цыкъы-сыкъ,
Пылъагъэми цыкъы-сыкъ,
Емызэщэу хэушъыкIы,
Ищэрэхъхэр зэблегъэкIы.
ЫпакIэхэр мэчэрэгъу,
Уахътэр ренэу тегъэлъэгъу.
Джыбэм илъми цыкъы-сыкъ,
Пылъагъэми цыкъы-сыкъ.
Тэджыжьыгъом тегъэтэджы,
Гъолъыжьыгъом ар къытэджэ,
Школы кIогъум тегъэгъуазэ,
Сыхьат цIыкIум тегъэразэ.

Сыхьатышхо Москва дэт,
Кремлэ башнэм ар кIоцIыт,
ЯмышIыкIэшъ бэу кIэракI,
Сыхьатыпчъэр дышъэ закI,
ИтеуакIэ тинэIуас,
Ижъгъыу макъэ гум икIас.
Зи нэмысэу ежь зегъэпсы,
Тисыхьатхэр рытэгъэпсы.



## СЯТЭ ШОФЕР

Сятэ шъошIа? Шофер Iаз.
Имашинэ къэбзэ-лъабз.
Фарэу тетхэр зэпэлыд,
Ибыу макъэ сыдым фэд.

Чэщи мафи гъогум тет,
Ауми ренэу зэпэшIэт.

Зы машинэ сэри сиI,
Машинэшхом нахьы цIыкIу,
Мотор шъыпкъи ащ имыт,
Фарэу тетым нэф къымыт.

Бзэу кIоцIытыр зэтепшIыкI,
Быу макъи къыпэIукI.

Мыкъутэнэу ар машин,
Маши сыди къемылын.
Сятэ ренэу хьазырыпс,
Мардж зэраIоу ар щымыс.

Хьылъи, цIыфи бэу зэрещ,
IофышIэным емызэщ.

Тыр зэрысыр нахь бэлахь,
Къали къуаджи зэпекIуахь,
Сятэ гупсэ сэ сехъуапс,
МашинэкIэ IэпэIас.

Сятэ фэдэу зызгъэсэщт,
Шофер Iазэу сэ сыхъущт.

## ТЭТЭЖЪЫ СЫЗФИГЪЭСАГЪЭР

Тэтэжъымрэ сэрырэ
Автобусым тызэдисэу
ТыкIо пэтзэ зы лIыжъ къихьи,
Къэуцугъэу щыт тапашъхьэ.
ПсынкIэ дэдэу сыкъэтэджи,
ЛIыжъэу щытым сэ сыкъеджи
Ар сичIыпIэ згъэтIысыгъэ,
Ар игуапэу лIыжъым хъугъэ.
Нэнэжъ горэ тIэкIу тешIагъэу
ИIалъымэкъи зэлъушъагъэу
Щытэу тэтэжъы зелъэгъум,
Ащ лъыпытэу ритыгъ чIыпIэ...
— Умытэдж, сыщытми хъугъэ,
О щысыпIэм ыпкIэ птыгъэ, —
Зэ нэнэжъым къыIуи шъхьае,
Ар тIысыгъэ пшъыгъаети...
Тэтэжъ гушIоу сэ къысэплъы,
Сыгу къэкIыжьы ащ ипсалъэ
«Ахъщэу щыIэм нахь лъэпIэжьыр, —
ЩIыфыныгъэр улэжьыныр!»



## КЪАНДЖ

Пчэгъу шъхьапэм пэсы,
ПсынкIэу зегъэсысы,
ЧIыпIэм щытэу къашъо,
ЫкIэ мэушъуашъо.

Ихабзэшъ мэчачэ,
Лъэтемытэу мачъэ,
Къехьышъы цы шъабэр
Инабгъо реубэ.

Джэнэ шIуцIэр къанджым
ЫкIышъо щэшIэты,
Къамзыи фыжьым
БгъуитIур зэлъеубыты.

Зэпстэуми дашIэу
Загъорэ мэшхъуашIэ:
Лъэшэу Iэпэрыштэ,
Гъунэгъухэр щэщтэ...

## БЭДЖЭЖЪЫЕ ХЪОРЫШЭР

Пшыс

Гъэмэфэ мафэшъ
Тыгъэр мэшIожьы,
Гуапэм зэщефышъ
Псэушъхьэр рефыжьэ.
Мышъэ лъэбыцэри
Мэзым къыхэкIы,
Бэджэ нэгъучIыцэри
Ащ къылъыхэкIы.
ТIури зэгъусэу
ПсыIум ежьагъэх,
Сапэр утысэу
Гъогум техьагъэх.
Гъогум хагъэкIызэ
Мэзыр абгынэ,
Коу къаблэкIыгъэм
Пхъэчай къычIенэ.
ТIури зэгъусэу
Пхъэчаим екIух,
АгъэукIорэизэ
ПсынкIэу епэмых.
Илъыр амышIэу
АшIуабэ дашIэ.
Тещхэгъэ тхьапэм
Баджэм гу лъетэ:
«Мыщ илъыр шъоу», —
Шъэфэу ар къеджэ,
Хъорышэрыгъэр
Ыгу къетаджэ.
Мышъэм ымылъэгъоу
Тхьапэр зэIетхъы.
Ыжэ къыукъыгъэу
Баджэр мэтхъытхъы:
— Илъэр хъэтэщтэп,
Мыжъоу онтэгъу,
Ар кудэ ныIэп,
Арэу къысщэхъу.
— Кудэ шIуцIэжъым



Сыд епшIэщт сэIо? —
Мышъэ пшъэкъэжъым
Баджэм къырeIo.
— Шъыпкъэ къэпIуагъэр
Баджэм къыхедзэ, —
Ау мыщ пхъэчаир
Сыд пай щылъыщт,
ЗекIорэ цIыфхэр
Ыгъэохъущт,
Гъогу нэпцэ мэзым
Хэзгъэлъэдэщт.
Сэ сыкъэнэщтыгу,
Зызгъэпсэфыщт,
Хэгъэкl уигъогу,
СыпкIэхьажьыщт.
Мышъэ лъэбыцэр
Баджэм едэIу,
Бэджэ тхьагъэпцIыр
Пхъэчаем еIэ,
Ышъхьэ къыIуехы,
ЗегъэшхэкIыфэ,
Ыгу къеутIэфэ
Шъоум къыщэшхэ.
Ыныбэ къэпщышъ
Ыгу къэтхьамыкIэ,
Гуапэр къыщэхьэшъ
Псыхъом фыкъокIы.
Мышъэр къэкIожьзэ,
Баджэм къыIокIэ:
— Сыда уилажьэр?
Пшъо зэокIыгъэ.
Баджэми щэIузэ,
Джэуап кьетыжьы:
— Пхъэчаим сыкIаIэзэ
ЗезгъэукIыжьыгъ.
Сыгу къэтхьамыкIэшъ
Псы тIэкIу сешъощт,
Псы сызешъуахэкIэ
Зызгъэпсэфыщт.
Лъэшэу ыгу егъузэ
Баджэм къыгокIыжьы,
Мышъэр къэкIожьзэ
Пхъэчаим IокIэжьы.

Шъоумэр къеугъэшъ,
Пхъэчаим еплъэ,
Ау пхъэчаир нэкIышъ,
Баджэм ыгу фэплъы:
— Ащ сэ къысишIагъэр
ЗыкIи фэмыгъун, —
ЫIозэ лъежьагъэу
ЗэкIэм елъэгъу:
Пхъэзэкъо лъэмыджым
Баджэр ефэхы,
Гуихэу ныбэкIэ
Псыхъом къыхафэ.
Ныбэ онтэгъум
Баджэр текIуадэ,
Шъоур къегоуагъэу
Псыхъом хэкIуадэ.

## ТЫГЪЭ

Инэбзыйхэр хъырахъишъэу,
Инэбзыйхэр зэIушъашъэу
Пчэдыжь къэси къытфыкъокIы,
ТыгушIозэ тыпэгъокIы.
Шъхьаныгъупчъэмэ къарэплъэ,
Типчъэ нэзымэ къадэплъы,
КIэлэцIыкIумэ япIэ фабэ
Шъэбэ-шъабэу къытеIабэ.
Нэсышъ тэтэжъ исыхьаты
ЫкIыIу тесэу зэпэшIэты.
Гъунджэ кIышъом къытелъадэ,
Тэпым фэдэу къегъэлыды.
Лэджэн кIоцIым къиплъэу есы,
Нэгъунджэкум къыщэсысы.
Псэ зыпытым фэдэкъабзэу
Бзыу цIыкIумэ зэлъяубзэ,
Тижьы къухьэ зэрилъэкIэу
Нэбзый Iаплыр къырещэкIы..,
ЗэкIэм нэсышъ апчы кIышъом
Лъатэу, пкIатэу шIоу къыщэшъо,
Тыгъэ нэфым зигъэхъупхъэу
Инэбзыйхэр чIыгум хепхъэ,
Хьасэ шIагъэм зыхеуIубэ,
Чылапхъэмэ зэлъябэу,
КъэкIрэ пстэуми зыфащэи,
Псэушъхьэми зылъащэи,
Мэзи уци затырекIэ, —
Къэгъагъэхэр къытфегъэкIы.
Инэбзыйхэр хъырахъишъэу,
Инэбзыйхэр зэIушъашъэу
Тыгъэм чIышхор къызэлъекIу,
Мыли оси зэлъегъэткIу,
Типсыхъохэр къегъэжъыу,
Мы дунаер зэлъежъыу:
Тыгъэр пстэуми тэ тфэлажьэ,
Пчэдыжь къэси ар къытажэ.

## ХЬАЛЫГЪУ ТАКЪЫР

Хьалыгъу такъырым игугъу къэсшIыщт,
Ащ пылъ къэбарыр зэхязгъэхыщт.
Гъогум сытетэу сырыкIощтыгъ,
Зы кIалэ кIорэу сапэ итыгъ.
Хьалыгъу никъор ыблыгу чIэлъ.
ЕгъэунэшкIушъ Iулъхьэр жэм дэлъ,
Сыд пае гъуашхэу гъогум техьагъ,
Ядэжьи сыда къыщымышхагъ.
Игъо имыфэу къежьагъэщтын,
Ащыгъум кIалэм ар фэдгъэгъун.
Ау зы а кIалэм еслъэгъулIагъ:
Ащ къелыжьыгъэр сапэм хидзагъ.
КIалэм ышIагъэр, шъыпкъэу, шIэпхъадж,
Ащ изекIуакIэ сэ сшIоигъуадж.
Мыхьамелэу щылъыр зы лIы къыштагъ,
Ыхьи чъыг тIуакIэм ар дигъэнагъ:
— Мыхъуми бзыухэм ауцэIун,
Гъомылэ шIагъо ар афэхъун.
СшъхьэкIэ слъэгъугъэр сщымыгъупшэжь,
Зы хъугъэ-шIагъэ къысегъэшIэжь.
Ащыгъум заор бэлахь дэдагъ,
Фашистмэ бгышъхьэр къадзахыгъагъ.
Тэ дзэкIо купым тышхэны фалI,
Мэфищы хъугъэшъ тымэлэкIалI,
Мыщ дэжьым зы лIы тигъэшIуагъ.
Хьалыгъу бзыгъэ ащ тфигъэшIуагъ,
Ар тэгощы, тиIулъхьэ-Iулъхьэу,
Гъомылэм кIуачIи чэфи къытхелъхьэ.
Хьалыгъу такъырыр сынэгу кIэт,
Ар чIэзыдзыгъэм сыфэукIытэ.

Хьалыгъур, мардж, гъогум темын,
Ар зиIэшIагъэр — лэжьэкIо мин.
ФыгукIэм, нафэ, цIыфыр щегъаI,
Ар зипыутым дэшъумыщаI.



## АТАКЪЭР ГЪЭЖЪУАЦЭМ ЗЭРИТХЬАЛЭ ПЭТЫГЪЭР

(Пшысэ)

**Хэтхэр:**

ЛIыжъыр
Ныожъыр
ГъукIэр
Атакъэр
Чэтыр
Чэмыгъожъыр

### *АПЭРЭ КЪИХЬАГЪУ*

НЫОЖЪЫР *(пчъэIупэм Iутэу)*

**Тыгъэр мары къыкъокIыгъ.**
**Iэгур фабэм зэлъикIугъ.**
**Тыкъу-рекъу, сиатакъ,**
**Чэты огоу чэты-къакъ,**
**Сышъуаджэзэ сезэщыгъ,**
**Iусыр сIыгъышъ шъукъэшIэх,**
**Псы IэшIури къышъуфисэх!**

### *ЯТIОНЭРЭ КЪИХЬАГЪУ*

Атакъэр къехьэ, ащ ыуж чэтыр ит.

ЧЭТЫР

**Iэгъо-благъом тэ титыгъ,**
**ТыкъэнацIэу тыщытыгъ.**
**Атэкъэжъым къысфишыпи**
**Бэдзэ пчъагъэ къыситыгъ.**

АТЭКЪЭЖЪЫР *(зигъэшIожьэу)*
**Шъыпкъэу пIощтмэ, Iофы сшIагъэ,**
**Сышхэ сшIоигъу сэ бэшIагъэу...**

НЫОЖЪЫР *(губжыгъэу)*

**ЛІыжъыр губгъом къыщысажэ,**
**СыгуаІэми зысэІажэ,**
**Нахьыпэрэм фэмыдахэу**
**Непэ жъажъэу зышъогъазэ,**
**ШъухэІаби зэ шъуиІусы,**
**ЗыжъугъэшхэкІи сыхъущт разэ.**

*(Іусыр къыретэкъушъ ехьажьы)*

## *ЯЩЭНЭРЭ КЪИХЬАГЪУ*

Атакъэм гуІэзэ цэхэр едыры

ЧЭТЫР *(гумэкІэу)*

**О атакъэу дышъэ сыджыр,**
**Зыфэсакъба, о сиблагъэ,**
**Дэхэ-дахэу цэхэр дыры,**
**ОгоІащэ илыягъэу.**

АТАКЪЭР

**КІо, кІо, хъугъэ, сымыгъас!**
**Зи умыІо зыгъэІас!**
**УигущыІэ сыгу хегъэкІы,**
**Іусэу щылъым сыгу щегъэкІы,**
*(Анахь цэ иныр къепхъуатэ ыкІи*
*ар ычый ригъэхын ылъэкІырэп.)*

ЧЭТЫР

**Сыды мыгъор къыохъулІи,**
**Цэу бдырыгъэм о уегъалІа?**

АТАКЪЭР

**Тыу анасын, сижь къеубыты,**
**Цэу здырыгъэр счый тенагъэу**
**Сшъхьэ мэуназэ, сыреуты,**
**Хъугъэр сыдэу тхьамыкІагъуа!**
**Е мардж, чэтыр, шІэхы, шІэхы**



**О аптекэм уцэр къихи,**
**Сэ мыщ дэжьым укъэсыжьмэ**
**СІоу сыуажэу сыщытыщт.**

ЧЭТЫР

**Тыкъу-рекъу, сиатакъэ,**
**Аптекэр тІэкІу чыжьаІо..**

## *ЯПЛІЭНЭРЭ КЪИХЬАГЪУ*

НЫОР *(шъхьаныгъупчъэм къиплъызэ)*

**Мэфэ реным шъумыуцухэу**
**Джыри Іэгур къэшъогъаджа?**
**Сыд, атакъэр, къыпщышІыгъэр?**
**Сыда пчый ихъухьагъэр?**
**Шъыпкъэу пІощтмэ сыгу**
**шъогъэплъы,**
**Мыдэ шІэхэу зыІуежъугъэхэшъ.**

ЧЭТЫР

**Елыбэтэу мыдэ къачъэ,**
**Хъугъэр лъэшэу гумэкІыгъо,**
**Атэкъэжъым ыгу къэмакІэ,**
**Ычый тенагъ зыцэ мыгъо.**

НЫОР

**Тхъу такъыр ащ къыІорэфи,**
**Зытхьалэрэр рифыхыни.**

ЧЭТЫР

**Адэ тыдэ тхъур къипхыщта?**
**Хьауми о ар къытэптыщта?**

НЫОР

**Ситхъууалъэ джы нэкІы —**
**Чэмыгъожъым дэжь зэ къокІы.**
**Тхъу уоныр — ар ІэшІэхы,**
**Ау ар, нафэ, щэм къыхахы.**

## *ЯТФЭНЭРЭ КЪИХЬАГЪУ*

Чэм Iэщ, Iэщым чэмыгъожъыр дэт.

ЧЭТЫР *(къилъадэзэ)*

**О чэмгъожъ, о тыхэщыжь,**
**Щэ къытэти тыдэщыжь.**

ЧЭМГЪОЖЪЫР

**Щэ остынэу укъэлъаIо,**
**Ар сэ тыдэ къисхыщт сэIо?**
**Зы щэ ткIуани сишхол итэп,**
**Мэкъу сымышхэу зи пкIэ иIэп.**

## *ЯХЭНЭРЭ КЪИХЬАГЪУ*

Iэгур. Ныожъыр шъхьаныгъупчъэм кIэрыс.

ЧЭТЫР *(къилъадэзэ)*

**Е-о-ой, е-о-ой,**
**Тиатакъэ сымэджай,**
**Ныу, щэмэджыр къысфипхъот,**
**Ар сэ лIыжъым есэгъэт,**
**Чэмыгъожъыр шхэны фалI,**
**ИщыкIагъэр — уцы IаплI.**

## *ЯБЛЭНЭРЭ КЪИХЬАГЪУ*

Хашъор. ЛIыжъыр уцым хэт.
ЧЭТЫР *(къилъадэзэ.)*

**Къин атакъэм къыфэкIуагъ. —**
**Ычый Iулъхьэр шIутенагъ.**
**Тхъу Iорэфи — ар хъужьыщт,**
**Iулъхьэр зэкIэм ригъэхыщт.**



**Тхъу уоныр — ар IэшIэхы,**
**Ау ар нафэ, щэм къыхахы,**
**Щэм чэмыжъыр шъхьасыхэрэп,**
**Ау ар мышхэу зи пкIэ иIэп.**
**Лъэшэу пстэуми тэгумэкIы,**
**О мардж, лIыжъыр, тыолъэIу,**
**Уцы цIынэ къытфэупкIи...**
**Опсэу отIощт тыгу къыддеIэу.**

ЛIЫЖЪЫР *(IэутIэ ышIызэ)*

**Сышъхьахынэп, сэ сишъыпкъэ,**
**Ау щэмэджыр цэко шъыпкъэ.**

ЧЭТЫР

**Адэ псынкIэу ар къысэти,**
**ГъукIэм дэжьы ар сэгъахы...**
**О мы чIыпIэм къыщыспаплъи**
**Къэсхьыжьыщт ар елбэтэу.**

ЛIЫЖЪЫР

**КIо, хъун, дэгъу,**
**Ар бэу игъу!**
*(Щэмэджыр къырегы.)*

## *ЯЕНЭРЭ КЪИХЬАГЪУ*

КIыщы. ГъукIэм Iоф ешIэ.

ГЪУКIЭР

**ПсынкIэу, дэгъоу сэ сэгъукIэ,**
**МэшIо тхъуабзэр къисэгъэкIы.**
**ПчъэIум тIэкIурэ сыIусын,**
**Нахь жьы къабзэ къызнэсын.**
*(Гъогум ылъэныкъокIэ маплъэ.)*
**Зы чэт гуаIэу къыкъокIыгъ,**
**Ищэмэджи зыдиIыгъ.**

ЧЭТЫР *(къелъадэ, гъукIэм зыфегъазэ)*

**ТитхьамыкIагъэ о къытфеплъ,**

Мы щэмэджыр зэ къытфэлъ,
ЛIыжъы цIыкIур сэ къыспаплъ.

ГЪУКIЭР

А щэмэджыр згъэчанын,
Ау джы игъо симыфэн!

ЧЭТЫР

Сыпэплъэн сэ сымылъэкIыщт, —
Атэкъэжъыр тэ тшIолIэщт.

ГЪУКIЭР

Шъуиатакъэ сыд илажь,
КъыфэкIуагъэр сыды лажь?

ЧЭТЫР

Ычый Iулъхьэр ащ тенагъ,
Ычый тхъу тIэкIу ищыкIагъ.
Тхъу зигъоткIэ ар хъужьыщт,
Псау-таоу къэнэжьыщт.
Тхъу уоныр — ар IэшIэхы,
Ау ар, нафэ, щэм къыхахы,
Чэфэу чэмым щэ къытыщт,
Ау ащ пае Iус фэтхьыщт.
Тищэмэдж о къытфэуIу,
ГъукIэр, лъэшэу тыолъэIу.
ЛIыжъым мэкъур тфиупкIэщт.

ГЪУКIЭР

Сышъуфэхъун сэ IэпыIэгъу.
*(Щэмэджыр ештэ, еуIу.)*
IофшIэныр шIу сэлъэгъу.
Iофыр Iаджми ямыкIас,
Ащ фэдэхэр симыкIас,
Армэухэр сиджэгъогъу,
СшIыщтэп ахэр сэ шъэогъу.
Ма, щэмэджыр хьазырыпс,
ЛIыжъым дэжьы ар нэгъэс!
Щэмэдж кIэпсым бэу ар фэд,
СыуIугъэшъ чаны дэд.



ЧЭТЫР

Опсэу, отхъэжь,
Сэ сежьэжь.
*(Щэмэджыр ыIыгъэу екIыжьы.)*

## *ЯБГЪОНЭРЭ КЪИХЬАГЪУ*

КIэрыкIэу хашъор.

ЧЭТЫР *(лIыжъым дэжь илъадэзэ)*
Щэмэджыр мары къэзгъэсыгъ,
Мэкъу уеощтмэ урихьылIагъ.

ЛIЫЖЪЫР

Ар сэщ пае къэмынэн,
Чэмым пае мэкъу сеон.
*(Мэкъу еозэ орэд къеIо.)*
МэкъуаохэмрагъэкIокI,
Мэфэ реным мэкъу аупкI.
Семызэщэу сыупкIэщт,
Мэкъур Iатэу зэтеслъхьащт.
СыупкIагъэр икъупэн,
Ар джы унэм есхьылIэн.
*(Мэкъур ехьы, чэтыр ащ ыуж ит.)*

## *ЯПШIЭНЭРЭ КЪИХЬАГЪУ*

Iэщыр, чэмыр, чэтыр, лIыжъыр, ныор.

ЧЭТЫР

Чэмыгъожъыр, шIэхэу шхы!

ЧЭМЫР

ПсынкIэшхэныр симышэн.

ЧЭТЫР
**Сыдэу Iофа! Сыд сэ сшIэщт!**

ЧЭМЫР

**Умыгъ адэ! Щалъэр къахь!**

НЫОР *(чэмыр къещы, орэди къеIо)*

**Щэр сэ чэмым къыкIэсэхы,**
**Хъуны-шхыныр ащ хэсэхы, —**
**Щхыуи тхъушIуи бэу тиIэщт,**
**Чэмыгъожъыр къытэтэщт.**

## *ЯПШIЫКIУЗЭНЭРЭ КЪИХЬАГЪУ*

Iэгур. Чэтыр атакъэу щылъым
ечъалIэ.

ЧЭТЫР

**Тыкъу-рекъу, сиатакъэу,**
**Зышъхьэ мажьэу дэнэ жакI!**
**КъытэIужьырэп уиIо макъэ,**
**Сыды гущэр о уилажь.**
**О слъэгъурэр пкIэ уимыI.**
**Жьэу пкIэтыжьи о щымыI...**

НЫОР

**Умынэшхъэй! Джы щэ тэ тиI,**
**Тхъу хэтхыщт ащ, Iоф щымыI.**
*(Шъхьаныгъупчъэм дэжь тхъу щео.)*
**Тищэ хэсхыгъ сэ тхъу дэгъу,**
**ЩыI атакъэм иIэзэгъу.**

*(Чэтым тхъур реты.)*

ЧЭТЫР
**УщыIэнэу уфаемэ,**
**Атакъ, ужэ шIоу зэкIэщы!**
*(Ытыкъыны тхъур регъафэ.)*



АТАКЪЭР *(ычый инэгъагъэр регъэхышъ къызыщэлъэты)*

**Тыкъу-рекъу... Сыхъужьыгъ,**
**Къин мыгъуае къыздэшъухъугъ.**
**Джы нахь Iушы сэ сыхъущт,**
**Сакъ сэ схэлъэу сыщыIэщт.**

НЫОР

**Адэ ары!**

ЛIЫЖЪЫР

**Осэ ин о тэ отэты —**
**ПкIэнчъэу ппэ умыIэты!**

ДЭТХЭР

Поэтым игъэшIэ лъагъу. *Бэрэтэрэ Хьамид* . . . 3

**УСЭХЭР**

ЦIыфыIэмэ яорэд . . . 8
ЕтIэ Iэбжыб . . . 12
Тэтэжъы илъэIу . . . 15
Хэшъэе чъыг . . . 16
Октябрэм инур . . . 17
Тибзылъфыгъэмэ ядахэ сэIо . . . 18
ЦIыфыр зыкIыщыIэр . . . 26
Зэпымыоу сыгу къысеIо . . . 27
Зэкъошныгъэм итамыгъ . . . 28
Болгархэр . . . 29
Тырговиштэ къалэр . . . 30
Хъохъу . . . 31
Орэд къэсэзгъаIорэр . . . 34
Тидепутатхэр . . . 35
Гъогогъум джэуапэу естыгъэр . . . 37
ЧIыгум иорэд . . . 40
СшIоигъу . . . 46
Гъэтхэ нашхъор . . . 47
Гум пыкIрэр пэкIэжьы . . . 48
Шъхьадж зыфаер . . . 50
Сезыгъэджагъэр . . . 51
Сянэ дэжьы сыкъекIыжьы . . . 52
Жъы умыхъу пшIоигъомэ . . . 53
Сабый щхы макъэм сыкIэдэIукIмэ . . . 54
Къэгъагъэри цIыфым фэд . . . 56
Ар заом щыхъугъ . . . 57
Къушъхьэхэр . . . 58
Хыгубжыр . . . 59
Нэфылъы жъуагъор тилъэуян . . . 60
Ащ фэдэ лъэхъан щыIэп . . . 61
Жъогъуищ . . . 62
Сэ сфэрэлъэкIи . . . 68
ГущыIитIу . . . 69
СилIыкIох . . . 70
Оры, зэкIэри оры . . . 71
Огъуащэ бэрэ къысаIо . . . 72
ГушIуапкIэ . . . 73
Iошъхьэмаф . . . 74
Сэ сырабоч . . . 75
УлIэу паIо пщыгъымэ . . . 76
Чъыгэежъым итхыд . . . 77
Псыхъор . . . 79
Нэфшъагъу . . . 80
Синыбджэгъу . . . 81



Сиджэуап . . . 82
Сызыфаер . . . 83
Дунаем ишъэфхэр нафэу къэпшIыгъ . . . 84
Хьахъуратэм итхыд . . . 85

**ОРЭДХЭР**

Лениныр тигъус . . . 95
Колхоз орэд . . . 96
Сикъоджэ кIас . . . 97
Андырхъое Хъусен иорэд . . . 99
Пынджым иорэд . . . 100
Орэдыр о зигъэгъус . . . 102
Тызыбынышху . . . 103
Пионермэ яорэд . . . 104
Хэгъэгум паемэ . . . 105
Хэбзэ дахэу тэ тиIэр джащ фэд . . . 106
ОшIэжьа, синыбджэгъужъ? . . . 107
Письмэзехьэм иорэд . . . 108
Iэхъо кIалэм иорэд . . . 109
О унитIу . . . 110
Пшъашъэхэр, тэ шъукъытаж . . . 111
КIалэхэр, шъо тышъожэщт . . . 112
Пшъэшъэ удж орэд . . . 113
Сыда къэхъугъэр джы... . . . 114
Апэу шIу плъэгъурэр . . . 115
Тыдэ ущыIэми укъэзгъотыщт . . . 116
Кушъэ орэд . . . 117
СыкъызэхэпшIыкIырэба о . . . 118
Дэхэнагъо иджэуап . . . 119
Си Аюб . . . 120
ДзэкIо кIалэм иорэд . . . 121
Пшъашъэм иджэуап . . . 122
Ярэби . . . 123
Тэтэжъ дышъ . . . 124
ЩыIакIэм къегъэныбжьыкIэ . . . 125
Хэкум идахэ къыщежьэ . . . 126
СэрыкIэ тыгъэу унэфын . . . 127
ШIу услъэгъуи, зызгъэунэжьыгъ . . . 128
Сыда адэ сшIэщтыр? . . . 129
Хэт ыIуи щысэгъэзые . . . 130
Сабыим иорэд . . . 131
Сиорэд . . . 132
Сэлам ясэхы . . . 133
СикIасэм иписьмэ къэсымэ . . . 135
Гъэтхэ къэгъагъэхэр . . . 136
Таущтэу шIу усымылъэгъуна? . . . 137
Сыгу хэогъэкIы . . . 138
Сянэ зыфэе нысэр . . . 139
Сянэ зыфэе махъулъэр . . . 141
Бзыумэ яорэд . . . 143
Тянэ-тятэмэ яорэд . . . 145
Сэ сынэкIэ зэкIэ къыоплъыгъэемэ . . . 146

Лэжьэкlо орэд . . . . . . . . . . . 147
Пшъашъэм игупшыс . . . . . . . . 148
КIалэм игупшыс . . . . . . . . . 149
Гум иорэд . . . . . . . . . . . 151
СынаIэ къыптесыдзагъ . . . . . . . 152
Зи фэIуагъэп, о пшъашъэр, къыздакIу! . 153
СидэхэзакI . . . . . . . . . . . 154
Шоферым иорэд . . . . . . . . . 155
Пшъашъэм иус . . . . . . . . . . 156
ЛIыжъым иджэуап . . . . . . . . 157
Пшъэшъэ гъощагъ . . . . . . . . 158
Пшъэшъанэхэр . . . . . . . . . . 159
УсикIас . . . . . . . . . . . . 160
Кукуум иорэд . . . . . . . . . . 161
Сижъуагъу . . . . . . . . . . . 162
Чэщы рэхьат къышъокIу . . . . . . 163
Пшъашъэмэ Iуагъэ зэдашIыгъэ . . . . 164
АмышIахэу сыдэкIощт . . . . . . . 165
Адыгэ пщынэм седэIумэ . . . . . . 166
Шыхьам иорэд . . . . . . . . . . 168
Сусанэ иорэд . . . . . . . . . . 169
Зэ, о кIалэр, зыгъэсыс! . . . . . . 170
СидэхэзакI . . . . . . . . . . . 171
Хьачыкырэ Хьапапэрэ яорэд . . . . . 172
Насыпхъан иорэд . . . . . . . . . 173
Зэфэусэхэр . . . . . . . . . . . 174

## ЮМОРЫМРЭ САТИРЭМРЭ

ПшъэшъитIу . . . . . . . . . . . 177
КIо, къаIо о пшIэщтыр! . . . . . . . 179
Щытхъу лыер делагъ . . . . . . . . 181
ГъэшIэгъонэу сянэ гъэпсыгъэ . . . . 182
Дэшхо нэшъуми Iо къекIы . . . . . 183
ЗыхамыIо сипэIошху . . . . . . . 184
Мы хъулъфыгъэхэри! . . . . . . . 185
Емыгугъу зыщыгугърэр . . . . . . 186
Бзылъфыгъэхэр мыхъугъэмэ... . . . . 189
Шъуашэмрэ акъылымрэ . . . . . . . 191
Пшъэшъэ гъэшIуагъ . . . . . . . . 192
Дахэ зыслъэгъукIэ . . . . . . . . 194
Шхъогъолэжъыкъом идагъу . . . . . 195
Гъотырышх . . . . . . . . . . . 196
Хьарам . . . . . . . . . . . . 197
ЦIэцIалэр мэпыуты . . . . . . . . 198
ЗэкIэми зыгорэ языIуалIэрэр . . . . 199
ХьапакIэ къырамыщагъэр . . . . . . 200
Хьамос . . . . . . . . . . . . 201
Зы щалъэ икъэбар . . . . . . . . 202
Шъэогъу ар шъумышIы . . . . . . 203
Врачы пшъашъэр . . . . . . . . . 204



## КIЭЛЭЦIЫКIУМЭ ШЪУАФЕДЖ, КIЭЛЭЦIЫКIУХЭР ЕРЭДЖ

Тэтэжъы ыпакIэхэр . . . . . . . 206
Юныср тэтэжъ инэгъунджэрэ . . . . 208
Тимэ цIыкIум къехъулIагъэр . . . . 209
ДэкIо-бзакIоу зызгъэсэшт . . . . . 210
КIалэмрэ бээгумрэ . . . . . . . . 211
Тэтэжъы илул . . . . . . . . . . 212
Псыхъожъый . . . . . . . . . . 214
ЗэшитIумэ тхылъитIу къафащэфыгъ . . 216
Мэз псынэм итхыд . . . . . . . . 217
Тыгъэгъазэ . . . . . . . . . . . 225
Лэжьыгъэц . . . . . . . . . . . 226
ЗыкIи щынагъоп! . . . . . . . . 227
Елкэ цIыкIу . . . . . . . . . . 228
Адышэсрэ бзыумрэ . . . . . . . . 229
Азмэт школым зэрэкIуагъэр . . . . 230
Сыд пае? . . . . . . . . . . . . 231
Бэджэжъый . . . . . . . . . . . 232
Къутэмэ гъугъэхэр . . . . . . . . 233
ЗэтIуазэхэр . . . . . . . . . . . 234
Ыпэ шIодах . . . . . . . . . . . 235
Хэт къыIон, хэт къышIэн? . . . . . 236
СиI сэ зы мышъэ... . . . . . . . . 240
Натус . . . . . . . . . . . . . 241
Хэти иIоф гъэнэфагъэ . . . . . . . 242
Пчэндэхъу . . . . . . . . . . . 243
ПхъэуIу . . . . . . . . . . . . 244
Тэтэжъы икIуакI . . . . . . . . . 245
Атакъэ . . . . . . . . . . . . . 246
Ламжъые къехъулIагъэр . . . . . . 247
Пхъэ зэпыхыкIэ зэсэгъашIэ . . . . 248
Шъо ащ фэдэ шъухэта? . . . . . . 249
ЕджакIохэр зэфэгушIох . . . . . . 251
Сыдэущтэу ащ шъо шъуеджэщта? . . . 252
Илъэс охътиплIымэ ягущыI . . . . 253
Мыщ фэдэхэр зэхэшъухыгъа? . . . . 256
Тэтэжъым ипхъорэлъфы риIуагъэхэр . . 259
Сэнэхьатмэ янахь дэгъур . . . . . 260
Ощх къещхы . . . . . . . . . . 264
Цызэ . . . . . . . . . . . . . 265
Сыхьат . . . . . . . . . . . . . 266
Сятэ шофер . . . . . . . . . . . 267
Тэтэжъы сызфигъэсагъэр . . . . . . 268
Къандж . . . . . . . . . . . . . 269
Бэджэжъые хъоршэр . . . . . . . . 270
Тыгъэ . . . . . . . . . . . . . 273
Хьалыгъу такъыр . . . . . . . . . 274
Атакъэр гъэжъуацэм зэритхьалэ пэтыгъэр
(Пшысэ) . . . . . . . . . . . . 275

К. Х. Жанэ

Ж 32 Славлю руки человека. Сборник стихов. (Киримизе Жанэ); (Художник А. А. Паршин) — Майкоп: отделение кн. изд-ва, 1979—288 с. с ил.

Ж $\frac{70402\text{-}04}{М146(03)\text{-}79}$ 52-79

*Жанэ Киримизе Хаджемусович*

СЛАВЛЮ РУКИ ЧЕЛОВЕКА

Сборник стихов

На адыгейском языке

Редактор *К. И. Хут*
Художественный редактор *М. В. Евтушенко*
Технический редактор *М. Д. Кинечева*
Корректоры: *С. К. Абрегова, С. А. Схаплок*

ИБ № 536

Сдано в набор 27.11.78 г. Подписано к печати 16.2.79 г. МО 00019. Формат бумаги 84×100/32. Бумага типографская № 1. Гарнитура шрифта литературная. Высокая печать. Усл. печ. л. 15,12. Уч.-изд. л. 11,63. Тираж 1000. Заказ 0946. Цена 1 р. 40 к.

Адыгейское отделение Краснодарского книжного издательства, г. Майкоп, улица Гоголя, 8.

Адыгоблполиграфобъединение управления издательств, полиграфии и книжной торговли Краснодарского крайисполкома, г. Майкоп, улица Пионерская, 268.